



Lamising
Katresnan



Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, Ph.D Sp.FK.

Sawijining novel saka

Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, Ph.D., SpFK

Lamising Katesnan



Lamising Katresnan

Oleh : Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, Ph.D., SpFK.

Copyright © 2023

Editor : Leonardus Ivan Taruna Mahardhika
Ilustrator : Dr. R. Bambang Sardjono, MPH
Design & Layout : Maria Immaculata Sekar Chrysantina Putri

Katalog dalam Terbitan (KDT)

Diterbitkan Oleh :



YASATRI

Yayasan Saworo Tino Triatmo

Jl. Mawar 92, Ngentak, Kadipura

RT 003 RW 024, Sinduharjo, Ngaglik, Sleman 55581

Tlp. (0274) 887512

HP +62 87740949133

Email : penerbityasatri@gmail.com

Cetakan pertama, 2023

XII + 206 hlm.; 14,8 x 21 cm.

ISBN 978-602-17715-6-3

Hak Cipta Dilindungi Undang-Undang. Dilarang memperbanyak karya tulis ini dalam bentuk dan dengan cara apa pun, termasuk fotokopi, tanpa izin tertulis dari penerbit. Isi buku sepenuhnya menjadi tanggung jawab penulis.

Sanksi Pelanggaran Pasal 113

Undang-undang Nomor 28 Tahun 2014 Tentang Hak Cipta

- 1) Setiap orang yang dengan atau tanpa hak melakukan pelanggaran terhadap hakekonomi yang sebagaimana dimaksud dalam pasal 9 ayat (1) huruf i untuk Penggunaan Secara Komersial dipidana dengan ancaman pidana penjara paling lama 1 (satu) tahun dan/atau pidana denda paling banyak Rp. 100.000.000 (seratus juta rupiah)
- 2) Setiap orang yang dengan tanpa hak dan/atau tanpa izin Pencipta atau pemegang Hak Cipta melakukan pelanggaran hak ekonomi Pencipta sebagaimana dimaksud dalam pasal 9 ayat (1) huruf c, huruf d, huruf f, dan/atau huruf h untuk Penggunaan Secara Komersial dipidana dengan pidana penjara paling lama 3 (tiga) tahun dan/atau pidana denda paling banyak Rp. 500.000.000 (lima ratus juta rupiah).
- 3) Setiap orang dengan tanpa hak dan/atau tanpa izin Pencipta atau Pemegang Hak Cipta melakukan pelanggaran hak ekonomi Pencipta sebagaimana dimaksud dalam Pasal 9 ayat (1) huruf a, huruf b, huruf e, dan/atau huruf g untuk penggunaan Secara Komersial dipidana dengan pidana penjara paling lama (empat) tahun dan/atau pidana denda paling banyak Rp. 1.000.000.000 (satu miliar rupiah).
- 4) Setiap orang memenuhi unsur sebagaimana dimaksud ayat (3) yang dilakukan dalam bentuk pembajakan, dipidana dengan pidana penjara paling lama 10 (sepuluh) tahun dan/atau pidana denda paling banyak Rp. 4.000.000.000 (empat miliar rupiah)

Atur Pambuka Saka Pangripta



Rahayu para sutresna novel Jawa kang kinurmatan. Sing kapisan aku ngaturake sugeng dene kita tansah kaparingan kesehatan dening Ingkang Murbeng Dumadi. Panyuwunku muga-muga panjenengan sakeluwarga tansah pinaringan lancar tanpa rubeda nindaki margining gesang. Tata tentrem, karta raharja, siniram adhem mawa toya wening. Wektu iki pangripta marak ngaturake buku novel Lamising Katresnan. Ngelingi ngendikane para pinisepuh, menawa kita tansah kudu ngati-ati ora ninggal kaprayitnan anggone nglakoni urip ana ing alam donya. Rubeda bisa teka sawayah-wayah tanpa keduga.



Kaya sing dialami dening Laila Saraswati lan tunangane Hari Setiawan ing tahun sangang puluhan ing kutha Solo. Pasangan sing nembe ana madyaning katresnan, nyedhaki urip bebrayan, kepeksa bubar amarga prastawa nggegirisi sing disangga dening Laila Saraswati. Laila Saraswati keseret patrape kanca kuliah, Pangarso Wibawa, nganti ngandheg rikala nyiapake acara perpisahan bubar pendhadharan.

Impen endah ing tembe ngarep sing karonce dening wong loro antarane Laila Saraswati lan Hari Setiawan, ambyar kabeh. Laila kepeksa nikah karo Pangarso Wibawa tanpa rasa tresna. Anane mung keduwung sajroning laku. Luwih selawe taun saka prastawa aib iku, ketemu maneh karo Hari Setiawan. Senajan Hari sing ditresnani isih tetep legan, Laila karo Hari Setiawan mokal arep urip bebrayan bareng. Impen endah sing wis kliwat, ora bisa dibaleni. Anane mung rasa keduwung. Laila wis peputri loro, lan isih dadi sisihane Pangarso Wibawa. Prastawa sakeplasan sing gawe owah-owahan lakuning urip, nyuthes impen endah arep urip bebrayan wong loro.

Lamising Katresnan rinonce saka kasunyatan. Muga-muga bisa kagem kaca benggala kanggone para priya lan wanita nom-noman. Aja pisan-pisan kepilut manising tembung sing bisa ngrusak sesambungan asmara sing wis diantepi. Kaluputan sakeplasan nggawa owah-owahan urip salawase.

Novel basa Jawa Lamising Katresnan uga kanggo ndherek nyengkuyung pambudidaya pasinaon basa Jawa lan nglestarekake kabudayan Jawa ing

Lamising Katresnan

madyaning generasi timur. Mula basane nganggo cengkok basa Jawa ngoko gagrag anyar sing luwih egaliter, ora nganggo basa undha-usuk krama inggil, kareben luwih gampang ditampa lan dimangerteni. Senajan mengkono isih tetep tuhu marang tatacara lan suba sita klasik Jawa. Mangga katuran maos. Muga muga ana paedahe.

Rahayu kinasih,

Ki Dr. Budiono Santoso Stradjaja, Ph.D., SpFK

Atur Pambagya



Minangkani pamundhute Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, kanthi mongkog lan manteping ati, aku ngaturake pambagya rahayu kagem para sutresna pamaos buku novel basa Jawa Lamising Katresnan.

Lelakon sing kaandharake ana novel iki, nggambarake perjuwangan sawijining tokoh wanita, Laila Saraswati, sing ngasto profesi guru lan pengusaha. Uga ngandharake lakuning katresnan sing ruwet kebak rubeda antarane Laila Saraswati, tunangane sing wurung, Hari Setiawan lan sisihane Pangarso Wibawa.



Perjuwangane Laila Saraswati anggone nglakoni tugas profesi guru, lan kagiyatan usaha kanggo nyukupi butuhing urip lan nggulawentah putri loro sing banget ditresnani, Kartika Sawitri lan Erina Sawitri, mratelakake menawa wanita ora mung dadi kanca wingking. Ora mung ndherek garwa swarga nunut neraka katut. Ananging uga kudu bisa mandhiri lan nyukupi butuhing keluwarga.

Ewasemana aja nganti para wanita karier ninggal tatanan kautaman, ngrengkuh keluwarga lan sesambungan bebrayan karo garwa. Ora sithik lelakon kaya sing dialami dening Laila Saraswati lan sisihane Pangarso Wibawa, urip bebrayan sing ruwet kebak ontran-ontran. Sesambungan bebrayan karo garwa ing donya kasunyatan sing ruwet lan lamis, kaya sandiwara. Iki salah sijining piweling saka novel iki, sing tansah kudu dieling-eling. Prastawa rubeda isa teka sawayah-wayah tanpa keduga, sing bakal gawe owah dalaning urip sing wis karencanakake kanggo tembe ngarep. Impen katresnan kanggo tembe ngarep bubar sanalika amarga prastawa sing kedadeyan sakeplasan.

Ing jagade kasusastran Jawa, aku uga ngaturake panyengkuyung tumrap penerbitan novel basa Jawa Lamising Katresnan dening Yayasan Saworo Tino Triatmo (YASATRI) kanthi pangarep-arep bisa mbiyantu nguri-uri basa Jawa ing madyaning para mudha. Aja nganti basa Jawa banjur kelangan obor, ditinggal dening masyarakat utamane para nom-noman ing jaman modern iki. Tansah kudu dipepetri kanthi setya, senjata wis ana sarana

Lamising Katresnan

nasional basa Indonesia. Basa Jawa umure wis ewonan taun dipigunakake minangka sarana srawung lan komunikasi ing tanah Jawa. Penerbitan novel basa Jawa minangka salah sijining upaya kanggo nglestarekake basa Jawa.

Semana uga perlu dak aturake menawa penerbitan novel basa Jawa, Lamising Katresnan, sing karipta dening Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, mratelakake menawa sastra Jawa isih moncer lan lestari ing madyaning para sutresna. Ana sawetara pamanggih pesimis, sing ngandhakake menawa sastra Jawa wis mati, wis cuthel. Iku pamanggih sing ora bener lan ora bisa katampa. Lamising Katresnan mung salah sijining novel basa Jawa ing antarane puluhan novel manekawarna sing wis katerbitake ing taun-taun pungkasan iki. Muga-muga ing tembe ngarep pangriptan karya sastra Jawa sangsaya regeng lan moncer ing antarane masyarakat Jawa.

Ngaturi sugeng rahayu muga-muga crita novel Lamising Katresnan isa dadi panglipur lan pasinaon urip kagem kita kabeh.

Ambarawa, 24 Mei 2023



Ki Adi Samidi
Ambarawa

Dr. Budiono Santoso memang berbakat majemuk. Selain seorang dokter, Doktor Farmakologi Klinik, peneliti, birokrat, pengusaha, Pak Budi pandai menulis cerita. Berdasarkan kisah nyata, Pak Budi menuliskannya menjadi novel yang dapat dinikmati ceritanya oleh banyak orang. Novel ditulis dalam bahasa Jawa dengan fasih. Maunya, saya juga akan menulis dalam bahasa Jawa, tapi rasanya berat karena kosa kata yang terbatas.



“Lamising Katresnan” merupakan novel tentang suka duka seorang perempuan yang harus kawin dengan orang yang sama sekali berbeda dengan tunangannya. Perkawinan harus langgeng meskipun diselingi oleh percintaan semu di antara tokoh perempuan bernama Laila Saraswati dengan para lelaki yang ada di sekelilingnya. Judul “Lamising Katresnan” sepertinya menggambarkan kehidupan percintaan tokoh utama dalam cerita.

Meskipun ada juga percintaan tulus yang akhirnya terjadi di antara putri bungsunya Laila dengan tunangan batalnya. Lika-liku sebagai guru, pengusaha dan romantisisme bersama tunangan batal membayangi dalam hidup Laila diceritakan secara apik. Terutama saat menjalani usaha ada cerita tentang birokrasi yang korup dan sangat memanfaatkan kebutuhan izin usaha, Laila perlu menyesuaikan dengan kebutuhan usahanya tersebut.

Ada juga lelaki yang sepertinya dengan tulus memberikan bantuan untuk diri dan putri bungsunya. Apakah ada percintaan di situ? Sepertinya tidak. Kecuali dengan seorang diplomat yang juga memberikan ruang percintaan dengan Laila. Meskipun juga dengan seakan akan tulus membantu karier dan ujian putri bungsunya.

Dapat ditebak bahwa putri bungsunya akan jatuh cinta dengan tunangan batal ibunya sejak di awal cerita. Ini diceritakan sebagai cinta sejati bukan *lamising katresnan*. Seperti novel-novel dalam bahasa Jawa lainnya, akhir cerita bahagia untuk semua tokoh yang ada.

Saya menikmati semua novel karya pak Budi. Tentu novel ini juga akan banyak peminatnya yang akan membaca dengan antusias.

Jakarta, 23 Mei 2023.

Johana E. Prawitasari

Penikmat kata dalam kalimat kalimat indah

Novel basa Jawa Lamising Katresnan ngandharake lelakoning urip sing diadhepi dening Laila Saraswati, sawijing wanita karier ngasta guru lan pengusaha sukses. Senajan kagungan garwa nanging Laila tansah dhewekan kudu nyukupi butuhing keluarga lan nggulawentah putri-putrine kanggo tembe ngarep. Cita iki gegayutan karo hak lan kuwajiban kaum wanita karier ing donyaning



bebrayan. Kudu bisa ngadhepi lan nyembadani, menawa ora bisa kasebut mandhegani ngadhepi ruwet rentenging keluarga ing donya kasunyatan. Kaum wanita saperangan gedhe, ora isa mung onggang-onggang maneh, nyadhong rejeki saka garwa, swarga nunut neraka katut kaya nalika jaman wingi-wingi. Nanging perlu kacathet perjuwangan wanita karier kudu tansah pinayungan tatanan moral kautaman.

Ora perlu digawe kaget, ora perlu digawe gumun, wiwit jaman Jawa klasik ewonan taun kepungkur wanita tansah melu ngadhepi lan ndhadhagi ruwet rentenging negara, ora mung ruwet rentenging keluarga. Mula ing alam modern saiki, ora aneh menawa wanita uga kudu aktif ana ngarep, bebarengan karo garwa mrantasi ruwet rentenging urip. Ing crita Lamising Katresnan iki, Laila Saraswati tansah dikalahke dening garwane, Pangarso Wibawa sing ora gelem mangerteni butuhing keluarga lan bocah-bocah. Urip bebrayan karo keng garwa bisa diarani kepeksa, sawise kacilakan sakeplasan jaman isih kenya, dirudapeksa dening kanca sakampus, sing terus dadi garwa nganti wektu iki, ya Pangarso Wibawa.

Sesambungan tresna karo tunangane, Hari Setiawan, banjur wurung kamangka wis mintip-mintip arep nikahan jaman semana. Ananging senajan wurung anggone omah-omah karo tunangane mau, Laila Saraswati tetep ora bisa nglalekake Hari Setiawan. Semono uga kanggone Hari Setiawan, dheweke ora bisa nglalekake tresnane marang Laila Saraswati senajan sesambungan tunangan wis cuthel puluhan tahun kepungkur.

Bareng ketemu maneh luwih selawe taun sabubare pisahan, wong loro ora bisa ngilangake rasa tresna ing jroning ati. Cita novel Lamising Katresnan nyritakake sesambungan antarane Laila Saraswati, garwane Pangarso Wibawa, tunangane sing wurung Hari Setiawan, karo keluwargane kalebu putri-putrine, Kartika Sawitri karo Erina Sawitri. Ruwet kebak rasa asih lan tresna, rasa mesake nanging uga kebak lamis lan sandiwara.

Novel basa Jawa Lamising Katresnan karipta dening sawijining dhokter, akadhemisi lan profesional Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja. Novel basa

Lamising Katresnan

Jawa kalima, sawise Lakuning Katresnan (2021), Lubering Katresnan (2022), Endahe Lintang Kemukus (2022), Mendhung Angendanu (2022). Profesi dhokter isa kawastanan ora adoh saka prekara kabudayan, kasusastran lan kamanungsan. Novel-novel Jawa iki saderma ndherek ngramekake upaya nglestarekake lan memetri basa lan kabudayan Jawa Klasik.

Sumangga kawaos kanthi sareh. Muga-muga isa dadi panglipur lan piwel-ing urip kagem para sutresna sastra Jawa.

Yogyakarta, Mei 2023.

Guru besar Ilmu Kesehatan Anak

Prof. Dr. Sri Suparyati Soenarto, PhD, SpA (K)

Assalamualaikum warahmatullahi wa barakatuh.

Sugeng pepanggihan malih wonten ing novel anggitanipun Dr. Budiono Santoso PhD SpFK, inggih Ki Setradjaja, ingkang tansah nengsemaken. Maos novel Basa Jawi LAMISING KATRESNAN saestu saged damel ngungun, kok wonten lelampahan nggrantes ingkang kados mekaten.



Ing novel punika para pamaos saget ndherek enget swasana kathah dhemo ing tahun 1998, ingkang kedadosan wonten kampus-kampus saindhenging Nuswantara, kalebet ing tlatah Ngayogyakarta utawi Solo. Ontran-ontran kalawau kedadosan sasampunipun krisis moneter, ingkang dados sarana ambrukipun Orde Baru, kalajengaken wekdal peralihan kanthi mangsa reformasi dumugi sapriki.

Rumaos ering tumrap Ki Setradjaja anggenipun nganggiti buku novel punika. Wonten sawetawis perangan ingkang kacriyosaken kanthi njlimet. Saged pun wastani panjenenganipun apal swasana kutha Solo lan sejarah Mangkunegaran. Mbokmenawi Ki Budiono Santoso Setradjaja sampun nindakaken papriksan utawi panaliten senajan kanthi prasaja saderengipun.

Ing novel punika Ki BS Setradjaja ugi njlentrehaken prekawis maneka warna konflik batin lan fisik ingkang dipun lampahi dening Laila Saraswati, setunggaling priyantun putri, ayu lan pinter nanging ndilalah katerak nasib awon ingkang andadosaken bubaring sesambetan tunangan. Laila namung sadermi trahing manungsa biyasa ingkang nggadahi wadag, nggadahi batin nanging ugi naluri seksual ingkang kadhangkala kedah dipun sembadani, ananging dereng saged manggihi katresnan ingkang murni sejati.

Ugi ing babagan kuliner, sajakipun Ki BS Setradjaja, mangertosi sanget prekawis dhaharan ingkang eca-eca ing pundi kemawon.

Inggih ugi narik kawigatosan wonten ing novel punika, prekawis Erina Sawitri ingkang nglampahi papriksan kesehatan jiwa kaliyan Dr. Inu, lajeng karujuk dhateng RS Sardjito. Kula lajeng kemutan kanca sak profesi, Dr. Inu Wicaksono, Sp KJ swargi ingkang ugi wasis ing babagan nyerat carios cekak lan lantip ing babagan seni lan kabudayan. Sinaosa kapernah

Lamising Katresnan

rayi kelas nanging dados salah setunggaling kanca raket kaliyan Ki BS Setradjaja. Kula anggiti salah setunggaling ilustrasi kagem mengeti Mas Inu.

Wusana, panyuwun kula, novel Basa Jawi Lamising Katresnan punika saget atur manfaat ugi sageda dados panglipur kagem panjenengan sami. Sugeng maos kanti renaning penggalih, lerem lan bahagia.

Wassalaumalaikum warahmatullahi wa barakatuh.

Jakarta, 5 Mei 2023.

Dr. R. Bambang Sardjono, MPH/KRT Brotohusodo
jl. Belanak Raya 25 A. Rawamangun JAKARTA 13220.



Daftar Isi

Bab 1	Ketemu Maneh	1
Bab 2	Angin Kaswargan	8
Bab 3	Langit Kasaput Mega	14
Bab 4	Prahara	22
Bab 5	Laraning Lara	30
Bab 6	Gapuraning Yakso	36
Bab 7	Dalan Peteng	43
Bab 8	Ditinggal Bapa	51
Bab 9	Aja Pasrah	56
Bab 10	Tepungan Anyar	62
Bab 11	Blakasuta	70
Bab 12	Tangise Anak	78
Bab 13	Pemangsa	84
Bab 14	Bapak Mothah Anak Kepradhah	91
Bab 15	Noleh Marang Liyan	98
Bab 16	Depresi	105
Bab 17	Test Kesehatan Jiwa	113
Bab 18	Kuwajiban	124
Bab 19	Ngrumat Bojo	131
Bab 20	Nuruti Dhawuhe Ibu	137
Bab 21	Ngadhepi Ujian	145
Bab 22	Ujian Tesis	154
Bab 23	Tangeh Lamun	162
Bab 24	Tonle Sap	172
Bab 25	Sulihing Ibu	181
Bab 26	Pangestune Wong Tuwa	190
Bab 27	Pungkasaning Crita - Lakuning Urip Lumintu	199



BAB 1

Ketemu Maneh

Laila, iya Raden Ayu Laila Saraswati, mung dheleg-dheleg, pikirane lagi goreh. Ana prekara wigati sing tansah ngribeti pikire. Dheweke ora isa mbayangake menawa kudu ketemu karo Hari Setiawan sing wis luwih selawe tahun ora nate ketemu. Hari Setiawan, mantan tunangane. Sesambungan adhi sing wis kaiket kanthi ali-ali emas iku wurung puluhan taun kepungkur. Wengi iku nampa pawarta lelayu menawa keng ibune Hari, Bu Sukma, seda amarga gerah sepuh. Wis wola-wali dirawat ana rumah sakit.

Bu Hartati, ibune Laila, wiwit esuk wis kejer ngajak layat. Antaranne Bu Sukma almarhumah lan Bu Hartati pancen isih ana sesambungan paseduluran, kapernah sedulur tunggal buyut. Sadurunge, Bu Hartati wis asring ngelingake Laila supaya merlokake sowan Bu Sukma, menawa lagi pas nang Solo. Nyambung tali paseduluran sing pedhot amarga anggone tunangan karo Hari wurung mau. Senajan kedadeyan sedhik iku wis puluhan taun keliwat, ananging sesambungan paseduluran panggah ora isa pulih maneh kaya wingi uni. Prasasat pedhot.

Wis sawetara dina iki Laila ana kutha Solo. Sekolah lagi libur. Dheweke dadi guru ana SMA negeri ing kutha Bengkulu. Rencana arep tirah ana Solo sasuwene liburan. Kaya adat saben menawa lagi prei ana Solo, Laila nyambi ngurusi usahane sing ana kutha Solo, awujud patungan pabrik plastik ana tlatah Sukoharjo, lan perusahaan mebel ana Wonogiri. Wis suwe anggone miwiti usaha loro iku, wis meh ngancik rong puluh tahun. Isa ngrembaka dadi gedhe, senajan maune mung kanggo samben anggone dadi guru, kanggo nutupi kebutuhan mburi.

Kejaba usaha loro iku, Laila uga duwe hotel ana kutha Bengkulu, jenenge Hotel Kanthil, sing wis diwiwiti luwih limalas taun kepungkur. Pisanane ya niba nangi anggone mbangun, nanging saiki wis mapan. Malah wis ana rencana mbukak Kanthil II ana cedhake lokasi sepisanan. Isih ana usaha maneh sing panggonane rada adoh ana tlatah njaban kutha, usaha sarang burung, sing dilakokke dening wong sing tinanggenah.

Wiwit nalika isih nganten anyar Laila Saraswati mulang ana SMA negeri ing kutha Bengkulu, Sumatera. Sinambi bribik-bribik mbukak usaha. Wiwitane mbukak toko mebel kayu jati sing ditekakke saka Wonogiri. Suwe-suwe

ngedegake perusahaan dhewe kanggo gawe mebel. Akeh pelanggane ana Bengkulu lan tlatah Sumatra sisih Kidul. Akeh sing cocok, amarga padha isa pesen modhel sing dadi pepenginane konsumen. Perusahaan tas plastik kawiwitan nalika usaha mebel wis mlaku lancar, pabrike ana tlatah Sukoharjo, kompanyon karo pengusaha liya. Usaha tas plastik uga dadi moncer, ora ana saingan sing abot, pasarane nyebar saindhenging pulo Sumatra.

Laila isih trengginas anggone nggarap usahane, uga isih aktif nglakoni tugas dadi guru. Umur-umrane ora isa diarani enom maneh, wis meh ngancik seket taun. Priyayine meneng ora akeh tembung. Isih sehat, dedeg piyadege gagah teji, awake weweg madhet senjata ora nganti diarani lemu. Praupane isih katon lumer alus lan ayu mranani. Isih canthas ulah raga lan prigel ngurus usaha. Ora keru kaya ibu-ibu saumurane, isih seneng ngadi sarira. Wektu keru-keru iki uga miwiti pabrik briket grajen kayu karo areng sing diekspor mligi nang negara-negara Timur Tengah. Tansah luwes lan grapyak ana donyane pasrawungan.

Sisihane Laila asmane Mas Pang, Pangarso Wibawa, kanca saangkatan nalika isih kuliah ing Solo, mung beda fakultas. Saiki ngasto ana sawijining kantor dhinas ing propinsi Bengkulu. Pasangan iku kaparingan putri loro yaiku Kartika Sawitri lan Erina Sawitri. Sing mbarep, Kartika dadi dosen lan peneliti ana ing sawijining universitas ing Jakarta, babagan Hubungan Internasional. Lulus sarjana saka Universitas Gadjah Mada ing Ngayogyakarta, lan lulus paska sarjana saka Jepang. Kartika wis omah-omah karo kanca kuliah. Putrine sing ragil Erina Sawitri, nyambut gawe ana Kejaksaan Agung. Lulus sarjana uga saka UGM Ngayogyakarta. Putri loro wis padha mapan anggone nyambut gawe, wis ora dadi tanggungane wong tuwa maneh. Prasasat saben dina Laila tansah kontak tilpun karo Kartika lan Erina. Rumangsa kasepen nek ora omong karo putri-putrine.

Mau bengi nalika nampa warta lelayu sedane Bu Sukma, Laila cepet-cepet tilpun sisihane, Mas Pang. Pengin dikancani anggone layat. Dheweke ngrasake abot lan kikuk nek kudu teka dhewekan lan ketemu karo Hari. Kedadeyan wis kepungkur, nanging isih nandhes ana njero atine. Kedadeyan sing gawe wirang sing ora bakal isa dilalekake salawase. Nanging wangsulane Mas Pang nguciwani, ora ndadekake seneng nang ati.

“Lagi repot banget Jeng, gaweyan kantor. Nyiapake laporan, arep ana priksan saka pusat dina-dina iki.”

“Apa ora isa dipasrahke wakilmu ta mas. Iki kan lagi kesripahan. Sedulur sing cedhak karo ibu.”

“Sapa ta sing seda Jeng, kok sajak penting banget?”

“Budhe Sukma Tanojo, sing daleme Purwosari kae lo mas.”

“Aku kok ora kelingan nek sliramu duwe budhe nang Purwosari.”

Kanthi setengah ndhredheg Laila banjur blakasuta marang sisihane.

“Budhe Sukma ki ibune Mas Hari Setiawan, apa njenengan ora kemutan?”

“Iya genah kelingan ta Jeng. Mantan tunanganmu sing wurung kae ta. Nek ngono aku malah sengaja ora arep layat kok Jeng. Mangkata dhewe.”

“Iya aku ndherekake ibu mengko awan. Ibu nggegeg anggone pengin layat. Nyambung paseduluran karo keluwarga Tanojo sing wis pedhot puluhan taun merga awake dhewe. Panjenengan ora apa-apa ta nek aku ketemu Mas Hari.

Nyuwun palilah, mung arep ngaturake bela sungkawa wae. Aja dadi atimu.”

“Ora babarpisan angger sliramu isa njaga. Wis dadi wong tuwa ora usah neka-neka.”

“Sapa sing arep neka-neka ta mas. Aku kudu layat ndherekke ibu.”

+++

Jam papat sore, Laila karo Bu Hartati sida layat niliki keluwarga sing lagi nandhang kesripahan ana Purwosari. Jenazahe wis disarekke mau awan ana ing makam keluwarga ana cedhak kono. Sanak sedulur isih padha kumpul. Hari Setiawan putra tunggale almarhumah. Ramane, Pak Raharjo Tanojo wis seda sawetara taun kepungkur. Bu Hartati karo Laila, ngaturake bela sungkawa lan nyuwun pangapura dene ora isa teka ana ing acara pemakaman. Nalika Bu Hartati lagi ketemu karo para sedulur ana ruang tengah, Laila ana wektu sedhela wawan rembug karo Hari ana ruang tamu ngarep.

“Aku ndherek belasungkawa ya mas. Muga-muga panjenengan diparingi tabah lan sabar.”

“Matur nuwun dhik. Ibu wis lere ana kelanggengan. Wis tentrem ana kana, ora bakal ngrasake sedhih maneh.”

Laila ngungun krungu wangsulane Hari. Kaya-kaya disemoni menawa ibune tansah nandhang sedhih nalika sugenge. Kedadeyan wis suwe, wis luwih selawe taun kepungkur. Kaya ngapa sedhihe Hari lan bapak ibune rikala semana, nalika sesambungan tunangan kudu dibatalake dadakan amarga prastawa sing gawe wirang iku. Ora bisa digambarake. Laila nyoba nywara kanthi ndredheg.

“Aku nyuwun pangapuramu sing gedhe ya mas. Kabeh amarga salahku rikala semana. Aku ora kuwawa ngendhani. Aku ora tau njlentrehake sebabe.”

Ukara cendhak iku sing uga tau diomongke nalika Laila kepeksa mbatalake anggone tunangan karo Hari. Saiki uga dibaleni maneh, abot rasane prasasat

blangkemen ora isa nerusake tembung.

“Kabeh wis kedadeyan. Ora isa dibaleni maneh. Ora susah digelani. Mbok menawa wis dadi garising urip kanggone awake dhewe. Muga-muga njenengan karo Mas Pang lan putri-putrimu tansah urip kanthi tentrem.”

Laila saya dirujit-rujit atine krungu wangsulane Hari. Nganti titiwanci iki, Hari isih urip legan, durung omah-omah senjata umure wis luwih seket tahun. Dheweke ora isa nglalekake Laila sing tau dadi tunangane rikala semana, sing banget ditresnani. Wis tunangan mlaku rong tahun luwih amarga Laila pengen ngrampungke kuliahe dhisik. Dene Hari Setiawan nalika semana mentas lulus saka Universitas Gadjah Mada jurusan Teknik Sipil.

Sing nggathukke Hari karo Laila ya ibune dhewe, Bu Sukma almarhum karo Bu Hartati, ibune Laila. Ora mung sedulur, priyayi putri loro iku raket anggone kekancan wiwit Sekolah Rakyat nganti SMA. Mula nalika sesambungan tunangan bubar, ora mung Hari sing ajur atine, nanging ibune lan ibune Laila, uga kantep uripe nampa coba sing banget abote iku.

Hari nyoba nglalekake prastawa sedhik mau kanthi giyat mbangun perusahane. Perusahane pancen ngrembaka gedhe, sawijining kontraktor sing kondhang saindhening Nuswantara, PT Saraswati Abadi (SA). Akronim Saraswati dijupuk kanggo nyemangati anggone mbangun usahane. Mung siji sing dheweke ora isa nglakoni, nresnani wanita liya sing isa ngganti Laila ana atine. Senajan bapak lan ibune tansah paring pratela lan semangat, supaya nglalekake Laila lan golek wanita liya kanggo kanca uripe.

Katresnane marang wanita sing jenenge Laila Saraswati iku, isa diarani katresnan sing sepisanan uga sing pungkasan. Anane ya mung Laila Saraswati ana jroning atine. Wis nglokro, ora bakal nresnani wanita liya. Ora isa kagambarake kanthi tetembungan. Katresnan sundhul wiyati, katresnan kang endah sumrambah ana ing langit lan bumi pertiwi. Nalika semana Hari mung mikir menawa Laila bakal ngancani urip salawase. Bakal bebarengan ngulandara ana ing dalaning urip kang sarwa endah. Ananging kanyatan sing ana, geseh karo sing tansah dibayangke. Tunangan bubar dadakan ana ndalan tanpa ana katrangan apa sebabe. Nganti titiwanci iki ora isa mangerteni ngapa tunangan kok dadi bubar dadakan. Kamangka rumangsane katresnane ora pincang mung sepihak, Laila rikala semana uga ngatonake katresnan sing iklas lan asih. Dheweke ora isa mangerteni kena apa musibah teka tanpa pratandha babar pisan. Mbok menawa wis dadi garising urip antarane dheweke karo Laila pancen mung tekan semono.

Babar pisan ora ana rasa sengit karo sing jenenge Laila. Katresnane ora

bisa luntur. Kabeh ditampa kanthi sabar. Senajan kanggone wong liya isa diarani katresnan sing lamis. Nanging dheweke ora isa nampa menawa kedadeyan iku barang sing lamis sing disengaja. Mesthi ana prastawa sing ora kuwawa diendhani dening Laila rikala semana. Katresnan sing ruwet sing ora isa dingerteni. Wis kliwat puluhan taun nanging rasane lagi kaya wingi wae. Laila wis omah-omah lan duwe putri loro. Kanggone dheweke Laila isih panggah kaya nalika isih dadi tunangane. Wanita lembut ayu lan manja. Tansah ketok-ketoken salawase urip.

+++

Bubar layat sore iku, tekan ngomah Laila Saraswati banjur istirahat mlebu kamar. Pikirane isih nglambrang ketok-ketoken anggone ketemu karo Hari, senajan mung sakeplasan. Isa melu belasungkawa, karo isa ngetokke rasa pangapurane. Nanging ora isa njlentrehake kena apa dheweke nganti mbatalake anggone tunangan rikala semana. Isane mung mratelakake nek dheweke sing salah. Ora kuwawa ngendhani kedadeyan sing ngrusak endahing katresnan antarane dheweke karo Hari. Wektune cekak tur ya swasana lagi kesusahan ora isa ngomong ngambra-ambra. Embuh kapan cepet utawa suwe dheweke pengin ngudharake kenapa kok tunangan mau nganti wurung.

Sing ngerti ya mung ibune, Bu Hartati karo ramane swargi, Pak Sutrisna Baskara. Uga sisihane Pangarso, sing pancen sengaja gawe rusaking tetunangane karo Hari. Nganti saiki Hari durung diwenehi ngerti apa sebabe. Uga anak-anake loro sing wis omah-omah. Dheweke pengin nyimpen wewadi iku salawase. Ananging bareng adu arep ketemu Hari, rasane kaya-kaya pengin blakasuta. Ning ora isa kewetu tembung. Ngantu-antu pengin kandha karo mantan tunangane. Uga marang putrine loro, Kartika karo Erina. Wewadi iku ora bakal dipendhem salawase. Mbokmenawa marang anak-anake dhisik. Mengko nek ana wektu sing pas, uga pengin ngudharake marang Hari, priya sing tau nresnani banget dheweke. Ben uripe isa tentrem, ora nandhang gawan abot nyimpen wewadi.

Apa kudu njaluk palilah sisihane Mas Pang, menawa arep mbukak wewadine mau? Bingung ora bisa mesthekake. Senajan karo Pangarso kuwi nglakoni omah-omah, ning nyatane uripe kaya mlaku ana dalane dhewe-dhewe, wiwit sepisanan. Ana jurang sing amba lan jero antarane dheweke karo sisihane Mas Pang. Dheweke rumangsa dicidrani lan dijlomprongake ana jurang sing jero lan peteng. Ya merga ngeboti pengin mulyakke anak-anake, Kartika karo Erina, dheweke bantingan awan bengi nyambut gawe nggedhekke usahane.

Sore iku kabeh prastawa sing udakara wis kliwat luwih selawe taun

Lamising Katresnan

kepungkur, cetha wela-wela ana pikirane Laila. Kaya gambar sorot sing diputer maneh. Gambar-gambar iku saben-saben mesthi teka maneh rikala dheweke pas nganggur ora ngurusi gaweyan. Ora kuwawa Laila munggel lan nglalekake. Urip endah kaya nang alam kaswargan sing dientha-entha dadakan ilang keterak prahara. Ilang salawase, mrucut saka genggemane, ilang saka uripe.

+++++



BAB 2

Angin Kaswargan



*B*ubar ketemu Hari, atine Laila tansah nglambrang. Ngalamun mbayangke wektu-wektu endah nalika uripe isih kebak katresnan karo Hari. Wis luwih selawe tahun kepungkur.

Dina Setu awan mulih saka kuliyah Laila Saraswati leren sauntara. Dina-dina iki lagi repot ngrampungake skripsine. Kudu playon ngalor ngidul ngadhep dhosen pembimbing. Saking kesele awan iku, dheweke bablas keturunan. Tangi-tangi wis wayah asar. Enggal-enggal adus ben pulih seger awake. Cepet-cepet anggone dandan. Kesusu lan ora jenak atine kaya ana sing dienteni. Ironing ati, rasane ngrembaka seneng sinambi rengeng-rengeng. Macak ana ngarep kaca. Milih pakeyan sing paling disenengi, warna jambon lembut saka sutra. Sore iku Hari Setiawan arep teka saka Jakarta.

Bapak ibune, Pak Sutrisna Baskara lan Bu Hartati lagi padha lenggahan ana ruang tamu ngarep. Nglaras mirengke uyon-uyon saka radhio RRI Surakarta, sinambi ngunjuk teh dikancani nyamikan emping. Tentrem lan seneng. Putri tunggale sing banget ditresnani, Laila Saraswati wis macak gandhes nimbrung anggone padha ngenggar-enggar penggalih. Gawane Laila pancen cedhak banget karo bapak ibune, lan kepara rada aleman.

“Aku ndherek nimbrung ya bu. Seger bubar bubuk terus adus iki mau.”
“Kok anggonmu dandan sajak tenanan, ana apa ta ndhuk? Apa kancamu arep padha dolan mrene?”

Pak Trisna nyapa Laila kanthi lembut. Ora ana karep ndhedhes putrine, mung takon merga saking sayange.

“Bapak ki apa lali ta, iki dina Setu, nak Hari kan mulih nang Solo ta. Mesthi bakal teka nemoni anak wedok.”

“Injih bapak ibu, Mas Hari arep teka sore iki. Wis nglayangiku.”

“Apa ana rencana mlaku-mlaku metu sore iki?”

“Embuh ya bu. Ning aku pengin mlaku-mlaku nang Manahan kono, golek angin. Hawane kepenak banget sore iki.”

“Ora apa-apa ndhuk, aja suwe-suwe. Mengko Nak Hari diajak maem bengi nang kene ya. Tak masake sedhela.”

“Injih ibu, mung mlaku-mlaku golek angin sedhela. Aku pengin krungu critane Mas Hari.”

Lamising Katresnan

Pak Trisna lan Bu Hartati nguningani menawa putri tunggale, Laila Saraswati, kerik-kerik iki lagi nyrepeg anggone nggarap skripsi. Pengin endang rampung anggone kuliah. Ben cepet bisa resmi nglakoni urip bebojoan karo Hari Setiawan. Hari wis rampung kuliahe lan wis miwiti usaha kontraktor. Wiwitane ana tlatah saubenging Solo, nanging wis meh setaun iki uga mbukak kantor ana Jakarta. Sing Solo dipasrahke pegawai sing dipercaya. Bareng pindhah Jakarta, isane ketemu karo Laila mung pendhak telung minggu utawa patang minggu.

Ora suwe priya sing diantun-antun, Hari Setiawan teka numpak becak. Gitagita Laila anggone mbagekake. Bubar salaman, Hari terus ngrangkul Laila kanthi lembut lan mesra. Kaya-kaya wis ora ketemu suwe. *"Piye dhik kahananmu? Apik-apik wae ta?"*, Laila ora semaur, mung mingsek-mingsek ana rangkulane Hari. Kagawa saking senenge ketemu priya sing banget ditresnani iku.



Lamising Katresnan

Pak Trisna karo Bu Hartati mung kendel wae. Ngungun mirsani Laila sing lagi ngesokke kangene karo Hari. Isa mangerteni kaya ngapa rasane pasangan sing lagi nandhang katresnan. Pak Trisna njawil garwane supaya mlebu nang ruang tengah. Ben pasangan mudha iku katog anggone kangen-kangenan.

Angin semribit ing antarane wit-witan ana pekarangan sing amba lan asri. Ana wit jambu air, wit pelem, wit blimbing lan sapanunggalane ana pekarangan sing amba. Pekarangan gilar-gilar katutup suket ijo sing alus lan rata. Ya iku daleme Pak Trisna lan Bu Hartati ana ing kampung Sambeng. Ndilalah Pak Trisna hobine ngopeni taman lan tanduran.

Ora suwe Hari karo Laila, mlebu ruang tengah. Hari ngaturake salam karo Pak Trisna lan Bu Hartati kanthi kurmat.

“Ngaturaken sugeng paklik lan bulik. Radi dangu mboten saged sowan.”
“Iya nakmas, kabarmu apik-apik wae ta. Piye usahamu lancar ana Jakarta?”
“Pangestunipun bapak ibu, saged ngrembaka saking sekedhik. Kathah pembangunan fisik wonten Jakarta.”

“Iya nakmas dilakoni kanthi sabar. Bapak ibumu ya diparingi sehat-sehat wae ta?”

“Injih bapak, sedaya sami sehat kemawon. Bapak ibu malah ngendika pengin ningali kahanan wonten Jakarta.”

“Iya apik, diselakke ben bapak ibu rena penggalihe. Pengin mirsani kantormu nang Jakarta. Donga lan pengestune wong tuwa iku penting. Isa marahi usahamu tambah lancar.”

“Iya nakmas, aku kerep ketemu keng ibu ana arisan keluwarga. Kerep ngendikakke awakmu. Sajake rena banget mirsani PT-mu ngrembaka.”
“Pangestunipun ibu. Mugi-mugi saget mlampah sae kanthi lancar.”

Laila banjur nyela matur, nyuwun idin arep mlaku-mlaku metu sedhela. Ibune wanti-wanti aja nganti peteng le mulih.

“Mung mlaku-mlaku nang Manahan kok bu. Kapan kae aku ngepit liwat Manahan wayah sore, kok njur pengin mlaku-mlaku nang kana dikancani Mas Hari.”

“Iya dilakoni wae mumpung Mas Hari ana kene.”

Wong loro banjur numpak becak menyang Manahan. Hari ngrangkul bangkekane Laila. Tangane nggegem tangane pacangane. Laila rumangsa mongkog, seneng, sumendhe ana bahune Hari, priya sing tansah ana njero atine. Mendah senenge, mbayangke menawa wis isa urip bareng wong loro. Ora urip pisah, ketemu mung kadhang kala saben patang minggu. Laila pengin ngesokke rasa kangene marang priya gantungan atine.

Angin sore semilir lembut nggawa rasa tentrem lan seneng pasangan sing lagi among katresnan. Nuju nang lapangan Manahan iring lor. Sepi mung ana kendharaan liwat arang adoh. Srengenge wis gumlewang ana sisih kulon katon saka antarane wit-witan cemara sing temata ana pinggir dalan. Langit semburat abang ing sisih kulon. Wong loro padha menenge, atine ngambra-ambra mbayangke tembe ngarep kang bakal dilakoni. Kasapu angin sing semilir lembut, angin kaswargan. Sapa wae sing ngalami swasana iku mesthi ngrasakake tentrem. Kaya-kaya ngelingake menawa alam tansah jembar lan nyengkuyung uripe manungsa kabeh, apa maneh sing lagi mbangun tresna. Hari karo Laila, banjur mlaku alon-alon kanthi gegandhengan tangan, mlipir dalan sepi pinggir Manahan.

“Mas aku selak pengin ngrampungke skripsiku. Ben endang bisa resmi omah-omah. Terus urip bareng. Aku pengin ndherek ana Jakarta. Wegah nek urip pisah kaya saiki.”

“Ya sabar dhik, dilakoni wae muga-muga enggal rampung. Jer iku proses sing kudu dilakoni.”

“Ning rumangsaku kok kaya ana wae kurange. Wis tak dandani dina iki, bareng dipriksa pembimbing, isih ana sing kurang liyane. Bola-bali ngadhep isih ana kurange wae.”

“Ya ngono iku sing jenenge skripsi, ora ana sing sepisaan dadi. Aku biyen ya ngono. Ping pirang-pirang ngadhep pembimbing. Sing baku aja nganti bosen le nglakoni.”

“Mas nek wis resmi bebojoan, piye rencanamu? Awake dhewe urip bareng ya mas. Ben aku ya isa mbantu gaweyanmu. Isa mbat-mbatan nek lagi ngadhepi alangan.”

“Kuwi gampang dhik, mesthi awake dhewe urip bareng terus. Aku tansah sabar ngenteni sliramu.”

“Apa njenengan terus pengin momong anak?”

“Alamiah pepenginan kuwi mesthi ana. Ning aku ora kesusu, ben sliramu isa leren sawetara wektu ndhisik sawise urip oyak-oyakan nggarap skripsi. Aku sabar ngenteni.”

Wong loro sangsaya kepilut swasana sore sing endah lan adhem, nemtremke ati. Mlaku alon-alon nganti tekan taman Balekambang kang asri. Kepara rada mlaku sawetara adoh menyang Taman Balekambang, luwih seka sailometer. Ananging Laila Saraswati lan Hari Setiawan babar pisan ora ngrasakake kesel. Kanggone wong Solo, Taman Balekambang, kayadene Taman Jurug, Taman Sriwedari, Taman Tirtonadi, mesthi wis padha ngerti larah-larah lan sejaraha. Semono uga kanggone Hari karo Laila, sing digedhekke nang kutha Solo. Taman Tirtonadi wis ilang kanggo stanplat bis. Taman Balekambang lan Taman Tirtonadi anggambarake sesambungan

antarane manungsa lan alam banyu. Manungsa ora bakal bisa urip lestari tanpa sesambungan karo alam sing awujud banyu.

“Mas Hari isih kemutan ya sejarahé Taman Balekambang?”

“Kelingan banget dhik, iki uga sing tak impi-impri kanggo awake dhewe mbesuke.”

“Lho apa gayutane karo awake dhewe mas?”

“Taman Balekambang kabangun dening Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ario Mangkunagoro kaping VII, kagem putri-putri sing banget ditresnani, yakuwi Gusti Raden Ayu Partini lan Gusti Raden Ayu Partinah rikala wiwitane abad kaping rong puluh. Aku ngimpi-impri mbesuk awake dhewe isa diparingi momongan putri loro.”

“Iya mas aku mung dherek, muga-muga pepenginan panjenengan isa kaleksanan. Pepenginamu ya pepenginanku. Anak wedok isa ngewangi ibune.”

Nyedhaki wayah magrib wong loro enggal-enggal bali menyang Sambeng numpak becak. Wengi iku Hari Setiawan diajak dhahar wengi karo keluwargane Pak Sutrisna Baskara lan Ibu Hartati Baskara. Pak Trisna akeh anggone nakokke perkembangane perusahaan kontraktor ana Jakarta. Mbok menawa pengin ngerti apa reribed usaha swasta ngadhepi para aparat pamarentah. Pak Sutrisna Baskara dadi guru Sekolah Rakyat wis meh pensiun. Garwane Bu Hartati, ibu rumah tangga, ning kagungan gaweyan modiste, ngladeni pelanggan sing gawe pakeyan putri.

Bubar dhahar bengi, Laila karo Hari Setiawan isih lungguhan sauntara ana taman pekarangan ngarep. Asri lan endah tamane. Omongan kanthi lirih. Mung pating klesik. Angin wengi adhem gawe lereming ati. Angin kaswargan kanggone sing lagi ngumbar katresnan. Jam setengah sanga Hari pamitan. Ngrangkul lan ngarasi tunangan sing ditresnani lan dibayangke awan bengi. Lembut lan ngrengkuh. Laila ora kuwawa, mung pasrah sumendhe ing dadhane Hari, kanthi ngrangkul kenceng kekasihe.

“Dhik sabar ya, kudu dilakoni kanthi sabar. Sing penting rampung skripsimu. Aku sabar ngenteni. Awake bakal urip bareng salawase.”

“Aku sing ora sabar mas, selak kepingin urip bareng ngancani Mas Hari. Ngrasake nikmate urip asmara kanthi bebas wong loro. Muga-muga ora ana reribed sing ngalangi awake dhewe. Ngantu-antu urip bebarengan. Urip kaswargan.”

“Awake dhewe wong loro kudu isa ngantepi janji arep urip bareng salawase ya dhik.”

“Kasinggihan mas uripku mung kagem ngancani panjenengan salawase.”

+++



BAB 3

Langit Kasaput Mega



Senajan Laila Saraswati kudu bolak-balik ngadhep dosen pembimbing kanggo ndandani skripsine, pungkasane kabeh isa dirampungke. Bapak ibune, Pak Trisna Baskara karo Bu Hartati, ora kendhat anggone paring semangat. Malah kerep ngancani menawa Laila kudu melek bengi nggarap skripsi. Kabeh nenuwun supaya skripsi enggal rampung lan isa maju ujian.

Bareng skripsi wis diseujoni dening dhosen pembimbing, Laila banjur maju ujian. Kabeh diparingi lancar. Pengujine ana telu ditambah karo pembimbinge loro. Dadi ana lima kabeh. Untung para pengujine ora patiya angel. Ujian isa diliwati kanthi lancar lan entuk judicium kanthi predikat Cum Laude. Pak Trisna Baskara lan Bu Hartati senenge ora karuwan nalika sawijining sore, Laila mulih saka kampus, matur menawa wis lulus anggone ujian. Pak Trisna lan Bu Hartati wiwit wengi mau wis runtut anggone donga supaya Laila enggal lulus.

“Bapak ibu, pangestune aku mau wis rampung ujiane. Wis lulus. Malah kasile Cum Laude.”

“Wah, Bapakmu melu seneng ndhuk. Sing tak impi-impri saben wengi. Pungkasane kabeh wis kok rampungi.”

“Iya Laila, sokur wis rampungan. Kari ngrencanakake anggonmu resmi karo nakmas Hari ya.” Bu Hartati ora kalah anggone ngetokke senenge. *“Injih Bu, ning kudu ngenteni pendhadharan dhisik. Mbok menawa sasi ngarep, soale setaun acara wisuda mung ana ping papat. Karo ngenteni kanca-kanca liyane.”*

Ora lali Laila uga ngabari Hari liwat tilpun ngandhakake menawa dheweke wis lulus. Kari ngenteni wisudha. Wis siyap nek arep diajak omah-omah.

“Sing ati-ati lan sing sabar ya dhik. Bubar wisudha mengko dirembug. Ben bapak ibuku nang nggonmu, sowan Bapak Ibu Baskara.”

“Iya mas, wis suwe anggonku ngantu-antu. Ibuku wis selak ora sabar, pengen cepet mantu. Aku ora kesusu mas.”

“Ati-ati ya dhik, kahanane lagi ora aman. Akeh wong kesrakat amarga krisis ekonomi.”

“Siyap mas, aku ora bakal nang endi-endi. Paling ndeleng dhemo nang kampus.”

Kahaman taun-taun iku pancen lagi goreng. Nang endi-endi ana rapat

umum protes pamarentah sing kaanggep ora isa ngontrol rega barang kebutuhan, saben dina tansah mundhak. Ana prahara ekonomi sing nerak negara-negara saindhening Asia. Para pimpinan politik lan pejabat Kementerian mung tansah sesorah nang televisi “Fundamental ekonomi Indonesia kukuh. Tidak perlu takut.” Bareng negara Thailand ambruk, ganti Indonesia sing kena giliran. Rakyat ora seneng amarga rumangsa diapusi. Jarene fundamentele kuat kok nyatane rega-rega mundhak tanpa kendhali. Mbelgedhes pa. Nek priyayi Solo, mbelgedhes isih klebu rada alus. Isih ana sing luwih kasar. Gambliis, nengkleke bejat!

Prasasat saben dina ana demonstrasi ing njeroning kampus. Laila karo kanca-kancane sing wis lulus, karo ngenteni wisudha malah kerep melu dhemo. Biyasane luwih akeh nang ngomah sabubare kuliyah, bareng wis lulus malah kerep melu kumpul-kumpul mahasiswa sing padha nggelar dhemo. Ora mung karo kanca sa fakultas. Akeh kenalan kanca anyar saka fakultas utawa jurusan liya, ya putri ya priya.

Salah sijining kenalan sing sok ketemu Laila Saraswati, jenenge Pang, Pangarso Wibawa, mahasiswa Fakultas Hukum. Kala-kala ketemu nang lapangan kampus nalika ngrungokake sesorah saka tokoh, isine protes kahanan saiki, ekonomi lagi bubrah ora karuwan. Senajan mung ketemu rikala dhemo, nanging amarga kerep kedadeyane, akhire kaya dadi kanca, senajan ora cedhak amarga jurusane beda. Awan iku bubar ngrungokke sesorah, Pang ngajak padha jajan es nang kantin kampus. Pancen hawane lagi panas sumelet. Leren nang kantin karo ngombe es mesthi enak seger. Pang karo kancane saangkatan, Pambudi Priyambada. Laila uga bareng karo kanca saangkatan sing wis lulus, jenenge Astuti Yuniati. Wong papat padha barengan jajan ana kantin karo ngobrol renyah.

“Tepungke ya mbak aku Pang, Pangarso Wibawa, saka Fakultas Hukum. Lagi ngenteni wisudha, timbang nganggur banjur melu ndeleng dhemo. Sisan nggo nambahi pengalaman. Sliramu jeneng lengkape sapa mbak, wis bola bali ketemu kok durung ngerti identitas?”

Pang miwiti rembug kanthi tatag. Ora ana rasa wigah wigih babar pisan. Tindak-tanduke kepara bebas.

“Laila Saraswati, saka fakultas MIPA jurusan Fisika. Aku ya kari ngenteni wisudha, saka angkatan taun 1993. Iki kancaku raket saangkatan, Astuti Yuniati.”

“Asli saka ngendi, asli Solo? Iki kancaku Pambudi Priyambada, saangkatan karo aku taun 1991”

Lagi sepisan kuwi jajan bareng, nanging anggone ngobrol asyik nganti



Banjar -
2023

wayah sore. Mbokmenawa merga padha-padha wis rampungan, wis lulus, dadi ora ana beban babar pisan. Pang karo Pambudi rong taun luwih senior tinimbang Laila, nanging wisudhane bakal barengan. Kaya tumbu oleh tutup wong papat kuwi anggone ngobrol. Pang gathuk ngobrole karo Laila. Padha-padha asli Solo. Dene Pambudi gayeng anggone rembugan karo Astuti, sing asale saka Salatiga. Pambudi asale saka Ambarawa, tangga kutha, mung SMA-ne maune beda. Astuti saka SMA negeri Salatiga, dene Pambudi maune saka esema negeri Ungaran. Wiwit jajan bareng sepisanan iku wong papat banjur kerep ketemu lan padha jajan bareng.

Pas acara wisudha Laila dikancani dening Hari Setiawan sing teka sama Jakarta, mligi kanggo ngestreni acara pendhadharan. Ora keru bapak ibune, Pak Trisna Baskara dalah Bu Hartati. Mongkog banget dene putri tunggal wis rampung anggone sinau. Lancar ora ana prastawa apa-apa sing wigati. Malah Hari uga isa kenalan karo kanca-kancane Laila, klebu Pang, Pambudi lan Astuti. Ning ora ana wektu lodhang kanggo ngobrol akeh amarga rame sing padha teka.

Hari kudu mulih Jakarta sore iku amarga ana rapat penting prekara proyek. Bubar acara wisudha langsung balik Jakarta, numpak pesawat. Ora sempat gawe acara syukuran kanggo tunangane Laila. Batine sesuk-sesuk isih ana dina. Ngonu uga Laila, dheweke pengin cepet-cepet ngurus surat-surat sing diperlokke mengko nek nglamar gaweyan. Pepenginane mung enggala isa nikah karo Hari.

Bubar acara wisuda Astuti jare arep mulih dhisik ana Salatiga. Selak pengin sowan Eyange sing ana Bringin. Eyange tansah nggadhang-gadhang supaya wayah sing ditresnani enggal lulus. Eyange mantan lurah ana desa Kalijambe Bringin. Semono uga Pambudi enggal mulih dhisik ana Ambarawa, kudu sowan karo sedulur-sedulure. Eyange almarhum uga nate dadi lurah ana desa Ngampin. Sedulure akeh sumebar ana tlatah Ambarawa. Adhik-adhike Eyange uga padha dadi lurah nang tlatah Ambarawa. Dheweke pengin nyekar sareyane Eyange karo sedulur-sedulur sing wis seda. Pambudi wis omong karo Astuti menawa pengin dolan nang ngomahe Astuti ana Salatiga. Ora ana sesambungan sing istimewa. Mung wong loro padha-padha pengin kenal luwih cedhak, ora mung nalika wisudha. Lha wong tangga cedhak, Ambarawa karo Salatiga. Numpak bis Murni apa Estoe ora nganti sejam wis tekan.

+++

Para wisudhawan lan wisudhawati saperangan isih ana kutha Solo. Lagi padha nyiapake syarat kelengkapan kanggo nglamar gaweyan. Akeh dokumen sing kudu dilengkapi kanggo nglamar gaweyan. Banjur ana sing

ada-ada pengin nganakake sukuran anggone lulus karo perpisahan. Laila, Astuti, Pang lan Pambudi, anut grubyuk karo kanca-kancane anggone arep sukuran bareng. Wektune dina Setu, sepuluh dina engkas. Bola-bali rapat panitya kanggo nyiapake acara. Ndilalah Laila, Astuti, Pang lan Pambudi uga ketiban sampur melu dadi anggota panitya.

Pas padha-padha nyiapake acara sukuran perpisahan iku Laila, Pang, Astuti lan Pambudi sesambungane sangsaya cedhak. Astuti karo Pambudi pancen wis luwih raket. Pambudi wis dolan ana omahe Astuti nang Salatiga. Malah sisan diajak nang ndaleme Eyange ana Kalijambe. Mlaku adoh kira-kira nem kilometer saka Bringin. Saka Salatiga numpak bis nang Bringin, mandheg Moroseneng, terus mlaku kira-kira siji setengah jam tekan Kalijambe. Pambudi mung mbatin, ngapa kok aku ndadak keraya-roya ketemu Eyange Astuti ? Ora mudheng babar pisan ning kok rasane seneng. Guyonan karo Astuti. Bali ana Solo, wong loro kuwi wis tambah raket. Gawe cingake Laila.

Beda kahanane Laila karo Pang. Sesambungane isih krasa kikuk. Pang gawane slogra-slogro, tanpa wigah-wigih nek caturan. Kepara rada nggugu karepe dhewe, kancane padha-padha anggota panitya asring kena dhamprat. Blas adoh karo priya idhamane Laila, Mas Hari sing lembut lan tansah ati-ati. Babarpisan ora ketarik lan ora bakal mbandhingke karo tunangane, Hari sing alus, trapsila, bagus lencir.

Pang pancen gagah senjata praupane ora bagus. Mung nek ngadhepi tugas thas-thes. Laila tanpa sadhar sok mbayangke bedane Pang karo tunangane, Hari. Asring sadhar. Ora susah mikir mbandhing-mbandhingke. Ora isa dibandhingke. Priya loro kuwi bedane kaya bumi karo langit. Ananging merga padha-padha nyiapake acara sukuran lan perspisan, Laila asring mbonceng sepedha motore Pang kanggo wira-wiri. Nek numpak becak ngentek-entekke ragad.

“Tut, awakmu kok njur katon raket banget karo Mas Pambudi, genahe ana apa ta?”

“Ora ana apa-apa kok Laila. Ya pancen krasa luwih cedhak sawise dheweke dolan nang ngomahku, ketemu bapak ibu karo adhik-adhikku. Malah tak jak sowan Eyangku nang ndesa Kalijambe barang.”

“Lho kok ngono Tut, apa arep serius sesambunganmu karo Pambudi?”

“Blas durung ana rencana apa-apa. Ning aku mung mlaku ngetutke ilining banyu. Arep ngenteni apa maneh wong wis rampung le sekolah. Mas Pambudi ya cocok karo adhik-adhikku lan bapak ibuku.”

“Wah nek ngono wis wiwit serius ya Tut?”

“Iyalah, ngoyak ben ora kalah dhisik karo awakmu, wis tunangan karo Mas Hari. Kari ngresmekake.”

“Angkahku nek wis rampungan iki, aku pengin serius rembugan karo Mas Hari. Bapak ibu ya selak ora betah, pengin duwe mantu njur putu.”

“Muga-muga kabeh diparing dalan lancar ya Laila. Awake dhewe tetep isa kekancan nganti tuwa. Aku rencana arep wiwit nglamar guru nang dhaerah kene wae. Sokur nek isa nang satlatah Salatiga apa Semarang. Ora adoh saka sedulur.”

“Padha donga-dinonga ya Tut. Aku pengin ngetutke Mas Hari nang Jakarta.”

Sore iku bubar rapat ana kampus. Persiapan pungkasan acara sukuran karo perpisahan. Kabeh ana udakara wong rong atus sing arep teka. Saperangan pancen isih padha ana Solo, nyiapake berkas-berkas sing diperlokke kanggo gawe lamaran. Bubar rapat wis wayah azar, Laila ditawani mbonceng Pang mulih nang Sambeng. Sadalan amarga omahe Pang ana kampung Badran. Langite mendhung kandel. Swara angin kemrosak mratandhani nek arep arep udan deres. Ngliwati Pasar Nongko kok Pang ora menggok mlebu kampung Sambeng, ning malah ngegas motore.

“Aku kudu cepet-cepet tekan ngomah dhik. Arep udan deres, kudu nglebok-nglebokke memehan lan barang-barang sing ana njaba mundhak kudanana.”

Laila rada was-was atine. Jane nek menggok nang omahe ana Sambeng ora butuh wektu suwe. Kok malah terus nggeblas nang Badran. Ning rasa was-was iku dipupus. Mosok Pangarso Wibawa arep duwe krenteg ora apik karo dheweke. Toh padha-padha kanca mentas wisudha. Ora kelingan kanthi cetha kedadeyan wis puluhan taun kepungkur. Lamat-lamat dheweke kelingan, lungguhan ana omahe Pang. Sepi ora ana sapa-sapa. Wong tuwane Pang jarene lagi mulih nang ndesa, ana Mbayat Klathen.

Dheweke krasa ngantuk banget amarga sewengi kurang turu. Wong loro ngenteni nang ruang tamu karo ngombe wedang jahe sing enak banget rasane. Pang usul kanthi trapsila supaya Laila leren dhisik ana kamar. Dheweke mung manut wae rikala ditutun Pang mlebu kamar. Turu blek sek ora krasa apa-apa. Ora kelingan babar blas.

Lamat-lamat dheweke kelingan. Nglilir amarga krasa ana awak abot sing nindhihi. Swara ambegan ngos-ngosan nggegirisi kacampur swara udan kemrosak ana njaba. Bareng disetitekke, kanyata tepungane Pang sing lagi kaya wong kesurupan. Mripate mbrabak abang, polahe nggegirisi tanpa kendhali. Pakeyane dheweke wis diuculi kabeh. Dheweke ora duwe kekuwatan kanggo nglawan priya sing lagi kesurupan hawa napsu iku.

“Mas Pang, aja mas. Mesakna aku.”

Laila ngrintih wola-wali karo nangis sesenggrukan. Ning sing jenenge Pang wis kaya klebon setan. Malah sangsaya ngruket tanpa isa dielingke.



Laila ora isa apa-apa. Ora kuwawa nglawan. Ana rasa perih nang perangan ngisor garbane. Pengin njerit, ning ora kuwawa. Mung nangis karo nyakari dhadhane Pang. Swara udan wis mendha. Wis ora kemrosak maneh. Polahe Pang sing kaya kerurupan setan uga wis medha, wis kelakon napsune nguwasani Laila. Pepenginan sing teka dadakan tanpa isa dikendhaleni. Embuh ngapa. Ana rasa kuciwa nang njero atine, geneya dheweke tegel ngrudha peksa adhik kelase. Atine bunek ning ya ora isa apa-apa.

Laila isih nangis sesengrukan, lungguh ana pinggir tempat tidhur. Bareng wis sadhar dheweke njupuki pakeyane, mlayu nang kamar mburi, resik-resik awak. Bubar resik-resik awak cepet-cepet mlayu metu nang ndalan. Wis ora udan, hawane seger. Ning awake rasane kaya dijur-jur. Pamenggake Pang nek arep diterke numpak bromfits ora direwes. Dheweke terus ngundang becak lan mulih menyang Sambeng.

Ana ngomah Pak Trisna karo Bu Hartati wis senak-senik ngenteni putrine. Bareng mirsani Laila wis teka kanthi slamet numpak becak, rada keslamur penggalihe. Mung ora kaya adat sabene, Laila kok terus mlayu mlebu kamar lan ngunci ana njero kamar. Didangu ibune mung matur cekak.

“Dalem lagi ora kepenak Bu. Tak istirahat dhisik.”

Titi wanci acara sukuran pan perpisahan ana kampus, Laila ora gelem teka. Mung meneng wae ana ngomah. Wis nyurati Hari, menawa pengin ketemu. Nek isa mulih dhisik.

Kabeh kedadeyan mau mung kari lamat-lamat ana pikirane. Kabeh sarwa peteng. Ora isa mangerteni kedadeyane kanthi cetha. Ning rumangsa dijlomprongake nang jurang sing jero dening senior sing lagi wae kenal, Pangarso Wibawa. Ngigit-igit atine, gethinge kepati-pati karo priya sing ora duwe rasa subasita marang wanita iku. Sing dheweke kelingan, dina iku langite pancen mendhung, terus udan deres banget.

+++++



BAB 4

Prahara



Sawise kedadeyan sore sing nggegirisi iku, ana owah-owahan gedhe tumrap solah bawane Laila Saraswati. Dheweke dadi menengan, tansah suntrut, ilang esem manis sing tansah maesi lan nambah endah praupane. Pak Trisna lan Bu Hartati uga nguningani owah-owahan mau, nanging angger takon karo putrine, mung diwangsuli “aku ora apa-apa.” Batine wong tuwa saloron mbokmenawa putrine lagi bunek mikir anggone arep lurus gaweyan. Banjur ditrimakake tinimbang nambah bingunge Laila. Laila luwih akeh mugen ana kamar saben dinane.

Laila tau nglayangi tunangane, Hari Setiawan, kanthi surasa cekak aos. *“Mas kapan kondur Solo? Ana wigati sing bakal dak aturke.”* Ananging ana owah-owahan gedhe sing diadhepi Hari. Nganti wis ping pindho dheweke mulih menyang Solo lan ketemu karo Laila. Laila wis beda banget ora kaya biyasane, sing tansah cedhak lan aleman marang dheweke. Laila mung tansah meneng, tansah suntrut. Kaya-kaya wis kelangan gawane sing tansah seneng lan semangat nunggu tembe ngarep urip karo dheweke, priya sing ditresnani. Angger ditakoni mung aweh wangsulan, *“Aku ora apa-apa kok mas. Pancen lagi susah pikiranku.”*

Ngancik udakara siji setengah sasi, ana owah-owahan nyata sing dirasakke Laila. Rasane mung pengin mutah-mutah wae. Wetenge muneg menawa mambu ambon-ambon sing nyegrak. Awake lemes ora kepenak. Sangsaya wedi atine, rikala wulanane kok ora teka, tanggale wis kliwat wulan iku. Telat wis meh telung minggu. Bu Hartati uga nyipati owah-owahan sing dialami putrine. Ing salah sawijining esuk, mirsani Laila mutah-mutah ana kamar mandhi. Raine pucet banget kaya kertas. Atine semedhot, ora tegel nyipati putrine nandhang sengsara kaya ngono. Ana rasa kuwatir ing njero atine.

“Ana apa ta ndhuk anakku? Kok awakmu nganeh-anehi kerik-keri iki. Matur ibu ta nek ngadhepi bebendhu.”

“Ora ana apa-apa kok bu. Mung lagi ora sehat wae. Sajake masuk angin. Hawane lagi ora kepenak.”

Firasate Bu Hartati ora isa nampa wangsulane Laila. Batine njola, ana rasa kuwatir nang njero atine sing ora isa ditutupi.

"Ya wis istirahat dhisik ya ndhuk. Upama tak terke priksa nang rumah sakit kepriye?"

Laila mung manut wae nalika diajak ibune mriksake nang rumah sakit Jebres, RS Dr. Moewardi. Kaya-kaya mung isa pasrah, ora duwe daya babar pisan. Pikirane ruwet, wedi lan sedhih. Dhoktere sabar anggone mriksa, uga dilengkapi papriksan urin barang. Bareng kasil laboratorium wis dadi, kanthi sareh dhokter banjur menehi weruh.

"Mbak, ora perlu wedi lan bingung ya. Sliramu kudu siyap-siyap dadi ibu. Dilakoni kanthi mantep wae, aja monga-mangu. Kabeh calon ibu ya ngalami kaya ngene."

Laila Saraswati, dalah ibune, Bu Hartati kaget setengah mati krungu katrangan saka dhoktere iku. Kaya krungu swara bledheg sing gawe kaget ora karuwan. Laila spontan mangsuli dhoktere tanpa mikir dawa.

"Kawula dereng siyap dhokter. Dospundi?"

"Rasa kaya ngono iku dialami saperangan gedhe calon ibu jeng. Ora susah cilik atime, dilakoni wae kanthi sareh. Sing penting njaga kasihatanmu, aja nganti ketiban lelara njih."

Bu Hartati mung kendel wae senajan atine goreng banget. Wong loro mulih numpak becak meneng-menengan. Durung isa ngendika apa-apa marang Laila. Atine ditata ndhisik ngadhepi prastawa iki. Ora kena grusa grusu. Tekan ngomah mung ngendika alon.

"Lerena dhisik ya ndhuk. Aja lali maem. Mengko sore-sorenan aku pengin omong karo awakmu."

"Iya ibu, aku nyuwun pangapura sing gedhe. Aku wedi."

"Leren dhisik wae. Mengko dirembug bareng. Aku ora matur Bapakmu dhisik. Ben kabeh cetha dhisik."

"Matur nuwun ibu."

Awan iku Laila ora isa maem awan. Hawane mung muneg-muneg pengin mutah. Mula ya mung turon ana kamar wae. Arep maca-maca, pikirane tansah goreng, ora isa mugen karo sing diwaca. Bingung piye anggone arep blakasuta karo ibu lan bapake. Kabeh wis kedadeyan, wis kasep ora isa dibaleni maneh. Sore bubar adus mlebu kamar maneh. Senajan ibune dhawuh mbok lungguhan ana njaba, golek hawa seger. Dheweke wedi nek konangan Bapake menawa mungkag-mungkug arep mutah. Wengi iku Pak Trisna lunga metu, ana tangga sing slametan merga putrane supitan. Ora bakal suwe, ning wektu cendhak iku cukup kanggone Bu Hartati arep nakoni Laila. Alon-alon dheweke nothok kamare putrine.

“Ndhuk Laila sing dak tresnani. Aja tida-tida matura kabeh marang ibumu. Aku wong sing paling cedhak karo awakmu. Mengko aku sing arep matur marang bapakmu ya ndhuk.”

Laila ora isa semaur, mung nangis sesenggrukan. Bareng dierih-erih karo ibune lagi bisa crita alon-alon prastawa sing dialami karo Pang. Ibune gethem-gethem nalika krungu critane saka Laila.

“Aku wis duwe panyandra nek dheweke kuwi julig, ora jujur. Ning kok ya ora ngandhani awakmu ya ndhuk. Iki sing dadi lan gelaku.”

“Ibu wis wanti-wanti kaya biyasane kae. Ati-ati. Aku wis nyoba ati-ati bu. Ning kahanan sing tak adhepi marahi aku ora kuwawa ngendhani. Aku nyuwun sih pangapura sing gedhe ibu.”

“Ya ndhuk, iki prahara gedhe kanggo keluwarga, kanggomu lan bapak ibumu. Uga kanggone Nakmas Hari lan rama ibune, Kangmas Raharjo lan Mbakyu Sukma. Awake dhewe kudu pasrah lan ikhlas ngadhepi prahara gedhe iki. Kabeh wis kedadeyan.”

“Injih ibu, aku ndherek ibu.”

“Sing wigati awakmu aja mupus. Kudu tetep tatag anggonmu ngadhepi. Tembe ngarepmu isih dawa. Aja mandheg semene.”

“Injih ibu, aku nyuwun pangestune ibu, muga-muga aku kuwat ngadhepi.”

Wengi iku Bu Hartati alon-alon menahi weruh marang Pak Trisna kahanan sing lagi diadhepi purine. Alon-alon banget anggone matur, amarga Bu Hartati ngerti banget kahanan kesehatane kakunge. Nandhang tekanan darah tinggi lan jantung wis sauntara. Bu Hartati wis nduwe tekad nek dheweke sing arep ndhadhani mbelani putrine Laila, ngadhepi prahara iku. Pak Trisna ora kalah kagete nalika diweruhi prastawa mau. Ning isane ya mung pasrah, percaya marang garwane sing arep cancut taliwanda nangani prastawa wirang iku.

“Kangmas, kabeh bakal gumantung marang putrimu Laila. Ning aku ora bakal lila ngeculke wong lanang sing jenenge Pang iki. Dheweke kudu disereg. Aku sing bakal maju.”

“Aku pasrah sliramu Jeng. Ngerti dhewe kahananku kaya ngene, aku ora bakal kuwat ngadhepi lan nguculi reribed iki.”

Esuke bubar sarapan Pak Trisna karo Bu Hartati, nimbali putrine, Laila Saraswati. Mung wanti-wanti karo Laila.

“Anakku Laila sing dak tresnani. Aku wis krungu kabeh prastawa sing kok alami. Aku ya ora trima kaya ibumu. Mung welingku, awakmu kudu tetep kuwat lan sabar ngadhepi reribed iki. Tetep jaganen awakmu. Isih dawa tembe ngarepmu.”

“Matur nuwun bapak, dalem nyuwun pangapura sing gedhe. Aku ora kuwawa nyegah lan ngendhani.”

Bareng wis cetha kabeh piye karepe Laila Saraswati, Bu Hartati enggal-enggal miwiti langkah. Wose Laila ora bakal nyidrani sesambungan tetunangan karo Hari. Dheweke ora bakal ngapusi Hari. Merga saking tresnane marang priya iku, dheweke rumangsa kudu mundur, ora bisa ngancani Hari mlangkah nglakoni urip bareng. Nang garbane wis ana bibit jabang bayi saka Pang, kanca culika sing wis tegel njlomprongake dheweke. Dheweke pasrah mundur saka sisihe Hari amarga tresnane karo kekasihe mau. Tetunangan kudu dibatalke.

+++

Sawijing sore kanthi diterke adhine lanang, Mas Haryo sing ngasto ana AURI, numpak jeep marani omahe Pang. Ngajak Laila Saraswati, nglarag wong lanang culika iku. Wiwit saka omah atine wis ngigit-igit, senajan sinamuning samudana. Pengin ketemu karo Pang lan wong tuwane. Pang lagi tangi turu sore nalika ana tamu loro nekani omahe ing kampung Badran. Kanthi tatag dheweke anggone nemoni. Laila ora katon, nunggu nang kendharaan.

“Panjenengan sinten bapak lan ibu. Badhe kepanggih sinten?”

“Kula Hartati, ibune Laila Saraswati, kaliyan adhi kula Haryo. Adhi kula wonten KOPASGAT. Sampeyan sing namine Pang, Pangarso Wibawa.”

Krungu wangsulan kaya ngono, Pang sanalika malik grambyang. Patrape digawe alus. Omonge ora grosal-grosol kaya biyasane.

“Ngaten nggih mas. Aku kudu ketemu karo bapak ibumu saiki uga. Ana prekara wigati sing kudu tak rembug.”

“Menapa mboten sae dinten sanes kemawon ibu? Bapak ibu nembe sare, nembe dugi saking Klathen.”

“Aku ora isa mulih sadurunge ketemu bapak lan ibumu. Tak enteni kene kapan anggone tangi.”

Bu Hartati wis ora sranta maneh. Kabeh kudu dibukak nang wong tuwane Pang, prastawa sing ngenani putrine, Laila Saraswati. Mula dheweke mantep bakal ngenteni bapak ibune Pang nganti tangi. Prastawa wirang iku wis ngrusak tembe ngarepe putrine, ngrusak tetunangane Laila karo Hari. Ngapa ndadak kudu mulih amarga sing pengin ditemoni, ya bapak ibune Pang, isih turu. Kasusahan lan rekasane sing disandhang Laila Saraswati ora isa dibandhingke karo rekasane wong kebribenan anggone turu sore. Wong tuwane Pang, Pak Kardiman karo sisihane wis biyasa ngadhepi dredhah karo wong, dheweke juragan mbako sing wis kondhang ana tlatah Klathen.

“Nami kula Kardiman, lan menika semah kula ibunipun Pang. Wonten prekawis menapa kok gita-gita kersa ngrawuhi griya kula.”

“Ngaten Ki sanak. Mbokmenawi sampeyan kekalih sampun dipun sanjangi kaliyan lare jaler sampeyan Pangarso Wibawa. Piyambakipun kanthi sengaja sampun ngrudha peksa anak kula. Kula nagih tanggél jawab anak sampeyan. Menawi mboten wonten tanggél jawab, kula badhe lapor dhateng Polisi.”

Pak Kardiman uga kaget banget krungu tembungé Bu Hartati. Dheweke uga rada mikir ana bocah wadon ayu, rupane pucet melu ana kono.

“Menapa ibu betah ganti rugi? Pinten cacahipun sedaya mangke kita sagahi.”
“Pak sampeyan ampun songar. Kula mboten betah ganti rugi. Kula betah tanggél jawab. Niku lare sampeyan ken crita larah-larahe.”

Bareng anake lanang wis ngakoni kedadeyan sing sabeneré. Pak Kardiman banjur awèh wangsulán marang Bu Hartati. Dheweke wis biyasa ngadhepi dredah nang babagan urusan mbako. Mesthi ana panemu sing gesèh lan kudu di adhepi. Nanging prastawa sing diadhepi sore iki pancèn abot. Ora isa digawé sepele.

“Ibu kula sakeluwarga namung ndherek kemawon, jer punika panci lepatipun anak kula. Mboten namung kula nyuwun gunging pangaksami kagem panjenengan sakeluwarga. Sumangga sedaya daged pun rembag kanthi sae, kula ndherek kemawon.”

+++

Hari Setiawan wis ping pindho iki anggona mulih nang Solo, sabubare prastawa mau. Nanging ora kaya adat sabeneré, nalika ketemu tunangané Laila Saraswati. Biyasane tansah mesra lan aleman marang dheweke. Keri-keri iki ana owah-owahan gedhé tumrap solah bawane Laila Saraswati. Tansah meneng kaya wong susah. Ora tau kemriwis akeh critane kaya wektu-wektu sadurunge. Sok-sok nek ditakoni ora awèh wangsulán, ning mung kaca-kaca arep nangis. Hari ora wani ndhesek. Samar mundhak marahi Laila tambah susah. Mula ya mung disabar-sabarke wae. Muga-muga enggal pulih lan isa ngrembug anggona rencana nikahan.

Nanging dheweke wis ora kuwat nahan manèh. Wektu mulih iki arep omong blak-blakan karo Laila, karo Pak Trisna lan Bu Hartati, dalah marang bapak ibune, pengin mesthekake anggona bakal nikahan resmi. Wis mlaku rong taun anggona tunangan, ndhisik janjine Laila, kudu ngenteni nganti dheweke rampung anggona kuliah. Iki wis rampungan arep ngenteni apa manèh. Ora susah diendha-endhe, dheweke pengin enggal-enggal nikah resmi karo Laila Saraswati. Alon-alon dheweke omong karo Laila, menawa pengin enggal-enggal resmi nikahan.

Lamising Katresnan

“Dhik Laila, awake dhewe wis tunangan mlaku rong taun. Ndhisik mung ngenteni nganti kuliahmu rampung. Saiki wis rampung, mula enggal-enggal wae diresmekke awake dhewe. Aku tak matur bapak ibu.”

Laila Saraswati ora aweh wangsulan gita-gita kaya biyasane. Mung meneng wae karo mbrabak raine. Mripate ngembeng eluh arep nangis. Mung kewetu tembunge alon ora diteruske.

“Mas Hari. Nyuwun pangapuramu sing gedhe. Aku ora isa nglakoni. Ora isa ngancani panjenengan Mas.”

“Lho ana apa ta jeng kok nganeh-anehi. Awake dhewe wis janji. Kaiket janji kanggo urip bareng salawase.”

“Mas Hari semono uga aku. Pepenginanku ya ngono. Nanging aku ora bisa. Nyuwun sing gedhe pangapuramu.”

Laila saraswati isane mung nangis sesenggrukan. Ora isa neruske tembunge. Gawe sedhihe Hari Setiawan. Atine kebak pitakonan sing ora isa dijawab. Kaya ngadhepi prahara gedhe nang dalan uripe. Bu Hartati dalah Pak Trisna sing wiwit mau nyekseni saka ruang tengah patemone Hari karo Laila, banjur nrambul.

“Nakmas Hari. Aku karo bulikmu Hartati nyuwun ngapura ya. Laila lagi nandhang susah sing tanpa upama. Aku ora wani meksa dheweke. Aku karo ibumu tak perlokke sowan bapak ibu mengko ya Nak. Sing sabar lan tabah ya.”

Hari kaya disamber mlbedheg krungu pangandikane calon maratuwane iku. Ora wani ndhesek luwih jero. Isane mung pasrah ndherek wae.

“Ngestokaken dhawuh paklik kaliyan bulik. Kula antu-antu rawuhipun mangke, kepanggih bapak ibu. Mugi-mugi mboten wonten reribed ingkang mutawatiri tumrap sesambetan kula kaliyan Jeng Laila Saraswati.”

Atine ditatag-tatagke anggone matur. Nanging nang njerone, wis semplah. Ana prahara gedhe sing bakal diadhepi. Muga-muga tansah kuwat. Anggere Laila Saraswati tetep ana sisihe, ngancani mlaku urip bareng salawase. Arep diundur ya ora apa-apa. Arep dienteni nganti kapan wae. Nganti prahara wis kliwat. Angger isa bareng karo Laila Saraswati sing banget ditresnani lan nresnani dheweke.

+++++



BAB 5
Laraning Lara



Sore iku Pak Trisna karo Bu Hartati sowan nang dalem keluwarga Tanojo ana ing kampung Purwasari. Didherekke Laila Saraswati, saperlu ketemu karo sedulur pernah tuwa, Pak Raharjo lan Bu Sukma, dalah putrane Hari Setiawan. Numpak jip karo adhine Bu Hartati, Pak Haryo. Swasana tintrim lan sedhik amarga sing bakal dirembug prekara abot, sesambungane Laila Saraswati karo tunangane Hari Setiawan. Ora isa kebayang piye mengko le arep matur, Pak Trisna karo Bu Hartati, mung isa pasrah. Melu ilining banyu. Embuh piye carane nanging kudu diadhepi lan dirampungake. Prastawa gawe wirang wis kedadeyan, ora isa dibaleni. Mula Laila sisan diajak, karo didhawuhi nggawa ali-ali tunangan saka Hari Setiawan, rong taun kepungkur.

“Kabeh wis kedadeyan Jeng, awake dhewe ora isa apa-apa. Wose awake dhewe mung samanut sing nglakoni, ya Gendhuk Laila karo Nakmas Hari.”
“Iya kangmas, iki ya dadi tanggung jawabe awake dhewe minangka wong tuwane Gendhuk, Laila.”

“Awakmu sing kuwat ya ndhuk. Mengko matur bares wae karo pakdhe, budhe lan kangmasmu, Hari. Pasrah awakmu, nganti sepira anggonmu bakal njlentrehake, bapakmu karo ibumu ora bakal ndhikte. Awakmu sing isa ndeduga nganti sepira anggonmu bakal matur.”

Laila mung isa ngiyani tanpa swara, manthuk kanthi pasrah. Jer rumangsane kabeh mau ya salahe dhewe. Nek isa aja nganti marahi bapak ibune kudu ndhadhagi reribed saka dheweke. Pengin omong dhisik wong loro karo Hari, lagi matur karo bapak ibune. Tekan dalem keluwarga Tanojo, Pak Trisna karo Bu Hartati, didherekake Laila Saraswati karo Pak Haryo alon-alon uluk salam. Dalem kanthi pekarangan amba, edhum lan asri amarga wit-witan sing kopen ana pekarangan. Sajake wis siyap arep nampa tamu, ruang tamu ngarep wis dibukak. Hari Setiawan, enggal-enggal methukake lan ngaturi supaya Pak Trisna karo Bu Hartati terus wae mlebu ana ruang tengah.

“Mangga bapak lan ibu lajeng kemawon, sampun dipun tetga kaliyan bapak lan ibu wonten ruang tengah.”

Pak Trisna, Bu Hartati banjur mlebu ana ruang tengah nemoni Pak Raharjo lan Ibu Sukma. Pak Haryo ngaturi salam sing kagungan dalem, terus

pamitan lungguh ana ruang tamu ngarep. Ora kepenak nek ndadak kudu nyekseni rembugan wadi. Semono uga Laila Saraswati, ngaturi salam Pak Raharjo lan Bu Sukma. Enggal-enggal Hari menahi pratandha marang Laila, terus nang pendhapa sing ngadhepake pekarangan lan taman sisih omah sing asri.

“Piya kabarmu Dhimas Trisna lan Nimas Hartati? Sawetara wulan ora ketemu. Rak sehat-sehat ta awakmu saloron?”

“Pangestunipun kangmas lan mbakyu, kita sedaya tansah kaparingan sehat. Nembe wekdal punika saged sowan?”

“Iya kita ngerti ora susah digalih abot. Dilakoni sa kuwate. Manungsa mung sa derma nglakoni. Kadingaren kok sore-sore tindak rene, ana wigati apa?”

“Merlokaken sowan Kangmas kaliyan Mbakyu, ngaturi warta karaharjan. Ugi badhe matur mangke prekawis Gendhuk kaliyan Nakmas Hari.”

“Iya wis disrantekake dhisik rembugane putramu karo anakku lanang. Ndilalah kok padha-padha anak tunggal ya.”

Bu Hartati kanthi alon uga wawan rembug karo Bu Sukma, sedulur pernah tuwa ning ya kanca raket wiwit sekolah SMP. Ora kaya adat saben nek ketemu Bu Sukma tansah rembugan regeng lan seneng, iki alon-alon anggane rembugan. Kabeh wis ngrumangsani nek arep rembug prekara sing angel antarane keluwarga Baskara lan keluwarga Tanojo.

Hari Setiawan wis ora sranta pengin rembugan karo Laila Saraswati, genahe piye kok dadi ana owah-owahan dadakan. Kamangka dheweke ora ngrumangsani ana sing kleru babar pisan. Sesambungane karo Laila tansah raket lan anget nganti sawetara wulan kepungkur.

“Dhik aku mbaleni panjalukku mau. Awake dhewe kudu enggal-enggal diresmekka. Nek sliramu rumangsa durung siyap, aku kudu nunggu pira suwene maneh. Ndhisik janjine kan ngenteni nek wis rampung kuliahmu. Saiki arep ngenteni apa maneh?”

Laila ora isa semaur. Awake ndhredheg swarane ilang, isane mung sesenggrukan nangis karo nutupi raine. Dheweke rumangsa dosa gedhe wis nggelani Hari, priya sing banget ditresnani lan nresnani dheweke.

“Mas Hari, aku ora isa matur akeh. Aku rumangsa salah gedhe. Ora pantes maneh ngancani panjenengan nang tembe ngarep. Aku ora kuwawa Mas. Awake dhewe mung isa tekan semene. Sowang-sowang mlaku nang dalane dhewe-dhewe.”

“Ana apa ta dhik? Aku babarpisan ora isa mangerteni ngapa kok dadakan kudu mbatalake sesambungan antarane awake dhewe sing wis ngrembaka. Tresnaku sundhul wiyati. Ora ana wong liya nang njroning atiku.”

Lamising Katresnan

“Aku ya ngono Mas Hari. Aku ora isa matur. Ning awake dhewe ora bakal isa mlaku bareng terus. Tekan semene wae. Aku nyuwun pangapuramu sing gedhe.”

Suwe anggone padha meneng. Laila isih mbrebes mili. Banjur Bu Hartati mara lan nimbali supaya Laila lan Heri isa mlebu ana ruang tengah. Wong loro banjur nrambul mlebu nang ruang tengah alon-alon. Atine Laila wis entek. Arep matur apa karo pakdhe lan budhene. Raine pucet klecet. Tangane nganti ngewel saking dene anggone wedi lan bingung . Hari ora mentala nyipati kahanane Laila.

“Dhik Laila, nek arep ana sing diaturke bapak ibu enggal matura. Ora susah diendhem ndak marahi abot.”

Bu Hartati jane ya ora tegel mirsani putri tunggale. Nanging kabeh kudu dirampungake. Kudu ana keputusan ndak malah kedawa-dawa.

“Ndhuk anakku Laila karo Nakmas Hari. Tulung matura bapak ibu piye kasile anggonmu padha rembugan.”

“Dalem mboten wonten ingkang ewah. Tetep ngantu-antu saged daup kaliyan dhiajeng Laila Saraswati. Nanging dhik Laila ingkang saged ngaturi kawontenan samangke.”

Laila Saraswati ambegan jero. Isih ndhrodhog amarga saking wedine. Kanthi swara groyok, dheweke matur nang bapak ibune, dalah Pakdhe Raharjo lan Budhe Sukma. Uga marang tunangane Hari Setiawan. Omong alon-alon, pedhot-pedhot, karo setengah sesenggrukan.

“Nyuwun gunging pangaksami pakdhe, kaliyan budhe ingkang minulya. Ugi bapak ibu ingkang kula tresnani. Mas Hari sing tansah tak sayang. Kahanan kula sampun kados ngaten, mboten pantes menawi kedah ndherek dados sisihanipun Mas Hari. Kula badhe nyuwun pamit badhe nilar sesambetan kula kaliyan Mas Hari.”

Pak Raharjo dalah Bu Sukma, kaget kaya nampa putusan abot. Pancen wis krasa ana prekara sing ora beres. Ning rumangsane ora nganti semono abote.

“Lha kok dadine kaya ngene ki genahe kepriye ta ndhuk. Aku ora mudheng. Apa isa nyiritakke larah-larahe.”

“Nyuwun dhawah sewu pakdhe budhe, kula mboten saged matur langkung kathah. Kula sampun pasrah lan nrimah. Malah kepara ugi badhe ngaturaken paringan cincin tunangan wangsul dhumateng Mas Hari.”

Alon-alon Laila, mbukak tas tangane lan ngetokake kothak isine ali-ali emas sing ditampa saka Hari nalika tunangan.

Lamising Katresnan

“Mas Hari aku nyuwun pangapuramu sing gedhe. Aku ora isa nyembadani janjiku marang panjenengan. Aku sing salah ora kuwawa ngendhani. Aku ora isa matur luwih akeh. Mung nyuwun pamit andum slamet Kangmas.”

Swasana tintrim anteng. Mung krungu swarane angin sore lembut. Ora kemrosak babar pisan. Mung atine sing padha ana kono nglambrang dhewe-dhewe. Hari nampa ali-ali karo ngrangkul Laila. Laila nangis ngguguk ana rangkulane Hari. Wong loro padha tangisan. Bapak ibune sing nyekseni mung kendel ora isa ngenthengake kasedihane pasangan sing kepeksa pisah, Laila Saraswati lan Hari Setiawan. Sawetara Laila isih mingsek-mingsek ana rangkulane Hari. Hari isih ngerih-erih tunangane sing banget dikasihi.

“Ora susah kok pikir sing wis kedadeyan. Aku ora bakal nutuh sliramu Dhik. Sing penting awake dhewe tak suwun isa bareng terus.”

“Aku ora isa Kangmas. Aku wis ora pantes dadi garwamu. Aku rumangsa dosa. Nyuwun pamit. Aku matur nuwun banget, rumangsa entuk kanugrahan amarga tresnamu Mas. Awake mlaku dhewe-dhewe ya Mas. Donga-dinonga.”

Alon-alon Laila Saraswati ngeculke rangkulane Hari. Sanalika Hari nglumpruk lemes, lungguh ana kursi dipirsani bapak ibune. Laraning lara durung tau dheweke kapedhotan tresna. Lagi iki katresnan kaping sepisan. Katresnan sing pungkasan. Mung kanggo Laila Saraswati. Pak Raharjo dalah Bu Sukma durung nate mirsani putra tanggal sing dikasihi nandhang sedhik kaya sore iku. Wong loro mung kamitenggengan ora isa apa-apa.

“Ngger anakku Hari, sing kuat atimu ya le. Kabeh wis ana dalane dhewe. Kudu kok trima kanthi sabar lan tabah. Adhimu Laila wis mantep ora isa ngancani awakmu.”

Bubar ngendika mangkono Pak Raharjo uga tiba ana kursi dawa. Pak Trisna lan Bu Hartati gageyan anggone matur sedulur kapernah tuwa iku.

“Kula saloron ndherek lepat kangmas kaliyan mbakyu. Mboten kirang anggen kula tansah njagi. Nanging lampahing gesang kados sampun kagaris dening Sang Pangripta. Nyuwun sagunging pangaksami.”

Pak Trisna karo Bu Hartati, wong loro ganti-ganti nyungkemi Pak Raharjo karo Bu Sukma. Uga ngrangkul Hari Setiawan sing wis kaya dadi putrane dhewe, wis cedhak banget rasane. Bu Hartati ora isa ngampet tangise, ngrangkul Hari sing isih dheleg-dheleg ana kursi.

“Sinaosa kedadosan punapa kemawon kula tansah badhe ngantuantu Jeng Laila, ibu.”

“Iya nakmas, kanggoku saloron karo paklikmu, awakmu wis tak anggep

anakku dhewe. Muga-muga enggal ana dalan padhang.”

“Cincin punika tansah badhe kula simpen ibu, mboten badhe kangge tiyang sanes. Mbokmenawi mbenjang Gusti paring idi pangestu, Jeng Laila saged wangsul malih dhateng kula. Kula mboten badhe nyelaki janji kula saawit.”

Bu Hartati saya kekel anggane nangis. Perasaane campur adhuk. Ora wani mandeng Bu Sukma, sedulur cedhak lan uga kanca raket wiwit cilik. Bu Sukma mung kendel, ngungun ora karuwan, nyipati putrane tunggal entuk coba kaya ngono abote. Pungkasane Laila sungkem nang ngarsane Bu Sukma lan Pak Raharjo. Tangise saya ndadi.

“Dalemingkanglepatbudhekalianpakdhe.Nyuwunpangaksamitanpaupami. Namung saged ndherek ndonga supados Mas Hari pikantuk gantos ingkang langkung sae sedayanipun katimbang kula ingkang kebak dosa punika.”
“Andum slamet ya ndhuk anakku, awakmu krungu dhewe menawa Kangmasmu Hari ora bakal golek ganti. Tresnane marang awakmu ora isa diijoli apa wae. Nek atimu lilih, baliya ya ndhuk. Apuranen Kangmasmu.”
“Mas Hari babar pisan, mboten lepat. Kula ingkang sakalangkung dosa pakdhe budhe. Kula tansah ngaturaken donga supados Mas Hari enggal wangsul sae kados wingi-wingi malih.”

Ngancik wayah arep magrib, Pak Trisna, Bu Hartati karo Laila Saraswati nyuwun pamit. Langite semburat abang ana sisih kulon. Angin semribit lembut. Alam semringah asri. Nanging ora isa nylamur kasusahan sing lagi dialami dening keluarga loro iku. Mung meneng-menengan mulih menyang Sambeng nurut dalan sadawaning pinggir Manahan iring wetan.

Bubar prastawa sedhik iku Pak Raharjo bola bali kumat gerahe. Semono uga Pak Trisna sing pancen wis ringkih. Bu Hartati nyoba tetep mbangun sesambungan karo Bu Sukma, nanging ora isa pulih kaya wingi-wingi. Prastawa nggegirisi sing disandhang Laila Saraswati ora mung ngrusak tembe ngarepe dheweke, ning uga ngrusak rencana uripe Hari Setiawan sing digadhang-gadhang dening keluarga. Ngrusak katentremane keluarga, keluargane Laila uga keluargane Hari. Ajur mumur ora isa dikukup nganti entek-entekane laku.

+++++



Bab 6
Gapuraning Yakso

*I*ng filsafat Jawa ana bebasan Sirnaning Yakso Katon Gapuraning Ratu. Kurang luwih tegese, sawise kabeh pepalang diliwati, kabeh duraka diadhepi, bakal katon gapura kanggo mlebu dalan urip mulya ing tembe ngarep. Ananging kanggone Laila Saraswati bebasan iku ora cocok, malah kaya-kaya kuwalik. Laila kepeksa ninggal kekasih sing banget ditresnani lan nresnani dheweke, Hari Setiawan, amarga kurang ati-ati anggone srawung kanca. Dheweke kudu trima urip bareng karo Pang, Pangarso Wibawa, sing babar pisan dheweke ora tresna, lan uga ora nresnani dheweke. Paribasan mau kaya-kaya muni Ilanging Satriyo Mlebu Gapuraning Yakso. Nanging piye maneh, seneng ora seneng kepeksa dilakoni. Wis kebacut ora bisa dibaleni. Laila Saraswati kepeksa dadi sisihane Pang.

Telung minggu sawise mbalekke ali-ali tunangan marang Hari Setiawan, Laila Saraswati nglakoni nikah karo Pang. Acara nikahan mung climen, sengaja disidhem meneng-menengan. Mung disekseni sedulur sakringkele Pak Trisna Baskara lan Bu Hartati. Kancane Laila sing melu nyekseni mung Astuti Yuniati. Dene kancane Pang sing diundang mung Pambudi Priyambada. Astuti teka bareng karo Pambudi, kancane sing mentas kenal rikala pendhadharan. Embuh wis tekan sepira sesambungane, Laila ora ngerti. Nikahan dianakke ana omahe Laila ing kampung Sambeng dina Jemuwah awan bubar sholat Jum”at. Sing paling ribed anggone nganakake acara nikahan Bu Hartati dhewe, dibantu adhine, Pak Haryo karo Bu Haryo. Pak Trisna, bapake Laila, wis ora bisa melu cawe-cawe. Kahanane kesehatane wis ringkih, mung samanut garwane wae.

Rampung acara nikahan, Laila lodhang isa omong-omong karo kanca rakete, Astuti. Kancane iku wis katon mesra karo Pambudi, wis runtang runtung terus. Atine Laila setengah meri meruhi kancane iku, isa rukun lan mesra karo pasangane.

“Slamet ya Laila, muga-muga uripmu bareng karo Mas Pang, isa tentrem lan seneng salawase.”

Astuti karepe menahi slamet marang Laila, kaya adat saben menawa ana wong nikahan. Ning malah kaya gawe tambah sedhihe Laila.

“Ora susah aweh slamet marang aku Tut. Iki kanggoku kasangsaran gedhe.

Kelangan Mas Hari, kepeksa kudu tiba nang tangane Pang."

Laila wangsulan kanthi mbrabak raine, karo kembeng eluh mripate. Ora bisa neruske tembungé, mung unjal ambegan dawa.

"Lho La, genahe piye ta kok malah guneman mangkono. Dilakoni kanthi sabar, kabeh wis ana dalane."

Pambudi njawil Astuti supaya ora neruske anggone nlesih Laila. Dheweke kancane cedhak Pang, mbokmenawa isa nggraita ana kedadeyan apa antarane Laila karo Pang sadurunge, nganti gawe Laila kepeksa ninggal tunangane Hari. Ora mung sepisan kuwi Pang gawe pepeteng marang wong wadon. Kepara wis bola-bali. Pambudi setengah gela kok ndhisik ora ngandhani Laila, supaya ngedohi Pang.

"Jeng Laila, aku karo Tuti mung ndherek donga supaya panjenengan karo Pang isa mlaku kanthi apik."

"Matur nuwun Mas Pambudi, nyuwun donga lan pangestumu wae. Muga-muga aku kuat nglakoni."

Laila nggregel krungu tembungé Astuti karo Pambudi. Dheweke duwe panyandra nek Astuti karo Pambudi wis duwe rencana mateng urip bareng. Batine mung bisa ndongakake lan muga-muga isih tetep bisa sesambungan karo Astuti. Ben ora kasepen uripe, ana kanca sing bisa disambati. Sore iku Astuti karo Pambudi enggal pamitan, terus mulih menyang Salatiga.

+++

Laila mung manut wae nalika Pang, rampungan acara nikahan ngajak dheweke enggal lunga nang Purwosari. Bapak ibune Pang, Pak Kardiman lan Bu Kardiman kudu cepet-cepet mulih nang Mbayat sore iku. Lagi ana acara taunan karo petani-petani mbako. Ora isa ditinggal. Jam lima Laila pamitan bapak ibune, arep melu Pang turu nang omah Badran. Senajan ora seneng, nanging dimantep-mantepe. Bebasan dheweke wis dadi sisihane Pang dina iki mau, seneng susah ya kudu dilakoni. Wong loro numpak becak barengan menyang Badran. Mung meneng-menengan sadawaning dalan. Laila isih krasa kikuk cedhak karo Pang. Durung duwe rasa cedhak senajan wis nikahan. Tanpa sadhar batine isih sengit. Rumangsa dheweke dijlomprongake dening Pang, direbut kanthi peksan saka tangane Hari.

Tekan omah Badran, Pak Kardiman karo garwane, lagi siyap-siyap arep budhal menyang Mbayat. Mobil karo sopir wis siyap. Pembantu rumah tangga sing biyasa njaga ana omah kono, diajak pisan kanggo ewang-ewang anggone duwe gawe sesuk bengi ana ndesa. Laila nratap atine, nalika ngerti nek dhewekke mung dhewe wong loro karo Pang ana omah kono bengi iku.

Ning kabeh mau dipupus ngelingi dheweke wis resmi dadi sisihane Pang. Bareng wis sepi, Laila karepe pengin leren lungguhan ana ngarepan. Ana plataran sing ora patiya jembar, nanging ana wit jambu dersono loro sing marahi eyup. Manuk-manuk bebas ngoceh arep bali nang susuhe dhewe-dhewe. Pang sing maune mung ndhuwel ana kamar, dadakan metu lan undang-undang.

“Dhik Laila, mlebuwa rene dhisik. Aku pengin omong sethithik.”

Laila rada kaget. Biyasane Hari nek ngundang dhewe, nadhane alus lan mesra, dirungokke kepenak nang kuping, kok iki rasane beda. Ana wirama prentah. Kudu cepet dituruti. Laila semaur kanthi sareh.

“Ana apa ta Mas Pang. Sore-sore kepenak nang njaba golek angin. Manuke akeh padha ngoceh iki.”

“Angin semilir karo manuk ngoceh biyasa ana saben sore. Ora sah gumunan. Ana prekara wigati sing kudu dirembug.”

Pungkasane Laila ngadeg saka anggone lungguhan lan marani Pang sing lagi turon ana sofa ana ruang tengah. Dheweke lungguh ana kursi jejere sofa. Pang panggah turon karo sikile methengkrang nang sendhenan sofa. Mbenakake anggone turon karo nambahi bantal kanggo ganjel sirah.

“Iki ngene lho Dhik. Aku kayane arep ngejokke lamaran ana Departemen Kehakiman ana Jakarta. Miturut sedulurku jare ana lowongan nang kana. Karepku arep nglebokke lamaran minggu ngarep. Awakmu bisa melu nang Jakarta ta?”

“Blaka aku mas, awakku rasane ora karu-karuwan. Mas Pang ngerti dhewe ta nek aku lagi nyidham. Hawane pengin mutah wae, awak lemes dumes. Aku tak nang ngomah wae dhisik.”

“Saben wong wedok kan mesthi ngalami kaya ngono ta Dhik. Ora susah dirasake banget-banget. Aja manja wong awake dhewe isih padha-padha ngrekasane.”

“Aku ora manja babarpisan. Aku pengin leren dhisik ben kahananku stabil. Sawetara sasi playon ngrampungke skripsi terus pendhadharan. Aku pengin leren dhisik.”

“Iya aku dina Minggu iki tak budhal menyang Jakarta. Awakmu tunggu omah kene ya Dhik.”

“Pangapuramu Mas, aku tak ngenteni karo ibu wae nang ngomahku. Dhewekan nang omah kene, babarpisan ora siyap aku. Mengko njenengan balik saka Jakarta, aku mrene maneh. Karo aku ya kudu nyiapake berkas-berkasku, mengko nek diperlokke kanggo nglamar gaweyan.”

Wong loro banjur padha menenge, ning swasanane blas ora kepenak.

Ndilalah Laila ya isih genthing rumangsa dijlomprongake Pang, nganti kudu pisah karo Hari Setiawan. Mula sengaja anggone ngladeni rembug, alah ora. Wis ben wae arep ngapa. Dalane urip wis owah karo sing tansah diadhang-gadhang karo Hari. Ning pungkasane dipupus. Arepa kaya ngapa gelane karo Pang, dheweke wis resmi dadi sisihane. Ora isa diselaki, senajan anggone nglakoni sarwa kepeksa. Isih sore nalika Laila pamit arep leren dhisik. Mlebu kamar karepe mung arep leyeh-leyeh. Kebablasen turu amarga saking ora kepenak awake, nggregesi ora karuwan.

+++

Laila kaget banget tangi saka anggone turu. Ana wong ngrangkul dheweke kanthi napas krenggosan ora karuwan. Awak pengkuh nindhihi lan ngambungi tanpa kendhat. Kasar bawane, kasar swara ambegane. Bareng ditamatke, kanyata sisihane Pang sing ngruket dheweke. Pakeyane Laila wis ora karu-karuwan genahe, copot semebar ana peturon. Karepe pengin uwal amarga awake lagi ora kepenak. Ning ora kuwawa nglawan cengkereman tangane Pang sing pengkuh. Mung ngrerepa setengah njerit, kegilan rasane, kelingan pas dirudha peksa sadurunge.

“Mas Pang alon-alon. Mbok sabar ta. Aja kasar. Aku emoh dipeksa kaya ngene.”

Pang wis kaya wong lali. Dheweke wis ora isa mikir piye rasane sisihane diruda peksa kaya ngono. Rumangsane dheweke, merga wis dadi sisihane, dheweke duwe hak nikmat awake Laila samareme. Saya banter swarane Laila anggone sambat, saya nikmat sing dirasake Pang. Kepara saya rosa anggone ngruket bojone. Ana rasa nikmat sing ora isa kagambarake. Tangane ora leren anggone nglarani sisihane, njambak, ngeplak, nyeret, ya mbanting.

Laila isane mung ngrintih sambat, *“Aja ngono Mas, aku kelaran, mesakna aku”*. Polahe Pang ora kendha malah sangsaya ndadi. Awake lara kabeh, uga perangan raga wanitane sing krasa perih. Laila pengin mbengok ning ora metu swarane. Wong nang ngomah kono mung wong loro dhewekan. Isane mung ngrintih karo nangis sesambat supaya Pang isa mandheg anggone nglarani ngrudapeksa dheweke.

Bareng wis sauntara, Pang nglumpruk ana sandhinge Laila. Mandheg anggone milara bojone. Wis rampung polahe. Wis kasembadan napsune. Waraga pengkuh lan rosa sing maune ngruket sisihane tanpa welas, sanalika lemes nglemprek ana paturon. Kaya wayang ilang gapite. Ilang dayane, ilang kekuatane. Laila cepet-cepet ngumpulke lan nganggo pakeyane maneh, banjur nuju kamar mandhi. Pengin resik-resik awak. Kaya-kaya awake wis

kebak rereged.

Laila babar pisan durung nate sesambungan badan karo priya. Sepisanan ya rikala dirudha peksa Pang rong sasi sadurunge. Iki mau kaya dene dibaleni kedadeyan iku. Senajan mengkono dheweke krasa menawa polahre Pang dudu sabaene. Mung ngerti saka wacan, menawa sesambungan badan antarane priya karo wanita mesthi kepenak, mesthi lembut lan isa dinikmati. Nanging sing lagi dialami ora bisa dirasake babar pisan. Kaya disiksa, dipilara. Ora normal. Dheweke mikir menawa Pang nandhang kahanan sing ora sabaene, ora normal jiwane. Tingkah laku seksual sing nyimpang, agresip lan seneng sinambi nyiksa pasangane. Apa bisa dheweke urip bareng salawase karo Pang menawa tingkah laku seksuale kaya ngene.

Lungguh dheleg-dheleg ana ruang tengah. Mikirke nasibe. Piye bisa uwal saka kahanan sing nyiksa iku. Dumadakan Pang nyusul lungguhan. Dheweke bubar klimaks mau keturon sedhela. Iki wis tangi nyusul lungguhan bojone.

“Jeng aku njaluk ngapura nek awakmu kesiksa ora ngrasake kepenak ya. Aku ora bisa ngontrol perasaanku nek wis kepengin sesambungan seks. Aku mesake awakmu.”

“Mbok nek mesake aku, mau sadurunge tumindak dipikir dhisik. Apa ndhisik rada mikir sithik kaya ngapa abote sing tak adhepi amarga lakumu Mas Pang.”

“Aku nyuwun ngapura tenan. Ora bakal tak baleni maneh. Aku gela wis gawe lara awakmu.”

“Iya Mas, ora mung awakku, nanging atiku ya sedhik banget. Aja pisan-pisan dibaleni. Aku ora kuwat.”

+++

Sawetara wektu sawise nikahan karo Pang, Laila tetap ana Solo dhisik. Ngenteni laire anak mbarep. Ora mantep arep melu sisihane. Dene Pang wis katampa dadi tenaga ana ing Dhinis Kehakiman propinsi ana Bengkulu. Isih durung diangkat pegawai negeri tetap. Nanging wis entuk honor lan tunjangan sethithik cukup kanggo urip. Mulih menyang Solo pendhak rong sasi niliki bapak ibune, karo niliki Laila Saraswati sisihane.

Laila Saraswati tansah cedhak karo ibune, Bu Hartati, ngenteni lahire jabang bayi. Anggone ngandheg lancar ora ana gangguan kesehatan sing abot. Ya mung pas ngandheg enom dheweke kerep mutah-mutah, ning ilang dhewe bareng anggone ngandheg wis ngancik patang sasi punjul. Senajan cedhak karo ibune, dheweke ora tau sambat karo bapak ibune, prekara anggone bebojoan karo Pang. Sing kerep malah sok sambat karo kanca rakete, Astuti sing wiwit mulang ana Susukan Karang Gedhe Salatiga. Astuti diterke Pambudi kerep niliki dheweke. Mung karo Astuti dheweke

Lamising Katresnan

isa ngetokake rasa prihatine. Mung sawates sambat. Dheweke isih pengin tangi saka anggone kejeglong nganti kelangan Hari.

Pambudi ya ketampa magang ana Departemen Luar Negeri ing Pejambon Jakarta. Isih tunangan karo Astuti. Durung mesthekake kapan anggone bakal resmi nikah karo Astuti. Nanging Laila rumangsa seneng isih isa sesambungan karo Astuti. Kanca sing asring disambati. Senajan akeh-akehe mung liwat layang. Laila ngenteni nganti bayine lahir lan rada agal, lagi arep nyusul Pang ana Bengkulu.

+++++



BAB 7
Dalan Peteng



Laila isih ngungun ngelingi pengalaman sing wis kliwat puluhan taun. Iki isih ana Solo, durung bali maneh menyang Bengkulu. Dheweke wis mantep menawa riwayat karo Hari Setiawan arep dijlentrehake karo anak-anake. Ben kanggo pengeling-eling anak putune. Ora kena disidhem salawase.

Isih kelingan banget sawise nikahan dheweke isih tetep manggon ana Solo, senajan Pang wis nyambut gawe ana kutha Bengkulu. Dheweke lagi ngandheg. Arepa ngono, Laila Saraswati tetep giyat anggone bribik-bribik miwiti usaha. Nampa pesenan karangan bunga. Masarke kanthong-kanthong plastik. Masarke mebel. Menehi bimbingan belajar kanggo murid-murid SMP lan SMA. Dheweke wonge pancen ubet, ora gelem njagakke panggaotane sisihane, apa maneh ngarep-arep paringan saka bapak ibune. Pengin madeg dhewe, mandhiri. Sithik-sithik dikumpulke ya lumayan. Isa kanggo nutup kabutuhan saben dinane. Ora perlu ngarep-arep sisihane, diwenehi ditampa, ora ya meneng wae. Sisihane Pang ora isa saben sasi kirim dhuwit nggo kebutuhan omah.

Pak Trisna lan Bu Hartati kerep ngelingake kudu akeh istirahat ben kandhungane sehat. Mung di-iyani, sendika dhawuh. Ning Laila tetep giyat anggone golek rejeki. Wiwit isih ngandheg nganti babaran. Uripe digawe sibuk. Nglalekke lelakon urip sing wis dialami. Nek meneng tanpa kesibukan, atine mung nelangsa ngambra-ambra. Kelingan Hari Setiawan sing ditresnani. Nanging kontrol kandhungan dilakoni kanthi ajeg, ana klinik bidhan ing kampung Sambeng. Babaran uga ana klinik kuwi. Lancar tanpa alangan. Kabeh wis dietungke dening bu bidhan kapan dina nggone bakal babaran. Diwenehi jeneng Kartika Sawitri, nggambarake pepenginanane Laila, ben anake mbesuk uripe tentrem lan sukses kayadene urip nggayuh lintang. Beaya nglairke ya ditanggung Laila dhewe. Bu Hartati mbiyantu nambahi sithik.

Ananging Pang babarpisan ora nguruni. Laila ya meneng wae, ngerti menawa gajine bojone durung cukup kanggo nutup kebutuhan keluwarga. Nalika Laila babaran, Pang ora mulih. Kandhane lagi pas repot-repote kantor. Kepara wis arang-arang mulih. Lagi isa niliki anake sepisanan nalika Kartika wis ngancik umur telung sasi. Sibuk urusan gaweyan jarene. Nek Kartika wis ndungkap umur nem sasi luwih, Laila lagi arep nyusul Pang ana Bengkulu.

Bareng Kartika umur nem sasi luwih. Laila Saraswati, nyusul bojone nang kutha Bengkulu. Diterke dening Pak Trisna lan Bu Hartati, budhal numpak bis Handoyo. Lumayan rada ngirit tinimbang numpak pesawat. Bis Solo Bengkulu, liwat dalan Lintas Sumatra sisih kulon, suwene sedina sewengi mbethetet. Udakara patlikur jam luwih. Mangkat esuk kira-kira jam sanga saka Solo, tekan Bengkulu jam rolas awan dina sesuke. Kesel banget nang awak. Pak Trisna karo Bu Hartati, abot-abote ngeterke anak karo putu, numpak bis adoh ya dilakoni. Untunge Kartika ora rewel babar pisan. Sasuwene laku, mimike lancar, maeme lancar.

Tekan stasiun bis Bengkulu banjur nggoleki alamat omah kontrakane Pang. Mubeng-mubeng sedhela anggone nggoleki. Nalika ketemu, omahe isih suwung, Pang durung mulih saka anggone nyambut gawe. Kuncine omah dititipke tangga. Wong telu karo Kartika, enggal leren saking kesele. Nanging kahanane omah isih pating besasik, durung diberesi blas nalika ditinggal Pang. Laila karo Bu Hartati, senajan awak isih kesel banget, kudu resik-resik kamar ben isa dinggo istirahat.

Nalika Laila ngresiki kamare Pang, tanpa sengaja dheweke nemu pakeyan dhalam putri ana lemari. Kaget setegah mati. Ning meneng wae ndak malah gawe kagete bapak ibune. Mengko isa dirembug lan ditakokke Pang. Ora ilok lagi teka kok njur nesu-nesu. Diampet nesune, senajan atine kemropok banget. Arang-arang mulih niliki anake, jebul nang paran malah gendhulikan karo wong wadon liya. Pungkasane sore iku Pak Trisna, Bu Hartati lan Laila dalah Kartika isa istirahat. Bablas keturon saking kesele.

Tangi-tangi bubar magrib, nalika Pang teka mbukak lawang. Swara lawang nggerit gawe kagete Laila. Banjur tangi, ngresiki rai ana kamar mandhi terus nyiapake makan malam. Pang tuku endhog ana toko cedhak kono. Kaget banget, rumangsane isih sawetara dina maneh, Laila karo anake, lan bapak ibune, anggone padha teka. Kok saiki wis teka. Durung sempat resik-resik omah. Senajan rada kaku swasane bengi iku acara makan malam lancar tanpa insiden. Mung padha ngaruhke kabar keslametan antarane Pak Trisna lan Bu Hartati karo mantune Pangarso Wibawa.

Rampung makan malam Pak Trisna karo Bu Hartati bali maneh mlebu kamar. Neruske anggone padha sare, amarga pancen kesel tenan numpak bis sedina sewengi. Mung Laila karo Pang isih lungguhan ana kamar tamu ngarep. Alon-alon Laila miwiti rembug.

"Piye atimu Mas, seneng ora aku karo anakmu, Gendhuk Kartika nyusul rene?"
"Ya biyasa wae lah. Wong pancen anak karo bojo sing teka, piye-piyea kudu digawe seneng."

"Lho kok ngono, kaya ora lila ta Mas lehma nampa aku karo anakmu?"

“Lha piye, apa aku kudu bengak-bengok turut lurung ngandhakke nek anak bojoku padha teka nyusul? Digawe biyasa wae lah, dudu kanugrahan gedhe.”

“Oo ngono ta. Ya uwis ora apa-apa aku. Bapak ibu mungkin nang kene sawetara dina. Ben mari kesele dhisik.”

“Iya ora apa-apa. Ning aku durung bisa ngenak-enakke lho, lagi nyengkut gaweyan ben isa dadi tenaga tetap.”

“Ora perlu dienak-enakke kok Mas. Biyasa-biyasa wae. Asal wajar ora ketok lhe ora seneng.”

“Iya biyasa wae karepku. Kahananku sarwa terbatas. Durung isa apa-apa.”

“Aku ana pitakonan sithik njenengan kersa aweh wangsulan?”

“Gumantung takon prekara apa?”

“Awake dhewe wis kaket bebojoan resmi. Aku pengin ngerti kahanan sing sabenero. Mau pas resik-resik kamar aku nemu pakeyan dhalam wanita. Sapa iku mas lan apa hubungane karo njenengan?”

“Wah aku durung isa njelaske, mbokmenawa pembantu sing gawene resik-resik. Tenaga pocokan.”

“Ora mungkin mas. Ora mung pakeyan dhalam. Pakeyane lengkap wong wadon, ndhuwuran lan ngisoran. Duweke sapa kabeh iku?”

“Aku durung bisa njentrehke saiki. Mesthi bakal tak jelaske. Kudu sabar.”

Bareng wis rong dina lagi Pang omong blakasuta. Sapa sing duwe pakeyan wanita ana kamare dheweke iku. Bubar mulih nyambut gawe omong alon-alon karo Laila Saraswati. Kabeh dibukak kanthi trang-trangan.

“Aja dadi atimu ya Dhik Laila. Sing kok takokake wingi kae tak bukak kanthi gamblang. Tampanen kanthi sareh. Ora perlu emosi ndak malah dadi rame. Ora kepenak, lagi ketemu pisanan kok wis rame.”

“Iya tak rungokke ngendikamu Mas Pang. Ning ora susah ndadak nganggo syarat sing kudu tak ugemi. Awake dhewe bebojoan resmi. Ora mung kumpul kebo. Wis patutan anak siji, Kartika. Hake awake dhewe, hakmu ya hakku, imbang. Ora ana sing luwih berhak, luwih kuwasa.”

“Ora susah ngambra-ambra digawe angel Dhik. Semono uga, aku wong lanang ya duwe hak. Pisah bojo pirang-pirang sasi. Aku manungsa normal. Kanya duwe kebutuhan alami sing kudu tak ganepi. Ora kuwat nek mung kudu nunggu nek ketemu awakmu pendhak pirang sasi.”

“Lho kok kaya ngono Mas Pang. Mbok ngelingi nek wis duwe anak, wadon pisan. Ngelingana nek anakmu mbesuke ngalami nasib kaya ibune.”

“Awakmu ki arep ngajak congkrah apa arep nampa nek tak baresi? Bares ya dhik, aku ketarik lan kadhung tresna karo wong wadon liya. Jenenge Lisa, Lisa Mahardika. Umurane sangisormu sithik. Randha tanpa anak. Bukak toko lan warung makan cilik-cilikan cedhak kene.”

Laila senajan kaget krungu ujare Pang sing sarwo blak-blakan, nanging tetep sabar ora kepancing emosi. Dheweke wis nduga jawaban sing paling abot sing bakal dirungu saka Pang. Ning dheweke kudu mrenahake sisihane menawa dheweke duwe tanggung jawab keluwarga. Wis ana anake wedok, Kartika. Kudu dipikirke tembe ngarepe. Tugase wong loro bareng kanggo nggedhekke lan ndhidhik Kartika.

“Mas Pang, njenengan wis duwe tanggung jawab keluwarga. Wis ana anak wedok sing kudu dipikirke masa dhepan e. Aja mung mburu senenge dhewe, napsune dhewe sing digedhek-gedhekke. Kartika ya tanggung jawabmu, tanggung jawabe wong loro.”

“Lho la apa hubungane karo aku sesambungan karo Lisa? Aku kan ya butuh nyukupi kebutuhan jasmaniku ta dhik? Awakmu ora bakal tak lirwakke. Aja kok pikir abot.”

“Mas iki ora mung prekara kebutuhan jasmanimu. Iki uga gegayutan karo tanggung jawabmu minangka kepala keluwarga.”

“Saya nggladrah ora mudheng aku. Kok dicampur-campur ta. Angger kebutuhan jasmanimu isa takukupi kan beres ta Dhik. Jarene urip ki kudu melu ilining banyu. Aku ketemu Lisa ora teges aku nggoleki selingkuhan. Aku ketemu dheweke kan aku ora golek. Ketemu, kenal ngono wae, terus padha cocoke. Ora ana babarpisan skenario aku sengaja golek dhemenan. Aja kedawa-dawa anggonmu nyandra lakuning uripku.”

“Mas Pang, ora mudheng sing tak karepke. Aku pengin awake dhewe isa mlaku bareng kanthi apik, nggedhekke anak wedok, Kartika. Apa njenengan ora rumangsa iku tanggung jawabmu.”

“Aku gamblang apa sing kok karepke. Nanging ana kahanan sing ora isa dak selaki. Ana kebutuhan jasmani saka aku. Ana Lisa sing cocok lan gelem karo aku. Salahku nang endi. Prekara anak wedok kan mengko otomatis nek wis mlaku wetuning rejeki ya dipikir tembe ngarepe ta Dhik. Wis sing baku, aku wis omong, wis menahi weruh. Kok tanpa sokur, ora ya ora apa-apa. Awake bakal urip bareng. Kahanan kaya ngene ya dilakoni wae kanthi sabar.”

“Aja mung mikir senenge dhewe Mas Pang. Awake dhewe statuse suami isteri, dudu mung kanca selingkuh. Kudu iklas nglakoni urip bebojoan bareng. Kudu terus terang ora umpet-umpetan. Aja mung lamis ana lathi. Ajining dhiri dumunung ing lathi.”

“Persis Dhik. Mula aku ya crita blak-blakan saiki. Ben awakmu ngerti uripku ki ya kaya ngene iki. Ora bisa nek kudu diowahi dadakan amarga bebojoan karo awakmu. Awake dhewe mlaku mengarep karo padha-padha nyinaoni keluwihan lan kekurangan dhewe-dhewe. Wis ya dak kira cukup semene dhisik le rembugan. Aku mengko bengi pamit metu sedhela. Aku ya kudu tanggung jawab nemoni Lisa, kaya sing kok omongke mau.”

Tanpa disadhari dening Laila, bapak ibune ya mirengke rembugan antarane Laila Saraswati karo Pang. Bu Hartati katon enggone nesu, jaya bang mawinga-winga. Murub nang njero atine. Pas makan malam mung kendel wae. Bubar makan malam nalika Pang metu saka ngomah, Bu Hartati karo Pak Trisna banjur ngendikani putrine.

“Laila anakku sing tak tresnani. Sing tabah anggonmu nglakoni ya ndhuk. Sisihanmu dudu wong sabaene. Dheweke tansah rumangsa luwih menang, luwih kuwasa. Awakmu sing ati-ati aja keseret mundak tembe ngarepe anakmu kena sawab elek. Sing kuat anggonmu nglakoni ben putuku isa urip mulya lan tentrem. Ibu mu percaya nek awakmu mesthi isa ngadhepi kahanan abot iki mengkone. Nek ana apa-apa sambata karo aku. Ibu mu ora bakal ninggal glanggang colong playu. Kowe bakal dak kancani nganti tekan titi wanciku.”

Bu Hartati ngendika kanthi muwun. Eluhe dleweran. Ora tau mikir menawa putrine sing disayangi arep entuk dalan peteng ana uripe. Muga-muga Sang Pangripta tansah maringi pepadhang. Pak Trisna uga ngendika alon-alon kanthi sareh.

“Bener ngendikane ibumu, Laila anakku. Bapak mung isa melu ndonga muga-muga awakmu tansah kuwat ngadhepi lelakon sabanjure. Aja pasrah menyerah ya. Eyang-eyang buyutmu sapanduwur, manut crita keluwarga turun temurun trah Baskara, ora tau pasrah ana tengahing dalan. Senajan abot reribed kudu diadhepi.”

“Injih bapak ibu. Ngendikamu kabeh bakal tak ugemi. Ora bakal nglirwakake, kanggo tembe ngarepe anakku Kartika Sawitri. Tansah nyuwun donga lan pangestune bapak ibu. Aku ora bakal pasrah menyerah.”

Let rong dina Pak Trisna karo Bu Hartati kondur menyang Solo. Jane abot ninggal putrine urip dhewe karo mantu sing lamis, ora gemati. Ning piye maneh. Mung percaya mirsani kamantepane Laila anggone bakal nglakoni. Muga-muga tansah entuk pepadhang saka Sang Pangripta. Pak Trisna ora bisa mbayangake kok ana wong lanang nganti semono lamise karo sisihane. Dicakke nang awake dhewe, Pak Trisna ora tau ninggalake garwane. Tansah bebarengan ngadhepi bareng menawa ana reribed sajroning urip.

+++++



BAB 8
Ditinggal Bapa

Laila isih kelingan rikala semana nyoba ngluru lan nemoni sing jenenge Lisa Mahardika iku. Jare Pang, umur-umurane ora kacek adoh karo dheweke. Bukak toko kelonthong lan warung makan cedhak omah kontrakane Pang. Sawise sawetara wektu, dheweke ngerti toko lan warung makan duweke Lisa. Awan-awan sadurunge jam makan siang dheweke sengaja marani warung lan ethok-ethok jajan. Karo nggendhong anake. Warung isih sepi, mung ana wong jajan siji loro. Sing ngladeni warung makan ana pembantu siji. Lisa nunggu ana kasir. Dipandang kanthi mat sing jenenge Lisa iku. Pancen ayu, kulitane putih resik, dedeg lencir dhuwur. Ora maido nek Pang kepencut marang wanita iki. Saben wong lanang mesthi kesengsem karo wanita ayu kaya Lisa. Laila pesen bubur, karo omben susu. Dheweke sinambi ndulang bayine. Kartika Sawitri nganggo gedhang mas. Bubar ndulang dheweke nyoba nyapa sing duwe warung.



“Apa sliramu sing asmane Lisa? Tepungke aku ya, jenengku Laila Saraswati, saka Solo, lagi wae pindhah cedhak kene.”

“Mangga dirampungke anggone dhahar lan ndulang.”

“Wis rampung anggonku maem. Mung pengin rembugan karo sliramu sedhela wae, nek ora repot.”

“Iya ora apa-apa, mumpung durung akeh wong teka makan siang. Kok njenengan ngerti jenengku mbak?”

“Iya sisihanku sing ngandhani. Jenenge Pangarso Wibawa, ngontrak omah ana njero gang cedhak kene.”

Lisa rada kaget krungu wangsulane Laila. Wangsulane kanthi sareh sawise ilang kagete. Katon anggone ora emosi. Beda karo Laila sing karo ngampet perasaanane.

“Oo iya mbak aku Lisa, Lisa Mahardika. Wis sawetara wulan iki mbukak warung lan toko kelonhong ana kene. Maune aku nyambut gawe ana karaoke. Aku kenal karo Mas Pang rikala isih nyambut gawe ana karaoke.”

“Oo ngono ta. Apa mas Pang ora tau crita nek wis omah-omah karo awakmu? Iki anake Mas Pang, Kartika Sawitri.”

“Mung lamat-lamat nek ninggal bojo ana Solo. Ning ora ana masalah jarene, Ora perlu dikuwatirake. Kabeh arep diurus Mas Pangarso.”

“Iya Mbak, Mas Pang wis omah-omah karo aku, wis duwe anak siji iki lagi umur meh pitung sasi.”

“Wah ayu putrimu Mbak. Persis kaya ibune.”

“Iya aku ngerti ana sesambungan istimewa antarane sliramu karo bojoku. Awake padha-padha wong wadon, aku njaluk aja kok terus-teruske njih. Mesakna aku karo anakku Kartika.”

“Mbak aja kleru panampa ya. Aku ora duwe krenteg ngrebut mas Pangarso saka sisihmu. Mas Pangarso dhewe sing teka nang aku ngrepa-ngrepa njaluk tak welasi.”

“Ora perlu kok welasi Lisa, tinimbang awakmu gela tembe mburine. Babarpisan dudu kuwajibanmu. Wis pira suwene ana sesambungan istimewa karo Pangarso Wibawa.”

“Udakara ana setaun luwih sithik Mbak. Mung kenal biyasa nalika aku isih ana karaoke. Dheweke sambat terus butuh dikancani. Memelas kayane kesepian banget pas ketemu aku.”

“Aja gampang welas marang wong lanang sing durung kenal Mbak. Isa ndrawasi. Akeh wong lanang adol welas nek nyedhaki wanita.”

“Mbokmenawa mung merga padha cocoke Mbak. Aku ora ana pepenginan ngrebut Mas Pangarso saka sisihmu. Dheweke sing mbiyantu aku golek enggon lan ijin usaha cilik-cilikan iki. Wis bosen kerja nang karaoke, kudu ngladeni wong akeh.”

“Dak jaluk sliramu isa mandheg anggone sesambungan karo Pangarso Wibawa ya Mbak.”

“Iya mesthi bakal tak estokake. Ning panjenengan kudu isa ngladeni Mas Pangarso. Dheweke asring sambat ora tau diladeni kanthi murwat. Mula banjur labuh nang awakku.”

“Ooo ngono ya ujure Pang. Ora ana sing aneh kelakuwane ana tempat tidur?”

“Karepmu piye Mbak, aku ora mudheng?”

“Apa nang tempat tidhur nek among tresna ora ana sing aneh?”

“Rumangsaku kok biyasa wae mbak. Kita padha-padha nikmati seks sing panas. Padha-padha puase.”

Laila rada panas atine krungu ujure Lisa sing sarwo blak-blakan. Nanging dheweke isa njaga salah bawane. Digawe sareh.

“Aku mung njaluk sliramu isa pedhot karo Pang. Dheweke wis duwe sisihan lan anak. Aja nganti ngganggu rumah tanggaku. Kudune sliramu isa mangerteni Mbak.”

“Iya Mbak, aku ora ana pepenginan dadi bojone Mas Pangarso. Ya mung ketemu kok padha cocoke, terus dilakoni. Aku sadhar suwening-suwe kudu mandheg. Aku ora bakal nuntut apa-apa. Ning apa Mas Pangarso, bisa dak tinggal? Dheweke tergantung banget karo aku.”

“Tergantung prekara apa?”

“Kepuasan lelangenan asmara. Dheweke sambat mung isa nglakoni karo aku jarene. Ora bakal bisa urip terus tanpa aku”

“Gumantung awakmu, nek pancen ora duwe pepenginan urip bareng karo Pang, tinggalen. Wis ana sisihane. Aku sing bakal ngurusi dheweke. Oo iya apa sliramu maune manggon urip saomah karo dheweke?”

“Iya sawetara wulan. Ning bareng aku isa ngontrak omah, ya aku pindhah.”

“Isih ana pakeyanmu nang njero lemarine Pang. Jupuken mengko menawa ana wektu.”

“Pakeyan kuwi pancen dijuluk mas Pangarso, nalika aku pindhah. Jare dinggo sulih nek kangen karo aku.”

“Ya semono dhisik ya Mbak. Aku njaluk aja pisan-pisan kok terusake hubunganmu karo sisihanku Pang.”

“Iya Mbak aku ora bakal gawe rame. Wis ana panjenengan, mesthine dheweke wis tenang.”

+++

Sawetara dina sawise, Laila nyoba menahi weruh Pang, menawa dheweke wis ketemu karo Lisa. Wis sarujuk menawa hubungan antarane Lisa karo

Pang kudu mandheg. Pang rada muntap nalika krungu rembugane Laila. Dheweke nesu banget.

“Laila, awakmu ora berhak ngganggu hubunganku karo Lisa. Aku karo Lisa padha-padha le menikmati. Ora kaya nek karo awakmu, ndadak nganggo njaluk dipeksa.”

“Aku berhak saka segi hukum. Nek isih nekat aku isa lapor nang instansimu. Awake dhewe resmi suami isteri.”

Pang mung meneng wae rikala semana. Bareng didhedhes suwe-suwe ngaku menawa dheweke wiwit saka esema dhisik kerep hubungan peteng karo wong wadon. Gawe seneng lan puas keturunan napsune. Kaping pindho karo anake buruh mbako sing nyambut gawe karo wong tuwane. Rumangsane ya normal-normal wae. Ora tau ana masalah. Ora tau ana sing gawe gendra babar pisan. Wong lanang berhak milih lan nikmati seks karo sapa wae sing gelem diajak. Anugerah saka sing Kuwasa pikire Pang, sing kudu dilakoni.

Ditinggal Lisa, dheweke wiwitane ya rada klejotan, ora tau isa turu. Pikirane mung kecancang nang Lisa. Hubungan seks karo sisihane, bayangane mung nang Lisa. Pakeyane Lisa isih sering dinggo obyek ben dheweke isa tekan puncak anggone ngumbar napsu. Mung Laila sing mesthi sengsara, kudu nanggung lara nek pas hubungan intim. Tansah mbujuk sisihane konsultasi kejiwaan, amarga yakin nek Pang nangdhang kelainan jiwa seksual. Ananging Pang ora gelem, kabeh wis dadi dalane, kari dilakoni wae

+++

Sawetara wulan kira- kira Kartika wis umur setaun, Laila entuk kabar saka ibune liwat surat. Ngabarake menawa Bapake, Pak Trisna nandhang gerah wis abot. Kena serangan stroke, wis dirawat sawetara dina ana Rumah Sakit Panti Waluyo. Nampa surat saka ibune, Laila kaget lan sedhah banget. Dheweke kudu mulih lan ketemu Bapake. Karo ngajak anake Kartika Sawitri, Laila numpak bis tumuju Solo. Sadalan-dalan sing disuwun muga-muga Bapake diparingi sehat kaya wingi- wingi. Tekan Solo wis wayah sore. Dheweke terus nuju Rumah Sakit. Anake digendhong mara nang Rumah Sakit, ora wani ninggal ana ngomahe ing Sambeng, senjata ana asisten rumah tangga sing isa dititipi. Tekan Rumah Sakit ibune, Bu Hartati wis nunggu. Laila ngrangkul ibune karo nangis.

“Bapakmu wis bolak-balik nakokke awakmu ndhuk. Bola-bali ndonga muga-muga diparingi perleng, tambahan wektu ben isa ketemu karo kono.”

“Injih bu muga-muga Bapak enggal dhangan ya bu. Nek aku wis

kepenak arep tak jak tilik nang Bengkulu."

"Iya temonana bapakmu ndhuk."

Laila mlebu nang kamar perawatane Pak Trisna, kaget banget meruhi kahanane Bapake. Kok aclum banget, ora kaya pas isih dheweke cedhak ndhisik. Sanalika Bapake dirangkul kari diarasi. Setengah sadhar Pak Trisna lamat-lamat krungu swarane putrine sing banget diapali.

"Bapak, kula Laila. Enggal dhangan njih pak, ben bisa ngemong wayahe, Aku mulih karo Kartika." Pak Trisna mandeng Laila sedhela karo ngendika alon, *"Njaluka idin sustere aku pengin banget weruh putuku. Wektuku wis entek ndhuk. Aku rumangsa kesel banget. Mung ngenteni pengin ketemu awakmu karo anakmu."*

"Ora susah ngendika ngono Bapak. Bapak kudu dhangan kaya wingi-wingi. Aja ninggalake aku karo ibu."

Laila ora isa ngampet sedhihe meruhi kahanane Bapake. Bareng wis entuk palilah saka Suster, Kartika diajak mlebu nginguk eyange. Kartika bisane ya mung ngoceh wae. Pak Trisna dirubung Bu Hartati, Laila Saraswati karo putune Kartika, banjur njenggelek dikuwat-kuwatke. Ambegane cethek karo ngendika lirih pedhot-pedhot.

"Anakku Laila..... bapakmu wis tekan titiwanci Wis wayahe bali. Awakmu kudu tansah kuwat ... aja pasrah. Kabeh kanggo tembe ngarepmu..... karo anakmu ya ndhuk. Iklasna bapakmu... eyangmu wis methuk aku."

Leren sedhela banjur ngendika karo garwane Bu Hartati. Laila Saraswati karo Bu Hartati isane mung mingsek-mingsek.

"Bapak aja ngendika ngono. Sing sabar ben isa mari kaya wingi-wingi ya pak."

"Wis ora kuwat Jeng..... tulung diemong anake dhewe sing banget dak tresnani ya bu. Salawase urip awake urip bareng wong loro.... Kok Laila kena coba abot ya.... Aku pasrah sliramu ya Jeng...."

"Matur nuwun kangmas, awake dhewe urip wong loro bareng wis puluhan taun. Ora tau gendra. Aku ngrasake anggonmu gemati lan sayang karo aku lan karo Laila, putrimu sing kok tresnani. Matur nuwun kangmas, katresnanmu ora bakal ilang saka uripku. Kagem istirahat dhisik ya mas."

"Padha andum slamet ya jeng..... Hartati sing tak tresnani. Laila.... Ibumu dikancani ya ndhuk. Sing tabah awakmu...."

Bubar ngendika ngono, Pak Trisna, mlebu koma maneh. Pak Trisna kawitan ora isa nampa kahanane Laila. Dheweke karo Bu Hartati tansah rukun,

Lamising Katresnan

babar pisan ora tau dredah, kok putrine Laila Saraswati karo sisihane mlaku ana dalane dhewe-dhewe. Nanging batine wis pasrah isa ketemu karo putrine, Laila Saraswati.

Bubar wayah Ishak, Pak Trisna wis kondur katimbangan ana ing alam kelanggengan. Seda kanthi tentrem amarga wis diparingi wektu dening Sang Pangripta, ketemu karo putrine, Laila lan karo wayahe, Kartika. Ditunggu garwa sing banget ditresnani Bu Hartati. Kanthi iklas bali sowan ing ngarsane Sang Hyang Kala, sing kawenang ngatur wektu.

Ora mung Pak Trisna sing rumangsa sedhik ana ing pungkasane gesang. Pak Raharjo Tanojo uga ngenes nalika putrane Hari Setiawan kepedhotan tresna karo tunangane Laila Saraswati. Pak Raharjo seda sawetara minggu sadurunge Pak Sutrisna Baskara. Lorone seda kanthi nandhang kasedhihan amarga wurunge sesambungan antarane Hari Setiawan karo Laila Saraswati. Kari ibu-ibune sing isih kapatah ngancani putrane, Bu Sukma ngancani putrane Hari Setiawan, lan Bu Hartati ngancani putrine Laila Saraswati, sing wis dadi sisihane Pangarso Wibawa. Ananging sesambungan paseduluran lan kekancan antarane Bu Hartati karo Bu Sukma wis kebanjur pedhot.

+++++



BAB 9

Aja Pasrah



Kabeh lelakon sing wis kepungkur teka cetha wela-wela kaya film sing lagi diputer ana bioskop. Welinge bapake, Pak Trisna nalika isih sugeng tansah dieling-eling lan diugemi. Ora bakal dilalekake lan disingkiri.

“Aja pasrah lan aja nyerah karo nasib. Nasibmu karo nasibe anakmu ing tembe ngarep mung gumantung marang kridhamu lan mantepe atimu. Nek dudu awakmu dhewe sing bakal ngowahi nasibmu, sapa maneh sing bisa?”

Atine wis sangsaya mantep, kabeh arep diantepi, didhadhagi dhewe. Ora susah sambat marang sapa wae. Aja nganti ibune sing wis ditinggal Bapake, melu sedhik mikir dheweke. Rawe-rawe rantes malang-malang putung. Kabeh bebendhu lan alangan arep diadhepi kanthi sabar.

Ndilalah kersaning Sang Pangripta, dalane uripe Laila Saraswati ana kutha Bengkulu ora kebak pepeteng. Malah kepara akeh dalan padhang tumrap karier lan rejeki. Dheweke katampa dadi guru SMA Negeri, honorer ora nganti setaun, terus diangkat dari guru tetap, dadi pegawe negeri. Mulang mata pelajaran Fisika lan Ilmu Pengetahuan Alam. Dheweke uga wasis ana Ilmu Kimia. Sambene sing wis diwiwiti saka Solo, dagang mebel karo tas plastik, tetep diteruske, malah sangsaya maju ana Bengkulu. Dheweke ora nggantunke uripe marang Pang. Nanging bisa mandhiri saka pemetune dhewe sing maune mung dianggep samben.

Taun ketelu ana Bengkulu, Laila ngandheg maneh, nglairke anak nomer loro. Uga putri diwenahi jeneng Erina Sawitri. Tambah repot momong anak loro ora dadi pepalang anggone mbangun usaha. Malah nambah semangat anggone nggedhekke usahane. Lahan kosong sabrang dalan sangarepe toko mebele, sing dikebaki alang-alang, digenteni kanthi rega murah. Wiwitane nganggo dhuwit kredit ana sawijining bank pamarentah. Saiki malah wis dibangun, dadi hotel magrong-magrong kanthi pinjaman bank mau.

Nalika anake wis esmea, loro-lorone padha sekolah ana SMA negeri ana ing Solo. Kartika karo Erina pancen klebu bocah pinter. Umure mung beda rong taun. Lulus SMA, Kartika Sawitri neruske ana pawiyatan luhur Universitas Gadjah Mada ing Ngayogyakarta, Fakultas Ilmu Sosial Politik (FISIPOL) jurusan Hubungan Internasional. Ora nganti patang taun wis lulus sarjana. Neruske program Master ana Jepang kanthi ragad saka ibune. Bapake wis babar pisan ora melu-melu. Wiwit dheweke Sekolah Dhasar. Adhine Erina

Sawitri nyusul mbakyune kuliah mlebu Fakultas Hukum, uga ana ing UGM, Ngayogyakarta. Mung setaun saangkatan sangisore mbakyune. Lulus saka Yoga, ketampa ana Kejaksaan Agung. Lagi njupuk S2 ana Universitas Indonesia.

Kanggone Laila Saraswati, mataun-taun sing ora owah mung sesambungane karo sisihane Pang. Urip bareng mung kanggo formalitas wae, kaya dudu pasangan bojo. Urip pribadhine mlaku ana dalane dhewe-dhewe. Ora saben dina kumpul kaya lumrahe wong bebojoan.

Kariere Pangarso saya apik, nek nang babagan gaweyan pancen dheweke disiplin banget. Mula cepet ndedel kariere. Ora mung baku ana kutha Bengkulu, ning pindhah-pindhah ana kutha kabupaten saindhenging Bengkulu lan Sumatra Selatan. Bali nang omah Bengkulu mung arang adoh. Duwe omah dinggoni dhewe ora campur Laila Saraswati. Kumpul bojo ora mesthi, mung pendhak rong minggu nggo nyukupi kebutuhan jasmani.

Ora akeh owah-owahan saka solah bawane Pang ing babagan seks, tetep panas lan agresip. Laila wis isa ngimbangi wis kulina, dheweke uga aktip lan panas dhasare. Mung bedane anggone seneng milara menawa lagi pas hubungan seks, wis suda akeh. Mbok menawa amarga dibujuk lan dirayu dening Laila saben olah asmara, bisa ngurangi kebrutalan seksuale. Durung tau gelem diajak konsultasi menyang ahli, psikiater apa psikolog.

Owah-owahan perilaku seksual ora dibarengi karo owah-owahan hubungan batin karo keluarga. Isih panggah urip dhewe-dhewe. Ndilalah karo anak-anake wiwit cilik hubungane adhem. Ora tau ngudang, ora tau cedhak, ora tau nyapa. Nek ora ana perlu ora tau sapa aruh. Malah kepara kerep metu kasare, kerep anggone nesu. Sipat brangasan marang keluarga ora ana owah-owahan, kegawa nganti tuwa.

Rikala anak-anake padha sekolah ana Solo apa kuliah ana Yoga, ora tau Pang ngaruhke niliki, senajan Laila sering njaluk dheweke supaya ngaruhke anak-anake. Nek bali nang Solo, Pangarso luwih kerep nginep ana omahe dhewe ing Mbayat Klaten.

Urusan sekolah lan kuliah mung dadi urusane Laila Saraswati. Kamangka kuliah ana luar negeri ora bisa diarani murah. Kabeh kebutuhane anak loro, Laila sing nyukupi lan ngurusi. Sesambungan batin antarane Laila karo anak-anake, Kartika lan Erina, mula cedhak banget wiwit isih cilik nganti diwasa.

Kartika dalah Erina ora tau mengerteni riwayat ibune karo Hari Setiawan. Mung sok-sok padha takon menawa lagi padha glenikan.

Lamising Katresnan

“Mama kok isa sabar banget urip bareng karo Papa kena apa ya? Aku sing dadi putrimu, ndeleng saben dinane wae ora bakal kuwat nek kudu nglakoni kaya ngono.”

Iku pitakone Kartika rikala dheweke matur nek wis duwe pacar, jenenge Indra. Pengin tunangan amarga wis lulus kuliahe. Anggone pacaran wiwit saka tingkat loro, padha-padha kuliah ana UGM mung beda jurusan. Indra ana Fakultas Ekonomi.

Laila rada ngendhelong mikir, gek-gek mengko wurung kaya dheweke ndhisik. Kartika bubar lulus, pengin tunangan dhisik, terus sekolah maneh ana Jepang. Mulih saka Jepang enggal-enggal nikah. Kartika saiki nyambut gawe dadi peneliti setengah wektu ana sawijining Lembaga Penelitian saka Jepang ana ing Jakarta. Uga dadi dhosen lan peneliti Asia Tenggara ana sawijining Universitas. Sisihane Indra nyambut gawe ana Bank asing. Kartika karo Indra urip ana kompleks BSD (Bumi Serpong Dhamai), ora patiya adoh karo kantore.

Erina beda karo Kartika. Dheweke gawane luwih meneng tinimbang mbakyune. Meruhi kahanan antarane bapake lan ibune, Erina wedi banget menawa arep pacaran. Nganti rampung kuliah lan neruske S2 ana UI, dheweke tansah wedi pacaran. Ana wae alasane menawa ditakoni.

“Aku wedi nek entuk pasangan kaya Papa. Ngeri nek mbayangke kudu ngladeni wong brangasan kaya ngono. Masalah sepele kok asring gawe nesu ora isa dikontrol. Kaya wong kesurupan menawa lagi nesu. Senajan mung barang sepele.”

Bareng ketemu Hari Setiawan rikala layat sedane Bu Sukma, Laila rumangsa dosa banget karo Hari. Nganti seprene luwih selawe taun ora gelem omah-omah maneh. Ali-ali sing dibalekake dening Laila, mung disimpen nganti ibune seda. Kayane Hari tetep ngarep-arep baline Laila menyang dheweke. Laila, rasane pengin nggolekke pasangan sing cocok isa ndhampingi Hari. Ning wektu kanggo ketemu karo Hari blas ora ana. Mung duwe nomer HP-ne Hari. Arep nilpun ya ora wani apa maneh ketemu. Upama nganti ketemu kaya pas layat wingi, dheweke ora mentala ndeleng priya sing nate ditresnani iku. Mbokmenawa tresnane isih panggah ana njero atine.

Nek lagi hubungan intim karo Pang, sing dibayangke ya mung bayangane Hari. Upama ora ngono, dheweke ora bisa tekan klimaks. Apa maneh nek pas hubungan intim Pang sok isih kumat milara lan ngasari dheweke, mesthi buyar kabeh. Laila ora rumangsa salah babar pisan, mbayangke Hari rikala hubungan intim karo sisihane. Kabeh dudu salahku. Sing marahi saka wiwitan ya Pang dhewe.

Bu Hartati bubar layatan sedane Bu Sukma, uga tansah mikir nalika meruhi menawa calon mantune sing wurung ndhisik isih urip legan. Bisane ya mung mesake. Amarga rikala Hari isih gandheng karo Laila Saraswati, Bu Hartati rumangsa wis cedhak karo calon mantune mau. Eee ndilalah nasibé wong, kok anggongé tunangan wurung. Bu Hartati ngendikani Laila prekara Hari Setiawan.

"Ibune Kartika, aku pengin omong sithik ya. Aja dadi atimu. Wong umurku ya wis ora suwe maneh. Aku wis ketok-ketoken bapakmu almarhum. Wis pengin kumpul maneh karo bapakmu."

"Mbok ora susah ngendika ngono ta bu, ibu kudu tansah seneng lan sehat. Arep ngendika apa bu?"

"Aku pengin takon karo awakmu. Apa putuku, Kartika karo Erina, padha ngerti riwayatmu karo Hari rikala semana?"

"Aku durung tau crita bu. Iki dadi wewadi salawase uripku. Uripku salawase mung kebak rasa keduwung. Apa aku kudu bares crita marang anak-anakku?"

"Dakkira kok wis wayahe anak-anakmu kok wenehi weruh. Nyumurupi uripmu karo Bapaké Kartika karo Erina sing tansah kalis iku mesthi bocah-bocah duwe pitakonan sing ora bakal dingerteni jawabane. Mula apike kok jarwani wae. Gumantung karo awakmu, sepira adohe anggonmu arep mbukak wewadi kuwi."

"Iya ibu dak pikir-pikire dhisik ya."

"Aja kesuwen ya ndhuk, anak-anakmu kudu kok wenehi weruh. Mesthi bakal nlesih aku mengkone sawise kok wenehi weruh. Aku dhewe perasaanku kaya wis ikhlas lan pasrah nek dipundhut sawayah-wayah. Aja nganti isih ana wewadi sing ditutupi. Aku banget anggonku sedhih lan kelangan paseduluranku karo Budhe Sukma, pedhot salawase. Bareng piyambake seda, rasane aku kudu enggal nyusul, ben isa raket maneh nang kana. Budhe Sukma, Pakdhe Raharjo, aku lan Bapakmu. Mendah senengku ya nek isa bali kaya ndhisik paseduluran rukun karo Mbakyu Sukma."

"Ibu ora susah nggali nganti semono ta. Bapak, Budhe Sukma lan Pakdhe Raharjo wis tentrem ana alam kalanggengan."

"Iya Laila anakku, kono isa mbayangke sedhihku kelangan paseduluran lan kekancan karo Budhe Sukma salawase amarga kedadeyan antarane awakmu karo Pang. Aku mung nyenyuwun awakmu karo anak-anakmu tansah urip tentrem."

"Ibu aja nggali sing aneh-aneh ta. Aku karo anak-anakku, Kartika lan Erina isih butuh njenengan ibu."

Dingendikani ibune kaya ngono Laila dadi mantep pengin bares karo anak-anake prekara riwayat ngenes antarane dheweke karo Hari Setiawan lan ngapa kok sesambungan antarane dheweke karo bapaké Kartika lan Erina,

ora tau mlaku sabaene kaya umume wong bebrayan. Piye le arep nyritakke ya? Dheweke percaya nek Kartika luwih gampang nampa. Ananging kuwatir nek bakal nambah wedine Erina. Bengi iku Laila nyoba tilpun karo Kartika lan Erina, kaya biyasane mung awew kabar keslametan.

“Wuk Kartika sayang, piye kabarmu karo Nak Indra?”

“Apik-apik wae ibu, padha-padha sibuke. Ketemune mung nek wis jam wolu bengi. Aku mulih kantor jam lima, denemas Indra mesthi sawise jam enem sore.”

“Ngeneya Wuk, Mami wis rampung ana Solo, arep mulih Bengkulu. Ning pengin nemoni awakmu karo Erina. Ana prekara wigati sing bakal tak omongake.”

“Lha injih bu tak antu-antu rawuhe. Ketemu ana apartemen karo Erina apa nang nggonku?”

“Ngene wae aku tak nyoba rong bengi nang Jakarta Jumat karo Sabtu. Nang nggonmu sewengi, ya karo adhimu. Terus nang apartemen sewengi.”

“Apa ora nang nggonku wae, mengko tak dherekke nek arep tindak nang endi-endi.”

“Ya mengko dirembug bareng nek wis tekan kana. Adhimu Erina kabarana diajak nginep nang nggonmu malem Sabtu ya. Aku ya pengin weruh adhimu nang apartemene, apa isih seneng numpuk pakeyan kotornang kamar mandhi.”

“Nganti sesuk ya bu. Tulung nomer penerbangane jam pira bu, ben dipethuk sopir.”

“Ora susah gawe repotmu nak, tak naksi wae langsung nang BSD.”

+++++



BAB 10
Tepungan Anyar

Dina Jumat esuk Laila Saraswati sida budhal menyang Jakarta. Numpak sepur Argo Lawu, budhal saka stasiun Solo Balapan. Jadwal wektu mangkat sepur jam wolu esuk, nanging Laila jam setengah pitu wis mangkat numpak taksi saka omahe ana kampung Sambeng. Jane ora adoh saka Sambeng menyang stasiun Balapan, mbokmenawa mung siji setengah kilometer. Nek lancar kudune seprapat jam wis tekan. Amarga was-was nek mbokmenawa lalu lintas macet, mula mangkat kepara rada esuk.

Hawane seger esuk iku, srengenge wis sumunar padhang. Swara bel sepedha karo becak saut-sautan sadawaning dalan. Wayahe bocah sekolah padha budhal. Cemara jejer-jejer ana pinggiring dalan, wit-witan ngrembuyung subur ana pekarangan, kinanthi swara angin lembut wayah esuk nggawa rasa tentrem ana ing ati. Semono uga Laila Saraswati, atine seneng dina iku bakal ketemu putrine loro sing ditresnani, Kartika lan Erina ana Jakarta. Mau bengi isih rembugan karo ibune, Bu Hartati nganti wayah wengi. Bu Hartati tansah wanti-wanti supaya Laila ndunungake anak-anake, Kartika karo Erina. Supaya anggone mlaku nang tembe ngarep tansah ngati-ati lan pener arahe. Atine nratap kelingan welinge ibune. Ana apa kok ndadak paring weling dibolan-baleni tanpa kendhat pirang-pirang dina iki. Pikirane mak nyut kelingan putrine loro.

Kartika wis ora perlu disamarke amarga wis omah-omah, wis cekel gawe mapan ana Jakarta. Mung Erina sing sajake perlu didhampingi kanthi sabar. Durung mantep arep sesambungan karo priya. Tansah ana rasa wedi, samar nek entuk pasangan sing brangasan kaya Bapake. Erina wis meh ngrampungake program S2-ne ana Universitas Indonesia, ana babagan Ilmu Hukum. Embuh kena apa kok Erina bola bali sambat jare kabotan, ora kuwat mikir, kebak rasa kuwatir lan wedi. Nek ditlesih apa sing diwedeni ora isa awesh wangsulan sing maton. Skripsine wis disetujoni dening pembimbinge, mung kari ujian akhir. Laila wis janji dheweke arep ngancani ana Jakarta menawa Erina ujian akhir mengko. Mau bengi nang tilpon ya mung sambat nek kewedan, dheg-dhegan lan kebak rasa kuwatir.

Tekan stasiun wis wiwit rame, akeh penumpang arep budhal menyang luar kota. Laila diterke dening porter mlebu peron lan munggah gerbong eksekutif. Gawane ora akeh, mung tas cilik-cilik loro. Wis sisan pesen nomer kursi, entuk ana sisih tengen jejer jendhela. Ora suwe sepur mangkat

ninggalake stasiun, gawe lega atine Laila, ora kebrebegan swara wong nunjang palang. Sepur alon-alon metu saka stasiun arah ngidul ngulon tumuju Ngayogyakarta.

Bareng wis tekan njaban kutha, sawah-sawah saamban-amban katon ijo royo-royo. Pari durung wayahe mratak mula isih katon warna ijo rata. Mengko nek wis tanduran pari padha mratak, lagi katon warnane kuning emas saamban-amban. Adoh ana sebelah tengen katon lamat-lamat Gunung Merapi, anteng mibawani. Ana kebluk metu saka pucuking gunung, katon nengsemake ana pandeleng. Katone pancen endah ning aja takon nek pas kurda, kebluk kuwi dadi awan panas sing diarani wedhus gembel, gawe pepati lan kasangsaran sing nggegirisi.

Atine Laila Saraswati tansah ngungun, alam tansah katon endah, katon asri nengsemake. Ananging kena apa kok urip pribadhine tansah mendhung kasaput mega. Uripe karo Pang sisihane kaya mung sandhiwara, ora ana rasa tresna lan eman antarane dheweke saloron.

Udakara sajam sepur wis ngancik kutha Yogya. Mandheg sedhela ana stasiun Tugu sing katon megah, pengkuh lan bawera. Akeh penumpang sing munggah ana stasiun Tugu. Mung siji loro prasasat ora ana sing medhun. Sepur Argo Lawu, jurusan adoh Solo Jakarta, rada larang nek mung arep numpak saka Solo nang Yogya. Ora sumbut larange merga jarak cedhak. Kabeh arep lunga mangulon, saperangan gedhe mbokmenawa menyang Jakarta. Apa priya parlente, ngagem jas warna abu-abu ngenggoni kursi jejere Laila. Priyayine gagah kanthi trapsila nyapa Laila.

“Nuwun sewu ibu kursi punika panggenan kula njih.”

“Mangga Bapak pun lenggahi. Tindak dhateng Jakarta?”

“Injih ibu rapat wonten Jakarta benjang enjang, wonten DEPARLU Pejambon, lajeng teras bidhal dhateng Phom Penh, Kamboja, dinten salajengipun. Kula ngayahi tugas wonten mrika, wonten kedhutaan.”

Priya iku yuswane wis setengah umur, mbokmenawa seket taun punjul sithik panyandrane. Gagah, bagus kulite resik alus. Ngagem kemeja warna putih karo nyangking jas, semampir ana lengene sisih kiwa. Rambute wis mawur semeblak warna putih senajan durung rata. Akeh eseme lan grapyak semanak solah bawane.

“Asmapenjenengansinten ibu?Ndherektepang, namikula BudiPrayoga, saking Yogya mriki kemawon.”

“Kasinggihan Bapak, kula Laila Saraswati, badhe dhateng Jakarta, tuwi anak kula. Kula manggen wonten Bengkulu, mucal dados guru SMA.”

“Wah ibu guru njih. Tamtu para murid tansah remen pun wucal panjenengan.”

"Kok saged ngendika ngaten?"

"Namung kula trapaken dhateng badan kula, menawi pun wucal ibu guru ingkang gandhes luwes ngaten, temtu tansah remen lan sregep."



*Bamfar
2023,-*

Laila rada kaget nganti mbrabak praupane. Klencutan solahe, lagi wae kenalan bubar wae salaman kok wis wani nyemoni. Senajan sinamun ing samudana kanthi guyon. Ana rasa kurmat ing njero atine marang priya iku. Grapyak semanak lan bawane trapsila banget. Dheweke rumangsa diajeni lan dieringi. Kamangka kalungguhane mesthi ya dhuwur lan penting, nyambut gawe kedhutaan ana Phnom Penh. Beda banget kahanane karo nek wawan rembug karo sisihane Pang, tansah nganggèp dheweke luwih endhek ana ngisor, malah asring kasar tanpa unggah-ungguh. Senajan wanita, dheweke kangen swasana wawan rembug sing padha dene anggone ngajeni kaya esuk iku. Wong loro ngobrol kanthi semanak lan sangsaya suwe sangsaya raket. Ya ngobrol prekara gaweyan, prekara hobi, prekara kabudayan lan sapanunggalane. Suwe-suwe kok tepungan anyar iku ngajak omong ngoko wae, ben saya akrab lan ora kaku jarene.

“Nuwun sewu Jeng, apike kok awake dhewe ora susah basa mlipis. Ora bebas aku, basaku ora lancar. Kersa ya nek basane awake dhewe ngoko wae, ganti gaya ngono?”

“Njih aku dherek wae Bapak. Nuwun sewu nek basaku kaku, suwe urip ana luar Jawa.”

“Wis pirang taun ngasta nang Bengkulu? Krasan ya ana kana?”

“Wiwit bubar lulus kuliah, aku urip ana kutha iku. Aku nyenengi profesiku minangka guru. Uga usahaku ana kana wis ngrembaka, eman-eman nek ditinggal.”

Priya iku ngetokake kartu nama nganggo basa Inggris, mratelakake menawa dheweke salah sijining punggawa diplomat ana Kedhutaan Republik Indonesia. Laila uga menehake kartu namane, ngetokke posisi lan alamat. Guru Fisika lan Ilmu Pengetahuan Alam, dene alamat katulis Hotel Kanthil. Loro-lorone padha dene anggone ering nalika mangerteni profesine. Anggone wawan rembug sangsaya nengsemake. Sedhela-sedhela Pak Prayoga, ya Budi Prayoga, ngelingake menawa pas ana pemandhangan sing endah ana njaba. Katon banget menawa wonge ki tresnan alam lingkungan.

Rikala ngancik wayah tengah dina, wayahe mangan awan. Priya iku nawani Laila apa gelem diajak makan siang bareng, ana gerbong restorasi. Laila rada ewuh anggone arep nyiyani, ning nang njero atine sajane pengin. Dheweke ora langsung mangsuli ajakane Budi, nanging mbalik awèh pitakonan. Jane wetenge ya krasa kroncongan, amarga esuk mau mung ngombe kopi susu karo roti tawar sairis.

“Yahmene mosok wis wayahe dhahar awan?”

“Iya wis jam setengah siji. Aja nganti telat, isa kena maag. Aku mesthi njaga jadwal maem. Kudu tansah ngati-ati, wis ngunduri tuwa. Mangga tak

kancani.”

“Matur nuwun, mangga tak dherekke, karo ngobrol.”

“Iya apike kok ana restorasi wae ya, isa luwih kepenak anggone lungguh.”

Wong loro bareng pindhah restorasi. Ora patiya rame. Mbokmenawa penumpang luwih seneng pesen makan siang nang kursi dhewe-dhewe, ora ndadak pindhah-pindhah. Laila pesen wedang jeruk anget karo sega rawon Jawa Timuran. Pak Prayoga pesen selat Solo karo teh anget. Wong loro sangsaya asyik anggone padha rembugan sinambi makan siang. Laila crita prekara kagiyatane ana Bengkulu, klebu hobine main tennis. Pak Prayoga senengane main golf wiwit saka umur telung puluh taunan. Gathuk mathuk anggone padha rembugan. Uga nyritakake prekara keluwargane.

Pak Prayoga, putrane wis mentas kabeh, siji ana Yogya, sijine ana Singapura. Wis omah-omah kabeh. Bu Prayoga sok nang Yogya, sok nang Phom Penh, selang-seling pendhak rong sasi. Garwane duwe usaha toko bathik ana Yogya, ora isa ditinggal sateruse. Laila uga nyritakake keluwargane, sisihane dadi Kepala Lembaga Pemasarakatan. Dheweke uga nyritakake kagiyatane ana ing Bengkulu. Anake loro, Kartika karo Erina nyambut gawe ana Jakarta. Kartika dadi dhosen, dene adhine Erina nyambut gawe ana Kejaksaan Agung. Wong loro ora tedheng aling-aling nyritakake keluwargane, pancen ora ana sing perlu ditutup-tutupi.

Bubar makan siang wong loro enggal bali ana kursine. Laila arep mbayar ongkos makan siang nanging dipenggak dening Pak Prayoga. Karepe arep dibayar kabeh dening Pak Prayoga, nanging Laila puguh nek dheweke kudu melu mbayar. Akhire wong loro bathonan mbayar separo-separo. Sepur rada goyang lakune. Dadakan Laila sing mlaku ana ngarep, goyang lakune arep tiba. Untung ditampani dening kancane mau, dadine ora tiba. Atine nratab, suwe ora tau direngkuh priya kanthi lembut. Ambune parfum sing dinggo Pak Prayoga krasa lembut seger.

Gawane ngantuk bubar makan siang, ndilalah mau bengi dheweke kurang turu, Laila keturon tanpa sadhar. Ngimpi endah banget, dheweke nang kanane dirangkul Hari Setiawan, mlaku-mlaku ing galengan antarane sawah-sawah sing asri iku. Rumangsa seneng banget lan tentrem atine. Nangis lirih ana rangkulane Hari, tangane nggegem kenceng tangane tunangane. Rada sauntara anggone turu, kepilut impen kang sarwo endah. Tangi-tangi wis rada sore, sepur wis nyedhaki kutha Jakarta. Kaget banget nalika tangane nggegem tangane priye sing mentas kenalan, Budi Prayoga. Enggal-enggal genggemane diculke, nata anggone lungguh.

“Panjenengan mau sare kepenak banget Jeng. Ora tegel arep nggugah.”

“Injih Bapak, kurang turu mau bengi, ana rembug wigati karo ibuku”

“Njenengan tansah ngrintih lan muwun nalika sare mau. Muga-muga dudu impen sing gawe susah.”

“Mung kegawa impen kok. Mung rada adoh kegeret nuruti impen.”

“Anggere impen sing endah gawe ati tentrem lan seneng Jeng.”

Atine nrtab krungu guneme kanca priya sing lagi kenal iku. Nanging dheweke uga trenyuh amarga mentas ngimpi endah banget ketemu Hari Setiawan. Kangen banget rasane marang bekas tunangane iku. Ora isa ilang saka uripe. Sadhar kahanane, dheweke nyoba ngeculke genggeman tangane Prayoga, ning kok malah saya kenceng genggemane. Mung meneng wae, dheweke ora duwe panyandra ala marang priya iku. Mung manut melu lakuning rasa, kaya melu ilining banyu. Tekan stasiun Gambir, dheweke medhun dikanthi dening Pak Prayoga.

“Jeng Laila, aku dipethuk sopir, sliramu tujuwane menyang endi, sisan tak dherekake.”

“Wah malah gawe repotmu Pak Prayoga, aku tak numpak taksi wae. Menyang besesdhe”

“Ora apa-apa Jeng, ben tuntas anggone ngobrol. Aja nimbali Bapak marang aku, Mas wae.”

“Wah gawe repot mu Mas. Aku tak numpak taksi wae.”

“Babar pisan ora ngrepoti Jeng, aku ora kesusu, tak dherekke wae.”

“Ya ndherek wae aku, angger ora gawe repotmu.”

Wayaha wis ngancik jam papat. Laila melu ana mobile Pak Prayoga. Ora apa-apa kan mung didrop wae, Prayoga ora perlu medhun. Mbokmenawa Kartika karo Erina ya durung tekan ngomah. Dheweke ngrungokke critane Budi Prayoga kanthi sareh. Rasane seneng duwe kenalan, priya sing gawane sopan lan ngajeni marang wong wadon. Tekan omah panggonane Kartika, dheweke ngaturke panuwun marang tepungan anyare mau. Salaman kenceng.

“Matur nuwun banget wis diterke ya Mas.”

“Aja lali kabar-kabaran liwat Whatsap ya Jeng. Nomerku wis kok simpen kan? Aja lali sok mampir nang FB ku njih.”

“Injih mengko tak bukake FB njenengan. Nomer WA uga wis tak simpen.”

“Tak antu-antu mampir ana FB ku Jeng, muga-muga kekancan iki ana paedahe kanggo awake dhewe wong loro.”

“Andum slamet Mas. Ngati-ati ya”

Laila Saraswati atine seneng paribasane entuk tepungan anyar sing tansah sopan lan ngajeni. Apa maneh Prayoga teka saka kalangan diplomat. Ora baen-baen. Biyasane dheweke akeh srawung karo priya sing bisa diarani culika, mung pengin golek kesempatan saka dheweke. Embuh sisihane

Lamising Katresnan

dhewe Pangarso Wibawa, embuh pejabat sing menehi rekomendhasi kredhit bank, embuh pejabat sing nganakke lokakarya ana hotel Kanthil, endi kontraktor sing nggarap bangunan hotele lan sapanunggalane.

+++++



BAB 11

Blakasuta



Tekan omahe Kartika ing tlatah Bumi Serpong Damai, wis sore antara jam 17.30, omahe isih sepi. Kartika lan sisihane Indra, durung teka. Mung ana asisten rumah tangga sing mbukakke lawang. Laila Saraswati wis disiapke kamar tamu ana lantai ngisor. Omahe Kartika katon cekli lan resik, mratandhani nek tansah dirumat. Ana kamar telu, siji nang ngisor kanggo kamar tamu, lan loro ana lantai ndhuwur. Dheweke luwih seneng ana kamar tamu ngisor, ora perlu munggah medhun. Adus lan resik-resik dhisik ana kamar mandhi terus leyehe-leyeh istirahat. Anak-anake paling lagi jam wolu mengko anggone padha teka. Erina bakal teka langsung saka kantor, ora mulih dhisik nang apartemene ing Kemayoran. Bosen anggone klisikan, Laila banjur mbukak Facebook. Ana sawetara unggahan sing durung dibukak ana wall FB-ne. Mbukak WA ana pesen mlebu sawetara, sing narik kawigaten mung sing saka Budi Prayoga.

“Jeng Laila, seneng aku isa tepungan karo sliramu. Matur nuwun, muga-muga kekanan iki nggawa hikmah. Njaluk pangapura menawa ana solahku sing ora mranani.”

“Matur nuwun sakabehane Mas Prayoga, semono uga pangarep-arepku. Aku seneng lan kepranan pangandikan panjenengan.”

“Aku wis kirim penjaluk nang FB nggo kekanan ya Jeng.”

“Injih mengko tak bukake. Ati-ati ya Mas Prayoga.”

“Muga-muga ora suwe isa ketemu maneh. Ben taneg le ngobrol.”

Karo ngenteni Kartika lan Erina teka, Laila mbukak Facebook. Ana penjaluk kekanan saka wong akeh sing dheweke ora kenal. Mung ana siji sing narik, saka Budi Prayoga. Langsung disetujoni. Dheweke isa ndeleng kagiyatane tepungan anyar mau saka FB ne. Werna-werna kagiyatane Prayoga minangka diplomat. Kerep diundang dadi narasumber nang forum sing gegayutan karo Diplomasi lan Hubungan Internasional. Uga riwayat keluargane renes dipajang and Face book. Jam setengah wolu Kartika karo sisihane wis teka, sengaja mulih gasik ben taneg anggone ketemu ibune. Erina uga teka sedhela maneh sawise Kartika, praupane katon suntrut kaya wong bingung. Atine semedhot ndeleng kahanane anake ragil sing ditresnani.

“Seneng banget ibu ketemu karo awakmu kabeh, Kartika, Mas Indra karo Erina. Piye kahanamu kabeh. Mung ora ketemu rong sasi lo. Nek ana apa-apa aja

ragu-ragu omong karo ibumu ya.” Kartika mbagekake ibune kanthi seneng. “Sugeng rawuh ibu. Rong dina nyare kene wae ya.”

“Bengi iki jelas ana kene Wuk. Malah bubar maem mengko aku pengin omong-omong karo awakmu wong loro. Aku njaluk idinmu ya Mas Indra. Ya mung rembugan nang kamar wae wong telu kok.”

“Mangga ibu pun sekecakaken kaliyan Jeng Kartika dhawah Dhik Erina. Kula mangke wonten nginggil nggarap damelan wonten komputer.”

Wengi iku Laila, Karina, Erina karo Indra makan malam barengan. Pesen masakan saka Ojol ora ngurangi rasa seneng lan syukur. Kesempatan langka kanggone Kartika karo Erina. Wis wiwit esema ora urip bareng karo ibune. Mula saben ana kesempatan bareng, senenge ora karuwan. Mung wengi iku, Erina tansah suntrut kaya ana sing dipikir abot. Laila ya ngerti kahanane, mengko arep didhedhes nek dhewekan wong loro. Pancen kudu alon-alon. Dislamur karo guyon sajroning makan malam. Indra wonge uga blater, seneng guyon, Laila krasa cocok karo mantune iki. Ora tau ngetokke nek gaweyane sarwa penting. Kaya lageyane Pang nek diajak rembugan prekara keluwarga. Ana rembugan keluwarga sithik wae mesthi wis muni-muni keganggu. Bubar makan malam, antara jam sanganan Laila ngajak Kartika karo Erina mlebu kamar. Arep diajak rembugan prekara wigati.

“Kok nganeh-anehi ta bu, kadingaren pengin rembugan karo awake dhewe. Biyasane kan ibu mesthi nutup menawa ana masalah usaha. Ora susah melu-melu, tak rampungane dhewe.” Pitakonane Kartika.

“Prekara iki wigati ora mung kanggo ibumu, wuk. Ning ana gegayutane karo awakmu, utamane Erina.”

“Ana apa ta bu kok sajak mutawatiri?”

“Ora mutawatiri, mung awakmu kudu tak wenehi weruh. Kanggo tentreme uripku. Apa nate dicritani Eyang Putri prekara Eyang Sukma almarhum lan putrane Pakdhe Hari Setiawan.”

“Mung lamat-lamat ning Eyang ora tau ngendika nganti tuntas. Malah mung gawe bingung. Mula ora tau dak pikir.”

“Ora maido, dudu barang gampang. Mula wengi iki aku bakal blakasuta nyritakake, prastawa mau marang awakmu karo adhimu Erina. Rungokna sing titi ya. Aku lagi bisa tentrem uripku nek wis isa mbukak wewadi iki.”

Laila Saraswati banjur nyritakake lelakon abot sing wis kepungkur antarane dheweke karo Hari Setiawan, sing wurung anggone tunangan, lan entuk bojo Pangarso Wibawa. Kerep mandheg anggone crita, unjal ambegan lan mbrabak raine ngembeng eluh. Anake loro Kartika karo Erina, ora mentala weruh ibune crita kanthi beban rasa sing abot. Bola-bali ngelingke ibune.

“Nek abot, ora perlu dicritakke ndhisik ibu. Kapan-kapan wae diteruske

nek pas lodhang.”

“Aku kudu nyritakake kanthi tuntas saiki. Eyangmu Hartati wis wanti-wanti aku kudu ngomong. Embuh panampamu piye terserah awakmu wuk. Aku ora bakal ninggal kono. Sing marahi aku kuwat nglakoni nganti dina iki, ya mung merga awakmu bocah loro.”

Bareng wis tuntas anggone crita, Laila Saraswati mung nangis mingsek-mingsek. Panyuwune aja nganti lelakone nurun marang anak-anake.

“Aku karo Erina ngerti banget kasangsarane ibu lan tekanan batin sing diendhem puluhan tahun. Aku karo Erina janji ora bakal kejlomprong nang dalan peteng kaya ibu. Ibu wis sukses mbangun karier lan usaha. Mbokmenawa iku isa kanggo nylamur.”

“Iya isa kanggo nylamur nek dideleng saka njaba. Bayangna nek kono dadi aku. Sing isa tak nggo nylamur, karo Bapakmu aku entuk momongan anak loro sing banget dak tresnani. Kuwi kanggoku sing baku. Aku ora pasrah, aku ora nyerah. Mung aku pengin tentrem nang tembe ngarep.”

“Apa ana rencana kontak karo Pakdhe Hari, bu? Nek arep silaturahmi nek perlu dikancani aku karo Erina ya bu. Nyambung paseduluran sing wis pedhot.”

“Durung ana rencana ki wuk. Ning ibumu duwe nomer HP ne pas bubar layat Budhe Sukma.”

“Iya apike wiwit kontak lewat HP dhisik bu. Sesambungan sedulur tetep ana paedahe. Terserah Bapak arep melu apa ora, ora susah tergantung Bapak.”

Laila wis entuk lampu ijo saka anak-anake menawa ana apike nyambung paseduluran maneh karo Hari Setiawan. Paseduluran sing wis pedhot selawe taun punjul. Iki sing diimpi-impi dening Eyang Hartati, senjata tunangan wuyung ateges paseduluran aja nganti melu pedhot.

+++

Esuk iki mau ana sawetara welingan WA mlebu, klebu saka Budi Prayoga. Nakokake apa isa ketemu Sabtu iki. Dheweke pengin takon-takon karo Laila Saraswati, prekara pengalaman lapangan UMKM, usaha kecil dan menengah. Prayoga asring menehi ceramah ana Kamboja pengalaman-pengalaman piye carane nguwati UMKM. Akeh narasumber ahli ning biyasane saka perguruan tinggi, akeh teorine lan kurang pengalaman kasus ana lapangan. Sesambungan antarane Kamboja lan Indonesia, akeh diisi dening program kanggo nguwati UMKM. Mula saben ketemu pengusaha lapangan, dheweke adreng anggone pengin nyinaoni kalodhangan iku.

“Piye kabare Jeng, seneng banget mesthine ketemu putra-putrane ya? Apa isa ketemu Sabtu iki, pengin ngobrol luwih akeh ana babagan nguwati usaha”
“Aku tak takon anak-anaku, Kartika karo Erina dhisik. Rencana arep mlaku-

mlaku nang mall esuk iki karo anak lan mantu."

"Ora apa-apa Jeng. Nang mall endi nek perlu tak aturi makan siang bareng-bareng. Aku longgar sawise jam 12.00 iki."

"Nuwun sewu tak takon karo anak-anakku ya Mas."

Pas sarapan esuk Laila Saraswati takon karo Kartika lan Laila, apa kabotan menawa ana tepungan sing pengin ngajak makan siang. Pejabat Kedhutaan Republik Indonesia ing Phnom Penh. Kartika kaya dielingke, pas program paska sarjana ana Jepang dheweke ngrampungake studi prekara saingan antarane negara-negara adidaya Kulon karo China nang Kamboja. Rumangsa seneng banget nek bisa ketemu diplomat saka kedhutaan soale pengin pengin miwiti penelitian anyar ana Kamboja. Tlatah penelitiane Kartika pancen mligi babagan sosial politik ing negara-negara Asia Tenggara.

"Aku seneng banget ibu nek isa kenalan. Asmane sapa? Mas Indra tak kira ya setuju wae. Sapa ngerti nek ana kalodhangan dolan menyang Phnom Penh, salah sijining pusat kabudayan Asia."

Erina tetep meneng lan ragu-ragu. Bareng ndeleng kagiyatane Pak Prayoga ana FB ne sing sering dadi narasumber ana forum panguwatan UMKM, dheweke banjur duwe krenteg melu makan siang. Batine muga-muga isa takon-takon sisih praktis prekara bandhingane hukum sewa-menyewa antarane Kamboja lan Indonesia. Tesise nyoba mbandhingake hukum sewa-menyewa property antarane negara-negara ASEAN. Datane wis lengkap njupuk saka internet.

Jam siji bubar mlaku-mlaku ana Pondhok Indhah Mall, Laila sarombongan banjur mara nang restoran Dhapur Sundha. Adoh-adoh mara nang Pondhok Indhah, amarga Laila pengin niliki lan nginep ana apartemen sing ditunggu Erina. Dheweke uga pengin ndhedhes anake ragil, ana prekara apa sing dadi sanggan pikirane. Apartemene duweke Laila ana daerah Jakarta Lor, ana wilayah Kemayoran. Anggone tuku wis sawetara taun, kanggo nginep nek pas ana urusan ana Jakarta. Wektu iki Erina manggon ana apartemen iku. Isih regeng anggone ngobrol, nalika Budi Prayoga teka lan nggabung. Dikenalke dening Laila marang anak-anake lan mantune.

"Sugeng siang Pak Prayoga. Tepungke iki anakku mbarep Kartika Sawitri, nyambut gawe dadi dosen lan peneliti. Iki sisihane mas Indra, nyambut gawe ana sawijining bank asing ana BSD. Lan iki Erina Sawitri, ragilku lagi studi S2 ana UI, nyambut gawe ana Kejaksaan Agung."

Pak Prayoga nyalami siji-siji kanthi sopan. Nganggo setelan hem putih ditekuk sangsore sikut, karo pantalon ireng ngisorane. Katon grapyak semanak lan akeh eseme.

Lamising Katresnan

“Seneng banget isa ketemu njenengan Bu Laila, karo putri lan putramu. Rumangsa untung lan kinormatan aku.”

“Injih sami-sami Pak Prayoga, aku karo anak-anakku semono uga. Mongkok bisa ketemu lan wawan rembug karo pejabat diplomat. Akeh sing arep ditakokke iki sajake.”

Karo nikmati makan siang, Pak Prayoga, Laila lan putra-putrine regeng anggone padha ngobrol. Ana wae sing dirembug, Kartika miwiti rembug ngelingake nek dheweke nate penelitian prekara Kamboja.

“Rikala program paska wonten Jepang, kula nate studi ngengingi Kamboja, prekawis kompetisi antawisipun Cina kaliyan Amerika. Laporanipun sampun dipun publikasi dening universtas”

“Njih mbak, topik menarik kuwi ketok banget negara-negara adi daya padha rebutan pengaruh ana Kamboja. Dudu negara sugih, ning merga dadi tujuwan wisata budhaya sing penting nang Asia, negara-negara adi daya pengin nanemke pengaruhhe. Candhi Angkor Wat kaya dene candhi Borobudhur lan Prambanan, wis katetepake dadi Warisan Budhaya Dhunia dening UNESCO.”

“Pengin nerasaken studi prekawis Kamboja, dospundi saged nggiyataken sesambetan Kamboja Indonesia, ingkang sampun kawiwitan wiwit jaman kina, jaman kamardikan, lan jaman modern punika.”

“Penting banget mbak, sesambungan antarane Nuswantara, keraton Medhang ing Jawa Tengah karo bangsa Khmer wis kedadeyan wiwit jaman kuna. Pas kedadeyan perang saudhara ing Kamboja, Indonesia dadi salah sijining penengah nganti kesepakatan perjanjian dhamai Paris ditandha tangani. Indonesia uga ngirim pasukan Garuda, pasukan perdhamaian sing wis dipercaya dening dhunia internasional. Ning akeh generasi saiki sing ora ngelingi sesambungan mau”

“Kaleresan kula ndherek kelompok studi ing Ngayogyakarta, Medhang Heritage Society ingkang tansah ngawontenaken diskusi virtual kaliyan kelompok saking Kamboja, Cambodhia Indonesia Friendship Virtual Forum. Menawi kersa Bapak Prayoga kita usulaken dados nara sumber mangke.”

“Iya seneng banget aku Mbak, muga-muga isa kaleksanan. Ning aku dudu akadhemisi sing wasis aweh wawasan ilmiah lho.”

“Mboten menapa, punika sanes forum ilmiah kok Oom, forum kangge diskusi sejarah lan kabudayan antawis Kamboja lan Indonesia. Supados pangertosan tumrap negeri kekalih sanged ngrembaka ing antaraning warga Kamboja lan Indonesia.”

“Iya mengko tak sebarke nang kanca-kanca ana kedhutaan, mesthi nyengkuyung banget menawa ana inisiatif masyarakat nguwati sesambungan Kamboja lan Indhonesia.”

Rembungan antarane Pak Prayoga lan rombongan Laila Saraswati sangsaya regeng. Banjur takon apa wae kagiyatane Bu Laila ing babagan UMKM. Narik kawigatene Prayoga amarga dheweke duwe program nyedhakake antarane tokoh perempuan pelaku bisnis saka Indonesia lan saka Kamboja. Kagiyatane Bu Laila Saraswati anggone miwiti lan mbangun usaha wiwit saka ngisor nganti ngrembaka dadi gedhe dadi kasus sing narik kanggo di sinaoni. Usaha mau nyakup perhotelan, pabrik plastik, mebel, sarang burung, pabrik areng, pabrik briket grajen kayu lan liya-liyane isa dadi conto kasus. Mesthi akeh niba nangine kaya sing asring dialami usaha cilik ana Kamboja. Sing narik maneh ana usaha-usaha produk makanan lan minuman sing dipandhegani dening usahawan wanita saka Kamboja lan Laos kok isa nembus ekspor nang Eropa, kamangka babagan produk makanan lan minuman ing Eropa iku ketat banget aturane.

“Kapan-kapan mbok tindak Kamboja ya Jeng, sokur nek kersa sarasehan karo mitra pengusaha wanita ana Kamboja, sekalian karo wisata.”
“Injih Pak Prayoga, aku ketarik banget nek isa teka nang Kamboja lan mbangun hubungan karo mitra ana kana.” Kartika karo sisihane Indra, banjur gage anyaruwe.

“Mbok bareng-bareng sisan nek nang Kamboja, aku karo mas Indra ndherek. Aku tak nglamar dhana penelitian prekara Kamboja, lan mas Indra mesthine ya nek pas cuti liburan isa melu.”

“Apik banget kabeh isa direncana kanthi tlesih. Kapan wektune, mengko aku nang Kamboja tak kontak karo para pelaku UMKM lan aktivis perempuan.”

Pak Prayoga rumangsa seneng banget isa tukar wawasan karo Bu Laila Saraswati lan putra-putrine mau. Akeh sing isa ditindak lanjuti. Kekancan pribadi ning uga ana sesambungan pofesi sing produktif. Mung Erina Sawitri sing rada meneng, senjata dheweke pengin banget melu wawan rembug. Dheweke mbandhingake surat perjanjian sewa-menyewa omah utawa property antarane ekspatriat lan pemilik property ing ibu kota negara-negara ASEAN. Dheweke takon marang Pak Prayoga modhel perjanjian antara penyewa lan pemilik omah.

Kenapa prekara iku dadi narik kawigaten? Amarga akeh kedadeyan ana Indonesia, sing duwe omah asring dirugekake dening penyewa asing. Omah sing ditinggal penyewa asing bangunan fisike sok rusak, nek ora akeh bangunan tempelan sing ngganggu, tunggakan tilpun asring ora dibayar, penyewa ninggal lunga omah sing dienggoni kanthi sidhem ora pamitan saengga ora ana etung-etungan biaya sing perlu dilunasi dhisik sadurunge lunga. Rada kaget Pak Prayoga krungu critane Erina. Sangertine dheweke perjanjen antarane penyewa lan pemilik omah, pokok-pokok sing kudu dilakoni dening pemilik lan penyewa wis njlimet lan cetha. Utamane

para diplomat, biyasane perjanjian mau liwat perusahaan perantara utawa kaaranan broker sing pengalaman lan isa dipercaya. Ning mbokmenawa akeh pemilik omah sing gawe perjanjian dhewe tanpa liwat broker mau saengga isa kapusan. Pak Prayoga njaluk dikirimi draft laporan penelitiane.

“Tulung aku dikirimi kasil penelitiane, mengko tak melu ndeleng piye carane ngindhungi pemilik omah sing perjanjene ora liwat broker ya Mbak Erina.”
“Njih Oom mangke kula kintun. Nyuwun no WA kaliyan email. Mbok menawi badhe kula pasrahaken wulan ngajeng, lajeng ujian pungkasan kalih wulan malih.”

“Iya Mbak, mengko kontak-kontakan ya. Muga-muga aku isa mbiyantu.”

Laila Saraswati rumangsa seneng banget isa makan siang lan rembugan karo Pak Prayoga. Luwih maneh meruhi anake Kartika karo Erina, isa akrab lan takon-takon prekara studine. Senajan mung awujud usulan sedherhana tumrap prekara sing ditakokke, nanging iku penting kanggo mompa semangat lan motivasi Kartika karo Erina. Tanpa sadhar dheweke kelingan Bapake anak-anake, sing babar pisan ora tau isa dijaluki panemu. Mung senengane maido lan nesu-nesu nek ditakoni anak-anake. Muga-muga anggone kekancan karo Pak Prayoga nggawa manfaat kanggo dheweke lan kanggone Pak Prayoga. Mung kekancan, ora ana krenteg apa-apa. Sore iku sowang-sowang kanthi ati seneng, mbokmenawa taun iki nek ora ana alangan pengin wisata nang Kamboja. Ana kenalan nang Phnom Penh. Kanggone Bu Laila Saraswati, biaya dudu masalah. Bandhane wis turah-turah, ora eman-eman nek nggo seneng-seneng dheweke lan anak-anake.

+++++



BAB 12
Tangise Anak

Bubar acara makan siang karo Pak Prayoga lan anak dalah mantune, Laila Saraswati ora bali menyang BSD ana omahe Kartika. Dheweke sengaja arep nginep nang apartemene ing Kemayoran. Pengin ndhedhes anak ragil, Erina Sawitri, geneya kok tansah katon sedhik lan suntrut. Mesthi ana apa-apa. Rikala ketemu sesasi kepungkur pancen wis ana tandha-tandha menawa ana sing ora beres. Wulan-wulan iki pancen kudu ujian akhir S2-ne. Mengko nek kedlarung-dlarung anggone nandhang susah kan isa mutawatiri. Ora tegel arep ngajak anake mbarep Kartika nginep ana apartemen. Ning malah Kartika dhewe sing kewetu pengin melu.

“Bengi iki ibu nyare ana apartemen ya? Jane aku ya pengin banget menawa nyare maneh nang omahku wae. Erina kan isa melu nginep ana BSD.”

“Aku pengin niliki apartemen uga Wuk. Karo arep omong-omong karo adhimu.”

“Upama aku karo Mas Indra ndherek nginep nang apartemen, pareng ya bu. Aku ya pengin melu omong-omong karo adhikku.”

“Iya ora apa-apa, angger ora ngganggu awakmu karo Mas Indra. Mengko bengi isa makan malam bareng ana rumah makan Padhang ana lantai dhasar. Ora istimewa panggonane, ning masakan rendhange istimewa.”

Sore iku Laila karo anak lan mantune padha obyong-obyong lunga nang Kemayoran. Numpak mobil dhewe-dhewe. Dina Minggu sesuk Laila arep mabur menyang Bengkulu. Senen kudu mlebu mulang kaya adat sabene. Jane wis suwe mikir-mikir pengin mandheg anggone dadi guru, isa ngajokke pensiun dhini menawa umure wis nyandhak seket tahun. Dirasake sangsaya ribet tatacara administratip dadi guru. Ana program sertifikasi guru ya mung gawe gela. Sing nglakoni dheweke kabeh anggone mulang babagan Fisika, kok dheweke malah jare ora isa memenuhi sertifikasi. Kancane sing arang adoh mulang, malah entuk sertifikasi. Nganti kanca-kanca alumni melu padha protes. Kanyata petugas komputer sing ditugasi nglebokake data, kleru anggone nglebokke. Ditututi nganggo surat resmi nang Dhinas lan nang Kementrian wis ora isa diowahi. Wis mantep mandheg wae. Wulan September mengko wis isa ngajokke pensiun dhini. Mung kurang rong sasinan maneh, ning berkas-berkas wis diaspake kabeh.

Sing kudu diurus sangsaya akeh saiki, lagi perluasan hotel lan ngrintis pabrik briket grajen kayu ana Kedhiri. Produksi areng wis wiwit lan wis ekspor nang Timur Tengah. Kabeh isa diayati kanthi telaten, teliti anggone

mbagi wektu. Ning meruhi kahanane Erina, atine semedhot. Dheweke ora isa meneng wae rikala anake ngadhepi reribed. Kabeh usaha mau pancen mung kanggo njagani ben anak-anake duwe tembe ngarep sing tentrem, seneng lan ora kekurangan. Wengi iku bareng-bareng makan malam ana restoran Padhang ana lantai dhasar. Ora patiya gedhe. Saben nginep ana apartemen, Laila ora lali mesthi ngelegakake mampir restoran iku.

“Mas Indra ora kagol ta le acara Mingguon keganggu, Kartika sing njalak melu nginep kene.”

“Mboten babar pindhah ibu, malah remen maem rendhang menika. Sampun dangu mboten manggihi rendhang.”

“Aku mengko karo Kartika lan Erina, arep rembugan sedhela ana kamar ya Mas. Awakmu dikepenakke.”

“Mangga ibu dipun sekecakaken kemawon. Mbokmenawi dalu menawi mboten ngantuk badhe ningali mid-nite show wonten sinima.”

“Wah ora isa melu aku. Sesuk kudu tangi esuk, entuk pesawat jam setengah sepuluh. Jam pitu wis kudu budhal.”

“Kula dherekaken benjang enjang njih bu.”

“Ora susah, aku wis pesen Silver Bird jam 07.00.”

Bubar makan malam Laila ngajak Kartika karo Erina munggah maneh nang unite ing lantai pitu. Apartemen iki klebu lumayan penak, ora rame. Dirumat kanthi apik dening pengelola. Wis telung taun iki srah-srahan. Tuku wiwit sepisanan dibukak. Cicilane ora patiya abot. Dilunasi sajroning rong taun. Rampung anggone nyicil langsung serah terima kunci. Ana perjanjian karo pengelola. Sing marahi ribed, mung kelakuwane makelar utawa broker. Narik iuran gedhe saka pemilik ning anggone masrahke nang pengelola kerep telate.

Jam setengah sanga Laila ngajak Erina karo Kartika mlebu kamar. Laila pengin mbujuk Erina, supaya terus terang ana masalah apa.

“Dak sawang-sawang kerik-kerik iki kok praupanmu tansah suntrut, tansah sedhik ta wuk. Bares wae marang ibumu lan mbakyumu, mbokmenawa isa ngentheng-enthengi awakmu.”

Laila miwiti rembug. Ora gampang merga Erina pancen gawane menengan. Kabeh pepenginanane diendhem dhewe. Ora seneng sambat karo ibune lan mbakyune. Erina unjal ambegan banjur matur alon-alon.

“Jane aku ora apa-apa kok bu. Mung lagi ngadhepi tugas sing rumit. Ujian akhir program paska kudu semester iki rampung. Datane wis kumpul kabeh, naskah tesis wis meh rampung, mung dheg-dhegan anggone bakal ngadhepi ujian mengko.”

“Ya kuwi kan awakmu mesthi wis luwih ngerti ta Wuk, ora susah dipikir abot. Dilakoni wae, kuwi proses sing kudu diliwati ana program S2.”

Kartika banjur melu nyela, dheweke wis luwih pengalaman amarga bolabali nganakake riset lan mbimbing mahasiswa S2.

“Dilakoni kanthi entheng Dhik, aja digawe abot. Ngglundhung wae kan mesthi beres.”

“Bubar ujian S2, aku kudu nglakoni proses skrining pengangkatan pegawe tetap ana kantor. Ora mung sepisan, ana test sawetara sing kudu diliwati.”

“Ibumu mengko bakal ngancani awakmu wuk, aja nganti kethetheran ngadhepi. Nek mung prekara loro iku gampang, mesthi isa diliwati. Apa isih ana prekara wigati sing ibumu karo mbakyumu perlu ngerti?”

Didhesek dening ibune, karo mbakyune, Erina meneng suwe. Mung bolak-balik unjal ambegan. Bareng dirangkul ibune, lagi gelem bares ngandharake masalah abot sing diadhepi.

“Nyuwun duka ibu, aku durung tau matur babar pisan. Jane aku ana sesambungan karo kanca sakantor. Padha-padha dadi calon pegawe tetap ana Kejawung. Maune apik-apik wae, rumangsaku isa urip bareng salawase. Ning suwe-suwe tak rasake kok saya abot lan saya angel.”

“Kuwi prekara wigati kanggo salawase. Ora perlu kesusu anggonmu gawe putusan. Awakmu sing paling mangerteni wuk”

“Iya bu, dheweke cemburuan banget. Nek wis cemburu anggone nyecer pitakonan gawe sedhih. Aku dicemburui karo atasanku, karo kanca satim, karo mantan kanca kuliah ana Yogya barang. Malah ndhesek aku nglakoni priksan keperawanan. Aku isih prawan ning emoh ditekan kaya ngono.”

Kartika krungu sambate adhine banjur nyaruwe.

“Saiki jamane wis beda dhik. Wong lanang karo wadon drajade padha, hake padha. Aja manut nek arep dikontrol, kok kaya-kaya awakmu dadi ingon-ingone dheweke. Kudu kuwat lan teges anggone ngadhepi. Akeh kedadeyan kaya ngono, sing pungkasane ngganggu wanita ngembangke kariere.”

“Prekara kuwi apike kudu enggal kok pikir abot enthege, apik alane arep terus apa arep mandheg. Mumpung durung kebacut ya Wuk.”

“Iya ibu lan Mbak Kartika, aku wis isa mutusi, saka sithik ngadoh saka dheweke. Nanging sajake kok ora trima. Senengane nyindhir lan mbukak ing antarane kanca-kanca. Nek pas diskusi terbuka, ora ragu-ragu anggone nyindhir lan mbuli aku.”

“Iya sapa jenenge kancamu iku, ibu karo mbakyumu perlu mangerteni.”

“Heru, Heru Atmaka. Kanca saangkatan ana Calon Pegawe KEJAWUNG.”

“Ngene ya Wuk, iki barang gampang ning ya dudu prekara sepele. Kudu

diadhepi kanti tatag lan ati-ati. Prekara tesismu, wingi Pak Prayoga kan wis kewetu bisa paring saran kanggo rekomendhasine. Ibumu yakin dheweke bakal paring saran sing nggawa manfaat. Pak Prayoga dudu dhosen, ning kerep melu dadi ahli tamu ana universitas. Prekara karo kancamu sapa iku mau, Heru, mengko dak takon-takon kancaku aktivis perempuan. Mesthi ana dalan ngadhepi prekara rundungan kaya ngono.”

“Iya ibu lan mbakyuku, Aku nyuwun sewu menawa gawe repotmu. Aku kudu blaka, kabeh ora isa dak sandhang dhewe. Isih ana prekara wigati siji sing gawe pikiran. Gegayutan karo ibu, apa aku pareng matur?”

“Iya kandhakna wuk. Ora ana wewadi antarane awake dhewe wuk.”

“Nuwun sewu ibu, aku telung minggu kepungkur ditemoni karo salah sijine pejabat bank pemerintah. Jane kenal cedhak banget karo ibu, malah kepara ana hubungan istimewa ana Bengkulu. Asmane Pak Fajar Wasesa, pejabat ana Kementerian Keuangan. Aku ditemoni ana Kantorku. Malah ana titipan kanggo ibu.”

Laila Saraswati dalah Kartika padha-padha kagete krungu rembuge Erina sing pungkasan. Laila banget anggone kaget menawa ana prekarane pribadi dheweke sing dadi beban kanggo Erina.

“Iya aku kenal Pak Fajar Wasesa, wuk, nalika panjenengane tugas dadi Direktur Bank pamarentah ana Bengkulu. Pancen raket anggonku kekancan karo dheweke. Mengko dak critani kanthi gamblang, aja saiki. Saiki sing penting ngadhepi reribedmu dhisik”

“Ana titipan kagem ibu, diweling kudu ditekakke langsung nang ibu. Dheweke ngedrel banget bola-bali takon apa titipane wis tekan ibu kok ora ana warta saka ibu”

Erina menehake kothak isine HP Samsung model paling anyar, karo ana surat ana amplop warna jambon. HP Samsung iku regane ora baen-baen. Laila ngampani kanthi anteng lan wangsulan.

“Kartika lan Erina, ibumu bakal nyritakake gandheng rentenge ibumu karo Pak Fajar Wasesa iku. Kedadeyan iki wis sawetara taun kepungkur nalika awakmu isih kuliah ana Yogya. Rumangsaku wis rampung, wis mandheg kok malah isih kedawa-dawa. Ora perlu kuwatir ya Wuk, prekara iki uga asring dialami kanca-kanca wanita pengusaha, apa maneh sing nang dhaerah. Bapakmu ya ngerti prekara mau. Ora ngewangi malah saya gawe bubrah. Mengko tak bukak kabeh, tak critani. Wis tau dadi topik sarasehan komunitas pengusaha wanita.”

+++

Senajan durung tuntas kabeh prekara sing dirembug karo Erina, Laila

Saraswati wis nyicil lega, dheweke wis ngerti apa sing disandhang dening anake mau. Malah dheweke uga pengin konsultasi marang kancane dhoker alhi jiwa sing kondhang ana Yogya. Sisan mbokmenawa karo ngenalke Erina marang test psikologi sing bakal dilakoni mengko nek pas proses syarat pengangkatan pegawe tetap KEJAGUNG. Laila tetep curiga menawa anake sing ragil iki nandhang masalah kejiwaan kok solah bawane katon aneh. Sedhik lan nangis dadakan tanpa sebab sing cetha. Apike kudu enggal konsultasi marang ahline.

Kaya sing disaranke dening ibune, Bu Hartati, dalah anak-anake, Kartika lan Erina, Laila Saraswati nyoba miwiti kontak karo mantan tunangane, Hari Setiawan. Senajan tunangan wurung, pengin nglestarekake sesambungan paseduluran karo Hari. Dheweke nyimpen nomer WA ne rikala ketemu pas layat almarhum Ibu Sukma. Ora duwe krenteg apa-apa, mung ngestokake dhawuhe wong tuwa supaya nyambung paseduluran maneh. Wis diwaca bolak-balik weling WA sing bakal dikirim.

“Mas Hari Setiawan sing kinormatan. Iki aku adhimu Laila Saraswati, ngaturi salam kslametan. Sepisan maneh aku ndherek belasungkawa sedane keng ibu, Ibu Sukma sawetara dina kepungkur. Aku dalah ibuku pengin banget lan nyuwun kanthi banget menawa paseduluran antarane keluarga Tanojo lan keluarga Baskara isa pulih kaya wingi uni, senajan awake dhewe ora dikeparengake neruske sesambungan endah selawe taun kepungkur. Kabeh wis kepungkur Mas, muga-muga anak turun keluarga loro isa nerusake maneh sesambungan sedulur sing tau pedhot amarga awake dhewe. Aku nyuwun pangapura nganti entek-entekane wektuku Mas Hari. Matur nuwun, salam kinormatan saka aku, Laila.”

Nawala iku bola-bali diwaca. Dheweke ora isa ngendhani tembung-tembung asih kaya rikala isih tetunangan. Akhiré weling iku kakirimake kanthi pangarep-arep muga-muga Hari Setiawan gelem menehi wangsulan. Esuk-esuk nalika tangi saka turu, Laila mbukak HP, wangsulan saka Hari wis teka.

“Matur nuwun welinganmu Jeng Laila. Wis tak mangerteni surasane. Aku ya pengin sesambungan paseduluran antaraning keluarga Baskara lan Tanojo pulih maneh. Kapan-kapan nek aku pas mulih Solo, aku tak sowan Ibu Hartati ana Sambeng. Mung panyuwunku siji, aku pengin ngerti kena apa sliramu ninggalake aku dadakan rikala semana. Aku wis ikhlas kelangan sliramu, mung pengin ngerti larah-larahe kok dadakan isa kelangan. Aku uga pengin kenal karo putri-putrimu. Ben tepung karo ponakan-ponakanku. Mangga menawa kalodhangan awake dhewe isa ketemu karo bocah-bocah. Donga-dinonga. Hari.”

+++++



BAB 13
Pamangsa



Bu Laila Saraswati wis bali maneh ana Bengkulu lan nglakoni kagiyatan-kagiyatan kaya adat sabene. Wis wiwit mulang maneh. Kaya rencana sadurunge, dheweke wis ngajokke surat permohonan pensiun dhini. Jane isih seneng mulang wong kuwi profesine saka wiwitan. Ning kok dirasake saya angel lan saya nelangsa atine. Wong sertifikasi wae kok isa dimanipulasi. Embuh sing salah sapa. Administrasi sekolah alias Kepala Sekolah apa Kantor Dhinis. Sing cetha ditututi menyang Kementerian ana Jakarta wis ora isa dibenerke, dikon nunggu gelombang anyar sertifikasi maneh. Embuh pirang taun maneh.

Dheweke uga masgul krungu critane anake ragil, Erina menawa ana titipan saka pejabat Kementrian sing asmane Pak Fajar Wasesa. Dheweke wis kadhung janji arep mbeber crita karo anak-anake. Pancen akeh alangan kanggone wong wadon, kaya dheweke nek aktip banget ngembangke usaha apa profesine. Ora langka ketemu pejabat thukmis sing seneng mangsa wong wadon sing luwih ringkih kalungguhane. Dalasan mlaku ana dalan rumpil. Akeh pamangsa ana dalan, sawayah-wayah nggodha lan ngganggu lakuning usaha utawa gaweyan. Dheweke sadhar menawa dedeg piyadege, sing padhet lan weweg, lan rupa ayu sing tansah diupakara, mesthi narik kawigatene para priya thukmis.

Milih nulis marang anak-anake, Kartika lan Erina, supaya bisa luwih gamblang anggone njlentrehake prastawa-prastawa sing nate dialami. Nek ana sing kurang gamblang isa dirembug. Diwaca bola-bali sadurunge weling iku dikirim liwat hape.

Anakku Kartika karo Erina sing dak tresnani.

Muga-muga kahananmu ana Jakarta tansah apik-apik wae ya sawise ketemu ibumu wingi. Tugas sing kudu kok ayahi muga-muga tansah mlaku kanthi lancar tanpa alangan. Aku milih nulis weling iki tinimbang crita omongan. Kareben isa dak dhokumentasi lengkap pangalaman elek ketemu priya thukmis ing gaweyan lan kagiyatan usaha. Akeh kanca-kancaku ya sing padha ngalami prastawa sing meh padha. Gumantung marang kapribadene dhewedhewe, wong bisa milih arep aktip ngoncati uwal saka godha, apa arep kepilut rasa kasmaran lan keseret ana donyaning kadurakan lan perundhungan seksual.

Satleraman iki barang gampang sing bisa dioncati ngono wae. Ing alam kasunyatan, ora gampang uwal saka godha kaya ngono iku. Sing dak suwun awakmu, Kartika karo Erina sing dak tresnani, awakmu muga-muga tansah bisa ngendhani godha sing bakal ngrusak karier lan urip tembe ngarepmu. Menawa awakmu urip bareng karo priya sing kok tresnani, lan suwalike uga sing nresnani awakmu, mong tinemong among katresnan saloron, godha saka priya saliyaning sisihanmu, bakal gampang kok endhani, kok singkiri. Katresnan sing tulus karo pasanganmu prasasat isa kanggo tameng nyingkiri sarupaning godha saka priya pamangsa sing kerep ketemu ana pasrawungan. Kartika aku tansah dedonga muga-muga tresnamu marang Nakmas Indra ora bakal luntur salawase.

Kaya sing dak critakke pas ana Jakarta minggu wingi, ibumu wiwit nganten anyar wis kelangan katresnan lan kasetyan iku. Rencana urip bareng salawase karo priya sing banget dak tresnani, Pakdhe Hari Setiawan, wurung lan ambyar ana tengah dalan. Kepeksa kudu urip karo wong sing ora tau dak tresnani, sing wis ngrusak impenku. Urip kebak kadurakan lan lelamisan. Aku wong wadon lumrah sing ringkih, kadhangkala mempan kena godha, amarga tameng katresnanku wis ilang. Babarpisan ora ana karep golek alasan, nanging iku sing tansah tak rasake. Mung ana njaba wae mbokmenawa awakmu mandeng ibumu iku wanita sing pengkuh. Critaku prekara prastawa iki isa mbok nggo kaca benggala ana lakuning uripmu ana babagan profesi lan pribadhi. Pamangsa iku mesthi ana ing saubengmu, embuh kapan tekane.

Kasus sepisan gegayutan karo Pak Fajar Wasesa, sing Erina mbukak iku. Aku ketemu nalika dheweke dadi Kepala sawijining Bank Pamarentah ana Bengkulu. Kedadeyan iki wis rada suwe nalika Kartika isih ana Jepang, lan Erina isih kuliah ana Yogya. Kedadeyane mung sedhela, ning wis meh ngrusak karier profesi lan keluwargaku. Wektu semana, aku lagi mbangun perluasan hotel Kanthil, mbangun unit II ana sebelahe unit I sing wis mlaku. Aku butuh modhal tambahan amarga mlebu metune dhuwit saka unit I, durung cukup kanggo investasi ngambakake usaha. Banjur golek silihan kredhit ana Bank, ora akeh mung antarane karo tengah milyar. Aku ngajokke kredhit nang Bank sing dipimpin Pak Fajar.

Aku wira-wiri menyang Bank, uga petugas ngecek lokasi barang agunan sing tak nggo jaminan. Kuwi jalarane aku kenal karo Pak Fajar tanpa sengaja. Sawijining awan bubar saka sekolahan, aku teka menyang Bank, kabeh syarat wis lengkap lan aku yakin nek

dhuwit silihan iku isa enggal medhun. Petugas sing dak temoni ngomong arep ditemokke Kepala. Aku ya ora mikir curiga babarpisan, diajak mlebu nang kamar dhirektur. Kahanan lagi sepi, Pak Fajar menahi nasehat werna-werna cara-cara ngelola dhuwit investasi ben kredhit ora macet.

Aku kepranan banget marang sikape sing sopan lan jantan. Wiwitane mung biyasa-biyasa wae, nyenggol-nyenggol tangan. Suwe-suwe saya ndadra. Aku ora kuwawa nolak. Dheweke ngarasi ibumu kanthi sora lan anget ana kamar iku. Rikala semana ana rasa bangga nang njero atiku, ing atase dhirektur bank kok nganti gelem mesra-mesranan karo aku. Kamangka nang ngomah aku wis biyasa direndhahke dening bapakmu. Wektu iku anane mung rasa seneng lan mongkog wuk. Mung sedhela kedadayan iku, ning siale ora mung mandheg nganti semono.

Pak Fajar asring teka ana sekolah, kirim werna-werna kaya karangan bunga, makanan lan barang-barang kesenenganku. Aku ora bisa nolak, sesambunganku malah saya ndadi. Nganti kancaku guru ngelingake aku supaya mandheg ndak dadi caturan. Mandheg anggone nekani sekolahan, Pak Fajar malah banjur asring teka ana ngomah, ana toko mebel kae. Aku sangsaya kesengsem Wuk, senajan sajroning ati aku sadhar iku dudu barang apik. Ora mung semono, Pak Fajar asring ngajak aku dolan-dolan ngenggar-enggar ati ana panggonan-panggonan asri lan sepi kaya nang pantai. Pisan pindho nginep hotel ana luar kota menawa bapakmu lagi turne. Aku rumangsa nikmat sing ora tau dak rasake menawa bareng karo bapakmu. Wong wadon uga wenang milih, ben bisa seneng atine, ora mung nunut kaswargan karo bojo.

Pungkasane sawijining awan, nalika Pak Fajar mara ana ngomah nggawa kembang, bapakmu ngonangi kembang iku saka sapa. Dheweke wong lanang mesthi ora isa nampa. Ngamuk ora karuwan kae ora isa dierih-erih. Banjur mara menyang kantor Bank sore iku nalika wayahe wis sepi. Aku nututi nang Bank, dheweke lagi misuh-misuh ora karuwan nggoleki Pak Fajar. Ana petugas SATPAM telu ora isa apa-apa, bapakmu nggawa pistol. Ninggal weling marang sekretarisne Pak Fajar, nek dheweke nganti wani mbaleni teka nang ngomah mesthi bakal di dorr. Sekretarise mung ngiyani karo ngewel. Untung Bapakmu ora ketemu Pak Fajar. Wis mlayu metu lawang mburi.

Bapakmu nglaporake patrape Pak Fajar marang atasane, Kepala

Dhinas sing banjur meneng-meneng nindak lanjuti prekara mau nang pejabat sing kawenang. Embuh tekan pusat apa mung nang Bengkulu. Pak Fajar dipindhah menyang endi aku ora ngerti. Sadurunge pindhah dheweke ngirim cincin kanggo aku. Ora isa tak ngerteni, cincin iku kok wujud modhel lawas kaya sing dak balekake marang Pakdhe Hari rong puluh taun sadurunge.

Sisihane Pak Fajar, lali jenenge sapa tau nekani aku ana toko mebel dikancani anake wadon, wose njaluk aku supaya ora magepokan maneh karo sisihane. Ya mesthi tak setuju wong sing aktif ngglembuk aku kuwi Pak Fajar. Dudu aku sing ngoyak dheweke. Tak jlentrehake marang sisihane Pak Fajar, ben dheweke jenak nang ngomah, ora mblubut golek mangsa. Bubar kedadeyan iku aku nelangsa banget, kaya wong wadon ora ana regane. Untung aku asring kumpul-kumpul karo kanca-kanca pengusaha wanita ana Bengkulu. Malah aku banjur dadi salah sijining anggota pengurus.

Iki crita prekara Pak Fajar Wasesa. Kirimane HP Samsung tak balekne wae, aku wong tuwa arep tak nggo apa. Nek ninggali nomer WA tak jawabe langsung. Ora perlu mbaleni crita kepungkur. Wis cuthel Wuk.

Kasus kapindho dak critakke pisan ben awakmu ngerti jebakan-jebakan sing asring sengaja kapasang dening para priya thukmis iku. Pas aku mbangun unit II hotel Kanthil, aku butuh bantuan arsitek kanggo ngrancang gambare. Gambar iku penting kanggo ngetung Rencana Anggaran Belanja (RAB) karo kanggo nglengkapi lamaran kredhit. Aku hubungan karo perusahaan kontraktor gedhe duweke Pamarentah. Salah sijining insinyur kajibah nggawekake gambar lan menahi nasihat prekara pengembangan fisik hotel. Kanyatan ora gampang syarate, akeh banget nganti dheleg-dheleg aku pas maca aturane. Perijinane butuh werna-werna kaya studi analisis dhampak lingkungan, persetujuan lingkungan lan sapanunggalane.

Aku lali sapa jenenge insinyur mau, uga Kepala Cabange perusahaan negara kontraktor iku, dheweke sanggup tetulung mberesi kabeh persyaratan iku. Jare iki wis dadi gaweyan rutin, sisan ngurus perijinan lan Ijin Mendhirikan Bangunan. Nanging angger dak takoni beayane pira ora tau blaka wiwit pisanan. Mengko gampang nek wis beres wae. Aku ngerti proses perijinan iku ora gampang tur ya ora murah.

Bareng wis medhun kabeh, gambar uga wis dadi aku pengin ngrebug biayane arep dak lunasi sisan. Bola-bali ketemu kok

ora enggal ana jawaban sing mesthi. Nganti sawijining dina, ana weling WA saka salah sijining staf PT mau. Surasane cekak pengin rundhingan prekara beaya gambar lan perijinan. Dheweke teka nang Hotel Kanthil karo njlentrehake kabeh biaya sing kudu dak bayar. Aku rada bingung kok rumangsaku kurang zakelijk ta wong iki, mubeng wae.

Sawijining wengi wong iku tilpun, embuh sembranan guyon, embuh serius. Ning mesthine serius amarga dibolan-baleni. Dheweke nyebut angka, ora murah atusan yuta. Dheweke isa menahi separoh harga menawa aku menahi hadhiah khusus. Dak takoni ora waleh mung ngguya-ngguyu. Banjur akhire bares pengin ngajak aku nginep ana hotel nang Jakarta.

Senajan modhalku pas-pasan, aku ora kepilut. Aku njaluk tulung salah sijining pengurus organisasi pengusaha wanita nilpon Kepala Cabang perusahaan iku nekakake sambat saka aku, prekara hubungan dagang kok dicampur karo kepentingan pribadhi. Aku kongkonan konsultan pembangunan nemoni dhirektur PT, lan ngrembug beayane kabeh pira. Dak lunasi telung atus seket juta jaman semana. Dadi ora mung pejabat publik sing sok nggunakake kawenangane, ning wong thukmis saben ana kalodhangan mesthi dimanfaatke. Semono dhisik ya wuk welingku. Sing ngati-ati anggonmu mlaku. Cukup ibumu sing nemahi nasib elek, pepenginan endah ilang ana tengah dalan.

Ibumu tresna, Laila Saraswati.

+++

Laila Saraswati banjur kirim WA marang Pak Fajar karo mbalekake kiriman HP Samsung mau.

“Kagem Pak Fajar Wasesa. Sampun kula tampi kintunanipun HP Samsung lumantar anak kula pun gendhuk Erina Sawitri, pegawe honorer wonten Kejaksaan Agung. Kula namung saged ngemutaken menawi sesambetan kula kaliyan panjenengan sampun cuthel. Mboten sisah pun wangsuli malih, mindhak dados wisuna kagem panjenengan kaliyan keluwarga, ugi kula kaliyan anak-anak kula. HP Samsung kula kintun wangsul. Salam taklim saking kula, Laila Saraswati.”

Embuh mengko piye dadine Pak Fajar menawa nampa weling kaya ngono iku. Ben wae ora perduli. Nek diladeni mremen nang endi-endi, anake loro ngerti kabeh malah dadi gawe. Ora perlu ewuh-pekwuh. Resiko karo manfaate ora imbang. Dheweke wis duwe apa wae ora susah ngrepa-ngrepa

kawelasan marang pejabat thukmis, titik.

Kosok walike karo weling sing dikirim marang Pak Fajar, dheweke ngirim pesen marang Pak Prayoga, diplomat sing dieringi. Priya gagah, bagus, trapsila lan alus tingkah lakune. Terus terang dheweke rumangsa kepranan, senjata lagi ketemu sepisan karo priya iku. Atine sok nratab sir-siran angger kelingan sing jenenge Pak Prayoga. Apa maneh Pak Prayoga katon semanak marang anak-anake. Pengin dolan ana Kamboja, liburan karo anak-anake. Embuh kapan.

“Mas Prayoga sing minulya. Aku ngaturake panuwun sing tanpa upama tumrap kabeh pangandikan panjenengan anggone mbiyantu anak-anakku rikala ketemu ana Jakarta. Muga-muga tugas penjenengan tansah lancar ora ana reribed. Sing ati-ati ya Mas anggone ngayahi tugas ana manca. Aku wis ngejokake surat permohonan pensiun dhini. Wulan September resmi wis persiapan pensiun, akeh wektu nggo ngurus gaweyan. Mbokmenawa rong wulan maneh aku menyang Jakarta, nunggoni anakku Erina ujian akhir. Abot-abote dadi ibu. Nyuwun donga pengestune ya Mas. Salam kinormatan saka Laila Saraswati.”

Bubar kirim welingan marang Prayoga, dheweke ora mikir kaya apa mengko wangsulane. Muga-muga wangsulane nganggo tembung-tembung mesra. Wis suwe banget ora nampa tetembungan mesra saka priya, saka bojone. Tetembungan sing marahi sir-siran nang ati, tratapan ora mandheg-mandheg. Aneh nek dipikir, apa iki sing diarani katresnan sing teka telat? Sawise nyedhaki wektu setengah umur? Embuhlah sing penting kudu tansah eling lan waspada. Isa ngandhani putri-putrine, ya kudu isa ngetrapke nang awake dhewe. Mung ana rasa seneng saben kelingan sing jenenge Budi Prayoga.

+++++



BAB 14

Bapak Mothah Anak Kepradhah



Erina Sawitri lagi repot-repote anggone ngrampungake tesis S2-ne. Tansah sibuk nek ora ana kantor ya ana kampus. Wis entuk idin saka atasane menawa isa kala-kala ninggal gaweyan kanggo ngrampungake tesis S2-ne. Yen ana ngomah asring meleak nganti tengah wengi. Angel turune. Atine tansah dheg-dhegan. Ngrasake kuwatir, ning ora cetha apa sing marahi kuwatir lan marahi sedhah. Nek wis ngono banjur tilpun sambat karo ibune, Laila Saraswati. Dheweke uga kudu ngadhepi skrining kanggo pengangkatan pegawe tetap ana Kejaksaan Agung. Kok ndilalah wektune mengko urutan antarane ujian karo skrining pegawe. Nyoba sabar lan sareh nyiapake prastawa penting loro iku. Ning tetep wae anggone krasa wedi lan kuwatir, gek-gek mengko gagal.

Dheweke banjur asring konsultasi liwat WA karo Pak Budi Prayoga sing dikenalke dening ibune anggone ngrampungake tesise. Wis akeh kemajuwane. Mung kari njangkepi dhaftar rujukan sethithik. Saiki kari nyiapake presentasi kanggo mbesuk menawa ujian. Tansah kontak Pak Prayoga sing sabar anggone menahi pitutur. Jane isih akeh wektune, ora susah kabeh dirampungke, mengko dipikir keru wae. Manut Pak Prayoga sing penting kesehatane dhisik, aja nganti angel turu. Insomniane kudu di tangani.

Entuk kabar saka ibune, nek bapake, Pangarso Wibawa arep menyang Jakarta minggu ngarep iki. Rapat dhinas nganti dina Jum'at, banjur arep nginep ana apartemen kurang luwih rong dina. Pengin niliki Erina karo ngenggar-enggar ati ana Jakarta. Kancane akeh ana Jakarta. Antarane seneng lan kuwatir arep ketemu bapake. Seneng merga karepe pengin sambat karo bapake, senajan ora bakal blakasuta sakabehane. Paling ora pengin krungu tembung-tembung panglipur lan bombongan saka bapake. Bareng ketemu Jum'at sore, rasane kagok anggone arep ngomong. Ora biyasa rembugan karo bapake.

"Nuwun sewu, bapak kabare piye, sehat-sehat wae ta? Wis rada sawetara aku ora mulih nang Bengkulu."

"Bapakmu ya ngene iki kahanane. Sibuk terus ngurus wong akeh sing sok ora manutan. Nggugu karepe dhewe. Pesakitan iku ora isa disanak lan diwenehi ati. Kene kudu tatag lan tegas."

"Injih pak aku paham. Minggu wingi ibu nyare kene rong bengi. Mentas

liburan ana Sala rong minggunan.”

“Iya ibumu kuwi ora tau blak-blakan nek karo bapakmu. Lunga rong minggu ya meneng wae. Kabeh dipasrahke pembantu nggo ngurusi aku.”
“Lha bapak kan kerep turne nang dhaerah, apa ora janjian karo ibu dhisik nek arep kondur.”

Pak Pangarso malah kaya ngesok jengkeling atine marang anake ragil, Erina Sawitri. Ora biyasane dheweke rembugan karo anake kaya sore iku. Embuh apa disengaja, embuh ketrucut ora sengaja anggone wadul karo anak ragile.

“Kudune ibumu ki ngerti nek aku arep mulih, perlu kontrol nang dhokter. Tekanan dharah karo jantungku kudu dicek lan entuk pengobatan.”
“Injih penting iku bapak. Yuswane kan wis kliwat setengah abad. Kudu tlaten anggone priksa kesehatan. Kudu kerep ngendikan lan kontak karo ibu. Barang penting ngono aja nganti kelalen. Mengko nang Bengkulu enggal periksa pak. Aja diendhe-endhe.”

Pang sing biyasane ora tau ngaruhke urusan gaweyane lan urusan studine anake, sore iku kok pengin takon. Senajan mung kanthi cekak ora nlesih banget.

“Gaweyanmu karo studhimu piye ndhuk? Kabeh lancar ta? Muga-muga ora ana pepalang sing mingsa. Ngerti dhewe awakmu, bapakmu tansah sibuk playon rana-rene, ora isa meruhi kahananmu.”

“Injih bapak, ora apa-apa. Aku tansah matur lan konsultasi ibu karo Mbak Kartika. Ora ana masalah sing serius kok.”

“Iya sokur ta ndhuk, sing tlaten anggonmu makarya. Kabeh kudu diadhepi lan dirampungke nganti tuntas. Saka siji dilakoni nganti rampung, lagi nyekel liyane. Aja kaya ibumu, apa-apa dicekel, dijenah-enjah, siji durung rampung wis miwiti liyane. Aku nganti bingung. Apa bisa jenak atine.”
“Mbok bapak karo ibu asring rembugan, ben ngerti kesibukane dhewe-dhewe. Aja nganti seling surup.”

“Wis wiwit ndhisik kaya ngono, mlaku dhewe-dhewe. Ngayahi tugase dhewe-dhewe. Angel nek kon ngowahi.”

Sore iku ora kaya padatan, rembugan antarane Erina karo bapake, Pangarso Wibawa, isa ajer lancar. Ora disengaja ning mlaku kaya ilining banyu. Ning Erina durung wani blak-blakan sambat ngudharake apa sing marakake atine sedhik lan bingung. Arep crita prekara tesis S2 ora bakal ganthuk. Arep crita prekara skrining calon pegawe, apa bapake gelem nanggapi.

“Aku mengko bengi arep kumpul-kumpul karo kanca-kancaku ndhuk. Mungkin nganti rada wengi”

“Dhahar dhisik ta pak sadurunge budhal. Mengko tak pesenke masakan saka

rumah makan ana lantai dhasar kae.”

“Manut aku. Jarene kumpul nang nggone kancaku jam wolu, nang dhaerah Kesehatan.”

“Tak pesenke dhaharan. Nek arep resik-resik lan ganti dhisik bapak.”

Pang banjur resik-resik awak ana jedhing. Dene Erina pesen rendhang lan masakan Padhang saka rumah makan ing lantai dhasar. Bareng kirimane teka, banjur ditata ana meja makan. Karepe pengen makan malam bareng karo bakake sadurunge budhal. Jam pitu bengi wong loro wis lungguh ana meja makan. Miwiti makan bareng, rada meneng-menengan. Erina nyoba miwiti omong, kanggo mecah swasana meneng antarane wong loro.

“Piye bapak, cocok ora masakane. Mung pesen saka rumah makan kene wae. Kapan ibu, Mbak Kartika karo Mas Indra ya maem bareng ana kana.”

“Iya lumayan, ning aku ora patiya sreg karo lomboke. Ora njupuk akeh-akeh. Mengko nang klub kan mesthi pesen makanan.”

Ndilalah ana kedadeyan ora sengaja. Pangarso wibawa keceplus lombok ora sengaja. Raine mbranang abang, watuk-watuk ora karuwan, eluhe ndlewer ana pipine amarga kepedhesen.

“Iki ngunjuk banyu adhem pak. Sareh dhisik nata ambegan. Lenggah wae.”

Ananging Pang katon sesek, watuke nggebris ora ana mandhege. Banjur diwenehi banyu putih dening Erina. Alon-alon watuke rada suda, Ora katon mengkis-mengkis ambegane. Lungguh ana sofa karo sendheyan. Raine katon pucet.

“Lenggah dhisik bapak, apa sareyan wae nang kamar. Nek isih durung penak apike ora susah tindakan dhisik.”

Pang mung meneng wae, isih nata ambegane karo tansah ngombe banyu putih. Wis lerem ana sofa.

“Wah ndrawasi ndhuk, tujune isa mendha. Awakmu kok dak pikir kaya ibumu wae. Ora tau ngerti kahananku. Aku ora kuwat barang pedhes, Lombok. Ya ngene iki nek kecolok lombok. Untung mendha dhewe. Tau kudu mlayu nang rumah sakit merga kedadeyan kaya ngene iki’.

“Nyuwun ngapura bapak. Aku babarpisan ora ngerti. Tak kira rendhang ya cocok.”

“Ya wis ora susah didawa-dawa, aku tak leren dhisik, ngenteni kancaku. Mbesuk maneh ati-ati nek ngladeni bapakmu ta ndhuk.”

Pang banjur mlebu kamar, istirahat, karo ngenteni kancane methuk. Dene Erina mung mlenggong dheleg-dheleg. Rumangsa salah kok ndadak tuku rendhang. Ning dheweke pancen babar pisan ora ngerti. Mung sing gawe

kagete, kok bapak banjur nyalahke dheweke, lan ngundamana ibune barang. Gawe saya sedhik atine. Karepe arep sambat adu arep karo bapak, swasanane wis kebacut ora kepenak. Dheweke mung dheleg-dheleg. Ora krasa luhe dilleweran. Mlebu ana kamar. Metu-metu nalika bapak pamitan arep budhal, dienteni kancane ana ngisor.

+++

Bareng bapak wis budhalan, Erina nyoba neruske anggone nggarap tesis. Wis biyasa dhewekan, ora kaget ditinggal bapak wengi iku. Mung rada buntu pikire anggone arep ngrampungake tesis. Pengin sisan nyiapake kanggo presentasi mengko nek ujian. Macet ora mlaku babar pisan. Bingung dhewe, akhir dheweke banjur turon ana tempat tidhur. Ngimpi ketemu Pak Prayoga karo ibune. Sabar anggone menahi saran kanggo persiyapan ujiane. Tangi-tangi wis meh tengah wengi. Dheweke pengin banget kontak Pak Prayoga. Kontak ibune kok ora ana jawaban. Diwanek-wanekke kontak Pak Prayoga. Maune lewat WA ning diteruske omong-omong, karepe pengin konsultasi.

"Piye mbak Erina, kok durung bubuk, ana apa?"

"Enjih Oom, menika taksih nggarap tesis, nanging macet. Mboten saged majeng."

"Jane ora susah kesusu. Wektune isih akeh. Sing penting awakmu lerem dhisik. Ben tenang isa turu kepenak."

"Kajeng kula njih makaten, ning mboten saged Oom, kados pun oyak-oyak ngaten lho."

"Ya sing sabar ta Mbak. Nekana masalah matur ibu. Aku uga saguh ndhampingi prekara risetmu, prekara tesismu."

"Matur nuwun sanget om. Punika sampun langkung saking cekap kangge kula"

"Iya ning Mbak Erina ya kudu migatekake kesehatanmu. Nek perlu konsultasi nang ahli, nang dokter spesialis apa nang psikolog."

"Dereng pun cobu Oom punika. Pengin matur bapak njih ewed raosipun."

"Dak kira upama isa blak-blakan karo bapak lan ibumu, swasana isa luwih apik lan gampang Mbak."

"Setunggal punika ingkang ngrekaos. Sampun nyobi nanging awrat."

Pangarso Wibawa liwat tengah wengi mulih. Krungu menawa Erina kok isih ngobrol rame ana tilpon komputer, atine kebak pitakonan. Kena apa anakku, tengah wengi kok sajak isih regeng anggone rembugan ana tilpon. Dienteni nganti rampung anggone tilpon. Banjur diundang metu, ditakoni.

"Kok ora turu tengah wengi ngobrol nang tilpun ki kena apa ndhuk? Kono kudu cukup anggonmu istirahat. Wis diomongi bolak-balik lo."

"Injih bapak rembagan prekawis tesis, kathah ingkang kedah pun leresaken."

*"Iya ning kan ya ana wektune, sesuk-sesuk apa ora ana wektu ndhuk?"
"Injih panci kedahipun mekaten bapak. Ning tansah wonten pikiran teras.
Mboten saged tilem."*

*"Sing kok sambati kuwi apa pembimbingmu? Mesake nek kudu ngladeni
konsultasi nganti tengah wengi."*

*"Sanes pembimbing punika. Pak Budi Prayoga dhiplomat wonten Phnom
Penh ingkang sagah maringi pitedah penelitian kula."*

*"Iya ndhuk ning kudu ngerti wektu, empan papan ya. Aja nuruti pepenginan
ati wae. Marahi ora apik kanggo awakmu lan miturut pandulune lingkungan.
Kok isa tepung karo dhiplomat barang?"*

*"Injih bapak, punika tepanganipun ibu. Kula ingkang sambat dhateng
panjenenganipun."*

Pangarso Wibawa kaget krungu menawa anake, Erina kok ana sambung rapet karo dhiplomat, rembugan nganti tengah wengi. Sangsaya kaget maneh bareng dhiplomat iku kok jare tepungane Laila Saraswati. Atine kebak pitakonan. Ning ya ana rasa cemburu lan jengkel. Dadi wong lanang kok ora dianggep, disepelekake.

Pancen Laila Saraswati, akeh tepungane amarga sesambungan usaha utawa bisnis. Rasane kerep kemropok ndeleng lingkungan pasrawungane Laila Saraswati. Diampet dhisik, mengko arep ditakokke rikala ana kesempatan. Mikire aja pisan-pisan sesambungan karo dhirektur Bank kae dibaleni maneh. Ning ya rumangsa cilik atine, amarga dheweke ora isa nyembadani butuhe anak-anake lan butuhe sisihane. Ngertine ya mung mligi urusan gaweyane, prekara pengamanan lan pembinaan pesakitan. Tugase Kepala Lembaga Pemasyarakatan. Kalis menawa kudu mikir nyembadani anak karo bojo.

Amarga rasa meri lan cemburu karo Laila Saraswati, dheweke sarwo salah sikape. Mung meneng wae. Pasrawungane dheweke mung ana jagading gaweyan. Dene sisihane Laila Saraswati srawung tekan ngendi-endi, apa maneh nek wis urusan usaha. Pinter srawung karo liyan, katon ngladeni karo sapa wae. Mula kerep ana sing salah tanpa banjur pengin nggodha. Pangarso Wibawa mung mligi ana babagan gaweyan, sanjabane urusan gaweyan wis wegah srawung karo liyan. Sesambungane karo sisihane lan karo anak-anake banjur keganggu, ora isa luwes. Dheweke malah dianggep angel dening anak-anak lan sisihane. Barang sepele isa mremen tekan ngendi-endi. Kerep kleru tanpa prekara barang sepele karo anak-anake sing marahi sangsaya renggang karo anak-anake. Bapa mothah, anak kepradhah. Embuh sing penting mlaku dhewe-dhewe.

+++++



BAB 15
Noleh Marang Liyan

Kagiyatane Laila Saraswati saben dinane wis akeh sudane, amarga dheweke wis ngajokake pensiun dhini. Durung ana keputusan resmi, nanging dheweke wis diidinake dening Dhinis Pendhidhikan nyuda anggone mulang. Mung perlu teka ana sekolahan seminggu sepisan kanggo absen. Bisa luwih mugen ana kagiyatan usahane, lan ndhampingi anake ragil Erina Sawitri senajan mung saka kadohan.

Erina kudu ujian tesis S2-ne karo ngadhapi skrining pengangkatan pegawe tetap Kejaksaan Agung. Apa wae sing diperlokake Erina, arep didhadhagi, kareben apa sing diimpi-impi kanggo tembe ngarep isa kasembadan. Dheweke dhewe wis ngrasakake kaya ngapa nelangsane duwe impen urip bareng karo wong ditresnani, Hari Setiawan, wurung ana tengah dalan. Rasa gela salawase ora isa kagambarake nganggo tetembungan. Rada entheng pikire, nalika tepungan karo Pak Budi Prayoga, sing wis nyanggupi arep menehi bimbingan marang Erina anggone ngrampungake tesis lan persiyapan ujian. Laila meh saben dina kontak karo Erina, liwat pesen WA apa tilpun, ndeleng kemajuwane. Wis lumayan mlakune, akeh kemajuwane.

Ing sawijining sore nampa welingan saka Pak Prayoga gegayutan karo kahanane Erina.

“Jeng Laila Saraswati, muga-muga kahananmu tansah apik sing dak suwun. Piye ana kabar apa?”

“Kabar keslametan Mas Prayoga. Matur nuwun kersa paring kabar. Garapane Erina lancar njih?”

“Garapan sing kudu dirampungke Erina, ora ana masalah. Kemajuwane luar biasa. Mung kari ngenteni diwaca lan diteliti maneh.”

Rasane mak plong krungu wangsulane Pak Prayoga. Pikirane tansah senak-senik mikir kahanane Erina.

“Matur nuwun sanget Mas Prayoga, aku kepotangan budi akeh karo panjenengan kersa mrenah-mrenahke anakku Erina. Muga-muga ora ana reribed sing serius maneh.”

“Aja dadi atimu ya Jeng, senajan akeh kemajuwane anggone ngrampungke garapan-garapan tesis, nanging aku kok khuwatir karo kahanan kesehatane Erina. Insomnia lan anggone tansah sedhik iku sajake kok sansaya abot. Pikirku kudu endang digawa nang ahline wae, psikiater apa psikolog sing

mligi babagan iku.”

Laila kaget setengah mati, rumangsane dheweke masalahe ora serius lan isa ditangani mengko sawise ujian pendhadharan karo skrining pegawe. Nek urusan wis rampung kabeh.

“Apa kudu dipriksake saiki Mas, apa ora isa nunggu sabubare ujian tesis karo skrining pegawe wae?”

“Rumangsaku kok ora perlu nunggu nganti ujian S2 lan skrining pegawe rampung. Aku dudu ahli, nanging ndeleng kahanane kok rumangsaku kudu enggal ditangani, saya cepet saya apik. Sajake ana prastawa sing gawe abot atine Erina, embuh apa ora ngerti. Kahanane tenan ora apik.”

“Menawa ngono aku tak nang Jakarta dina Jumat iki Mas. Ora jenak atiku nek anakku nandhang ora kepenak. Ana bebendhu. Tak ngancani dheweke konsultasi marang ahli, Minggu ngarep tak mligi ngurus dheweke. Matur nuwun sanget dhawuhe.”

“Sapadha-padha Jeng, aku dudu ahli, nanging panyandraku, kok pancen wis butuh perawatan. Tak ndeleng jadwalku, nek perlu aku ya tak budhal dina Jumat iki. Minggu ngarep ana rapat koordhinasi ana markas ASEAN.”

Laila banjur menehi kabar marang Erina menawa minggu ngarep perlu diselakke anggone mriksakake. Ora perlu ngenteni ujian tesis apa dene skrining pegawe. Kesehatan uga perlu ditangani sedhine mungkin, ora diendha-endhe. Erina mung ndherek wae, dheweke pancen ngerti banget menawa garapan tesis S2-ne wis meh rampung, Mung perlu diwaca kanthi tliti maneh. Garapan wis beres. Mung Erina krasa nyandhang beban abot sawise ketemu bapake, Pangarso Wibawa minggu wingi. Mung arep sambat karo ibune, ora mentala.

+++

Dina Jum’at sore, Laila Saraswati wis ndharat ana bandhara Cengkareng Sukarno Hatta. Wis ngancik meh jam papat sore. Hawane kepenak, wis ora panas maneh. Metu saka bandhara angine semribit lembut. Kaya adat saben enggal-enggal mara menyang panggonan taksi. Golek Silver Bird. Nanging lagi wae metu ana gapura kedhatangan, ana swara alus sing nyapa kanthi sareh. Swara sing tansah dikangeni. Budi Prayoga wis ngenteni karo nenteng koper cilik lan nggawa jas semampir ana tangan kiwane. Hem putih lengen dawa dilunthung nganti ngisor sikut, saya mibawani lan katon gagah.

“Jeng Laila, sugeng sonten. Seneng aku isa ketemu maneh. Iki terus arep nang endi.”

“Mas Prayoga, kaget aku. Ora nyana nek arep ketemu ana kene. Kok ngerti

nek aku nganggo penerbangan iki.”

“Kalah cacak menang cacak, aku nyoba nunggu pesawat iki ndharat, mbokmenawa njenengan sida teka Jakarta sore iki. Bejane awak kok ndilalah pas. Wis ana sing ngatur awake dhewe ketemu sore iki.”

Laila rada kikuk ketemu dadakan karo Budi Prayoga, dheweke ora nggraita nek bakal ketemu sore iku. Rencanane dheweke lagi sesuk awan ngajak patemon karo Budi Prayoga, sisan karo Erina.

“Njih mas Prayoga. Awake dhewe kok beja isa ketemu sore iki.”

“Acaramu wengi iki menyang endi Jeng. Nek durung ana janji mbok bareng makan malam dhisik.”

“Durung ana acara Mas. Aku ngomong karo Erina, nek ketemu sesuk awan karo njenengan.”

“Nek ngono karo aku wae sore iki, makan malam karo isa rembugan luwih mateng prekara rencana ana ngarep.”

“Wadhuh lha aku kan durung adus barang Mas. Mosok langsung arep makan malam wong loro. Awakku ora kepenak, kudu resik-resik dhisik.”

“Gampang Jeng, toh njenengan wis nggawa salin. Nek perlu isa ganti lan resik-resik mengko sadurunge makan malam.”

Laila Saraswati rada ragu-ragu nanggapi ajakane Budi Prayoga. Rencanane dheweke jane arep terus nang apartemen, pesen nasi Padhang, terus turu. Awake lagi kesel. Maju mundur kepenake piye. Diiyani apa ora, pangajake priya iku. Ning ndeleng solah bawane Budi Prayoga sing tansah sopan, kaya-kaya ngemong dheweke, ana rasa pengen nang njero atine. Bebarengan sedhela wae, mung acara makan malam. Dheweke ya biyasa makan malam karo mitra bisnise. Ning sepisan iki kok rasane dheg-dhegan.

“Aku ndherek wae Mas Prayoga. Angger aja kewengen mengko, ndak ditinggal bubuk Erina.”

“Aku biyasane nang Hotel Borobudur, nek ora nang Hotel Aryadhuta. Restorane enak ana kana, swasanane ya kepenak dinggo rembugan.”

“Mangga Mas aku ndherek. Rumangsaku kok Aryadhuta luwih sepi Mas. Loro-lorone hotel wis rada tuwa ana Jakarta, ning aku seneng.”

Laila rada dheg-dhegan nyarujuki panjaluke Budi Prayoga, kanggo makan malam. Senajan atine seneng isa bareng karo priya nggandheng, sabar, lan trapsila iku. Dilakoni wae, melu ilining banyu. Prosesen ben mlaku alamiah wae. Ora diendhani ya ora dioyak. Ora ana sing diwedeni. Tekan Hotel Aryadhuta wong loro banjur njujug menyang restorane ana lantai dhasar. Ora patiya rame, penak kanggo ngobrol wong loro. Entuk minuman segar selamat dhatang. Isih rada kesoren nek arep makan malam. Durung ana jam pitu. Budi Prayoga pamit arep menyang mburi sedhela. Ora suwe bali

maneh wis ganti pakeyan.

“Lho kok wis ganti pakeyan Mas, nang mburi anggone ganti?”

“Aku wis check in Jeng ana lantai 5, kamar eksekutif. Iki mau aku wis nggawa barang-barangku munggah, terus resik-resik lan ganti pakeyan. Panjenengan nek kersa tak kancani munggah nek arep resik-resik karo salin. Isih kesoren menawa arep makan malam.”

Laila mung manut wae, dheweke dikanthi dening Prayoga munggah lift nuju ana lantai lima. Ora ngerti wiwitane, ana njero lift Prayogya wis nggegem tangane Laila kanthi kenceng. Ambune parfume priya iku lembut wangi gawe tentrem ana ati. Laila mung meneng wae nalika Prayoga ngrangkul bangkekane karo nggawakke tase. Dheweke mung samanut ora kuwawa nolak. Unjal ambegan dawa tanpa ana rasa wedi. Mung krasa banget anggone dheg-dhegan. Tekan njero kamar Prayoga saya kenceng anggone ngrangkul. Laila mung ngledhet ana dhadhane Prayoga. Atine sangsaya nratab ora karuwan. Bareng eling menawa dheweke durung resik-resik, banjur ngendhoni anggone ledhetan ana dhadhane Prayoga, bisik-bisik alon,

“Mas aku tak resik-resik karo ganti pakeyan ndhisik ya. Ora kepenak isih pliket kabeh awakku.”

“Iya mangga Jeng, ora ana sing nyusu-nyusu. Mung awake dhewe wong loro kok. Sing sareh wae.”

Budi Prayoga ora ngendhoni anggone ngrangkul Laila, ning malah ngraket ngarasi lambene lan gulune Laila. Laila ora suwala. Isane ya mung bisik-bisik alus ora nolak babar pisan.

“Kosik Mas, aku tak nang kamar mandhi, resik-resik karo salin.”

Laila banjur ngetokake saline sing resik saka tas, terus mlebu kamar mandhi kanthi nggawa piranti make up. Ana njero kamar mandhi sisih dheg-dhegan atine. Adus alon-alon banjur dandan pisan. Nganggo pakeyan malam sutra lembut warna jambon. Metu saka kamar mandhi, gawe kagete Budi Prayoga meruhi wanita sing ayune ora mekakat prasasat widodari iku. Ambune parfum wangi sedhep ngrasuk tekan njero paru. Priya iki mbok trapsilane kaya ngapa menawa wis keterak angin asmara, ora bakal bisa ngontrol kekarepane. Prayoga ngruket Laila Saraswati.

“Mas aja dhisik, make up ku luntur kabeh.”

Ananging Praoga mung meneng wae, neruska anggone ngrangkul lan ngarasi Laila. Laila Saraswati senajan ngucap aja, ning nang atine krasa nyaman kepenak. Ora tau ngrasake lelangenan mesra lan lembut karo priya.

Wong loro wis padha dene turon ana tempat tidhur. Musik ringan gawe lereming ati, lelangenan asmara antara priya lan wanita normal. Kelingan tata susila ning piye maneh adrenging ati lan nikmate rasa badaniah ora isa diculake. Wong loro kanthi sepi lelangenan asmara ing sore kang adhem ana kamare hotel.

Pengalaman aneh kanggone Laila. Biyasane sisihane Pang, mesthi nguwasani awake, posisine ana ndhuwur, polah sakepenake karo krenggosan ambegane. Sedhela-sedhela sengaja milara awake. Menawa Laila njerit utawa sambat lirih, sangsaya kasar anggone ngumbar napsune. Laila kaget ora nyana babar pisan, sepisan iki kok priya sing lelangen asmara karo dheweke, sarwo alus lan ngladeni. Malah dheweke dituntun kanthi sareh ana jagading asmara.

“Dinikmati Jeng, ora perlu kesusu. Alon-alon wae ora ana sing ngoyak-oyak awake dhewe”

“Mas Prayoga, aduh mas. Ora kuat aku... nikmat banget.”

“Iya jeng alon-alon wae ora susah kesusu. Mengko kan teka dhewe.”

Wong loro kanthi lembut, wening tanpa swara krenggosan, lelomban ing madyaning asmara. Laila rumangsa isa bebas polah alon-alon sakepenake ana ndhuwur. Dheweke sing ngontrol lelombaning asmara. Dheweke rumangsa ora mung dadi obyek pemuas napsune priya kaya nek sesambungan karo sisihane Pang. Saiki dheweke sing nyekel kendhali, priya gantheng Budi Prayoga, mung manut ngemong polahe Laila, alon-alon ning kebak rasa eman lan sayang. Sepi kahanane mung swara unjal ambegan karo wisikan mesra sing keprungu.

“Mas Prayoga nikmat banget. Aku durung nate kaya ngene.”

“Iya Jeng Laila, dinikmati kanthi sareh..... ora perlu kesusu.”

Bareng wis udakara meh sajam, Laila wis tekan puncaking asmara, ora kuat nahan rasa kanikmatan klejotan lembut alus saawak saka pucuking rambut nganti pucuking driji. Dheweke njerit lirih.

“Mas Prayoga, aku wis ora kuat Mas. Uuuuuuh Mas Prayoga sayang.”

Prayogya nyipati nek Laila wis tekan puncaking lelangenan asmara, enggal nututi tanpa polah gedabigan. Alus, lembut, meneng lan anteng. Wis rampung anggone lelangenan asmara. Wong loro keturon bareng rerangkalan kagawa impen kaswargan. Tangi-tangi wis jam wolu luwih. Ana tilpun saka restoran, apa pesenane isa disiyapake. Wong loro dandan sedhela banjur bebarengan gandhengan mudhun ana restoran. Ora ana rasa wedi lan was-was kanggone Laila. Wong loro makan malam kanthi meneng-menengan. Padha ngumbar rasa ana njero atine.



“Jeng Laila, aja digelani sing wis klakon ya, awake dhewe padha dene sadhar nglakoni prastawa mau.”

“Iya Mas, aku durung nate ngrasake kaya ngene. Kaya ngimpi nang swarga rasane.”

“Apike bengi iki nginep ana Hotel wae, sesuk dak derekake nang apartemen nemoni Erina.”

“Aku mung ndherek Mas Prayoga. Muga-muga aja ana reribed amarga prastawa iki. Aku lega lila nglakoni. Awake dhewe padha-padha anggone butuh. Kanggoku dudu kadurakan marang sisihanku.”

“Semono uga aku Jeng. Wis tak antepi kabeh. Apa konsekuensine bakal tak dhadhagi.”

“Iya mas awake dhewe duwe ikatan lan tanggung jawab. Ora gampang mung nguja nikmate dhewe.”

Bengi iku Laila Saraswati nginep ana Hotel karo Budi Prayoga. Dikato-katogake anggone lelumban asmara sing durung nate dirasake sasuwene bebrayan karo Pangarso Wibawa. Dheweke ya rumangsa duwe hak nikmati lelumban asmara. Ora mung dadi obyeke Pangarso Wibawa, luwih-luwih sok dipilara barang. Wong wadon uga wenang milih kanggo tentreming ati.

+++++



BAB 16

Depresi

Dina Setu esuke Laila Saraswati mara menyang apartemene ing tlatah Kemayoran. Mau bengine nginep ana hotel Aryadhuta ing tlatah kutha, bebarengan karo Budi Prayoga, kanca anyar ning rasane wis kaya kanca lawas, raket banget. Lagi sepisan iku dheweke isa ngrasake rasa nikmat lan seneng sing durung tau dialami sadurunge, apa maneh karo sisihane Pangarso Wibawa. Lelumban asmara karo priya gagah lan trapsila, Budi Prayoga. Tanpa peksan, tanpa sesongaran, tanpa rasa napsu kaya adat saben sing tansah dialami. Lelumban asmara sing wening lan sepi, kebak rasa asih wong loro padha dene anggone ngemong ing pucuking kanikmatan. Angen-angene mabur ana angkasa, prasasat kaya temune lingga karo yoni ing spiritualisme Jawa klasik. Ana rasa kuwatir, apa dheweke isih bakal bisa nikmati lelumban kaya ngono ing tembe ngarep. Iku klebu hak asasi kanggone dheweke. Wong wadon ora mung kudu dadi obyeke napsu priya lan kudu ngalah lan manut salawase.

Jam sepuluh wis tekan apartemen, anake Erina Sawitri isih durung tangi. Jare mau bengi ora bisa turu sawise ketemu karo kanca-kancane nganti wengi. Meh tengah wengi lagi bali mulih ana apartemen. Laila ngrangkul Erina ana tempat tidhur kanthi rasa sayang kan tanpa upama.

“Erina tangi ya wuk. Wis awan. Bocah wedok ora kena kebluk ndak marahi sial.”

“Ora isa turu aku bu, mung klisikan nganti parak esuk. Mau bengi kumpul-kumpul karo kanca ana kafe nganti wengi. Ibu kapan le rawuh?”

“Minggu iki wektuku mung kanggo ngladeni awakmu Wuk. Ora isa diendhadhe, aku pengin ngeterke kono konsultasi marang ahli. Apike kok adus dhisik ya. Mengko awan-awan Pak Budi Prayoga pengin ketemu karo awakmu lan ibumu.”

“Oo iya bu? Aku tansah konsultasi liwat internet karo Pak Prayoga, ning kok ora crita apa-apa, nek arep ketemu dina iku.”

“Ya wis sing penting siyap-siyap dhisik ya wuk.”

Laila Saraswati ora bares marang Erina menawa dheweke wis teka ana Jakarta wiwit wingi sore. Durung tekan le arep ngomong menawa ditakoni Erina, nginep ana ngendi. Erina anak ragil, ning luwih migatekake kedadeyan sing dialami ibune, tinimbang mbakyune Kartika. Nek nganti ngerti sesambungan istimewa antarane dheweke karo Pak Prayoga mesthi

dadi rame. Erina biyasane banjur nlesih. Kamangka dheweke dhewe lagi butuh pendhampingan gegayutan karo kahanan batine. Alon-alon Erina banjur adus. Bubar adus wis dicepaki juice jeruk karo buah apel dening ibune. Wong loro bareng-bareng ngrahabi buah lan omben seger iku sinambi crita alon-alon.

“Kok angel turu kena apa ta Wuk, kan garapanmu kaya-kaya wis akeh kemajuwane. Jare Pak Prayoga prasasat mung kari mbaleni maca wae tesismu iku.”

“Ibu sering kontak karo Pak Prayoga, kok ngerti kemajuan gaweyanku?”

“Iya aku tansah kontak Pak Prayoga prekara kemajuanmu. Aku mrene ya merga usule Pak Prayoga. Mengko awan rembugan bareng ya wuk. Digawe seleh wae ora susah digawe abot. Kabeh mesthi isa diliwati.”

“Iya ibu. Pancen sanyatane garapanku wis beres kabeh. Ning nang njero ati kok tansah samar, wedi, dheg-dhegan ora karuwan. Ning ora jelas samar prekara apa, lan wedi apa. Kaya-kaya kok mung ngoyak-oyak pikirku.”

Esuk iku ora ana kedadeyan sing penting ana apartemen. Bubar nikmati buah karo juice, Laila mbuka komputer. Kemajuan kagiyatan usaha dimonitor siji-siji. Kabeh wis ana manajer sing tinanggenah nglakokke usaha mau. Samono uga hotele kabeh wis ana sing nglakokake. Dheweke isa konsentrasi ndhampingi anake ragil Erina Sawitri. Erina esuk iku ora ana kagiyatan khusus, mung ngrungokake musik ringan saka komputer. Bareng ngancik tengah awan ana tilpun mlebu, saka Pak Prayoga sing wis nunggu ana ngisor. Laila Saraswati karo anake Erina Sawitri enggal-enggal medhun. Loro-lorone nganggo busana ringan cocok kanggo akhir pekan. Laila nganggo celana jin karo kaos warna klawu lembut. Erina nganggo celana ungu lan ndhuwuran kaos warna nyether abang tuwa. Loro-lorone padha luwese, padha ayune. Mlaku gandhengan kaya kakang adhi. Prayoga nratab nyumurupi, atine dheg-dhegan ngelingi prastawa mesra lan intim mau bengi karo Laila.

“Wah ibu karo putri padha ayune. Gandhes luwes merak ati. Selamat siang Jeng Laila, salam Mbak Erina.”

“Wah Pak Prayoga kok mesthi ngono, kagetan lan gumunan, kaya durung tau ketemu wae.”

Saure Laila Saraswati. Erina rada kaget kok ibune karo Pak Prayoga sapa aruhe kaya wis cedhak banget. Mung dheweke meneng wae. Ndak malah gawe goreng swasana akrab awan iku.

“Nuwun sewu, iki penake arep makan siang nang kene wae apa arep metu. Aku manut Jeng Laila karo Mbak Erina.”

“Kita ndherek Pak Prayoga wae, sing penting isa omong-omong kepenak. Ora

nang kerameyan”

“Piye upama nang pinggir laut wae? Angine semilir kepenak. Mbokmenawa rada panas sithik”

“Aku karo Erina ndherek wae Pak Prayoga, ning nek isa aja kesoren mengko. Pengin pijet dhisik. Suwe ora pijet ana Jakarta.”

Awan iku wong telu diterke sopir makan siang ana Pantai Ancol, ana cottage ing pesisir pinggir laut. Laila tansah akrab karo Pak Prayoga, kaya-kaya wis ora isa dipisah maneh. Prasasat kaya priya lan wanita sing sesambungan katresnan jero lan suwe. Erina kebak pitakone ana jroning batin, kok ibuku wis raket banget karo Pak Prayoga ana apa? Nanging dheweke mung meneng wae. Kabeh mung diendhem. Bebarengan wong telu pesen masakan laut sing wis kondhang iku. Dirahapi bareng-bareng karo rembugan alon-alon. Pak Prayoga sing mbukak rembug.

“Mbak Erina, garapanmu kayane wis rampung kabeh ya. Mung kari ngecek sepisan maneh nek mbokmenawa ana rujukan sing salah sebut,” Erina mangsuli kanthi alon lan sareh.

“Injih leres Pak Prayoga. Matur nuwun sanget bimbingan panjenengan. Dados tambah cetha lan gampil pun waos.”

“Ngene lho Mbak Erina, iki mumpung keng ibu ana kene, aku mung pengin usul. Karo ngenteni ujian lan skrining pegawe, tinimbang nganggur kanggo ngisi wektumu piye nek konsultasi marang ahli. Kuwi lo anggonmu sok rumangsa sedhik tanpa sebab, kudu cepet dipriksa lan ditangani dening ahli sing kawogan,”

Laila Saraswati, banjur nrambul nyela pitutur marang anak ragile.

“Iya Erina, aku sarujuk banget karo pemanggihe Pak Prayoga. Ngenteni ujian paling ora kan ana wektu rong sasi dhewe. Apike dinggo kontrol kesehatanmu dhisik. Mengko nek wayahe ujian, tak kancani maneh ana Jakarta kene. Sokur menawa Pak Prayoga kersa sisan ngawat-awati, senajan mung liwat WA.”
“Kasinggihan Jeng Laila, aku sanggup embuh mengko melu teka ana Jakarta apa saka Phnom Penh, dipikir keru.”

“Aku mung ndherek penggalihhe ibu wae apike piye. Ben ngurangi bobot nang pikiranku, Ning kok banjur ngribeti Pak Prayoga barang, pekewuh aku bu,” Prayoga banjur nrambul rembug, bareng Erina sajak maju mundur.

“Ora susah dipikir abot Mbak Erina. Aku kan biyasa wira-wiri Jakarta Phnom Penh. Sing penting ana kepasthian tanggale. Isa ta gathukke karo jadwalku menyang ASEAN apa DEPARLU.”

Awan iku wong telu makan siang kanthi seneng ana pesisir Ancol. Wis disetujoni menawa minggu ngarep iki arep konsentrasi kanggo konsultasi

ahli. Laila uga wis gawe janji arep ketemu karo psikolog sing kondhang liwat internet. Entuk jadwal Senin sore jam lima. Makan siang awan iku ora kesuwen, merga Laila karo Erina arep terus pijet. Antara jam setengah telu wis rampungan, terus nuju menyang spa ing dalan Wahid Hasyim. Ana sawijining spa sing Laila mesthi mampir menawa ana Jakarta. Pak Prayoga ngeterke tekan Wahid Hasyim. Ditawani menawa arep nggabung sisan, isih ragu-ragu. Jane ya ora ana acara sore iku. Mesthi nikmat mlebu spa karo pijet. Ning rasane kok ragu-ragu barengan karo wanita mlebu ana spa lan panti pijat. Nek ana sing ngerti isa dadi rame, ndrawasi. Dبلوماس kok senenge blusukan ana spa, karo wong wadon.

“Nuwun sewu Jeng Laila, aku ora isa gabung wektu iki. Suk maneh nek ana wektu sing pas. Tulung kontak terus ya sajroning ana Jakarta, ben aku ngerti kemajuwane.”

“Njih Mas Prayoga aku mesthi ngaturi pirsia nek ana apa-apa. Matur nuwun sanget wis kersa nyengkuyung anakku. Muga-muga tansah diparingi dalan padhang ya.”

Pak Prayoga banjur pamitan sowang-sowang. Laila Saraswati karo Erina Sawitri mlebu ana spa. Kungkum karo pijet terus perawatan awak nganti rampung. Mung Erina sangsaya kebak pitakonan kok ibune wis raket karo Pak Prayoga, genahe kepriye.

+++

Dina Minggu, Laila mung mugen ana kamar wae. Dheweke kelingan nek perlu nggenahake marang pejabat sing tanggung jawab marang program pelatihan calon pegawe ana Kejaksaan Agung. Wis entuk sisik melik saka kanca-kanca aktivis perempuan. Apike perundhungan mau kudu dilaporake. Nomer tilpun sing isa dihubungi uga wis dicathet. mung kari golek wektu sing pas kanggo kirim laporan. Laporan liwat nomer WA iku dhisik. Kanthi tlesih Laila, ngronce tetembungan sing wose nglaporke prastawa sing dialami Erina gegayutan karo kanca saangkatan Heru Atmaka. Diwaca wola-wali, nanging dipikir-pikir kok pengin nuduhake wujud laporan iku marang Erina dhisik. Disimpen dhisik ora dikirim langsung. Pengin rembugan karo Erina piye apike.

Dina Senen sorene, Laila ngancani Erina nemoni Dr. Hera, psikolog kondhang sing praktek ana tlatah Cempaka Putih. Wis gawe janji diwenehi wektu konsultasi sajam. Numpak mobil sewan wong loro nuju menyang Cempaka Putih saka penggonane nyambut gawe Erina. Sengaja Laila methuk anake ragil ben ora tlisipan ana ndalan. Tekan klinik wis meh ngancik jam konsultasine. Panggonane kepenak, asri, cekli ana panggonan parkir ing plataran sing eyup. Sawise ngrampungke urusan administrasi

karo sekretaris, banjur diterke mlebu menyang kamar konsultasi. Kamare resik, ambune wangi.

Dr. Hera priyayine grapyak semanak, mbokmenawa umur-umurane udakara patang puluhan. Akeh eseme, lencir ayu pawongane. Rasane ketemu sepisanan kok banjur krasa cocok. Wiwitane Laila karo Erina barengan ditakoni warna-werna. Laila banjur dijuluk supaya nunggu ana njaba. Kareben ora ngganggu wawan rembug sing luwih jero karo Erina. Karo ngenteni ana njaba, Laila kirim pesen WA marang Prayoga, ngabarake menawa lagi konsultasi karo psikolog. Nyuwun pangestune ben kabeh diparing lancar. Pak Prayoga ngelingake, menawa awan mau jane dienteni makan siang ana Aryadhuta.

“Nuwun sewu Jeng Laila, mau awan tak enteni ana Aryadhuta, rumangsaku awake dhewe janji makan siang.”

“Wah nuwun sewu Mas, babar pisan ora kelingan aku. Wiwit awan mau aku wis metu methuk Erina ben ora kepancal konsultasine.”

“Ora apa-apa Jeng, aku mengko dikabari kasile konsultasi, lan piye rencana sabanjure ben isa melu mrenahake.”

“Injih matur nuwun Mas Prayoga. Nyuwun pangestune.”

Rada suwe Erina wawan rembug karo Dr. Hera. Sawise rampung, ganti Laila Saraswati ketemu karo psikolog sing wis akeh pengalaman iku. Dheweke dijarwani kanthi tuntas kahanane Erina lan apa sing diperlokke kanggo pemulihan.

“Ibu Laila Saraswati ibunipun Mbak Erina Sawitri njih. Saged njagi kangge pulhipun keng putra?”

“Injih Bu Doktor, kula ibunipun Erina ingkang tansah prihatos ningali kahanannipun anak kula. Menapa ingkang kedah pun lampahi.”

“Ibu Laila, keng putri nandhang depresi tarap ringan utawi sedhang. Namung mboten sisah pun galih awrat. Dereng telat, saged pun usadani kok bu.”

Laila nyoba takon apike piye anggone mulihake kahanan sing disandhang Erina.

“Kedah sareh Bu Laila, betah wekdal sawetawis. Wosipun kedah nglampahi terapi, psikoterapi ugi terapi mawi obat-obatan. Ananging sedaya kedadosan ingkang gegayutan kaliyan depresi kedah pun endhani, dos tata gesang utawi gaya hidhup kedah pun ewahi saking sekedhik.”

“Sangertos kula, piyambakipun stress amargi badhe ujian akhir S2 kaliyan ngalampahi skrining pegawe tetap. Kalih prekawis punika sampun dipun angkahi.”

“Nuwun sewu ibu, Mbak Erina ugi sambat menawi nampi beban awrat

amargi perundhungan saking kanca raketipun. Sesambutan kaliyan kanca raket wau sampun dados racun tumrapipun Mbak Erina. Mangga pun galih lan pun wiwiti sedaya proses ingkang perlu kangge pemulihan."

Laila meneng sedhela, senjata katrangan saka psikolog iki cocok karo kahanane Erina, dheweke pengin ora gawe putusan saiki. Kudu rembug karo Erina lan nek perlu golek panemu kapindho utawa second opinion.

"Matur nuwun sanget Bu Doktor. Namung Erina kaliyan kula betah wekdal sekedhap kangge nglampahi langkah pemulihan kala wau. Sasaged-saged mboten ngganggu anggenipun ujian kaliyan skrinings pegawe. Kula nyuwun idin kangge lurus pamanggih sanes, mangke sowan konsultasi panjenengan seminggu malih."

"Mangga ibu, dipun akali ingkang sae supados kasilipun pemulihan saged sae. Mboten menapa menawi badhe ngluru pamanggih sanes rumiyin, jer sedaya wau kangge pados saenipun kangge Mbak Sawitri. Namung sampun ngantos kedangon mindhak saya awrat kahananipun."

Laila Saraswati enggal pamitan lan mulih menyang apartemen. Akeh sing kudu dirembug karo Erina sadurunge mutusi.

"Wis paham ngendikane Bu Hera ya wuk? Kabeh isa diatasi. Ibumu perlu rembugan karo awakmu dhisik rencanane piye ben kabeh isa dilakoni kanthi lancar."

"Injih bu, seneng aku isa konsultasi karo Dr. Hera, solah bawa lan ngendikane sarwa kepenak. Aku ya pengin endang isa miwiti program pemulihan. Selak ora betah nandhang kaya ngene."

"Minggu ngarep nek wis siyap kabeh isa miwiti melu program. Ning nek isa minggu iki, dina Jumat sore utawa Sabtu, tak jak menyang Yogya. Konsultasi karo psikiater ben tambah mantep."

"Iya bu aku nderek. Ning kon ndadak menyang Yogya, apa ora isa ana Jakarta wae?"

"Aku ana kanca FB sing kerep kontak, dheweke dhokter tugas ana lembaga internasional, sing duwe jejaring jembar ana kalangane dhokter."

"Iya aku ndherek wae bu."

Laila banjur kirim WA marang kanca maya sing kasebut mau. Senajan mung kanca maya, dheweke asring banget rembugan lan krasa sreg. Asmane Pak Jaya. Wose nyritakake kahanane Erina. Langsung ana wangsulun.

"Tak sambungke kancaku raket, psikiater ana Yogya, asmane Dr. Inu ya jeng. Dheweke kerep ngadhepi kasus-kasus depresi ing kalangane eksekutif mudha. Dheweke wis tak wenehi weruh kahanane Erina. Jumat sore isa nang klinike dheweke, Setune nek mbokmenawa perlu priksa tambahan ana

rumah sakit."

Erina mung manut ndherek pernahe ibune. Pasrah ben enggal isa mulai pemulihan. Laila banjur menehi kabar Pak Prayoga, njlentrehake kasile konsultasi kanthi gamblang. Dheweke uga menehi weruh menawa bakal lunga menyang Yogya, konsultasi karo psikiater golek panemu kapindho. Wangsulane Pak Prayoga teka langsung ning rada gawe kagete.

"Kok langsung diputusi lunga menyang Yogya ya Jeng? Apa ora kesusu?"
"Aku wis nyuwun idin karo Dr. Hera kok Mas. Jare ora apa-apa, sokur nek minggu ngarep wis isa mulai programme."

"Iya muga-muga isa lancar kabeh. Jane aku ya pengin menehi saran nek durung kebacut mutusi arep nang Yogya."

"Mas Prayoga, konsultasi nang Yogya wis mesthi. Ning awake dhewe isih isa ketemu nganti dina Kemis, ora ketang mung sedhela. Erina kan ora libur, dadi dheweke mung isa ketemu bubar jam kantor."

"Iya mengko gampang ya Jeng. Kontak-kontakan. Pengin ketemu maneh sadurunge sliramu nang Yogya. Minggu esuk aku wis balik Pnom Penh."

Laila Saraswati krasa menawa ana rasa kuciwa saka Pak Prayoga ndeleng surasane pesen mau. Ning dheweke wis mantep, kanggo anake Erina ora bakal mlaku setengah-setengah. Kabeh arep dilakoni lan didhadhagi. Wengi iku lodhang sedhela sinambi makan malam rembugan karo Erina. Bareng diwenehi weruh ukara laporan sing wis disiapake prekara perundhungan saka Heru, Erina usul menawa dheweke dhewe sing bakal lapor. Mbok menawa liwat no WA iku dhisik. Mesthi ana pitakonan saka atasane apa saka penanggung jawab Program Pelatihan Calon Pegawe. Laila wis plong krungu angkahe Erina. Prekara gelane Pak Prayoga dheweke isih isa ketemu lan rembugan. Ora ana sing perlu dikuwatirke. Pak Prayoga ora bakal ninggal glanggang colong playu, amarga prekara cilik iku. Sing penting wektu iki nyengkuyung kahanane Erina sing lagi nandhang depresi.

+++++



BAB 17
Test Kesehatan Jiwa



*D*ina Jemuwah sore Laila Saraswati karo Erina Pratiwi sida budhal menyang Yogya. Saperlu konsultasi karo dhokter spesialis Kesehatan Jiwa, Dr. Inu, sobat profesional Dr. Jaya. Pak Jaya kekancan karo Laila ana jagad maya Facebook wis sauntara taun. Nyambut gawe ana Organisasi Kesehatan Donya Wilayah Pasifik Kulon (World Health Organization, Western Pacific Regional Office) ana Manila, mung durung nate ketemu langsung. Sore iki wis gawe janji karo dhokter Inu, dhokter sing kondhang wis akeh pengalaman nangani kasus stres lan depresi ing kalanganing profesional lan eksekutif mudha. Prakteke ana Yogya sisih Kidul, dhaerah Semaki. Ana bandhara Adisucipto mengko dipethuk sopir, Pak Adi saka Solo. Rencana bubar priksa dhokter terus mulih lan nginep ana omah Solo sisan niliki Eyang Hartati.

Wong loro ora akeh omongan ana pesawat. Erina keturon mbokmenawa saking kesele, merga langsung budhal bandhara saka kantor. Laila mung mbayangke kagiyatane dheweke minggu iki. Ngawasi kagiyatan usaha saka adoh, ning saben dina bisa ketemu karo Pak Prayoga ana Hotel Aryadhuta. Wayah esuk menawa Erina budhal kantor, Laila uga budhal menyang hotel nemoni Pak Prayoga. Laila duwe wektu lodhang akeh, ora perlu kesusu. Dheweke sabar ngenteni ana kamar nalika Prayoga kudu nekani lokakarya esuk karo sore. Ana wektu katemu ana sing sela-selane wayah istirahat lan makan siang. Akeh kesempatan kanggo among asmara. Kanggone Laila, pengalaman iki kaya durung nate dialami. Ngenteni ana njero kamar hotel kanthi sabar. Muga-muga enggal jam istirahat, ben Prayoga bali niliki ana kamar. Bener-bener ngrasake senak-senik tekane wektu istirahat. Selak kangen pengin ketemu Prayoga. Isa lelumban asmara sakemenge.

Mbokmmenawa rasane kaya ibu-ibu sing ndherekake kakunge rapat apa lokakarya ana liya kutha. Bedane ibu-ibu, karo nunggu garwane rapat, padha sibuk acara blanja. Dheweke tansah nunggu tekane Prayoga nek pas istirahat. Kamangka jane dheweke ya kerep melu acara rapat nang luar kota karo sisihane, Pangarso Wibawa. Ning kok rasane ora kaya ngene iki. Ora ana rasa senak-senik ngenteni tekane Pang ana kamar. Beda sing dirasake wektu iki, ngenteni tekane priya sing dikasihi Prayoga ana kamar pas jam istirahat.

Kaya-kaya nambani rasa kangen saben Prayoga mlebu kamar. Isa taneg

anggone lelumban asmara. Rumangsane Laila, iki dudu kadurakan. Aku ya duwe hak kangen lan nikmati asmara karo priya sing tak senengi. Dheweke uga sadhar menawa Pak Prayoga iku kagungan garwa ana Yogya. Ning hawa asmara lan rasa seneng mau, ngalangi anggone mikir waras, piye rasane Bu Prayoga dikianati sisihane. Dheweke ora kuwawa mikir. Pasrah melu ilining banyu. Lelumban asmara tanpa kendhat. Urip pancen akeh kembang, kebak kedadeyan manekawarna. Kira-kira jam telu kudu mulih ana apartemen, sadurunge Erina mulih.

Ngerti-ngerti pesawat wis ngancik tlatah Ngayogyakarta. Ana pengumuman menawa pesawat wiwit medhun, siyap-siyap arep ndharat. Saka jendhela katon ing sisih tengen pesisir, Segara Kidul. Terus ngliwati pengunungan Menoreh. Pesawat terus medhun nyedhaki landhasan Adi Sucipto. Wis ngancik jam setengah lima. Erina ngilir anggone turu.

“Awakmu bubuk angler banget wuk. Meri aku, mung nglambrang ngalamun ibumu.”

“Iya bu aku kesel banget iki. Keturon lali kabeh ruwet renteng sing tak adhepi. Ibu ngalamun nggalih apa? Kangen karo Mbak Kartika apa karo Pak Prayoga?”

“Ora susah mikir werna-werna wuk. Sing penting iki ngrampungni anggone priksa dhokter. Nek rampung, Setu sore mbalik Jakarta. Wengi iki nginep ana Solo. Sesuk priksa maneh ana Yogya.”

“Wadhuh padhet ya bu, mloya-mlayu Jakarta Yogya. Muga-muga ana paedahe kanggoku.”

“Iya wuk kabeh mung kanggo awakmu. Ora kanggo wong liya babar pisan.”

Tekan anjungan kedhatangan wis dipethuk Pak Adi. Sopir sing ngladeni Eyang Hartati ana Solo. Kepara teka rada gasik. Kuwatir nek kepancal soale kudu cepet-cepet menyang dhokter ana Semaki. Sadawaning laku ana mobil, Erina nyoba takon marang ibune prekara sesambungane karo Pak Prayoga. Erina ora isa lepas anggone mikir, babarpisan ora isa ndableg. Prekara cilik mesthi mlebu ana pikirane, apa maneh mrangguli sesambungan antarane ibune karo Pak Prayoga. Jare lagi wae kenal kok wis katon raket banget. Malah dheweke barang isa entuk lubering kekancan mau, diewangi Pak Prayoga anggone nggarap skripsine.

“Bu aku pareng nyuwun pirsia sithik, aja duka ya bu.”

“Ora wuk, kanggomu ibumu ora ana sing bakal tak selaki. Kabeh polahku ya mung kanggo butuhmu.”

“Matur nuwun ibu, aja nganti keterusen. Aku ya nyoba alon-alon pengin madeg ngatasi masalahku. Aku mung pengin ngerti sesambungane ibu karo Pak Prayoga jan-jane ki nganti sepira. Jare tepungan lagi wae nanging kok

wis katon raket banget, ki ana apa?"

"Iya wuk ora susah dipikir abot. Aku rumangsa cocok karo Pak Prayoga. Priyayine sopan, alus lan tansah melu mikir masalah sing tak adhepi, klebu masalahmu. Lagi sepisan iki aku ngrasake kaya ngene. Ya wis dilakoni wae kanthi sareh. Ora ngerti nganti kapan ora isa dipesthekke. Nanging kanggoku saben ana kesempatan sing apik, kudu dilakoni kanthi sabar. Ora ngerti nganti kapan lan apa ana kesempatan kaya ngene teka maneh ing tembe ngarep."

Erina senajan dheweke dhewe lagi akeh masalah, ning isa mangerteni ibune. Sesambungane karo Pak Prayoga. Mung dipupus, muga-muga ora ana masalah serius mengkone.

"Iya bu. Aku ngerti, ning aku matur sing ati-ati. Aja nganti kejeblong. Ora isa nglirwakake pikirane wong ing masyarakat."

"Iya wuk, ibumu tansah mikir, siyap lan waspada nek ana reribed teka."

+++++

Tekan klinike dhokter Inu, kahanan wis sepi. Mbokmenawa pasien-pasienne wis rampung anggone dilayani. Langsung ndhaftarake ana meja pendhaftaran, ana perawat sing jaga. Dhokter Inu priyayine gedhe dhuwur. Ngendikane alon-alon ning antep. Dheweke wis siyap amarga diwenehi weruh Pak Jaya, menawa bakal ditekani pasien diterke ibune. Erina Sawitri lan ibune, Laila Saraswati.

"Mangga lenggah Ibu Saraswati kaliyan Mbak Erina. Kok kados mbakyu kaliyan adhi kemawon punika. Kula wau pun tilpun Pak Jaya, piyambakipun ugi nembu liburan wonten Yogya. Minggu kados badhe kondur dhateng Manila."

"Injih matur nuwun sanget saged kepanggih panjenengan dhokter. Wonten sawetawis kahanan ingkang anak kula Erina menika kedah priksa dhateng panjenengan."

"Mboten dados menapa ibu, kula tansah siyap menawi pun betahaken dening pasien kados Mbak Erina."

Laila Saraswati banjur ngenteni ana njaba, nalika anake Erina diwawancarai dening dhokter Inu. Rada kaget menawa Pak Jaya lagi liburan ana Yogya. Nalika kontak liwat WA dheweke ora nggraita menawa Pak Jaya ana Yogya. Mengko wae nek wis bubar konsultasi arep dihubungi. Ora lali dheweke banjur kirim weling marang Pak Prayoga.

"Mas Prayoga sugeng sonten. Iki aku nunggu Erina, lagi wawancara karo dhoktere."



"Iya jeng sing ati-ati. Piye rencanamu wengi iki?"

"Bubar konsultasi aku langsung mulih Solo. Nek ora ana alangan sesuk Setu sore balik menyang Jakarta."

"Iya Jeng, muga-muga isih isa ketemu nang Jakarta. Durung mari kangen."

"Injih Mas, kok kaya ABG wae awake dhewe. Nganti ketemu sesuk ya Mas."

"Aja lali menahi nomer penerbanganmu, nek mbokmenawa aku bisa methuk ana Cengkareng."

"Ora susah ngrepoti panjenengan Mas. Aku bisa numpak taksi."

Bareng wis meh setengah jam Erina wawancara karo dhokter, Laila Saraswati diundang melu mlebu ana ruang konsultasi. Dheweke diwenehi katrangan kanthi gamblang program pengobatan saka dhokter kanggo Erina. Diterangke kanthi sareh dening dhokter Inu. Laila mung manthuk-manthuk, rumangsa mantep lan percaya.

"Bu Laila, Mbak Erina sampun wawan rembag kaliyan kula. Mboten perlu sisah, amargi kondhisinipu taksih tahap ringan dereng ngantos dados awrat. Sokur saged kadenangan lan enggal konsultasi. Kedah tlatos anggenipun nglampahi program pengobatan lan pemulihan mangke."

"Injih kita ndherek dhokter sauger Erina saged ujian S2 kaliyan tumut skrining pegawe, kinten-kinten kalih wulan malih."

"Kula aturi resep kangge depresi njih ibu lan Mbak Erina. Kangge kalih minggu rumiyin. Wonten werni kalih. Pun unjuk sedinten sepindhak wayah

enjang. Efek samping namung dheg-dhegan”

“Injih pak dhokter. Menapa wonten sanesipun.”

“Injih ibu kala wau sampun kula terangaken kaliyan mbak Erina, saenipun kok sisan nglampahi test psikologik wonten Yogya. Supados sampun gadhah pengalaman test, menawi mangke kedah nglampahi skrining pengangkatan pegawe. Menawi sarujuk, mangga pun dhaftaraken pindhah wonten Rumah Sakit Sardjito, Mbak Erina mangertos link kangge pendhaftaran. Kula njih sampun tilpon kalawau benjang enjang saged priksa wonten klinik ing Sardjito.”

“Matur nuwun sanget dhokter. Menapa dangu mangke pengobatanipun?”

“Panci kedah tlatos ibu, mangga program pemulihan kaliyan psikolog pun wiwiti kemawon. Menawi pun gabung kaliyan obat, perkembangan sangsaya cepet. Obat ugi saged pun kirangi dosisipun. Mangke kalih minggu utawi tigang minggu malih menawi badhe kontrol mriki. Kula serat resep ingkang saged kangge pengobatan lanjutan.”

Rasane mak plong Laila krungu keterangane dhokter Inu mau. Mantep menawa kondhisine Erina ora mutawatiri. Kari nglakoni pengobatan lan program pemulihan. Dheweke dadi kelingan nek Erina kudu bali anggone konsultasi marang psikolog ing Jakarta. Dheweke mbatalake anggone arep mulih Bengkulu dina Minggu. Kudu ngancani Erina nglakoni pemulihan. Karo maneh ora ana sing dikangeni ana Bengkulu. Kelingan menawa Pak Jaya, kancane maya dheweke lagi liburan ana Yogya. Durung nate ketemu adu arep. Mbokmenawa wektu iki sisan isa ketemu. Banjur kirim welingan marang Pak Jaya.

“Pak Jaya matur nuwun wis ngenalke aku karo dhokter Inu. Anakku wis konsultasi iki mau. Sesuk arep test psikologik ana Rumah Sakit Sardjito jam sepuluh. Aku budhal saka Solo jam wolu. Nek wis rampungan apa isa pepanggihan? Sore aku langsung balik Jakarta.”

Ora suwe ana wangsulan saka Pak Jaya, cekak aos menahi weruh menawa siyap ketemu. Pancen durung nate ketemu. Njaluk di wenehi kabar, menawa priksan wis tuntas ana Sardjito.

“Injih aku siyap Bu Laila. Sesuk tak parani ana Sardjito. Kayane priksane rampung rada awan. Awake dhewe isa ngobrol karo nunggu. Bubar priksan makan siyang dhisik sisan budhal ana bandara. Durung ngerti nyonyahku isa melu ora sesuk. Omahku cedhak saka Rumah Sakit Sardjito. Mung butuh wektu seprapat jam tekan rumah sakit.”

“Njih seneng banget nek isa ketemu. Sokur nek mbakyu isa nindaki senajan mung sedhela, amarga kita kudu ngoyak pesawat ana Jakarta.”

Jam setengah pitu Laila Saraswati karo Erina Sawitri, wis budhal menyang Yoga. Mau bengi mung ana wektu sedhela wawan rembug karo Eyang Hartati. Rada kaget Bu Hartati ditekani Laila karo Erina tanpa kabar sadurunge. Bareng dijarwani nek ana urusan sedhela menyang Yoga, Eyang Hartati semeleh penggalihe. Piyambake paham banget nek wayahe iku maune kuliah ana UGM. Lunga menyang Yoga jare ana urusan karo anggone arep ujian S2 karo skrining pegawe. Ora ngendikan akeh.

“Ya muga-muga urusanmu diparingi lancar kabeh ya putuku cah ayu. Dadi mung sedhela ana Solo?”

“Injih Eyang, kula kaliyan ibu bibar priksan wonten Yoga, lajeng teras mantuk dhateng Jakarta. Mboten saged nyipeng malih benjang-enjang.”

“Ya wis sing penting urusanmu kabeh lancar. Aku mung butuh omong sithik karo ibumu mengko.”

Esuk-esuk jam enem wis padha tangi siyap-siyap arep budhal Yoga. Pak Adhi wiwit jam setengah enem wis nyiapake mobil, Innova Venturer, sing kepara isih anyar. Lagi dinggo rong taun. Eyang Hartati uga wis wungu, wis ngunjuk teh anget. Mung mirsani putrine karo wayahe anggone gusur, siyap-siyap arep budhal. Laila Saraswati karo Erina, sarapan nganggo sega gudheg. Pak Adi tuku gudheg ana cedhak teteg sepur. Gudheng sing tansah dikangeni wiwit rikala isih urip nang Solo. Wis ganti generasi, ning rasane isih tetep nyamleng.

“Ndhuk Laila, mumpung kelingan aku pengin omong sithik. Aja dadi atimu ya.”

“Injih bu ora apa-apa. Arep ngendikan apa? Ora ana prekara sing wigati ta bu. Sehat-sehat wae.”

“Ngene lho ndhuk, kaya sing tak omongake sawetara wektu kepungkur, apa putu-putuku, Kartika karo Erina, wis kok critani prekara sesambunganmu karo Nakmas Hari Setiawan, lan larah-larahe anggonmu bebrayan karo bapake bocah-bocah?”

“Uwis tak blakani kabeh bu. Kartika lan Erina wis paham kabeh lan isa nampa kahanan sing disandhang ibune.”

“Oo ya sokur. Mumpung aku isih urip. Nek arep padha takon bakal tak jlentrehake.”

“Sajake kok wis isa nampa kabeh ibu. Mung pamundhute ibu kudu miwiti mbangun paseduluran maneh karo Mas Hari Setiawan, durung kaleksanan. Angkahku mengko nek Erina wis rampung studine karo wis tuntas le dadi pegawe tetap Kejaksaan, arep tak ajak bareng-bareng ketemu pakdhene, Mas Hari Setiawan.”

“Ya pepenginanku mumpung aku isih urip. Pengin weruh sesambungan paseduluran antarane keluarga Baskara lan Tanaja, isa pulih maneh

kaya ndhisik. Aja kok tundha-tundha ya ndhuk.”

“Ora bakal lali bu. Wis nang agendha. Mung iki isih repot ngurusi prekarane Erina. Aku ora isa ngeculke anakku ragil dhewekan ngadhepi masalahe.”
“Iya donga-dinonga ya ndhuk. Andum slamet. Ngati-ati menyang Yogya mengko.”

Alon-alon Pak Adi nyopiri mobil Innova Venturer, metu saka kampung Sambeng tumuju dalan menyang Purwosari, terus nelusur ngidul ngulon liwat Kartasura, Tegalondo, Klaten, lan Prambanan, mlebu tlatah propinsi Dhaerah Istimewa Yogyakarta. Ngliwati Candhi Syiwagraha utawa Candi Prambanan sing dibangun dening Rapai Pikatan. Manut crita sejarah, Rakai Pikatan nampa tahta Medhang saka garwane, Dyah Ratu Pramodhawarddhani, sing ngrampungake mbangun Candhi Bhumisambharabuddhara, ya Candi Borobudur. Candhi Borobudur karo Candi Prambanan wis diakone dening UNESCO dadi Warisan Budhaya Dhunia rikala taun 1991. Saben kelingan asma Pramodhawarddhani, atine Laila nratap. Dheweke banget anggone ering karo Ratu putri iku, sing wis ngrampungake Candhi Borobudhur, lan mbangun Candhi kembar Plaosan bareng karo garwane Rakai Pikatan. Candhi Plaosan dadi perlambang katresnan lan kasetyan antarane Dyah Pramodhawarddhani lan garwane Rakai Pikatan. Crita roman sejarah Jawa klasik sing agung lan endah.

Mak nyut ngerti-ngerti wis tekan kompleks UGM, Bulaksumur, panggonane Kartika lan Erina kuliah jaman semana. Banjur nuju Rumah Sakit Sardjito. Nglengkapi administrasi pendhaftaran sedhela, terus nuju ana lantai loro, nang Klinik Rawat Jalan Kesehatan Jiwa. Erina nglakoni sakabehing test sing biyasane kanggo skrining pegawe negeri Kejaksaan Agung. Sing paling suwe ana test sing jejenge test MMPI (Minnesota Multiphasic Personality Inventory), kanggo mriksa kapribaden lan peyimpangan psikologi. Mengkone nek pas skrining pegawe, Erina mesthi kudu ngliwati test iki. Pikire, nek kabeh calon pejabat pas seleksi ujian uga ditest MMPI, apa ya isa nyuda korupsi lan penyimpangan tugas ya? Karo ngenteni anggone test, Laila nyoba kontak Pak Jaya.

“Mas aku wis ana Rumah Sakit Sardjito, nunggu priksan Erina. Wis wiwit mau mesthine ya wis meh rampung sajake.” Let sedhela ana wangsulane saka Pak Jaya.

“Iya Jeng aku enggal mrono, mungkin jam sewelas wis tekan kono. Aku njujug nang lobi ngarep wae ben gampang le nggoleki. Bingung aku nek wis mlebu Sardjito.”

Alon-alon Laila pindhah anal lobi lantai dhasar. Ruang tunggune katata rapi lan resik. Dheweke nunggu ana lungguhan cedhak lawang gapura. Mobil-

mobil biyasane ngedhunke penumpang ana ngarep lobi iku. Ora suwe ana mobil ireng gedhe mlebu. Ngedhunke penumpang, priya yuswa rikmane wis putih kabeh, ning isih katon pengkuh. Kepara rada subur pawakane. Katon menawa priyayine menengan, serius. Dheweke nyoba nyedhak ana lawang mlebu. Priya iki noleh-noleh nggoleki.

“Nuwun sewu, panjenengan asma Pak Jaya?”

“Iya bu, aku Jaya, rada pangling ndeleng njenengan. Beda karo nang poto FB.”

“Bedane piye Pak Jaya? Awake dhewe wis dadi kanca maya meh limang taun, lagi isa ketemu dina iki ya.”

“Persis bu, luwih ngresepake ing kanyatan timbang ana FB. Salam kurmatku kagem sliramu ya.”

Pak Jaya nggegem tangane Laila, terus ngrangkul pratandha nek wis krasa raket. Laila rada kaget nalika dirangkul. Kanyata Pak Jaya senjata meneng, ning grapyak banget. Mbokmenawa wong-wong sing ana lobi ya padha mbatin kok ana wong wis umur dha ketemu banjur rangkulan. Embuh ora sah digagas. Ora ana aturan kasusilan sing diterak ana panggonan umum. Wong loro alon-alon munggah ana lantai loro liwat lift. Erina untunge wis rampung kari ngenteni kasile. Erina dikenalke karo Pak Jaya. Katon grapyak semanak kebak perhatian. Pak Jaya uga ngrangkul Erina, kayadene putrane dhewe.

“Mbak Erina sing canthas iki. Aku wis krungu saka ibu. Muga-muga kabeh lancar ya Nak.”

“Matur nuwun bapak. Wiwit Jakarta kala wingi, mlajeng-mlajeng dumugi mriki mligi priksan.”

“Iya lancar-lancar kan mbak.”

“Pengestunipun bapak. Kasilipun meh rampung menika.”

Bareng kasile test wis rampung, wong telu banjur metu golek makan siang. Ana rumah makan De Shushi dalan Kaliurang. Isih akeh wektu. Pesawat menyang Jakarta mengko jam telu. Iki lagi jam setengah rolas. Isih ana wektu ngobrol karo makan siang, paling ora sajam apa karo tengah jam. Laila seneng banget ketemu karo kanca maya sing wis suwe kenal. Lagi iki ketemu adu arep. Akeh sing dirembug. Swasanane regeng, rembugan kanthi seneng. Crita prekara gaweyan, prekara keluwarga, prekara hobi. Pak Jaya wis meh pensiun. Mung kurang setengah taun. Mengkone bakal bali mulih manggon ana Yogya nek pensiun. Dheweke isih seneng main golf.

“Wah nek main golf aku ora wani ngancani. Kulitku ora tahan srengenge. Mesthi ana bintik-bintik perdarahan nek kena srengenge.”

“Aku main ya mung arang-arang kok Jeng. Jaman isih aktif nyambut gawe, rasane pengin main golf, kayane kurang wektu. Bareng arep pensiun kok

malah aras-arasen nang lapangan.”

Tengah-tengahe ngobrol makan siang ana tilpun mlebu. Pak Prayoga ngabarake piye anggone priksan ana Yogya. Mbokmenawa ya karo pengin nyatakake apa wae kagiyatane Laila karo anake. Tanpa wigah-wigih Laila mangsuli tilpun.

“Piye kabare Mas Prayoga. Priksan lancar kabeh. Wis rampung. Mengko jam telu budhal Jakarta, ndarat ana Halim.”

“Saiki lagi ngapa Jeng kok rame swarane?”

“Iki lagi makan siang. Ditraktir Pak Jaya saka Manila. Kanca maya wis lawas.”

“Ooo ngono ya. Sing ati-ati.”

“Mengko sore aku ndharat jam papat Mas. Arep methuk mangga. Nek ora aku tak nganggo Silver, mengko isa ketemu ana apartemen. Mangga penake kepiye. Nuwun.”

Erina sing ngrungokake tilpune ibune. Atine rada bingung, kok ibune wis cedhak banget karo Prayoga. Kaya wong pacaran wae. Kamangka dheweke ndhisik karo pacare, Heru, ora nate tilpun kanthi sigrak kaya ngono. Pak Jaya mung kendel wae, dheweke ndhawuhi Pak Adi sopire supaya pesen makan siang sisan, bareng karo sopire Pak Jaya, jenenge Pak Endang, Endang Sudrajad.

Jam siji luwih sithik Laila Saraswati karo Erina, pamitan budhal ana bandhara Adisucipto. Ngaturke panuwun marang Pak Jaya anggone nraktir. Laila lagi ketemu sepisan iki sing asmane Pak Jaya. Anteng mibawani. Pisah sowang-sowang, Pak Jaya terus mangkat nang lapangan golf. Laila karo Erina menyang bandhara, sajurusan ning numpak mobil dhewe-dhewe.

+++

Jam papat luwih sethithik pesawat sing ditumpaki Laila Saraswati karo Erina wis ndharat ana bandhara Halim Perdhanakusuma. Luwih gampang, bandharane ora gedhe banget, ora perlu mlaku adoh. Mung nggawa bagasi tentengan, dadi ora perlu ngenteni bagasi saka pesawat. Mampir dhisik ana kamar mandhi, turas lan resik-resik rai sedhela. Wong loro banjur metu ana ruang pethukan. Thingak-thinguk sedhela sapa ngerti ana pethukan. Bareng wis cetha nek ora ana pethukan, banjur mara menyang panggonan taksi nunggu. Pesen Silver Bird, nuju menyang apartemen ing Kemayoran. Tekan apartemen, Laila enggal-enggal adus. Semono uga Erina. Awake pliket amarga kringet. Bubar adus leren mlebu kamar dhewe-dhewe. Wis ngancik wayah magrib. Ora ana rencana apa-apa wengi iku. Pengin leren.

Jam setengah pitu ana welingan WA mlebu nang HP ne Laila. Wis kaya sing

dipethek, saka Budi Prayoga.

“Jeng upama wengi makan malam wong loro kepriye, ana wektu?” Laila semaur kanthi ngati-ati.

“Nuwun sewu Mas Prayoga, awakku kesel banget. Pengin istirahat ana unit wae. Ndilalah Erina ya kekeselen sajake.”

“Sesuk aku budhal mulih menyang Phnom Penh, apa ora pengin ketemu maneh.”

“Mas Prayoga, aku pengin banget ketemu, ning awakku ora kuwat. Samar nek ambruk nek dipeksa. Aku tak leren dhisik wengi iki, sesuk esuk tak mara nang bandhara Cengkareng, pesawat jam pira?”

“Pesawatku budhal jam setengah siji. Mungkin tekan bandhara jam sepuluh. Ngene wae ya dhik aku diterke sopir, tak ampiri wae nang apartemen, terus bareng nang bandhara. Makan siang nang kana.”

“Matur nuwun Mas, tak enteni sesuk ya.”

Laila banjur turon nang kamar sinambi ngrungokake musik ringan. Dheweke nggraita menawa Prayoga rada kegelan ora isa makan malam wengi iki. Ning banjur dipupus. Fisike ora kuwat, kesel banget mloya-mlayu Jakarta- Yogya- Solo- Yogya- Jakarta. Butuh wektu istirahat. Awake wis ora kaya mbiyen rikala isih enom wis ora isa dipeksa.

+++++



BAB 18
Kuwajiban

Laila Saraswati wis tangi wiwit esuk. Nyiapake sarapan kanggo wong loro, karo Erina Sawitri. Jam setengah wolu Erina wis tangi, katon seger wis isa leren turu kepenak sewengi muput. Ora katon menawa lagi nandhang stress lan depresi. Mung omong-omong entheng karo sarapan antarane ibu karo putri ragil.

“Wuk aku esuk iki tak ngeterke Pak Prayoga menyang bandhara, apa awakmu arep melu?”

“Ora susah ibu, tak nggarap ana unit wae. Ana garapan sing kudu rampung minggu sesuk.”

“Oo iya wuk, aja lali sesuk kudu bali konsultasi nang psikolog, Dr. Hera. Mengko tak terke ya. Langsung saka kantor ben ora kelangan wektu ana ndalan.”

“Injih bu, wis tak cathet. Sesuk aku jam papat persis wis rampung. Langsung nang klinik.”

“Muga-muga lancar.”

Ana tilpun saka jagabaya, ana tamu asmane Pak Prayoga, pengin munggah apa dikeparengake? Laila mangsuli, mangga tamune didherekke. Ora suwe Pak Prayoga diterke dening petugas keamanan wis teka. Diaturi mlebu, embuh ana apa kok ndadak pengin munggah mampir nang apartemene.

“Sugeng enjang Mas Prayoga. Mangga pinarak. Rada sesak ruangane. Lagi sarapan karo Erina. Mentas wae tangi.”

“Sugeng enjang Jeng. Seneng isa ketemu Erina maneh. Mung pengin pamit karo Erina iki.”

Pak Prayoga nyalami Laila Saraswati kanthi kenceng, karo ngesun pipine. Bubar iku terus nyalami Erina, karo ngrangkul. Erina rada kaget, kikuk rasane esuk-esuk durung adus kok dirangkul priya nggantheng. Ora pedhe rasane.

“Mbak Erina, aja digawe susah ya. Kabeh isa diadhepi kanthi sareh. Nek ana apa-apa sing isa tak bantu, aja ragu-ragu kontak aku. Aku tak mulih dhisik ya Mbak. Ati-ati.”

“Matur nuwun sanget bapak, sampun kersa cawe-cawe. Kula sampun kathah ngribedi bapak kanthi garapan kula. Ndherekaken sugeng kondur dhateng Kamboja.”

Pak Prayoga karu Bu Laila Saraswati enggal mudhun terus arep budhal nang bandhara. Ora akeh rembuge, tuntunan wong loro liwat lift. Laila ya mung meneng wae rikala dirangkul bangkekane mlebu lift. Dheweke nganggo ngisoran jin, ndhuwuran kaos warna lembut. Isih katon ayu, weweg isi, senajan umure wis ngancik meh seket taun. Sasuwene ana mobil tumuju bandhara mung meneng-menengan. Ning wong loro padha genggeman tangan. Laila rumangsa nek Pak Prayoga pancen lagi ora kepranan atine. Mbokmenawa gela merga mau bengi ora ketemu. Lha wis kepiye maneh, dheweke ya kepengin ketemu priya nggantheng iku jane, ning wong awake ya wis kesel banget.

Tekan bandhara lagi jam sanga kliwat sithik. Wis wiwit rame wong padha antre mlebu bandhara. Wong loro banjur gandhengan mara nang restoran. Bagasine digawa nganggo gledhegan. Milih meja ana cedhak lawang mlebu. Durung akeh wong, Pesen sarapan wong loro, jus jeruk karo endhog orak-arik sing diarani scramble egg. Ana meja makan genggemane Pak Prayoga tetep ora dieculke. Laila ya mung meneng wae, sok-sok tangane mbales ngelus-elus tangane Pak Prayoga. Kaya remaja sing lagi ketaman asmara. Pak Prayoga miwiti rembug, alon.

“Jane atiku gela Jeng, sliramu mbokmenawa krasa. Ning tak enteni kok ora miwiti mbukak rembug.” Laila ora kaget krungu rembuge Pak Prayoga, dheweke wis siyap nanggapi.

“Injih Mas Prayoga, njenengan mesthi gela, mau bengi ora ketemu. Ning awakku pancen wis ora kuwat. Nyuwun sing gedhe pangapuramu.”

“Jeng Laila, aku omong bares wae. Gelaku merga ana rong prekara. Sepisan kok kono wis cedhak banget karo kancamu sing saka Manila iku, nganti ditemoni lan diajak makan siang. Ping pindhone kok sliramu mau bengi malah ngendhani ketemu aku. Kamangka iku patemon pungkasan sadurunge aku budhal Phnom Penh.”

Laila rada njegreg krungu tembung Pak Prayoga, nanging kanthi sareh aweh wangsulan. Nyoba mernahke dhodhok selehe.

“Aku durung nate ketemu adu arep karo Pak Jaya. Aku lagi ngerti menawa dheweke ana Yogya, nalika priksa dhokter. Apa eleke ketemu sisan? Malah dheweke ya nemoni aku karo Erina ana rumah sakit Sardjito. Dheweke kenal karo petugas lan dhoktere, kasil priksan luwih cepet dipasrahke. Tekan Jakarta awakku pancen kesel banget, ora kok aku ngendhani njenengan, Mas Prayoga.”

Ora ngrumangsani salah Laila ya tansah sabar. Mung nang njero atine ngedumel. Priya ki nek wis nyenengi wong wadon, kok karepe terus arep monopoli, aja nganti wanita sing dikasihi gathuk karo wong liya. Panemu

wis kuna iku.

“Aku pengin takon sliramu Jeng, terus hubungane awake dhewe ki kepriye nek manut sliramu. Apa perlu diteruske?”

“Mas, awake dhewe isih kaiket dening keluwarga. Aku isih dadi sisihane Mas Pang, njenengan sisih didhampingi garwa. Dilakoni wae melu ilining banyu, ora susah nyoba diowahi saka padhatan.”

Budi Prayoga wis nggraita wangsulane Laila. Wangsulan sing realistik mangkat saka kahanan kanyatan. Dheweke uga ora siyap nek kudu ganti status sesambungane karo Laila. Mung minangka wong lanang kudu ngomong kaya ngono kuwi, ben kethok nek dheweke katon priya sing sembada, sing tanggung jawab, ora biyasa mencla-mencle adol tembung tresna sanggon-nggon. Dudu priya lamis ing katresnan. Mung kanggo samudana. Batine Laila ya mung ngguyu karo karo nggremeng ‘**gambliss**’ krungu tembunge Pak Prayoga. Wong Solo ki nek rumangsa dibombong ning diapusi, biyasane mung wangsulan cekak ‘**Gamblis**’, apa ‘**Mbel**’.

Ora suwe Pak Prayoga kudu mlebu, check in. Laila ngeterke tekan ngarep koridhor. Wong loro rangkulan kenceng, senjata mbokmenawa atine padha-padha le nglambrang embuh menyang endi. Rangkulan iku wujud formalitas ritual nek lagi padha kasmaran.

+++

Laila Saraswati mulih balik nang apartemen numpak Silver Bird. Atine tanpa beban, sinambi ngrungokke musik ringan saka mobil. Isih akeh sing durung ketandangan tumrap urusan pribadhine. Kudu ndhampingi Erina nglakoni terapi lan pemulihan kesehatan jiwa. Kudu miwiti kontak maneh karo Hari Setiawan, ngrakete maneh sesambungan paseduluran sing wis suwe pedhot. Kagiyatan usahane uga lagi ribed, miwiti kerjasama kanggo ekspor areng lan briket grajen kayu nang Timur Tengah. Dheweke pengin kontak karo putri mbarepe, Kartika. Isa sambung, Kartika lagi ameng-ameng karo sisihane, Indra ana omahe ing BSD.

“Sugeng enjang ibu. Nang endi iki, wis pirang-pirang dina kok ora ana kontak?”

“Iya wuk ibumu playon montang-manting ngeterke adhimu priksan. Tekan Yogya karo Solo barang. Iki lagi ana mobil saka bandhara, ngeterke Pak Prayoga mulih menyang Phnom Penh.”

“Oo ngono bu. Muga-muga prekara Dhik Erina enggal rampung, Pulih kaya wingi-wingi maneh. Aku bolak-balik entuk weling saka Bengkulu, saka bapak lan saka asistene ibu kae, Mbak Nora, nyoba kontak Ibu ora tau kasil.”

“Ya kuwi ta wuk, lagi playon ngurus adhimu Erina. Iki mengko tak kontake

balik. Sesuk kudu ngeterke adhimu priksa nang psikolog kanggo perawatan lan pemulihan. Kudu sabar jarene.”

“Injih bu aku paham, tulung kontak bapak karo asistene ibu, Mbak Nora. Ben ora diarep-arep.”

“Iya meshi wuk. Seka siji, dina iki mesthi tak hubungi.”

Karo ngrungokke musik ringan Laila ngeling-eling weline ibune, Eyang Hartati. Bolak-balik pesen kudu enggal miwiti kontak karo Hari Setiawan, minangka wakile trah Tanojo. Ya manten tunangane sing bubar luwih selawe taun kepungkur. Dheweke mung kepikiran welinge ibune mau. *“... mumpung aku isih urip ndhuk, aku pengin sesambungan paseduluran iku pulih maneh....”* Rikala ketemu pas layatan almarhum Bu Sukma, ya ibune Hari Setiawan, dheweke diwenehi nomer WA ne Hari. Ning durung nate kontak. Dheweke nggoleki nomere Hari, banjur nyoba kirim pesan.

“Sugeng siyang Mas Hari. Iki aku Laila Saraswati. Matur nuwun ndhisik diparingi nomer panjenengan. Aku karo anak-anakku, Kartika karo Erina ya padha sehat-sehat ora kurang apa-apa. Sing tak suwun panjenengan tansah sehat. Mung pengin matur sithik. Ibuku, Ibu Hartati, tansah ndhawuhi aku supaya karo anak-anakku miwiti paseduluran maneh keluwarga Baskara lan keluwarga Tanojo. Aku nyuwun pamanggih panjenengan. Aku ora wani ndhisiki sadurunge entuk pangandikan panjenengan. Aku wis ngrumangsani salah. Aja nganti gawe ribed panjenengan maneh.”

Welingan iku diwaca bola-bali, banjur dikirim marang nomere Hari. Tanpa pangarep-arep gedhe. Mung pengin nindakake dhawuhe ibune, Eyang Hartati. Ora let suwe tanpa dinyana ana wangsulan saka hari Setiawan.

“Sugeng siyang Jeng Saraswati. Aku nyengkuyung dhawuhe Ibu Hartati. Kapan-kapan pas wektu senggang, awake dhewe karo putri-putrimu isa ketemu. Isa nang Solo, isa nang Jakarta. Ora ana sing ribed. Kabeh wis ana dalane dhewe. Nuwun, Masmu Hari.”

Atine nratab maca wangsulane Hari. Kapan-kapan isa ketemu, dikancani anak-anake, Kartika karo Erina, patemon karo Hari Setiawan. Apa sing arep diomongake? Ning angger kelingan dhawuhe, ibune, Eyang Hartati, wektune wis ora suwe maneh, pengin nyumurupi sesambungan keluwarga pulih maneh, atine nratab. Paling ora dheweke wis miwiti, wis entuk wangsulan saka Hari. Kari nari wektune wae. Ora susah digawe abot.

+++

Tekan apartemen wis meh jam rolas awan. Laila Saraswati nembe munggah ana lift nalika ana pesen mlebu. Ora patiya digatekake, terus mlebu ana

unit apartemen. Erina isih nikmati anggone ngrungokke musik ringan saka komputer. Laila bubar nyelehake tas, nyopot sepatu, banjur mapan lungguh ana ngarep TV. Mbukak HP ne ana weling saka Mbak Nora, asistene ana Bengkulu.

“Ibu Laila Saraswati kula suwun kanthi sanget enggal kondur Bengkulu. Bapak Pangarso Wibawa, dhawah wonten kamar mandhi enjang wau. Dereng sadhar. Sampun kula bekta dhateng nggriya sakit. Kula antu-antu Ibu kanthi sanget. Saking kula, Nora.”

Kaget banget Laila nampa pesen iku. Dheweke durung rampung urusane nang Jakarta. Ning kudu mulih menyang Bengkulu. Kanthi cekak aos, welingane Nora diwangsul.

“Mbak Nora, trima kasih welinganmu. Aku ana Jakarta iki, tak golek pesawat sore iki. Muga-muga entuk pesawat, wengi iki isa tekan Bengkulu. Nek ora ya sesuk esuk pesawat sepisanan. Tulung bapak kok upakara nang rumah sakit ya. Nek perlu tenaga pramurukti kanggo nunggu, sisan digolekake, ben Mbak Nora ganti istirahat. Bapak ditunggu pramurukti wae.”

“Ngestokaken dhawah ibu. Menika supados bapak pikantuk perawatan dadakan wonten Gawat Darurat. Menawi sampun mapan sedaya nembe kula tilar.”

Laila enggal-enggal ngundang Erina. Pamitan nek dheweke kudu bali dina iki menyang Bengkulu. Erina isih mugen ana komputer, ngrungokke musik ringan, rada kaget nalika dipamiti ibune.

“Erina, aja kaget ya, ibumu dina iki kudu mulih Bengkulu. Bapakmu gerah dadakan. Iki wis digawa nang rumah sakit. Ana unit Gawat Darurat.”

“Ora disrantekke sesuk sisan ibu. Apa isa nyandhak pesawat sore. Penerbangan pungkasan jam setengah lima.”

“Iya wuk, aku tak ngoyak pesawat iku. Muga-muga isa melu dina iki. Upama ora ya sesuk esuk penerbangan pertama. Aja lali sesuk sore ketemu Dr. Hera ya. Wis ana janjian wektu, aja nganti lali.”

“Injih bu aku siyap. Nek ana apa-apa aku atur kabar mengko.”

“Mbakyumu Kartika kabarana menawa bapakmu gerah dadakan. Sokur nek isa pamit, niliki bapakmu nang Bengkulu.”

“Injih ibu, sing ati-ati ya bu. Muga-muga entuk pesawat sore iki. Cengkareng kan patang puluh menit wis tekan nek ora macet.”

Laila Saraswati enggal-enggal numpak taksi menyang bandhara Cengkareng maneh. Bagasine ora digawa kabeh. Mung tas cilik sing ora perlu mlebu bagasi. Ben urusane luwih cepet. Isa teka ana Bengkulu dina iku. Lat-

Lamising Katresnan

late sesuk esuk, penerbangan esuk. Iki dadi kuwajibane, ngupakara Pang sisihane. Senajan atine krasa adoh, ning kuwajiban kudu dilakoni. Ora isa diselaki. Pengin cepet-cepet teka ana Bengkulu. Wis ditinggal luwih saka seminggu.

+++++



BAB 19
Ngumut Bejo

Laila Saraswati teka ana bandhara Fatmawati Soekarno wis wayah sore, kliwat jam lima. Saka bandhara terus njujug rumah sakit. Sisihane Pangarso Wibawa isih dirawat ana Unit Perawatan Intensip. Sawise njaluk idin marang petugas jaga, banjur ngresiki tangan lan nganggo jas sing mligi disedhiyakake kanggo keluwarga pasien sing padha tilik, dheweke mlebu ruangan. Pang isih durung sadhar. Wis kapasangan selang karo infus. Ilang gagahe, nglempuruk tanpa daya, Sok-sok nywara ngrintih lirih,

Bareng disalami lan disapa kanthi alus “*Mas Pang, iki aku Laila...*”, isa nanggapi kanthi nggegem tangane sisihane, karo ngrintih mung ora kewetu swarane. Meruhi kahanan sing kaya ngono, Laila rumangsa ora tegel, trenyuh. Biyasane tansah gagah, pengkuh, swarane sora, kok saiki lemes tanpa swara babar pisan. Laila rumangsa gela dene ora ngaruhke sisihane supaya taat karo dhiet, taat supaya tansah sabar, ora perlu grusa grusu umbar swara. Ya mung rong minggu iki dheweke ora ngelingake sisihane. Biyasane entek amek kurang golek, mesthi ngelingake liwat pesen WA “... **sabar ya Mas, ati-ati le ngendikan, le dhahar dijaga, aja ngrokok....**” Ora ana bosene anggone ngelingake senjata ora tau digape, ora tau diwangsul.

Bareng ketemu Prayoga ana Jakarta, kok kaya-kaya lali ngelingake sisihane kaya adat saben. Ya mung seminggu luwih sethithik anggone ora ngelingke. Ora mung amarga repot karo Prayoga, ning dheweke uga lagi buneg mikir anake ragil, Erina Sawitri aing lagi nandhang stress. Erina uga butuh dhukungan saka dheweke ben isa ngliwati wektu krisis, lulus anggone S2 lan lolos skrining pegawe Kejaksaan Agung. Dheweke mantepake pikir menawa arep ngrumat sisihane dhisik minggu-minggu iki. Didhisikake dadi prioritas meruhi kahanane Pang. Sisihane mau kaya-kaya ana dalan simpangan, arep urip terus apa arep ninggal donya. Dheweke entuk wektu ketemu dhoktere sesuk esuk bubar visite kunjungan pasien. Wengi iku mulih nyoba turu karo leren. Sisihane ditunggu pramurukti sing dikontrak dening Nora, asisten sing dipercaya mrenah-mrenahke kagiyatane dheweke. Ora lali dheweke ngirim weling marang Nora.

“Mbak Nora, terima kasih ya, bapak wis diupakara. Aku mau wis niliki. Durung sadhar, ning stabil.”

“Sami-sami ibu, kalawau kula tilar pukul gangsal, amargi kedah mrenahaken damelan wonten Hotel Kanthil. Wonten rombongan

saking Jakarta nyipeng.”

Esuk-esuk Laila Saraswati wis tangi. Biyasane wayah esuk ngene dheweke ngecek laporan Hotel Kanthil sing ana sabrang dalan. Esuk iki jam lima dheweke nyoba kontak pramurukti sing kajibah nunggu Pangarso Wibawa. Nakokake kahanane sewengi nganti esuk iki.

“Kala dalu saged sare ibu, namung sekedhap-sekedhap sok ngrintih. Kala enjang wungu sekedhap nimbali ibu.”

“Mengko nek mundhut pirsu aku, matur menawa aku lagi ngurusi gaweyan ngomah, mengko jam-jam wolu aku teka nang rumah sakit. Tulung takon perawat sing jaga, dhoktere kira-kira visite jam pira?”

“Ngendikanipun perawat, visite dhokter biyasaniupun jam sanga, sabibaripun poliklinik rampung.”

“Ya ora apa-apa aku mrono jam-jam wolu. Bapak diupakara ya, diseka lan diganteni agemane. Terus dhahare lan obat-obate aja nganti lali. Nek ana apa-apa aja lali lapor perawat.”

Bubar ngontak pramurukti, enggal-enggal adus lan dandan. Ora patiya dioyak-oyak kaya adat sabene, soale wis ora kudu mulang ana sekolah. Iki langsung nybrang dalan, sisan sarapan ana hotel karo nemoni sing kapatah jaga. Piye mau bengi apa lancar-lancar wae. Dheweke nek dudu prekara wigati, kabeh urusan hotel ditundha nganto sesuk esuke. Nek dilayani marahi ora bisa turu. Ana wae sambate tamu sing butuh iki butuh iku, ora ana kendhate. Mbak Nora wis ana hotel esuk iku.

“Mbak Nora, piye mau bengi lancar-lancar wae ta? Tamune rombongan saka ngendi?”

“Sedaya lancar bu, sampun pun siyapaken sawetawis minggu. Rombongan tamu, ibu-ibu saking Jakarta. Sajakipun ibu-ibu Dharmawanita saking salah setunggaling Kementerian.”

“Ya sokur, muga-muga tansah lancar. Aku mengko jam wolu tak nang rumah sakit.”

“Kula ndherek pisan dhateng nggriya sakit bu. Taksih senak-senik kula, amargi dereng nate ngangge pramurukti menika.”

“Mau aku tilpun kok sajak wis canthas, wis ngerti apa sing kudu ditandangi.”

Jam wolu Laila Saraswati budhal menyang rumah sakit karo Mbak Nora, diterke sopir. Sopir iku durung suwe nyambut gawe ana Hotel Kanthil. Jenenge Rifki, asli Bengkulu, umur-umrane ya pitulikuran. Tekan rumah sakit wong loro langsung njujug nang Ruang Rawat Intensip. Pang wis resik, wis ganti pakeyan lan wis didulang. Wis sadhar ning durung bisa diajak rembugan. Nalika di salami Laila karo mbak Nora, wis ngerti mung omongane isih lirih banget.

"Jeng Laila..... Aku wis kesel banget. Pengin leren....."

Laila semedhot krungu rintihane Pang. Mripate kembang eluh. Dikapak-kapakna kae wong wis urip bebrayan bareng selawe tahun luwih. Senajan atine sok serik nek kelingan prastawa sing wis kepungkur, dheweke sadhar menawa Pang iku uga bapake anak-anake.

"Ora susah digalih abot. Sing penting istirahat wae ben endang mari."

"Awakmu nang endi wae tak enteni esuk sore..."

"Aku ngancani putrimu, Erina, lagi butuh dikancani. Kudu ana ibune"

"Bocah wis mandhiri kok njaluk ditunggu ibune..."

Jam sanga ana dhokter ahli syaraf teka niliki lan mriksa kahanane Pang. Laila nyoba takon kanthi alon.

"Dos pundi kawontenanipun dhokter. Menapa mutawatasi?"

"Kondhisinipun fisik stabil ibu. Mbokmenawi mangke kedah priksa lan tindakan lanjutan. Ning mboten wonten ing Bengkulu. Wontenipun Jakarta, Dr.Terawan wonten RSPAD."

"Yogya Solo menapa sampun wonten?"

"Wonten kalih-kalihipun. Mangke milih ingkang langkung kulina kemawon. Saged wonten Solo utawi Yogya. Namung prosedur entheng, mboten awrat. Namung mondhak sedalu utawi kalih dalu."

+++

Nganti rong minggu Laila Saraswati nunggu sisihane dirawat ana rumah sakit. Diteruske rawat jalan, kontrol paling ora seminggu sepisan nang dhokter. Laila terus ngancani Pang wira-wiri kontrol. Nek kahanane wis stabil, mengko arep diteruske terapi ana Jakarta apa Solo. Jane krasa kesel ya fisik, ya atine, ngrumat wong lara, senjata sisihane dhewe. Kabeh dilakoni kanthi sabar ngelingi nek Pang, kapak-kapakna ya sisihane, ya bapake anak-anake. Kanggo ngurangi sanggan ngrumat Pang, Laila wis nyiapake Rifki sopir hotel, supaya ngladeni Pak Pang, kapan wae diperlokke. Aja nganti ditundha. Urusan antar jemput tamu hotel mengko bisa digolekke mobil sewan apa sopir pocokan. Tenaga pramurukti uga wis disiyapke ngrumat Pang saben dinane, esuk nganti sore. Jenenge Mbak Rani, wanita ibu tunggal umur patang puluhan, duwe anak siji sekolah SMP kelas loro. Omahe cedhak karo hotel Kanthil.

Erina uga wis tilik bapake ana Bengkulu. Erina wis akeh kemajuwane, mung bobot awake rada mundhak. Jare dhoktere merga efek samping obat sing diombe. Dhoktere tansah ngandhani supaya ngurangi anggone maem. Ning napsu makan kok rasane ora isa ditahan. Akibate bobote mundhak, katon saya subur. Muga-muga wae enggal bisa disetop obat-obate ben ora tambah

abot awake.

Kartika karo sisihane, Indra, wis niliki bapake nganti ping pindho. Loro-lorone padha dene anggone melas meruhi bapake nandhang lara stroke, senajan mari ning kudu nganggo kursi rodha. Amarga kondhisi fisike, Pang wis ora isa nglakoni tugas-tugase minangka Kepala Lembaga Pemasarakatan. Dheweke ngajokke cuti amarga lara nganti setaun, mengko nek durung mari ya diperpanjang. Jare isa ditambah nem sasi. Ana wektu karo tengah taun kanggo neruske terapi kareben bisa aktif maneh minangka pegawe negeri.

Sawijining dina, Laila nampa WA saka ibune, ngabarake nek jare dhokter Eyang Hartati, kudu dioperasi. Maune mung kangelan mamah, angger dhahar ilate kerep kecokot untu taring utawa siyung ndhuwur. Menyang dhokter gigi, dikandhani kudu operasi rahang kanggo mbenekake anggone mamah. Menyang dhokter ahli penyakit dhalam didiagnose gejala hipertiroid, amarga kelenjar tiroid hiperaktif. Kudu operasi kelenjar tiroid. Terus advis saka dhokter bedhah jare ana gejala penyempitan saluran makan esofagus, kudu dioperasi. Adhine Laila sing ana Solo, sing ngancani Bu Hartati mbingungi, ana adpis operasi kok werna telu beda-beda. Sambate ya mung karo Laila Saraswati, njaluk supaya teka nang Solo lan menehi weruh kepriye penake. Alon-alon Laila omong karo Pang.

“Mas Pang, kahanan fisikmu wis saya apik saben dinane. Apa aku isa matur?” Pang wis rumangsa nratat nalika Laila arep omong.

“Aku lagi wae nampa WA saka Dhik Herman, ngabarake nek ibu kudu operasi. Isa tak tanggal sedhela ngaruhake ibu ya Mas?” Senajan atine abot Pang bisane ya mung nyetujoni.

“Iya dhik, ning nek isa aja suwe-suwe. Adhimu kan bisa ngancani ibu nang Solo.”

Laila mung ngiyani omonge Pang. Adhine sing ana Solo pancen ana loro, Herman adhi lanang, karo Emi adhi wedok. Herman nyambut gawe ana Balai Kota, duwe tanggungan keluarga, omahe ana Mangkubumen. Dene Emi lagi wae kelangan sisihane sing ngasto guru telung taun kepungkur. Wis bola-bali nyoba mbukak usaha, ning durung kasil. Omahe ana Kampung Nusukan, duwe renggan anak loro isih sekolah ana esempe. Sajake adhine loro-lorone padha sibuke duwe renggan keluarga dhewe-dhewe.

Dina Setu ngarep rencana arep budhal menyang Solo. Erina sisan dikabari supaya menyang Solo, ngancani dheweke, eyange lagi gerah. Mung sing mbingungke, mosok kok ana adpis operasi nganti werna telu, saka dhokter telu. Ora mungkin nek dipikir. Kabeh mung mriksa saka bidhange dhewe-dhewe. Apa adhine sing mbingungi, digawa menyang dhokter sakecekele,

tanpa dipikir gerahe apa. Laila kelingan tepungane dhokter, Pak Jaya. Pak Jaya uga wis persiyapan pensiun. Ora baku terus nang kantor Manila. Akeh anggone wira-wiri. Kabeh kasil papriksan dhokter telu mau karo laboratorium, dijuluk saka Herman lan dikirimake menyang dhokter Jaya.

“Aku nyuwun ngapura, ngganggu penjenengan Mas. Rebat cekap, ibuku yuswa 75 taun, kok dipriksa dhokter telu, diagnosene beda-beda, terus adpise operasi ya beda-beda. Bingung aku, endi sing kudu didhisikake. Iki kasile kabeh tak poto, tak kirim penjenengan. Kepriye nek manut panjenengan?”

Let sedhela wis ana wangsulan saka Pak Jaya, marahi atine rada krasa lega.

“Ora apa-apa Jeng. Aku biyasa ngladeni kaya ngene saka ngendi-endi saindhenging Pasifik Kulon. Iki barang ora biyasane, kasuse ibu. Mosok ana telung diagnosis lan telung tindakan operasi. Dhokter-dhokter kuwi mesthi ora ngerti kasil papriksan dhokter liyane. Pasien utawa keluarga pasien ya ora teliti anggone konsultasi karo dhokter, kudune kasil saka dhokter sepisanan kan dilaporke karo dhokter liyane. Kanggo panemu kapindho. Ndilalah aku Setu uga wis balik ana Yogya Jeng. Mengko tak tiliki nang Solo.”

“Ben dipapag sopir wae apa Mas, mengko sopirku ben methuk nang Yogya.”

“Ora perlu Jeng. Aku ya ana sopir ana Yogya. Embuh nyonyah isa melu nang Solo apa ora, aku ora isa mesthekake. Nganti dina Minggu ngarep ya Jeng. Aja ana tindakan dhisik nang rumah sakit kagem ibu.”

Laila rada tentrem atine bareng wis entuk idin dening Pang nek arep niliki ibune ana Solo. Saya mantep bareng maca wangsulane Pak Jaya, menawa lagi ana Yogya lan arep niliki ibune ana Solo. Kudu ninggal bojo sing lagi lara, merga kudu ngendhang ibune sing uga lagi gerah. Untunge Pang wis ana sing ngupakara, Mbak Rani pramurukti lan Rifki sopir sing isa ndherekake Pang lunga nang ngendi wae nek dibutuhake. Asisten Mbak Nora isa ngawat-awati lan menahi kabar dheweke menawa ana sing wigati. Dheweke ora rumangsa nglirwakke sisihane. Wis ngrumati, wis ngupakara Pang nalika nandhang lara.

+++++



BAB 20

Nuruti Dhawuhe Ibu

Dina Setu kudune Laila Saraswati budhal menyang Solo, niliki Bu Hartati sing lagi gerah. Ananging sial amarga tiket pesawat sambungan Jakarta Solo wis entek. Kari ana tiket Garuda Jakarta Ngayogyakarta. Ya wis kepeksa medhun ana bandhara Adisucipto, terus numpak mobil menyang Solo. Ora adoh, mung antarane sewidak kilometer. Nek lancar ya siji setengah jam wis tekan. Ning nek pas macet isa jam-jaman ana ndalan. Atine kemrungsung enggal-enggal kepingin ketemu ibune. Dheweke ora nggawa bagasi mung nggawa tas tentengan dadi ora perlu ngenteni metune bagasi. Nalika liwat ruang kedhatangan, ana wong nyapa kanthi sopan, gawe kagete.

“Jeng Laila, lho kok ndharat ana kene, apa ora kesuwen?”

Njegreg ora isa wangsulan. Bareng dimatke, Pak Jaya sing nyapa, lagi isa mangsuli.

“Injih Mas Jaya, kentekan penerbangan sambungan, kepeksa medhun Yogya. Yogya Solo mlaku dharat akeh taksi.”

Karo ngenteni medhune bagasi, wong loro lungguh ana kursi ana pinggir. Bagasi dijupukke dening petugas porter.

“Jane rencanaku lagi sesuk menyang Solo. Apa enake sisan saiki wae ya, aku dipethuk sopir iki. Nyonyahku ya lagi arisan nang Ambarawa lagi mengko sore tekan ngomah.”

“Digawe entheng wae Mas, aja ngrepoti njenengan. Kahanane ibu dudu kondhisi gawat dharurat.”

“Nek isa menyang Solo dina iki, luwih becik kanggoku. Sesuk isa nang ngomah sedina muput leren. Nek wis nang ngomah ki abot rasane nek kudu lunga maneh. Saiki tekan ngomah ya ora ana sapa-sapa. Mung clingukan dhewe.”

“Aku ndherek wae, mengko tak kirim WA adhikku ben kabeh kasil papriksan dicepake.”

Wong loro banjur metu sawise bagasine Pak Jaya ketemu. Pak Endang sopire Pak Jaya wis methuk ana ruang penjemputan. Ngenteni Pak Endang njupuk mobil ana parkiran sedhela. Mobil kleser-kleser metu saka bandhara. Wis jam rolas awan punjul. Hawane rada sumuk. Mlebu mobil nganggo AC rasane adhem kepenak. Wong loro isih meneng-menengan, mbokmenawa ora nyangka menawa bakal ketemu lan bebarengan samobil nuju Solo. Kabeh kaya-kaya kok wis ana sing ngatur. Tekan tlatah Kalasan, Pak Jaya

wiwit ngendikan.

“Wayahé makan siang, upama mandheg nang ayam goreng Mbok Berek piye Jeng?”

“Aku ndherek wae, wiwit esuk pancen durung sempat sarapan.”

Pak Endang ngenggokake mobil ana plataran Rumah Makan Mbok Berek ana sisih kiwa dalan. Pak Jaya karo Laila medhun dhisik terus golek panggonan sing kepenak, isa kanggo ngobrol wong loro. Ora lali Pak Endang uga didhawuhi pesen makanan dhewe.

“Data-data priksa dhokter karo laboratorium mengko ana kabeh ya Jeng? Karo aku pengin ketemu adhike sing ngancani ibu priksa dhokter. Pikirku iki ana salah komunikasi, embuh saka keluarga pasien apa piye, kok nganti ana telung diagnosis lan telung anjuran operasi.”

“Iya Mas, adhikku Herman wis tak kirim WA tak kon siyap iki”

“Sistem pelayanan kesehatan pancen isih kurang temata ana Indhonesia, pasien isa pindhah dhokter sakepenake. Durung ana sistem sing temata.”

Ora akeh guneman sadawaning laku. Laila malah banjur keturon ana mobil. Pak Jaya mung ngematke pemandhangan ana njaba. Sawah-sawah amba sapinggiring dalan. Nanging wiwit ketutup bangunan sapinggiring dalan. Mlebu Solo langsung nuju daleme Bu Hartati ana kampung Sambeng. Laila banjur nepungake Pak Jaya marang ibune.

“Ibu iki Pak Jaya, tepunganku dhokter, pengin ngecek kasil priksan kabeh karo pengin wawancara karo ibu.”

“Injih matur nuwun nak dhokter. Kula menika bingung priksa dhokter tiga kok pun diagnose tiga lan pun adpis tindakan operasi tiga.”

“Inkang pun raosaken menapa ibu. Inkang paling ngganggu utawi paling kraos mboten sekeca.”

“Janipun namung untu kula. Menawi kangge mamah, mesthi kok tansah nyokot ilat.”

Rumangsane Pak Jaya, Bu Hartati ora katon nandhang gerah abot. Mung nadhine pancen rada cepet. Gangguan mamah kuwi sing dirasakake. Kasil laboratorium kabeh normal, babarpisan ora ana sing abnormal. Embuh anjuran operasi werna telu kuwi saka sapa lan apa dhasare. Dheweke menahi weruh karo Bu Hartati lan Herman sing gawene ndherekake ibune priksa dhokter.

“Ibu menika kasilipun sedaya sae, normal. Namung kula aturi priksa dhokter gigi, praktek sonten menika, mangke rak gampil pun upakara. Mboten perlu operasi awit mboten wonten diagnosis inkang mbetahaken operasi.” Terus menahi weruh marang Laila lan adhike Herman.

“Apike ora susah ngenjah-enjah priksa dhokter, apa maneh langsung nang spesialis. Priksa dhokter umum dhisik, mengko kan dhoktere isa mesthekake menawa perlu priksa dhokter spesialis, isa milih spesialisasi apa sing diperlokke. Nek ngene iki malah marahi panic lan bingung kabeh. Tak kira nek dhokter spesialis telu kuwi isa ketemu bareng lan neliti rekomendhasine, malah padha bingung dhewe.”

Pak Jaya bubar omong-omong sedhela banjur enggal nyuwun pamit. Digawani oleh-oleh saka Bengkulu. Arep nolak pekewuh ning nek tekan ngomah angel le nerangke larah-larahe marang Bu Jaya. Ndadak mikir le arep omong piye. Ben digawa Pak Endang wae sing duwe anak lanang sing nedheng-nedhenge seneng mangan. Tinimbang gawe masalah ana ngomah. Jare Laila, sore iku uga Bu Hartati didherekake menyang dhokter gigi praktek sore ana cedhak Manahan. Untu sing jare marahi ilat kecokot terus pancen wis goyah. Dicabut mung butuh wektu sepuluh menit. Laila kirim WA nang Pak Jaya.

“Mas Jaya, iki ibu wis dicabut gigi taring ndhuwur. Wis kepenak jarene.”
“Menawa ana keluhan sing ngganggu dipriksakake ning aja ngenjah-enjah saben dhokter spesialis diparani.”

+++

Laila Saraswati karo Erina nunggu Bu Hartati sawetara dina. Erina wis pamit cuti saka kantore. Ibu karo anak sisan nunggu Eyang Hartati ya sempat dolan-dolan ana tlatah Solo. Kahanane Erina wis ana kemajuwan. Ora mung katon suntrut lan sedhah. Isa melu ibune ngontrol usahane ana Solo, kanthong plastik ana Karang Anyar lan mebel kayu jati ana Wonogiri. Isa kango nylamur Erina. Erina uga menahi weruh ibune menawa dheweke wis lapor marang atasan sing tanggung jawab ana program pelatihan calon pegawe prekara perundhungan iku. Wis ana tindakan saka penanggung jawab program. Erina uga entuk pendhampingan saka Satuan Tugas Anti Perundhungan.

Bu Hartati wis pulih maneh, ora mbingungi pengin priksa dhokter maneh. Wis mlaku kaya adat sabene. Sawijining sore nimbali Laila.

“Ndhuk, ibumu isih duwe pepenginan kaya sing wis tak critakake. Prekara sesambungan paseduluran antarane keluarga Baskara lan Tanojo. Piye wis ana perkembangan?”

“Aku wis kontak karo Mas Hari Setiawan. Dheweke ya nyengkuyung lan sumadiya makili keluarga Tanojo. Wis kersa pengin ketemu aku karo anak-anakku.”

“Iya sokur lah. Upama ibumu pengin ketemu Nakmas Hari apa bisa ya?”

Uripku kaya dioyak-oyak rasa salah lan gela, gawe sengsarane dheweke. Kamangka ya isih kepetung ponakan dhewe.” Laila kaget krungu ngendikane Eyang Hartati. Piye le arep ngatur.

“Iya bu, durung wani mesthekake. Aku kudu kontak Mas Hari luwih dhisik. Dheweke sibuk banget.” Erina sing wiwit mau mung meneng ngrungokake banjur nrambul.

“Ya dicoba kontak Pakdhe Hari ta bu. Ora ana alane dicoba. Mesake Eyang sing tansah ngantu-antu. Pakdhe kan wis tau ngendika sarujuk.”

“Iya ibu lan anakku Erina, aku ya kudu siyap arep omong piye karo Pakdhemu. Kanggoku kaya sanggan abot.”

Laila banjur kirim welingan marang Hari. Surasane cekak aos ning cetha.

“Mas Hari, iki aku lagi nang Solo ngancani ibu. Ibu mentas wae gerah ning iki wis apik. Mung kok bola-bali pengin kepanggih karo njenengan. Piye apike, apa tak dherekake nang Jakarta, apa ketemu ana Solo wae. Aku nuwun pangapura nek ngganggu penjenengan.”

Dheweke ora ngarep-arep wangsulan panyengkuyung saka Hari. Wis dadi pengusaha gedhe ana Jakarta. Krungu-krungu maune ana bidhang konstruksi, kok kerik-kerik uga krungu wis njembarake usaha ana pengeboran minyak. Embuh priye tenane. Dheweke mung saderma nurute pepenginane ibune. Blakasuta dheweke durung siyap nek kudu ketemu karo Hari Setiawan. Impen kaswargan sing ilang puluhan taun kepungkur njalari uripe ora tau tentrem. Sore-sore ana welingan WA saka Hari mlebu.

“Dhik Laila, ora perlu njaluk pangapura. Nek wektune cocok aku bisa menyang Solo. Ketemu sapa wae ana Solo saliyane Bulik Hartati? Aku ya kepengin sisan ketemu sisihanmu Mas Pang.”

“Mung ana aku karo anakku ragil Erina. Kartika ana Jakarta. Dene Mas Pang lagi wae kena stroke, ora bisa lelungan.”

“Upama aku menyang Solo, sesuk esuk ngono kepriye. Sorene aku bali menyang Jakarta. Iki jadwal ana Jakarta isa tak geser-geser.”

“Injih matur nuwun sanget. Sesuk tak antu-antu ya mas. Mbokmenawa adhike Ibu Paklik Haryo ya tak aturi ben nekseni patemon iki. Aku mung karo anakku ragil Erina Sawitri.”

Laila enggal-enggal matur ibune, menawa sesuk esuk Hari Setiawan arep teka nyowani Bu Hartati. Bu Hartati katon seneng banget. Hari isih pernah ponakane dhewe sing wurung dadi mantune. Dheweke banjur ndhawuhi asisten rumah tangga, masakan-masakan karemane Hari Setiawan puluhan taun kepungkur. Adhike, Pak Haryo sing rikala semana tansah ngeterake dheweke karo garwane, nemoni Pak Raharjo lan Bu Sukma almarhum, uga dikabari menawa arep ketekan tamu

istimewa. Hari Setiawan, pernah keponakan lan calon mantu sing wurung. Laila mung bingung arep ngomong apa sesuk. Ning anake Erina tansah mbombong atine. Ora susah digawe abot wong prastawa wis luwih selawe taun kepungkur.

Ana welingan WA mlebu saka Prayoga. Dheweke ya rada kaget amarga wis pirang-pirang minggu ora kabar-kabaran.

“Piye kabarmu Jeng Laila? Ora tau ana kabar. Apik-apik ta?”

“Nuwun sewu Mas Prayoga, lagi kena musibah terus-terusan. Maune anakku Erina, terus sisihanku kena stroke, saiki ibuku. Iki lagi ana Solo ndhampingi ibuku.”

“Lha piye kondhisine ibu saiki?”

“Wis apik mas. Maune jare kudu operasi besar. Critane dawa. Wingi dicek Pak Jaya kae, kok ora apa-apa. Mung kudu cabut gigi. Wis pulih.”

“Ooo ngono ta. Muga-muga tansah lancar lan donga dinonga.”

Laila ngrumangsani menawa ana hawa sing ora kepenak saka Prayoga. Ning ora dipikir dawa. Lagi bingung mikirake anggone bakal ketemu Hari Setiawan sesuk.

+++

Dina sesuke udakara jam sewelas awan, ana mobil Mercedes teka mlebu plataran. Sopire enggal-enggal medhun lan takon apa bener iki daleme Ibu Hartati. Bareng diwangsulni menawa bener iki daleme Ibu Hartati, ana priya lencir gagah, rambute wis semebrak putih metu saka mobil. Uluk salam kanthi sopan.

“Nuwun sewu kula badhe sowan Bulik Hartati. Kula Hari Setiawan saking Jakarta.” Pak Haryo sing methukake ana pendhapa ngarep.

“Iya Nakmas Hari sugeng rawuh. Wis diantu-antu karo Mbakyu. Aku Oom Haryo nek mbokmenawa sliramu isih kemutan.”

“Taksih kemutan sanget paklik, mboten badhe kesupen salaminipun.”

Hari ngaturi salam kanthi sopan banget. Pak Haryo ngrangkul Hari kenceng karo kembang eluh.

“Suwe awake dhewe ora tau ketemu. Aku tetep nganggep awakmu ponakanku dhewe, Nakmas Hari.”

Hari Setiawan banjur diajak mlebu ana ruang tamu njero. Bu Hartati diaturi menawa Hari Setiawan sing diantu-antu wis teka. Banjur metu lan methukake calon mantu sing wurung iku. Durung-durung wis muwun karo ngrangkul Hari.

“Awake dhewe kok wis suwi banget ora tau ketemu ya Nakmas Hari. Muga-muga awakmu tansah piningan berkah saka Gusti.”

“Kula ugi sampun kapang sanget kaliyan keluwarga Baskara, bulik. Nembe menika saged sowan malih.”

“Kaya ngapa bungahku sliramu kersa niliki aku ing dina sing apik iki. Panyuwunku sadurunge aku ditimbali Gusti, aku ngimpi-impi paseduluran antarane brayat Baskara lan brayat Tanojo, isa pulih kaya ndhisik ya. Ben nek ketemu keng ibu mbakayu Sukma dalah Keng Rama Kangmas Raharjo, uga paklikmu Kangmas Trisna sing wis almarhum kabeh, aku isa matur kanthi seneng.”

“Sampun ngendika ngaten bulik. Keparenga kula matur kaliyan bulik Hartati lan Oom Haryo, prastawa menika sampun kepengker, sampun dangu. Mboten sisah pun rembag malih. Kula tansah ndherek kangge tembe ngajeng ingkang guyup antawis brayat Baskara lan Tanojo.”

Hari Setiawan anggone matur pedhot-pedhot. Atine nglangut pikirane ngambra-ambra. Bareng wis sidhem, Laila Saraswati karo anake Erina, ditimbali metu. Laila mung nundhuk ora wani mandeng praupane Hari. Bareng dingendikani Bu Hartati lagi wani salaman karo Hari. Tanpa sadhar dheweke ngrangkul Hari karo mingsek-mingsek.

“Aku nyuwun sing gedhe pangapuramu ya Mas Hari.” Ora isa neruske anggone omong, ora metu swarane. Hari kanthi sabar aweh wangsulan. “Ora perlu dieling-eling Dhik. Kabeh wis kepungkur. Ora isa digelani utawa dibaleni. Awake dhewe duwe tanggung jawab lan kuwajiban ngeterke generasi nom maju nang tembe ngarep sing luwih moncer.”

Bubar rembugan cekak, Hari Setiawan banjur diajak dhahar siang. Karo Bu Hartati, Pak Haryo, Laila lan anake ragil Erina Sawitri. Erina enggal dikenalke karo pernah Pakdhene. Dheweke nyalami pakdhene kanthi rasa ering. Wis krungu critane saka ibune. Ana rasa eman lan ering marang pernah pakdhene sing katon sabar.

“Kula Erina Sawitri, wayahipun eyang, ugi putrinipun ibu ingkang ragil. Ngaturaken kurmat ingkang tanpa upami kaliyan donga kagem pakdhe, mugimugi tansah sehat.”

“Iya tak trima ya Mbak Erina, aku dudu wong liya, pakdhemu dhewe. Nek ana sing aku bisa mbantu, ora susah ragu-ragu nek matur.” Laila banjur nimbrung.

“Erina meh ngrampungke S2 ne ana UI lan arep maju skrining pegawe tetap ana Kejaksaan Agung. Nyuwun pangestune.”

“Iya tak dongakke Mbak Erina. Aku isih pengin ketemu mbakyumu lan sisihane. Ben ora kapedhotan paseduluran. Mengko disambung ketemu ana

Jakarta.”

Bubar makan siang Hari Setiawan kudu enggal-enggal menyang bandhara. Sore mengko wis dienteni rapat pimpinan ana perusahaanane. Dheweke rumangsa seneng dene isa niliki bulike lan paklike, Bu Hartati lan Pak Haryo. Dheweke wis nglalekake prastawa sing ngrusak sesambungan katresnane karo Laila Saraswati. Bu Hartati uga ngrasake seneng dene wis ketemu pernah ponakane mau. Sowang-sowang pisah, donga-dinonga. Rodhaning urip tansah mlaku ora isa kapedhot ana ndalan. Kudu ngugemi anggone terus mlaku mengarep. Embuh nganti kapan, gumantung sing kawenang ngatur lakuning wektu, Sangyang Kala.

+++++



BAB 21

Ngadhèpi Ujian

Laila Saraswati wis rong minggu mulih ana Bengkulu. Jane pengin ngancani Erina anggone nglakoni terapi pemulihan lan persiyapan ujian tesis. Nanging dheweke pengin mulih menyang Bengkulu dhisik. Wektu krisis kanggone Pangarso Wibawa lan kanggone Erina wis kliwat. Nanging tetep ana apike ndeleng kemajuwane anake ragil sing disayangi.

Pangarso Wibawa dirumat dening pramurukti, jenenge Mbak Rani. Wonge pancen trengginas, gaweyane cak-cek ora ijr. Ngopeni Pang karo ngladeni kebutuhan saben dinane, klebu adus, salin lan mangan dalah ngombe. Wanita umur patang puluhan, ireng manis, kepara rada seksi pawakane. Anggone ngopeni Pang pancen gemati tenan, ditlateni kanthi sabar. Wis akeh kemajuwane, Pang wis isa mlaku-mlaku senajan isih kudu nganggo teken. Raine katon abang wis ora pucet maneh. Praupane sing maune katon memelas, saiki wis katon semringah. Sajake seneng lan kepama tenan diupakara dening Mbak Rani. Ora ana rasa cemburu, mung rada kaget nalika sepisanan meruhi owah-owahane Pang. Ya mung mbatin, wong lanang ki mbok arepa lagi nandhang lara, kok sipat manja lan thukmis-e ora isa ditutupi.

“Piye mbak kahanane bapak, wis akeh kemajuwane ta?”

“Sampun kathah ibu, dhaharipun sampun ndemenakaken. Asring tanduk menawi kula dulang.” Laila banjur ganti takon marang sisihane, Pang. *“Mas Pang seneng ya diladeni mbak Rani. Sajake kok cocok iki perawatane.”* *“Iya dhik cocok banget. Ketrima lan krasa marem banget diladeni Rani. Pulih semangat uripku.”* Laila weruh Pang karo Rani, padha genggeng-genggeman tangan sajroning didulang mangan.

“Ya jelas seneng lan semangat ta Mas, wong nek dhahar ndadak genggeman tangan ngono lo. Kaya ABG wae.”

Rani ndhingkluk krasa isin nampa sindhirane Laila, genggemane tangane diculake. Nanging Pang tetep sareh anggone mangsuli.

“Wong lara ki butuh dhukungan semangat Jeng. Semangat urip. Rani iki wis mbiyantu mbalekke semangatku. Ora salah ta? Wong awakmu ya ora nang ngomah.”

“Ora ana sing salah Mas. Amarga kahanan sing lagi mbutuhake. Mangga dinikmati wae ben tambah semangat.”

Laila rumangsa ora isa apa-apa. Arep cemburu wong dheweke ya ninggal Pang, ora sempat ngrumat. Malah kepranan langen asmara karo Prayoga. Lha ning piye maneh wong dheweke karo sisihane Pang ya uripe cemplang. Ora tau ngrasake kanikmatan. Apa ya salah nek mung arep nggayuh hake, ngrasake kanikmatan asmara. Akhire ya mung di pupus wae. Dilakoni wae manut ilining banyu. Mung ana rasa was-was, apa rasa seneng saka sesambungane karo Prayoga isa lestari? Dheweke mulai krasa ora kepenak nang njero atine, jalaran Prayoga lageyane posesip lan sujanan banget.

Ana tilpun saka Erina. Ngabarake kahanane.

“Bu iki wis rampung anggone terapi psikologik, isih ngombe obat anti depresi saben dina, kok rasane perasaan aneh ki teka maneh. Wedi aku kamangka ujian tesis kari sawetara dina.”

“O iya Wuk, disranti sing sabar. Aku tak pamit bapakmu terus menyang Jakarta ya. Mengko sedina sadurunge ujian awakmu latihan dhisik karo Oom Prayoga.”

“Iya bu persiyapanku pirang-pirang minggu iki, ilang kabeh. Ora ana bekase babar pisan. Lali kabeh kudu ngomong apa nek ditakoni nang ujian.”

“Ora susah panik, mengko sedina sadurunge ujian, kontak Pak Prayoga ben pulih kabeh.”

“Aku pengin matur pareng ibu?”

“Ana apa ya wuk? Ayo butuh apa?”

“Aku nek ngontak Pakdhe Hari apa pareng bu.”

“Ya ora apa-apa, kan ya pakdhemu dhewe. Ning aja nganti ngganggu ya.”

“Injih bu, kan ibu mireng dhewe pas nang Solo, pakdhe ngendika nek aku karo Mbak Kartika butuh apa, didhawuhi matur wae.”

“Lha kono butuh apa ta wuk?”

“Aku mung butuh dhukungan lan penyemangat bu. Pakdhe rumangsaku sabar banget ora kaya bapak.”

“Iya ora apa-apa, nek perlu ngajaka mbakyumu dhisik ketemu pakdhe. Mengko nek wis rembug prekara tesis, isa kok rembug dhewe. Ning aja lali, pakdhemu wong sibuk banget lo.”

“Injih bu, aku mung perlu tetembungan dhukungan saka figur bapak. Angger kelingan ngendikane pakdhe, marahi atiku tentrem.”

“Iya sing sabar ya wuk. Ibumu tak pamitan karo bapakmu. Nek pareng sesuk aku isa budhal. Kene ana Mbak Rani sing ngopeni bapakmu. Cocok banget sajake. Ana Mbak Nora sing makili urusan hotel karo usaha.”

Sore iku alon-alon omong karo Pang menawa arep nang Jakarta, nunggoni Erina arep ujian tesis. Dheweke kudu nang Jakarta amarga kahanane Erina kok medhun maneh. Mbokmenawa anggone kakehan mikir arep ujian

karo skrinning pegawe. Muga-muga Pakdhe Hari isa mbombong atine. Nek prekara ujian, Prayoga uga wis siyap arep ndhampingi.

“Mas Pang, iki aku ditilpun putramu Erina, njaluk aku menyang Jakarta. Dheweke persiyapan ujian tesis. Sajake kok kondhisine ora patiya apik. Nang kene kan wis ana Rani sing ngladeni penjenengan.”

“Iya ora apa-apa nek arep ngancani Erina. Sok-sok ngabari aku, mosok nek perlu omong-omong mung karo Rani.”

“Ya ora apa-apa karo Rani, sing penting njenengan atine seneng.”

+++

Dina sesuke Laila Saraswati wis teka ana Jakarta, langsung njujug ana apartemen ing Kemayoran. Selak pengin ketemu Erina karo Kartika. Dheweke tilpun Kartika karo Erina, supaya terus nang apartemen wae. Timbang direncana malah ora dadi, wong kabeh sibuk karo gaweyane. Luwih kepenak langsung wae, ketemu karo makan malam. Tekan apartemen, Erina wis teka luwih dhisik. Kaget Laila meruhi kahanane anake ragil. Beda banget nalika ketemu ana Solo rong minggu kepungkur. Kartika karo Indra sedhela maneh wis teka. Pesen masakan saka restoran ana kompleks apartemen kono.

“Ora pelu kok pikir abot Wuk, dilakoni wae kanthi sareh ujian tesismu. Ora susah dilebokke ati ndak malah sangsaya abot renggan pikiranmu.”

“Iya Ibu, karepku ya kaya ngono, ning sing tak siyapke pirang-pirang minggu ilang kabeh. Dioyak-orak rasa kuwatir lan wedi.”

Kartika uga menehi panyengkuyung marang adhine.

“Iya dhik kabeh peserta program paska mesthi ngalami kaya ngono. Aja sumelang sedhela maneh kan wis rampung. Dhik Erina mesthi isa ngliwati.”

“Lha kuwi mbak sing gawe aku sedhik lan kuwatir, dituntut kudu isa ngatasi masalah sing tak adhepi dhewekan. Aku butuh dhukungan, butuh penyemangat.” Laila banjur nyelani omongan antarane Kartika karo Erina. “Ngene ya Wuk, Erina pengin matur pakdhemu, Pakdhe Hari Setiawan. Dheweke rumangsa kebombong banget dingendikani pakdhemu pas ketemu ana Solo kae. Piye upama awakmu wong loro sowan pakdhe barengan?”

“Aku siyap nek pancen kudu sowan Pakdhe Hari, ngancani Erina.”

Bubar makan malam, Laila Saraswati isih ngobrol-ngobrol entheng karo anak lan mantune. Ora akeh sing dirembug. Mlebu kamar dhewekan, banjur tilpun ngabari Budi Prayoga prekara kahanane Erina.

“Mas Prayoga, iki aku wis teka ana Jakarta. Anakku Erina kok rada

medhun kahanane. Jare persiyapan kanggo ujian kegangu, lali kabeh, ilang kabeh."

"Ooh ngono ya. Aku wis menahi sawetara poin penting anggane dheweke ngadhepi Tim Penguji. Uga materi presentasine barang."

"Sambate dheweke lali kabeh. Malah pengin nemoni pakdhene iki."

"Sapa ta pakdhene?"

"Pakdhe Hari Setiawan, kapan kae ketemu ana Solo, diwanti-wanti didhawuhi matur blaka nek butuh apa-apa. Wose dheweke saiki butuh penyemangat nggo ngadhepi ujian tesis."

"Iya mangga wae. Mengko sedina rong dina sadurunge ujian, aku tak tilpun Erina."

"Matur nuwun ya Mas Prayoga. aku melu sedhik nek meruhi kahanane dheweke."

"Ya wis ben ta nek kepingin nemoni pakdhene mau. Sapa ngerti isa mbantu mbalekke semangat."

Laila Saraswati wis lega menahi kabar Budi Prayoga. Dheweke sadhar menawa ana rasa ora seneng saka Prayoga prekara anak-anake arep nemoni Hari Setiawan. Rumangsane Laila, dheweke durung tau crita marang Prayoga prekara prastawa sing wis kepungkur antarane dheweke karo Hari. Lha ning ya sapa ngerti, biyasane nek priya sing seneng duwe kanca raket utawa kanca intim, ki nalurine luwih kuwat. Gampang sujanan, gampang cemburu. Laila ora perduli, pamrih apike kanggo anak-anake, ngestokake dhawuhe ibune, Bu Hartati. Dheweke nyoba kirim welingan WA marang Hari Setiawan. Surasane cekak aos.

"Pakdhe Hari, sugeng ndalu. Nuwun sewu aku, Laila Saraswati kepareng matur. Upama anak-anakku Kartika, karo sisihane Indra, lan Erina pengin sowan panjenengan apa ana wektu? Menawa dhanganing penggalih, kapan lan ana ngendi?"

Karo ngenteni wangsulan saka Hari, Laila teturon. Karina, Erina karo Indra isih padha rembugan ana ruang njaba padha ngrungokke musik ringan. Ora suwe ana wangsulan saka Hari. Surasane kepenak marahi tentrem nang ati.

"Seneng banget aku ditekani ponakanku. Aku sesuk sore jam lima ana wektu. Menawa ana kantorku wae kepriye nang Kuningan?"

"Apa ora ngangu nek nang kantor pakdhe, wong urusan keluarga."

"Babar pisan ora ngangu, mengko ben disiyapke karo asisten. Aku biyasa nyugata rekan bisnis nang kantor. Ibune ora melu sisan?"

"Durung mesthi pakdhe, ning tak rembuge karo bocah-bocah dhisik."

Laila banjur ngundang Erina lan Kartika, ngandhani menawa sesuk sore jam lima, isa nemoni Pakdhe Hari ana kantore ing Kuningan. Kartika karo

Erina, adreng menawa ibune kudu melu. Sateruse nek perlu ketemu, Erina apa Kartika bisa nemoni dhewe. Erina wengi iku katon seneng dene ibune gelem ngancani nemoni Pakdhe Hari. Embuh ngapa rasane mak cles seneng arep ketemu Pakdhe Hari. Priyayine isih katon gagah senjata yuswane wis kliwat setengah umur. Ngendikane marahi tentrem lan nambah semangat. Rasa iku sing ora tau entuk saka bapake. Rasane pengin ngetokke uneg-uneg ana njero atine marang Pakdhe Hari.

Dina sesuke Laila Saraswati wis mara ana kantore Erina ana Kebayoran Baru. Makan siang ana kantin pas jam makan siang, terus ngenteni nganti jam mulih kantor. Jam setengah papat Erina wis isa ninggalake kantor, wong loro terus numpak taksi menyang Kuningan. Kartika lan Indra uga wis budhal saka kantore, ning mbokmenawa bakal telat sithik. Tekan Kuningan wis ngancik jam lima sore, wong loro terus ndhaftar nang resepsionis. Ana kana wis ana pesen nek langsung wae munggah ana lantai lima. Kantor pusate PT Abadi Saraswati pancen gedhe tenan, ana pirang-pirang divisi ngebaki setengah lantai dhewe. Karo petugas keamanan dijuluk nunggu ana ruang tamu eksekutif. Salah sijine staf, methukake ana ruang tamu, lan nerangake menawa sedhela engkas Pak Hari Setiawan wis rampung anggone rapat. Disediyani minuman jus buah seger. Sedhela maneh Kartika karo Indra uga wis teka, melu nggabung ana kamar eksekutif.

Ora nganti sepuluh menit Pakdhe Hari wis rampung anggone rapat, banjur nemoni tamu-tamune.

“Nuwun sewu kudu ngenteni. Lagi wae rampung anggone rapat. Ana divisi anyar sing lagi ngrintis bisnis pengeboran minyak. Lagi bribik-bribik.”

Laila rada trenyuh meruhi jenenge perusahane Hari, sing diwenahi nganggo tembung Saraswati. Iki sing nate diomongke Hari puluhan taun kepungkur rikala isih sesambungan tresna karo dheweke. Kaget nalika disapa dening Hari.

“Aku ngeterke ponakan-ponakanmu Mas. Erina njenengan wis ketemu ana Solo. Iki mbakyune Kartika lan sisihane Indra.”

“Seneng banget isa ketemu Mbak Kartika karo Mas Indra. Persis kaya Ibu jaman semana.”

Kartika banjur semaur karo ngaturi salam pakdhene.

“Kula kaliyan Mas Indra remen sanget saged kepanggih pakdhe. Mboten sanes kula nyuwun donga pangestu sageda mlampah mulus karier profesi kula kekalih.”

“Iya mbak Kartika karo Mas Indra, kabeh mesthi ana dalane. Kita kudu nresnani lan nekuni gaweyan lan profesi. Awakmu wong loro kudu isa padha dene anyengkuyung lakune karier pasanganmu. Kudu tansah mlaku bareng

mbangun keluwarga sing guyup rukun kebak asih."

Laila Saraswati rumangsa kaya disemoni. Tetembungan iku sing tansah diomongke nalika dheweke isih mbangun tresna karo Hari. Hari ganti nakoni Erina sing wiwit mau mung meneng wae.

"Mbak Erina piye kabarmu? Ujianmu kapan? Muga-muga enggal rampung ya, tak dongakke."

"Minggu ngajeng dinten Senen badhe majeng ujian tesis pabdhe. Nyuwun pangestunipun."

"Iya mesthi tak dongakke. Wis siyap maju ujian ta? Ora susah dipikir abot, kabeh wong meshi kudu ngliwati proses kaya sing kok lakoni."

"Menika ingkang kula ajrih pabdhe. Kula tansah ajrih lan was-was, ajrih menawi gagal. Tansah dheg-dhegan."

"Wong durung dilakoni kok wis wedi ki piye ta. Sing tekun lan sabar anggone nglakoni. pabdhemu bisa mbantu apa?"

Erina katon anggone wedi lan kuwatir. Raine pucet, omongane ora lancar, tangane ndhrodhog. Nyalami pabdhe karo kaya-kaya njaluk pangayoman dan semangat. Katon banget anggone nglokro. Laila Saraswati nganti mbrebes mili meruhi kahanane Erina. Nyoba nyedhaki anake lan nyandhak tangane, nanging kalah dhisik karo Hari sing wis ngrangkul Erina. Nyoba ngerih-erih.

"Sing teteg ya Erina, ora perlu kok pikir banget-banget. Kabeh mesthi mlaku kanthi lancar. Coba karo donga nyuwun kekuwatan saka Sing Gawe Urip."

Pabdhe Hari menahi tandha supaya Erina diwenahi ngombe. Kartika cepet-cepet njupukake banyu putih, banjur diwenehke adhine. Rada sawetara Erina ngambruk ana bahun pabdhe. Bareng wis ngombe banyu putih, dheweke sadhar menawa ana rangkulane pabdhe. Rasane ewuh banget ning ya ana rasa ayem nang batine kaya-kaya ana sing dijaluki pangayoman lan semangat. Durung tau entuk saka bapakne dhewe, malah asring kena dhamprat.

"Nuwun sewu pabdhe, kula radi kebablasen. Nyuwun ngapura ya bu, aku babar pisan ora kelingan iki mau."

"Ora apa-apa Mbak Erina, aku pabdhemu dhewe, nek ana uneg-uneg sing dadi beban ana njero atimu, matura pabdhe."

Laila Saraswati banget anggone nratap meruhi kahanane Erina. Rumangsa salah amarga pirang-pirang minggu ninggal Erina, ora ngawat-awati kahanane. Kabeh wis dipercaya karo dhokter lan psikolog.

"Iya Erina, aja kedlarung-dlarung anggonmu mikir, mundhak malah

saya keweden awakmu. Matura pakdhemu karo ibumu butuh apa kanggo ngadhepi ujianmu."

Erina mung meneng wae. Banjur diajak mbakyune menyang kamar mandhi dhisik, perlu raup ben pulih kesadharane. Pakdhe Hari Setiawan banjur ngajak pindah ana ruang makan. Wis disiyapake dening staf, gudheg Yogya kanggo makan malam. Sinambi makan malam Pakdhe Hari Setiawan nyritakke sejaraha perusahaan. Indra karo Kartika nganti kamitenggengen anggone ngrungokake. Sedhela-sedhela takon pakdhene menawa ana sing ora cetha. Laila Saraswati mung meneng ngrungokake critane Hari Setiawan. Erina sing mung meneng wiwit mau, diwanek-wanekake ngomong.

"Pakdhe Hari, ibu dalah Mbak Kartika karo Mas Indra. Nyuwun sagunging pangapunten menawi kula damel ribed."

"Ora apa-apa Mbak Erina ora gawe ribed aku kok. Aku isa mbiyantu apa ben isa ngenthengke pikirmu?"

"Menawi mboten damel repotipun pakdhe lan ibu, menapa kula kepareng ngantos ujian benjang Senen menika, ndherek pakdhe. Batos kula kaliyan semangat kok saged ngrembaka malih menawi caket kaliyan pakdhe. Ibu karo Mbak Kartika, pareng ya aku nganti dina Minggu tak ndherek pakdhe, nek pakdhe ora repot."

Hari Setiawan mung meneng krungu penjaluke ponakane mau. Bareng wis temata pikire banjur semaur.

"Aku akhir pekan iki nganti Senen, ora ana acara. Ora kabotan babarpisan nek arep nginep ana panggonanku sementara. Gumantung ibumu, pareng apa ora. Ning nek kono isa luwih tenang nyiapake ujianmu, ya aja digawe ragu. Ben disiyapake dening asisten."

Laila Saraswati bajur nrambul senajan atine isih bingung.

"Nek ora ngrepoti pakdhemu aku ora kabotan babar pisan."

"Ngene wae ya Jeng Laila, Erina karo Kartika. Upama kabeh tak undang nginep dadi tamuku ngono piye akhir pekan iki? Pilihane ana sawetara. Arep nang mansionku ana dhaerah Kuningan kene, apa arep menyang hotel wae. Nek nang omahku ana Pondhok Indhah, susah amarga kudu golek asisten rumah tangga kanggo masak lan ngladeni. Mung ana petugas keamanan nang kana. Nang Hotel ana kamar eksekutif sing isa kanggo nyambut gawe utawa rapat sisan. Nang mansionku uga bisa, mengko ben ana sing ngladeni saka catering. Kamare cukup lan ana ruangan kerja sing bisa dienggo."

"Matur nuwun sanget pakdhe, kula tansah ngantu-antu wekdal menika." Erina katon seneng krungu wangsulane Pakdhe Hari.

Hari Setiawan banjur tilpon asisten rumah tangga menawa bengi iku

Lamising Katresnan

ana sedulur sing rawuh arep nginep. Terus tilpon catering kanggo pesen sarapan sesuk esuk saparaga peladene. Mung Laila sing mung meneng dheleg-dheleg. Dheweke seneng meruhi kahanane Erina sing semangate tambah apik bareng ketemu pakdhene. Ning dheweke bingung anggone arep menehi weruh Budi Prayoga apadene sisihane Pangarso Wibawa. Akhire mikir, dlakoni dhisik mengko menawa ana reribed, dipikir keru. Wengi iku wong papat sidane nginep ana mansion. Wengi iku Erina karo Ibune, dalah Kartika karo Indra nginep ana mansion-ne Hari Setiawan ana Mega Kuningan.

+++++



BAB 22

Ujian Tesis

Dina Setu wayah esuk hawane isih adhem seger durung krasa panas. Wayah awan bakal panas sumelet ing tlatah Jakarta. Ora ana udan babarpisan, anane mung angin semilir ngipasi menungsa sing lagi padha mlaku-mlaku ngenggar-enggar ati ana pungkasaning minggu. Wektu sing sabenero mligi kanggo kegiatan karo keluwarga. Wiwit esuk, Hari Setiawan karo Kartika lan Indra, wis mlayu-mlayu ana saubenging komplek. Dene Laila Saraswati karo Erina mung lungguhan ana mansion, nikmati musik ringan dikancani secangkir teh nunggu tekane sing lagi padha olah raga esuk.

Erina wis diwelingi pakdhene, nek dheweke isa nganggo ruang kerja apa ruang musik kanggo nyiapake anggone arep ujian. Ruang kerja lengkap uba rampene, mung nek ana video call karo kantor-kantor cabang isa keganggu. Ruang musik setelane ora kanggo kerja, ananging ana meja tulis cilik sing isa dinggo nyambut gawe nganggo laptop. Erina milih kerja ana ruang musik wae sinambi ngrungokake swara musik.

Jam setengah wolu, Hari, Kartika karo sisihane Indra wis rampung anggone olah raga. Enggal padha adus terus sarapan, sing wis disiyapake dening catering sapeladene. Ana menu Eropa lan sarapan Asia lan Indonesia. Wong lima katon guyup lan rukun nikmati dhahar sarapan ana meja makan. Sinambi ngobrol, Kartika kajibah ngatur jadwal kegiatan dina Setu karo Minggu. Prastawa sing langka sing durung tamtu isa dibaleni maneh, Laila Saraswati karo anak mantune dalah Pakdhe Hari Setiawan bebarengan istirahat ngenggar-enggar penggalih ing pungkasaning minggu.

Bubar sarapan, acara bebas. Pakdhe Hari arep nang kantor sedhela mengko jam sepuluh nganti jam rolas. Erina arep sinau nyiapake ujian dina Senen. Kartika, Indra karo Laila Saraswati arep mlaku-mlaku nang mall sacedhake kompleks apartemen. Sore janji makan malam bareng nang rumah makan sing akeh ana dhaerah kono. Sawise sarapan mung padha ngobrol-ngobrol entheng ana ruang tengah. Sing paling akeh caturan ya Kartika, Indra karo pakdhene. Laila akeh anggone meneng. Pikirane isih nglambrang menyang endi-endi. Durung menahi kabar marang Pang, sisihane kepriye kahanane Erina. Uga durung kontak Prayoga menahi weruh agendane apa dina iku. Hari banjur nuduhake kamar sing isa dinggo kerja Erina.

"Mbak Erina, nek arep nyiapake anggonmu ujian, isa nang kamar kerjaku, nek ora ya ana kamar musik. Nek nang kamar kerja, asring ana video call mlebu, bisa keganggu."

"Kula namung ndherek kemawon pakdhe. Wonten ruang musik injih sae kaliyan mirengaken musik."

"Iya sapa sing arep nikmati musik isa nang kamar musik, angger ora ngganggu Erina."

Nalika mlebu ana ruang musik, Laila Saraswati kaget setengah mati. Sanalika lemes dumes kaya dilolosi balunge. Pikirane nglambrang kelingan prastawa sing wis kliwat puluhan taun kepungkur. Ana poto gedhe dipasang ana tembok, potone dheweke wong loro karo Hari, katon mesra banget. Kelingan banget iku potone sing pungkasan karo Hari nalika mlaku-mlaku wayah sore ana Manahan. Dheweke semendhe ana bahuné Hari, rangkulane mesra. Langit semburat abang kanthi latar wingking wit-wit cemara jejer-jejer ana pinggir dalan. Ora sadhar dheweke mingsek-mingsek meruhi poto sing pungkasan karo Hari. Kartika, Indra apadene Erina ora kurang kagete meruhi kahanane ibune. Laila ora isa kumecap apa-apa, mung sambat liri.

"Mas Hari..... Poto iku potone dhewe sing pungkasan ya"

"Jeng Laila, nyuwun sing gedhe pangapuramu, durung sempat nyimpen poto iku. Ora susah digalih ya. Kabeh wis kliwat, wis kepungkur suwe. Ora isa dibaleni, ora susah digelani."

"Mas Hari aku sing nyuwun ngapura. Aku ora kuwawa ngendhani. Awake dhewe nganti kudu pisah kaya ngene."

Kartika, Erina karo Indra rumangsa trenyuh meruhi ibune mingsek-mingsek ana rangkulane Pakdhe Hari. Ora wani cemuwit, ora wani temandang. Mung Erina sing wani maju karo kembeng eluh. Ibune dirangkul, diwenahi omben banyu putih. Banjur dituntun alon-alon, metu saka ruang musik, lungguh ana ruang tengah. Kabeh meneng kesilep ana pikirane dhewe-dhewe. Pakdhe Hari ora isa ngumpetke rasa trenyuh banjur mlebu ana kamar kerjane. Kabeh pancen wis kliwat, nanging kenangan saka poto puluhan tahun kepungkur iku ora gampang dilalekake ngono wae. Ana prahara sing gawe ambyare impen tembe ngarep sing endah karo Laila Saraswati. Bubar salawase.

Erina nerusake anggone maca naskah tesis ana ruang musik. Ibune karo Kartika lan Indra mung padha meneng nang ruang tengah. Ngancik jam sepuluh, Hari pamitan arep ngendhang kantor sedhela. Sadurunge budhal dheweke omong karo tamu-tamune.

"Apa ibumu isa tak jak nang kantor sedhela wae? Kersa ya Jeng Laila nek lunga karo aku ngendhang kantor?"

Lamising Katresnan

“Apa aku ora ngganggu ta Mas Hari? Aja nganti ngganggu acara panjenengan.”
“Babar pisan ora Jeng. Ora ana acara rapat. Mung ngecek dokumen karo kegiatan lapangan. Karo maneh aku pengin omong-omong sithik.” Erina banjur melu wawan rembug.

“Bu nek senggang mbok wis ndherek pakdhe nang kantor. Mbokmenawa ana prekara penting sing arep dingendikakake.”

Pungkasane acara sing wis direncana dadi owah. Laila melu Hari Setiawan lunga menyang kantor. Erina terus anggone maca naskah tesis kanggo persiyapan ujian suk Senen. Kartika karo Indra mlaku-mlaku ana mall. Ketemu maneh ana panggonan kono kanggo makan siang. Hari karo Laila, banjur medhun bareng ana lantai basemen panggonan parkir. Dheweke sengaja nyopir dhewe nganggo mobil sport Mercedes karemane ben ora keganggu sopir. Laila mung manut rikala dituntun Hari. Alon-alon Hari anggone nyetir mobile.

“Aku pengin takon sithik ya Jeng menawa njenengan ora kabotan mangsuli. Pitakonan iki wis tak ndhem puluhan taun. Marahi uripku tansah ora tenang.”

“Pitakonan prekara apa Mas, nek isa tak jawab mesthi tak wangsuli.”

“Blakasuta ya Jeng, nganti wayah iki aku ora tau ngerti apa sebabe sliramu dadakan medhot sesambungan lan mbatalake tunangan. Patemon pungkasan nang poto mau njenengan isih katon sayang lan manja banget karo aku.”



Laila meneng suwe ora isa aweh wangsulan. Tansah unjal ambegan kaya nahan sanggan abot ana njero atine. Bareng wis tekan kantor lan ngombe jus buah sing adhem dheweke lagi isa ngomong alon-alon.

“Mas Hari, sepisan maneh aku nyuwun sing gedhe pangapuramu, kaya sing tau tak aturake. Kudune aku matur bares wiwit sepisanan ndhisik. Mas..... aku wis ngandheg wektu iku. Aku ora kuwawa nyegah..... aku dirudha peksa dening mas Pang.”

Laila banjur njlentrehake alon-alon karo nata atine, prastawa sing kedadeyan luwih selawe taun kepungkur iku. Hari mung bola-bali unjal ambegan. Atine ya sedhik ya nesu kaya nalika dipedhot anggone tunangan. Sawise isa nata atine banjur omong kanthi sareh.

“Kok ora tau bali menyang aku ta Dhik. Kono meruhi dhewe aku ya isa cedhak lan nresnani putri-putrimu karo Pang. Paribasan rasane kaya anakku dhewe. Sliramu nyipati dhewe Kartika karo Erina ya raket banget karo aku. Upama ndhisik blak-blakan, mesthi aku isa nampa prastawa iku.”

“Aku wedi menawa bakal dadi sanggan abot salawase antarane awake dhewe menawa bakal terus urip bareng. Mula aku pasrah dinikah dening Mas Pang. Bareng wis kaiket tali perkawinan ana paugeran sing ora isa diterak. Ora gampang utawa mokal nek isa pisah. Ora bakal disetujoni gereja.”

“Iya Jeng padha dipupus wae. Kabeh wis liwat, ora isa digelani lan ora bisa dibaleni. Kudu ditampa nasibe awake dhewe. Aku tetep nganggop sliramu ya adhiku dhewe, putri-putrimu, Kartika karo Erina ya ponakanku dhewe.”

“Matur nuwun Mas Hari. Aku pengin dirangkul sing pungkasan ya Mas. Padha-padha anggone nutup prastawa sing wis kepungkur.”

Hari banjur ngrangkul Laila kanthi mesra lan kebak rasa asih. Semono uga Laila, dheweke ngruket Hari lan sumendhe ana dhadhane Hari rada sawetara. Wong loro lelangenan asmara kanthi sidhem wening tanpa swara. Alus lembut padha dene anggone ngelus-elus kanthi rasa asih sing jero. Kantor ora ana wong liya kejaba petugas keamanan ana ngarep. Ngancik jam rolas awan, wong loro mulih menyang apartemen. Wis dienteni dening Erina karo Kartika lan sisihane Indra. Wong lima makan siang bareng. Dikirim masakan jangan tempe karo krecek lan srundeng sapi. Masakan karemane Hari, pesen mligi saka catering. Sore iku Laila krasa kesel banget, pamit leren ana kamar. Nginguk gaweyane Erina ana kamar musik, ning ora wani ndeleng poto sing gumantung ana tembok, potone dheweke karo Hari. Kartika, Indra lan Pakdhe Hari isih neruske anggone omong-omong.

Sorene jam lima luwih padha lunga metu nang rumah makan ing Mall Pondhok Indhah. Guyup rukun seneng kaya-kaya ora ana kedadeyan aneh. Kaya keluarga biyasa sing tentrem bahagia. Wong mung isa ndeleng

saka adoh. Ketoke keluwarga sing bahagia. Ora ngerti kahanan sanyatane. Laila Saraswati dalah Hari Setiawan lagi sedhik kelingan prastawa ilange sesambungan tresna antarane wong loro sing kebak impen endah iku.

+++

Dina Senen esuk Laila Saraswati, Hari Setiawan lan Kartika ngeterke Erina ujian paska sarjana Ilmu Hukum ana Fakultas Hukum Universitas Indonesia ana kampus Dhepok. Wis padha budhal wiwit esuk. Indra ora bisa melu amarga kudu budhal nyambut gawe. Hari sengaja wis ngowahi jadwal esuk iku ben isa ngancani Erina. Kartika pamit ora isa teka nang kampus esuk iku. Lagi ana acara ngancani adhine ujian ana kampus UI. Erina katon wis percaya dhiri. Praupane ora suntrut maneh. Semangate wis pulih bareng dikancani dening Pakdhe Hari karo ibune. Dina Minggu sore wingi sempat kirim pesen marang Pak Prayoga, nyuwun pangestu arep ujian dina sesuke. Pak Prayoga sempat tilpun balik.

“Mbak Erina wis siyap tenan ya. Aja lali sing wis tau tak kandhakke kae. Presentasine ora susah ngambra-ambra. Menawa njawab pitakonan ora usah mubeng-mubeng. Dijawab wae cekak aos apa masalah sing ditakokke.”
“Matur nuwun Oom Prayoga. Benjang kula pun teraken ibu kaliyan Pakdhe Hari.”

“Sapa Pakdhe Hari iku? Wis tepung raket?”

“Menika kerabat caket saking Solo lenggah wonten Jakarta. Pakdhe ingkang paring semangat dinten-dinten saderengipun ujian. Kahanan kula anjlog sanget sampun tigang minggu menika’

“Oo ya sokur ya. Sing mantep ya Mbak. Tak dongakke saka kene.”

Jam sepuluh persis ujian diwiwiti. Ana dhosen penguji telu, dhosen-dhosen senior. Salah sijine Guru Besar. Pembimbing utama lan pembimbing pendhamping uga melu dadi anggota tim penguji. Wiwitane pembimbing ngenalake Erina marang para penguji. Apa gaweyane Erina, ngapa kok njupuk program paska, lan milih neliti prekara perlindungan hukum para warga sing omahe utawa apartemene disewa dening wong asing, kayadene diplomat.

Senajan ketoke sedherhana penelitiane, tapi kasil penelityane narik kawigaten. Kerep ana laporan menawa warga sing nduweni omah utawa apartemen asring nandhang rugi amarga kapusan anggone nyewakake marang diplomat asing. Proses ujian mlaku kanthi lancar. Prasasat dudu ujian swasanane, kaya lokakarya wae. Luwih-luwih nalika ngrembug prekara rekomendhasi piye carane ngatasi nambah pangayoman warga aja nganti dirugekake dening para penyewa asing. Ujian lancar-lancar wae. Ora ana perbaikan sing kudu dilakoni. Kabeh wis ditampa dening tim penguji.

Jam setengah rolas wis rampung anggone ujian, kanthi kasil cum laudhe. Wong papat banjur rame-rame makan siang ana Sate Senayan karo crita regeng. Ana panggilan tilpun nang Laila Saraswati. Dheweke pamit nyingkir nampa tilpun. Saka Prayoga.

"Piye Jeng ujiane putrimu?"

"Pangestune mas. Lancar banget. Malah entuk predhikat Cum Laudhe iki mau. Iki lagi sukuran ana Sate Senayan karo pakdhene, Mas Hari Setiawan."

"Sliramu durung tau crita prekara Pakdhe Setiawan, kok nganti gelem ngancani nunggu ujiane Erina ana apa Jeng?"

"Mbesuk mesthi tak critani. Nyuwun sewu durung sempat crita. Lagi bingung banget ngadhepi masalahe Erina"

"Iya ngati-ati ya jeng. Muga-muga enggal bisa ketemu ya."

Kartika takon ibune, tilpun saka sapa ibu? Diblakakake dening Laila, saka Pak Prayoga, nakokake ujiane Erina kepriye. Pakdhe Hari Setiawan ya mung mbatin, sapa kok tilpun Laila nganti suwe iku. Bareng krungu Prayoga nakokke kasil ujiane Erina, Kartika kelingan pas rembugan sinambi guyon menawa pengin liburan bareng menyang Phnom Penh sing nate dirembug wulan kepungkur karo Prayoga.

"Pakdhe Hari, dospundi menawi liburan sesarengan wonten Kamboja?"

"Aku tertarik iku. PT AS lagi wae buka kantor perwakilan ana kana, durung tau tak tiliki. Kapan kira-kira?"

"Kula kaliyan Erina kedah pados wekdal menawi pas liburan pakdhe. Mbokmenawi pas libur Paskah."

"Ya idhe apik. Aku tak nang kana seminggu bebarengan karo Libur Paskah."

"Priye Jeng Laila setuju ora, Rame-rame wong lima. Tak sedhiyani tiket karo hotele mengko nek sepakat."

Laila Saraswati mung meneng wae krungu rencana liburan menyang Phnom Penh iku. Alon-alon wangsulane.

"Prinsip aku setuju liburan bareng menyang Kamboja. Aku tak takon Pak Prayoga kahanane lan jadwal kepriye, dheweke prei nang Indonesia apa nang Phnom Penh."

Kartika karo Erina saur manuk anggone nanggapi ibune.

"Apa kudu ngajak Pak Prayoga ta bu. Saya akeh wonge saya angel le nyepakati wektune."

"Lha ndhisik anggone rasanane karo Pak Prayoga. Karepku nek njaluk tulung Pak Prayoga ben ora kangelan mengko mlebu nang Phnom Penh."

Pak Hari banjur nengahi ndak kedawa-dawa le rembugan.

“Ora perlu diputuske saiki. Sing penting liburan Paskah aja gawe acara liya. Rencana sementara liburan nang Kamboja.”

Bubar makan siang, bali dhisik menyang mansion saperlu njupuk pakeyan. Kumpul telung bengi ana panggonane Hari Setiawan dadi pengalaman sing nyenengake tumrape Erina karo Kartika. Luwih-luwih kanggone Erina, dadi isa bali pulih maneh rasa tatage. Maune wis nglokro rasane. Ning bareng ketemu Pakdhe Hari, pulih semangate. Kabeh dilakoni kanthi lancar. Kartika uga seneng ngobrol karo pakdhene. Akeh pengalaman anyar sing dheweke durung tau ngerti.

Erina luwih mantep bakal ngadhepi test skrining pegawai negeri utawa Aparat Sipil Negara ana Kejaksaan Agung. Dheweke uga wis seneng banget nalika ana rencana arep liburan nang Kamboja. Awan iku Laila Saraswati karo anake loro, Erina lan Katika mulih menyang apartemen ing Kemayoran. Hari Setiawan tanpa beban nalika ngrangkul Erina karo Kartika pas padha pamitan. Rasane mung seneng ketemu sedulur kapernah prunan iku. Ning rada kikuk nalika ngrangkul Laila, embuh ngapa. Laila ngrangkul Hari kanthi kenceng karo unjal ambegan dawa.

+++++



BAB 23
Tanggeh Lamun

Sawise nunggu ujiane Erina, sajane Laila Saraswati bisa mulih dhisik. Nanging kahanan sisihane, Pangarso Wibawa, wis akeh kemajuwane. Pramurukti Mbak Rani sing ngupakara tansah ngabarake kemajuwane liwat pesen HP. Mas Pang sajake krasa cocok tenan karo pangupakarane Rani. Ya wis ben, sing penting kondhisine tambah apik.

Mbak Nora asisten bisnise uga tansah aweh laporan kegiatan usahane. Kabeh mlaku kaya sing direncanakake. Mung sok-sok ana panjalukan saka mitra bisnis pengin ketemu karo Laila. Dudu prekara penting, wis apal lageyane para punggawa perusahaan kontraktor perusahaan negara iku. Ora kabeh, ning akeh sing mblubut lan kurang tata. Nora wis biyasa ngatasi, ora perlu dheweke sing maju. Kabeh mlaku lancar.

Laila Saraswati pengin nunggu Erina sisan anggone ngrampungake pelatihan ana Kejaksaan Agung. Dheweke tetep was-was nek mbokmenawa kahanane Erina dadakan owah. Erina dhewe wis pulih rasa percaya dhirine. Isih tetep konsultasi karo psikolog lan dhokter psikiater. Obat anti depresi wis dikurangi akeh. Pancen ora isa mandheg dadakan, isa kumat maneh. Kudu dikurangi dosise mbaka sethithik. Laila tetep ngancani menawa Erina konsultasi karo psikolog lan psikiater.

Kanthi sabar ngawat-awati Erina anggone melu pelatihan kejaksaan. Pengalaman elek nalika Erina ngalami perundhungan dening mantan pacare aja nganti kedadeyan maneh. Dheweke tau kirim laporan marang atasane Erina, pejabat sing tanggung jawab ana program pelatihan iku. Pejabat mau wis menahi jaminan menawa perundhungan sing dialami Erina ora bakal kedadeyan maneh. Kancane Laila sing ana organisasi perlindungan wanita lan anak, uga wis diwenahi weruh lan wis kontak karo pejabat Kejaksaan Agung.

“Wuk aku nek awakmu wis rampung anggone pelatihan, tak mulih dhisik nang Bengkulu ya. Bapakmu wis bola-bali takon kapan anggonku mulih.”
“Iya ora apa-apa bu, wong programe wis cetha kabeh. Jare bosku iki proses sing kudu diliwati. Angger melu proses kanthi tlaten, ora kakehan mangkir, lan kabeh penugasan isa dirampungke, mesthi lolos. Aku uga durung nate nampa peringatan. Ana sawetara kanca peserta, sing nganti entuk peringatan.”

“Ya sokur nek ngono, muga-muga tansah lancar lakumu. Kondhisi kesehatanmu kudu bali normal.”

“Aku wis diwenehi weruh dening atasanku, nek wis lolos pelatihan mungkin dipindhah ana Biro Hukum & Hubungan Luar Negeri. Kanggoku bidhang sing anyar kudu sinau akeh bu.”

“Sing telaten anggonmu nglakoni, aja digawe abot. Kabeh mau wis dadi tugas profesimu.”

“Aku matur sithik ya bu. Upama ana reribed apa aku isa nyuwun nasihat saka Pakdhe Hari?”

“Tak kira ora apa-apa, matur sing apik soale pakdhemu sibuk banget. Nek pas sela ya ora apa-apa nemoni pakdhemu. Kok atur dhewe lah ben aja nganti ngganggu.”

Laila ngerti menawa Erina tansah kesepian urip dhewe ana Jakarta. Senajan akeh kanca ana lingkungan gaweyan, nanging kabeh mlaku dhewe-dhewe ngayahi tugas wiwit esuk nganti bengi. Kesempatan srawung karo wong liya mung nalika akhir minggu.

+++

Laila Saraswati kelingan usule Kartika marang pakdhene, menawa pengin liburan bareng-bareng menyang Kamboja mbesuk pas liburan Paskah. Pancen durung disepakati kabeh, isih awujud wacana. Nanging dheweke kelingan nek Kartika uga nate ada-ada usul liburan menyang Phnom Penh marang Prayoga, nalika ketemu ana Jakarta sewulan kepungkur. Mula dheweke nyoba nggenahke ben ora ana seling surup, amarga Kartika ngajak pakdhene, Hari Setiawan. Esuk iki mau sawise Erina budhal menyang kantor dheweke nyoba sambung karo Prayoga ana Phnom Penh.

“Piye kabarmu mas Prayoga? Erina wis rampung anggone program paska sarjana ana UI. Wis berhak nganggo gelar Master”

“O ya sokur, melu seneng aku, muga-muga enggal padhang kabeh lan makarya kanthi tenang ana Kejaksaan Agung.”

“Iya matur nuwun Mas. Aku matur sithik ya. Kan awake dhewe tau ada-ada arepliburan bareng menyang Phnom Penh. Wingi kok Kartika mbukak wacana iku karo pakdhene, Hari Setiawan. Mas Hari pengusaha kontraktor nasional ana Jakarta. Usahane akeh wis mrambah pengeboran minyak barang. Lagi bukak kantor perwakilan ana Phnom Penh. Sarujuk arep liburan bareng-bareng ngepasi wektu prei Paskah, karo ngurus usahane ana Phnom Penh.”

“Mengko dhisik ya Jeng. Urusan usaha mengko sing ngurusi bagian Atase Perdagangan, dudu kantorku. Nek aku melu-melu malah isa ora kepenak. Dene urusan liburan, jane aku wis janji arep menyang Kuala Lumpur. Ana pertemuan ASEAN persis sadurunge liburan.”

“Wah aku bingung iki dadine. Anak-anakku dikancani pakdhene pengin menyang Phnom Penh lan Siem Reap, ndeleng candhi sing wis kondhang, candhi Angkor Watt. Mas Prayoga lagi ana Kuala Lumpur.”

“Ora apa-apa Jeng. Terus wae rencana liburan bareng menyang Kamboja. Aku tansah kampanye supaya turis Indonesia teka ana Kamboja. Kabudayan Kamboja persis kaya sing ana nang Jawa. Angkor Watt luwih enom tinimbang candhi Borobudur lan Prambanan. Sokur menawa panjenengan bubar saka Kamboja isa keru nang Phnom Penh sawetara dina. Aku pengin ngundang njenengan mengko ketemu lan tukar pengalaman karo pengusaha lan aktipis perempuan ana Phnom Penh.”

“Iya Mas Prayoga, ben mlaku terus ya anggane liburan menyang Kamboja. Mengko bubar Paskah aku isa tambah sedina rong dina kanggo melu acara sarasehan karo pengusaha lan aktipis perempuan ana Phnom Penh. Apa kudu nganggo bahasa Inggris?”

“Endi sing kepenak kanggomu Jeng. Nganggo basa Indonesia ora apa-apa. Akeh penterjemah sing fasih basa Indonesia. Mengko ben digolekake sing tau urip nang Jawa Tengah, mesthi nguwasani basa Jawa lan Indonesia. Sadurunge aku budhal KL mengko kabeh ben disiyapake dening asistenku.”

Laila banjur kirim kabar menyang Kartika, menawa rencana liburan menyang Kamboja sasuwene Paskah, diteruske wae. Dheweke mungkin keru sedina apa rong dina ana Phnom Penh, melu acara sarasehan tukar pengalaman antarane pengusaha wanita Indonesia lan Kamboja. Laila Saraswati minangka wakile pengusaha wanita Indonesia. Embuh sapa mengko narasumber liyane saka Indonesia. Atine krasa mak plong dene acara liburan menyang Kamboja ora gesrek karo acarane Prayoga. Angkahe, Laila Saraswati karo anak mantune budhal pas liburan Paskah, mengko nambah rong dina kangga sarasehan. Pas liburan Paskah dheweke karo anak mantune isa bareng-bareng karo Pakdhe Hari Setiawan.

Dheweke uga banjur hubungan karo Hari Setiawan prekara rencana menyang Kamboja mau. Wangsulane Hari kepenak nyenengake.

“Wah seneng aku Jeng isa dolan-dolan karo sliramu lan putra mantu pas Liburan Paskah. Aku bakal teka sawetara dina sadurunge Paskah saperlu ketemu para staf perwakilan lan kenalan karo pejabat-pejabat ana Kamboja. Sokur nek sliramu isa rawuh sadurunge libur Paskah.”

“Matur nuwun sanget Mas Hari. Aku bisane teka pas liburan paskah karo anak mantuku, terus keru nang Phnom Penh, sedina rong dina. Ana sarasehan karo pengusaha lan aktipis perempuan Kamboja.”

“Iya tulung di rencana kanthi teliti ben dikoordhinir Kartika karo Indra. Nek kabeh wis pesthi mengko koordhinasi karo stafku ben diurus tiket karo hotele. Aja lali Erina ponakanku sing tak sayangi kudu melu ya.

Dheweke isih perlu pendhampingan terus."

"Iya mesthi Mas. Mengko tak ngabari Kartika. Erina mesthi gabung. Dheweke arep ditugasake ana Biro Hukum lan Hubungan Luar Negeri. Pengin tansah cedhak lan nyuwun bimbingan pakdhene nek ora ngrepoti."

"Wah melu seneng banget aku. Didhawuhi sok asring kontak lan nemoni aku wae. Padha-padha nang Jakarta kan luwih gampang. Malah nek perlu isa nganggo kantorku nek dina Setu nek arep kontak virtual karo kelompoke. Nomere Kartika karo Indra tak wenehke stafku ya, ben wiwit diurus. Pesawat mesthi akeh booking merga wektu liburan."

"Matur nuwun banget ya Mas. Aku Minggu mungkin balik menyang Bengkulu dhisik niliki Mas Pang."

"Nek ana wektu Setune mampira nang nggonku, ana apartemen apa ana omah Pondhok Indah. Tak siyapne ubarampene lan asisten rumah tanggane. Nginep wae mengko tak terke budhal nang bandhara Minggu esuk."

"Injih matur nuwun sanget. Tak rembuge karo Erina lan Kartika dhisik."

+++

Kanggone Hari Setiawan, kumpul-kumpul akhir minggu karo Laila Saraswati lan anak mantune ndadekke pengalaman endah sing durung nate dialami. Dheweke dhewe ora ngerti kok isa ering banget karo anak-anake Laila, ya Kartika ya Erina. Dalah karo mantune, Indra kok isa cocok nek ngobrol. Dheweke ora ngira babar pisan menawa Laila isih ngendhem katresnan marang dheweke. Nganti meh wae semaput ora sadhar nalika meruhi potone dheweke saloron sing pungkasan ana pinggir lapangan Manahan puluhan taun kepungkur.

Bareng Laila gelem blakasuta alasane ngapa kok medhot sesambungan tresna lan tunangan, dheweke lagi ngerti larah-larahe. Maune atine pengin brontak, pengin mbales. Nanging bareng krungu rembuge Laila lan ndeleng sikape sing isih ngetokake anggone sayang karo dheweke, Hari Setiawan bisane mung pasrah. Ora isa dibaleni, ora perlu digelani. Wis kliwat meh telung puluh taun kepungkur.

Ora mungkin ngarep-arep Laila pisahan karo Pangarso Wibawa. Ora bakal disarujuki gereja. Tangeh lamun nek ngarep-arep pengin omah-omah karo Laila Saraswati. Senajan dheweke yakin menawa Laila isih tresna lan asih karo dheweke. Laila dhewe ya kewetu njaluk dirangkul minangka kekasih, sing pungkasan pas ana apartemen kae. Ateges wis pasrah ora pengin urip bebrayan karo dheweke. Kudu bisa ngerem loro-lorone. Ora mung nggolek seneng lan penake dhewe. Dheweke wis rumangsa seneng lan marem, isa ngrangkul lan ngarasi Laila, kaya nalika isih tunangan puluhan taun kepungkur. Wis cukup kanggone Hari. Ora pengin luwih jero.

Saiki pengine mung ngesokake rasa asih lan sayange marang anak-anak lan mantune Laila. Durung ngerti mengko dadine kaya ngapa nek dheweke wis ketemu karo sing jenenge Pangarso Wibawa. Priya sing wis ngrusak impene wong loro karo Laila. Apa perlu diwales? Dheweke mupus, Sing Gawe Urip sing bakal males. Dheweke rumangsa ora duwe hak kanggo males. Ora tegel meruhi kahanane Laila Saraswati karo anak-anake sing katon sayang lan kurmat karo dheweke. Luwih-luwih nek ngelingi Erina. Bocah kuwi perlu pendhampingan lan pangayoman saka wong tuwane. Sajake tansah dilirwakake dening bapake.

Dheweke seneng banget rikala ditilpun Laila, ngajak liburan bareng-bareng menyang Kamboja. Arep dilakoni kanthi seneng lan iklas. Nyeneng-nyenengke Laila Saraswati lan anak mantune. Klebu Erina Sawitri, calon jeksa sing lagi nandhang cilik ati. Ben enggal pulih kayadene wanita dhewasa sabaene. Bubar nampa tilpun saka Laila mau dheweke entuk pesen saka Erina. Diwangsulni kanthi sabar.

“Mbak Erina, tak tilpun wae ya ben isa rembugan bebas. Aku mentas wae bubar rapat ana kantor iki.”

“Matur nuwun pakdhe pun parengaken kontak kaliyan pakdhe.”

“Kahananmu apik-apik wae ta Mbak. Wis rampung ujian paska ne. Saiki fokus menyang pelatighane dhisik.”

“Injih pakdhe, matur nuwun sanget. Kula ndilalah sampun dipun dhawuhi kaliyan atasan, menawi bibar pelatihan badhe pun tugasaken wonten Biro Hukum & Hubungan Luar Negeri. Menawi pareng badhe tansah ndherek bimbingan lan pangandikanipun pakdhe.”

“Iya ora apa-apa. Diatur wae jadwale. Nek dina Setu arep nganggo kamar kerjaku ana mansion apa ana kantor, mangga lo. Mengko ben diatur karo asistenku lan urusan rumah tangga.”

“Matur nuwun sanget pakdhe. Kula ugi sampun matur ibu, nyuwun idin tansah badhe konsultasi kaliyan pakdhe. Ibu njih remen sanget menawi saged kaleksanan.”

“Iya Mbak Erina, dina Minggu ibumu arep balik menyang Bengkulu. Nek isa dina Setu kumpul-kumpul nang omahku ana Pondhok Indhah ya. Mengko diatur acarane.”

“Kasinggihan, matur nuwun sanget pakdhe.”

+++

Dina Jumat sore Laila Saraswati kumpul karo anak lan mantune ana apartemen ing Kemayoran. Erina wis ora suntrut praupane, wis semringah maneh. Wis normal maneh senajan isih kudu ngombe obat anti depresi. Kartika karo sisihane Indra uga arep nginep ana Kemayoran, tinimbang

mulih ana omahe ing Pamulang Permai, kadohan anggone wira-wiri. Jumat bengi wong papat padha makan malam ana Rumah Makan Padhang Sederhana ana jalan Medan Merdeka. Rumah makan iki karemane Laila menawa lunga ana Jakarta. Wis punjul telung taun iki Kartika karo Erina manggon ana Jakarta lan cekel gawe.

“Kartika, rencana budhal nang Kamboja terus wae ya. Nek wis pesthi kabeh kirimna nang asistene pakdhe ben diatur tiket lan hotele. Ora isa dadakan merga wayah liburan.”

Laila ngelingake Kartika prekara pemesanan tiket.

“Berarti awake dhewe budhal rame-rame saka Jakarta nganti Phnom Penh. Mengko saka Phnom Penh nang Siem Reap ben diatur saka Phnom Penh dening agene pakdhe wae.”

“Iya mung aku mulihe saka Phnom Penh menyang Jakarta, mundur rong dina. Perlu melu sarasehan ana Phnom Penh karo para pengusaha lan aktipis perempuan Kamboja. Tiket di bayar nek kabeh jadwal wis cocok karo rencana perjalanan.”

“Njih bu tak konsultasi karo agene pakdhe mengko. Erina budhale bareng aku karo Mas Indra ta, apa arep budhal luwih dhisik?”

“Bareng-bareng wae, pakdhe kan sawetara dina urusan gaweyan kuwi. Ora isa diganggu acarane.”

Laila Saraswati ngelingake menawa sesuk awan diundang Pakdhe Hari Setiawan makan siang ana daleme ing Pondhok Indhah. Wis ana asisten rumah tangga lan tukang masak sing ngladeni. Erina banjur nrambul angone rembugan.

“Iya ibu, aku mau wis WA nan karo pakdhe. Malah didhawuhi nginep sisan. Ibu budhal nang bandhara langsung saka Pondhok Indhah. Mungkin luwih adoh, ning kan dina Minggu ora macet.”

“Apike kok di pesthekake dhisik Wuk, nek ora kan malah gedandapan. Nek pesthi aku sisan nggawa bagasiku.”

Ora let suwe Erina banjur tilpun pakdhene lewat HP.

“Sugeng sonten pakdhe. Namung badhe mesthekaken menawi benjang enjang siang ibu kaliyan kula sedaya pun timbali maem siang wonten dalem Pondhok Indhah njih?”

“Iya Wuk sayang. Awakmu, ibumu karo mbakyumu lan sisihane. Aja lali ya wis disiyapake.”

“Lajeng ndalunipun terus bubuk mrika pindhah pakdhe, ibu kaliyan kula? Ibu bidhal bandhara Minggu enjang.”

“Iya sisan Setu sore karo malem Minggu nang kene wae karo pakdhe nek

awakmu kabeh longgar. Bengi makan malam ana ngomah apa arep metu mengko gampang. Nonton film bareng ana ngomahku. Omah ki tansah sepi, ora tau ana sedulur sing nginep. Mula rame-rame wae sesuk bengi ana kene. Ibu ora apa-apa ta karo awake dhewe ana kene? Mengko nek ana protes saka bapakmu utawa saka kancane ibumu sapa kae, awakmu sing ngadhepi ya wuk."

Sajake Pakdhe Hari pancen pengin dikancani malem Minggu. Mung ngendikane kok rada nyentil ibune.

+++

Dina Setu esuk Laila Saraswati melu anak lan mantune mlaku-mlaku saubenging kompleks gedhung apartemen. Ana taman lan dalan cilik kanggo mlaku-mlaku ing antarane gedhung-gedhung dhuwur. Ana gedhung apartemen akeh cacache. Ciri pemukiman modern metropolitan sing kurang lahan. Pendhuk saya akeh. Bareng udakara jam sewelasan, budhal menyang Pondhok Indah, ana omahe Pakdhe Hari Setiawan. Kompleks perumahan mewah, dalane jembar lan akeh wit-witan gedhe marahi edhum. Kahanan sepi ora akeh kendharaan kaya umume dalan-dalan ana Jakarta.

Omahe gedhe magrong-magrong, tingkat loro. Pakdhe Hari wis ngarep-arep wiwit esuk mau. Gita-gita Hari anggone mbagekake tamune. Ana kamar loro nang lantai dhasar lan kamar telu ana ndhuwur. Ora krasa panas kaya nang njaba amarga ana AC. Mburi omah isih ana taman sing asri. Makan siang wis ditata ana meja makan, ana sisihe taman iku. Gudheg Yogya karemane Hari, ngelingake wektu kuliah ana Yogya.

"Wah tak enteni wiwit esuk mau. Awan iki nganti sesuk sliramu budhal bandhara nang kene wae ya, isa kumpul crita sabosene. Mangga makan siyang nganggo gudheg, muga-muga cocok."

"Matur nuwun Mas Hari, wis ngrepoti njenengan, dicepaki renes kaya ngene. Aku ya kangen gudheg, nang Bengkulu arang gudheg sing kaya nang Solo apa Yogya."

Kartika banjur nyela atur.

"Pakdhe dalem ageng samanten namung kagem piyambakan menapa mboten kraos sepen?"

"Ya wis piye maneh dina-dina wong urip dhewe pakdhemu. Mula nek akhir pekan awakmu karo Indra, apa Erina pengin ana kene ya seneng banget aku. Ana kancane. Arang banget sasat ora tau ana tamu nginep kene."

Karo rembugan regeng wong lima padha makan siyang kanthi lawuh

Lamising Katresnan

gudheg. Ana wae sing diomongake, paling akeh antarane pakdhe karo Kartika lan Indra. Indra akeh takon prekara riwayat anggone nggedhekake usahane. Erina mung tansah ngrungokake karo mandeng pakdhene tanpa kendhat, atine krasa tentrem lan seneng nek cedhak karo pakdhene. Bubar makan siyang, Indra karo Kartika pamitan arep metu dhisik blanja dinan nang mall. Pakdhe Hari karo Laila Saraswati lungguhan ana berandha ngarep taman. Erina pengin nggabung nanging ora kepenak, banjur mlebu kamar ngrungokke musik. Laila isih katon anggone pengin cedhak karo Hari, senajan loro-lorone wis ngakoni nek ora bakal isa urip bareng maneh. Nalika pamitan arep mlebu kamar istirahat, Laila isih ngrangkul Hari, ngrangkul biyasa ning embuh sing nang njero pikirane.

Sore-sore sabubare adus padha kumpul maneh ana berandha mburi karo nikmati gedhang goreng lan wedang sing diladekake dening asisten rumah tangga. Kabeh rumangsa seneng mung nikmati urip penak lepas saka sanggan saben dinane. Bareng wis repet-repet padha mlebu ana ruang tengah. Pakdhe Hari nyetel musik irama tenang. Pas nyetel lagi Tenesse Waltz, dheweke ngajak Laila, dansah ballroom karemane rikala isih tunangan dhisik. Lagu sentimental sing dinyanyekake Connie Francis iku marahi nglangut.



"...Mas Hari... anggerkrungulagu iku aku kelingan nek Waltz karon jenengan.... Suwi banget ora tau ngrasake dansah..... Isa dansah wae aku wis matur nuwun banget..."

"Ora susah digelani jeng kabeh wis kliwat. Ya menawa ana kesempatan ngene iki isa mbaleni kaya ndhisik. Kanggoku wis seneng banget."

"Aku duwe panyuwun ya Mas, titip anak-anakku nek nganti ana apa-apa...."

Laila nggremeng karo nempel ana dhadhane Hari, alon-alon melu irama Waltz. Rasane kaya mabur ana awang-awang. Ora lagi ngimpi, kanyatan endah ning mung bisa dilakoni sedhela. Sakeplasan.

"Ora susah mikir adoh-adoh. Menawa ana wektu lan kesempatan tetep isa dansah karo aku."

Kartika karo Erina mung bisa nyawang ibune, katon seneng lan tentrem nuruti gerakan lembut ana rangkulane Pakdhe Hari. Isa mbayangake sedhihe ibune, sedhihe pakdhene nalika kudu pisah ndhisik. Bisane ya mung ketemu sedhela-sedhela kaya sore iku. Ora bakal bisa urip bareng maneh. Ora mungkin. Tangah lamun. Ibune isih kaiket tali perkawinan karo bapake, ora bakal bisa pisah. Erina rasane mung trenyuh meruhi mesrane ibu lan Pakdhe Hari rikala padha dansah. Senajan mung sakeplasan. Mesakake nyumurupi uripe Pakdhe Hari, urip dhewekan, senajan mungkin ora kasepen.

+++++



BAB 24

Tonle Sap

Acara liburan Paskah menyang Kamboja pungkasane isa disepakati. Jadwal wis digawe lan diprasahke marang agen dening Kartika. Hari Setiawan budhal saka Jakarta dina Minggu. Ana Phnom Penh ngurusi gaweyan dina Senen nganti Rebo. Laila Saraswati, Erina, Kartika lan Indra, budhal dina Rebo, mung telung dina ana Kamboja. Dina Kamis wiwit liburan ana Kamboja. Dina Minggu candhake Hari, Erina, Kartika karo Indra bareng-bareng mulih Jakarta. Laila keru ana Phnom Penh, merga dina Senene ana acara sarasehan. Dina Selasa lagi mulih menyang Jakarta. Hotel uga wis dipesenke ana Phnom Penh, Hotel Cambodhiana.

Tekan titiwancine, Laila Saraswati, Erina, Kartika karo Indra numpak pesawat Air Asia saka Jakarta. Seneng rame-rame lunga bareng sakeluwarga. Budhal esuk saka Cengkareng nganggo penerbangan langsung, tekan bandhara Internasional Phnom Penh wayah sore kira-kira jam telu. Ana bandhara dipethuk dening Hari karo asistene, nggawa mobil sewan L300. Ora ana alangan babar pisan ana pesawat uga ana pabean. Kabeh mlaku lancar. Asistene Hari, Mona wis nyepakake penjemputan wiwit saka lawang pesawat. Sawise ngliwati imigrasi banjur njupuk bagasi, rombongan banjur numpak mobil menyang hotel.

Seneng rasane Laila Saraswati dene dheweke saanak mantune isa lunga bareng-bareng karo Hari. Ana mobil mung dheleg-dheleg, atine nglangut kelingan prastawa kepungkur. Upama ora ana kedadeyan sing ndrawasi ndhisik, mesthine tansah isa lunga bareng karo Hari Setiawan dalah anak-anake kaya dina iku. Lunga sakeluwarga sing ora tau dirasakake karo sisihane Pang. Bola-bali unjal ambegan tanpa dirasa.

“Kok malah mung dheleg-dheleg ana apa Jeng. Apa ana sing gawe gela? Hari nyoba nakoni Laila.

“Ora babar-pisan Mas. Kabeh lancar lan seneng aku isa lunga bareng-bareng karo njenengan lan anak mantuku. Upama ora ana kedadeyan sing ndrawasi ndhisik, mesthine awake dhewe isa kaya ngene sateruse ya Mas.”

“Ora susah digelani Jeng. Wis kliwat, ora isa dibaleni maneh. Awake dhewe mung mlaku nurut ilining banyu. Muga-muga putri-putrimu tansah kasembadan panyuwune.”

Erina uga melu ngelingake krungu rembugane ibune karo Pakdhe Hari.

“Mbok wis ta bu, ora susah ngendikan prekara sing wis kliwat. Marahi ngrusak swasana seneng iki. Mesake pakdhe ndak katut sedhah.”

“Bener rembug mu Erina, iki wayahe seneng-seneng. Durung tentu ana kalodhangan maneh. Sapa ngerti iki sing sepisanan lan sing pungkasan.”

Hari sumaur langsung.

Tekan hotel sawise check in padha nikmati welcome drink ana ruang tamu. Mona nerangake acara sing wis direncanakake. Sore iki isa leren nang hotel, apa arep mlaku mlaku klithih-klithih sore numpak perahu ana bengawan Tonle Sap. Bubar iku mengko nek ora kesel isa mubeng-mubeng kutha karo makan malam.

“Gumantung sing padha lagi teka saka Jakarta, kesel ora. Nek ora sayah banget, apike dolan-dolan numpak prau nang kali Tongle Sap terus nang Bengawan Mekong. Pemandhangane apik banget pas srengengene angslup. Durung mesthi ana kesempatan maneh.”

Pakdhe Hari menahi usul. Liyane saur manuk, pengin dolan-dolan sore nang bengawan. Ora bakal isa dibaleni ana Jakarta apa nang Indhonesia. Leren sedhela ana kamar hotel udakara sajam. Mengko ketemu ana lobi budhal rame-rame nang gisik bengawan panggonane kapal-kapal pesiar padha labuh.

“Bapak ibu mangga istirahat wonten kamar rumiyin watawis setunggal jam. Kula tak nyiapaken baitanipun rumiyin. Kedah pesen rumiyin supados mboten kedah antre nengga selanipun.”


Mona banjur pamitan arep pesen prahu sing arep disewa. Erina kamare dhewe cedhak karo kamare Kartika karo Indra. Dene Laila wis dipesenke kamar eksekutip. Hari semono uga pesen kamar eksekutip cedhak karo kamare Laila.

+++

Jam setengah lima sore wis teka ana gisiking Kali Tonle Sap. Akeh wong padha mlaku-mlaku ana pinggir kali sing dibangun endah. Ana rombongan warga manula sing lagi senam sore, ana rombongan liya sing padha njoged kairingan musik. Ana sing padha jogetan tradisional Apsara sing kondhang saindhenging jagad. Bangsa Khmer wis wiwit jaman kuna, luwih sewu taun kepungkur sesambungan karo bangsa Jawa saka Medhang. Mesthi grapyak banget menawa ketemu sedulur saka Jawa nganti saiki. Trenyuh rasane nyipati polahe wong sing katon seneng lan katon tentrem iku. Bangsa Kamboja durung suwe tau ngalami genosida dening regim Polpot.

Lamising Katresnan

Saben keluarga mesthi kelangan salah sijining sedulur. Kaya dene dredah kerusuhan 1965 sing ngorbanke pendhudhuk nganti setengah yuta nyawa ana Indonesia. Bangsa Kamboja isih sedulur karo bangsa Nuswantara utawa Jawa, padha-padha nate ngalami dredah sing ngorbanke nyawa warga sing ora sethithik.



Kali Tonle Sap, nggumunake kanggone wong sing biyasa urip ana Jawa sing ora tau meruhi kali gedhe. Amba banget pirang-pirang atus meter. Banyune kimplah-kimplah ora mekakat. Kapal pesiar sing disewa wis ngenteni, isa langsung budhal ora perlu ngenteni nganti kebak. Alon-alon kapal budhal ninggal gisiking kali sing ora patiya adoh saka Hotel Cambhodian lan keraton Raja Kamboja.

Mona wis mesenake makan malam sisan ana kapal, tinimbang ndadak metu maneh menyang kutha. Wengi iki bubar pesiar isa istirahat. Nek seneng pijet, tukang pijet Khmer uga wis kondhang anggone trampil. Pemandhangan alam endah banget sore iku. Srengenge wis nggliwang ana sisih kulon, bayangane sorot srengenge ana Kali Tonle Sap, kaya permadhani emas sing digelar ana banyu. Pemandhangan alam sing endah nentremake. Angin

lembut nggawa uap saka banyu marahi seger nang awak. Kabeh sing lagi pesiar kepilut lakuning rasa sing nglangut ananing nengsemake. Sinambi nikmati minuman kalengan saka taneman labu khas Kamboja, rasane seger ngilangi rasa ngorong. Laila sumendhe ana bahuné Hari, tangane nggegém kenceng tangane Hari. Ora sadhar lan ora pekewuh babarpisan karo anak lan mantuné. Swasana kaya sore iku sing ndhisik tansah diimpi-impi nalika isih tunangan.

“Mas Hari, endah banget lan nengsemake ya. Rumangsaku kaya ana swarga ngene iki.”

“Iya Jeng sore-sore kaya ngene iki asri lan ngengsemake. Gawe tentrem lan seneng nang ati. Muga-muga wong-wong sing urip ana tlatah kene ya ngrasakake semono uga. Kahanan sing ketok ana pandulu asring beda karo kahanan sajatine. Bangsa Kamboja tau ngalami genosida senajan pendhuduk lan alame saka njaba katon tentrem lan damai kaya ngene.”

“Upama awake dhewe ndhisik urip bareng terus, tak kira ya bakal urip kaya nang swarga ngene iki ya Mas. Njenengan ngrasake ngono Mas.”

“Iya wiwit ndhisik aku tansah mbayangke urip tentrem lan seneng kaya ngene. Urip tentrem karo bocah-bocah. Rasane wis kaya anakku dhewe. Ning ora susah digelani ya dhik, wis kepungkur ora isa dibaleni maneh. Dinikmati wae mumpung ana kesempatan. Durung karuwan isa mbaleni bareng-bareng maneh kaya ngene.”

“Matur nuwun banget ya Kangmas Hari. Muga-muga anak-anakku ngerti kaya ngapa anggonku ngimpi-impi bareng-bareng ngene iki.”

Erina sing wiwit mau mung ngalamun karo gawe foto lan video, banjur nyela.

“Dinikmati wae ta ibu, ora susah mikir liyane. Mesake Pakdhe Hari, mundhak kelingan sing ora-ora. Sing penting isa lunga lan seneng-seneng bareng.”

“Iya wuk, aku ya seneng banget pakdhemu ya sayang banget karo kono karo mbakyumu, Kartika. Senajan aku ora bisa nyandhing pakdhemu, muga-muga awakmu karo Kartika tetep cedhak karo pakdhe.”

“Matur nuwun ibu, aku bakal ngestokake dhawuhe ibu. Tetep cedhak karo pakdhe, angger diparengke pakdhe.” Hari sing mung meneng wae banjur semaur.

“Aku tetep bakal cedhak karo Erina lan Kartika, sasat tak anggep anakku dhewe.”

Kapal wis mlebu ana tlatah Bengawan Mekong sing luwih jembar maneh. Iline banyu ana Kali Tonle Sap iki ora mung saarah. Nanging gumantung ana musime, sok mili nang hilir sok nang hulu. Jam setengah wolu balik maneh menyang Phnom Penh. Sunare lampu sapinggire kali Tonle Sap nambahi

endahe wengi. Wengi sing gawe seneng lan tentrem kanggone Laila, anak-anake, uga kanggone Hari. Wengi sing durung mesthi isa dibaleni maneh. Mumpung isa dolan lan liburan bareng-bareng, dinikmati wae samurwate. Ora susah ngelingi prastawa sing ora kepenak jaman dhisik.

Tekan hotel banjur padha mlebu ana kamare dhewe-dhewe. Laila pesen pijet. Nikmat banget rasane. Beda karo nek pijet ana Jakarta apa Bengkulu. Bubar pijet banjur adus. Arep turu kok eman-eman rasane. Pengin ngobrol-ngobrol dhisik. Tilpun Erina karo Kartika, loro-lorone sajake wis padha istirahat. Banjur diwanek-wanekke tilpun Hari.

“Mas Hari durung sare? Aku bubar wae pijet. Kepenak banget rasane. Seger maneh nang awak.”

“Durung Jeng, lagi wae ngecek laporan lewat HP. Iki lagi nonton TV, durung ngantuk. Ana perlu apa sing durung disiyapke?”

“Panjenengan kesa ngunjuk bareng wengi iki. Pengin ngrasake minuman tradisional khas Kamboja.”

“Oo iya tak kancani Jeng, ana kamar wae kan ana fasilitas ruang tamu kamare.”

Hari banjur mara ana kamare Laila, sing mung keletan koridor. Wong loro banjur pesen minuman malam sing cocok. Hari pesen wedang jahe karemane. Laila pesen wedang teh saka campuran kembang, ana melathi ana mawar. Wong loro banjur ngobrol alon-alon. Wiwitane ngomongke usahane dhewe-dhewe. Bisnise Hari pancen wis moncer sumrambah tekan ngendi-endi. Semono uga Laila, saya suwe saya ngrembaka usahane. Wis dadi pengusaha wanita sing sukses. Suwe-suwe Hari pengin ngerti luwih akeh lakuning uripe Laila sabubare pisahan ndhisik.

“Menawa sliramu kepranan, aku pengin ngerti luwih akeh piye kahananmu sawise awake dhewe pisahan Jeng.”

“Iya prekara apa Mas, wis dak critakake menawa uripku mung kaya sandiwara. Ngladeni bojo amarga wis dadi kuwajibanku. Prasasat ora duwe urip pribadhi sing kepenak.”

“Aku nyoba cedhak karo wanita liya, ora mung sepisan, bola-bali ning ora tau kasil. Mesthi gagal ana tengah dalan. Ora isa nglalakake sliramu. Aku wis pasrah, wis nrima ora bakal magepokan karo wanita maneh.”

“Lha kok ngono ta Mas. Wong lanang kan wenang milih. Apa maneh nek kabeh keturunan kaya njenengan. Aku senajan krasa kelangan banget jaman semana, ning tansah tak pupus, mbayangke njenengan mesthi wis entuk ganti sing ngungkuli aku.”

“Perasaan ora isa diapusi Jeng. Aku tansah gagal sesambungan lahir batin karo wanita liya.”

Wong loro lungguh jejer sangsaya mepet karo ndeleng langit sing kebak lintang lan kelap kelip lampu saka kutha. Laila sumendhe ana baune Hari. Rasane seneng banget ana rangkulane Hari wengi iku. Swara sing metu mung bisik-bisik, sinambi nikmati wedang anget. Tangane Hari ngelus-elus awake Laila.

“Jeng Laila, puluhan taun aku ora mampu sesambungan karo wanita. Bayanganmu sing ana atiku.”

“Kok nganti semono Mas anggonmu nggalih aku. Aku nglakoni karo Mas Pang mung kaya nglakoni kuwajiban wae. Arang banget isa mlebu nang ati. Malah asring dipilara nggo gawe puase mas Pang. Isaku ya mung nrima wae.”

Hari karo Laila nikmati swasana isa bareng wong loro wengi iku. Kanggone Hari kaya mbalekke semangate maneh sesambungan karo wanita, semangat lan kekuwatan wong lanang sing wis ilang puluhan taun. Wong loro wis pindhah ana tempat tidhur. Kanggone Laila, wengi iku dheweke isa ngrasake lelumban asmara kanthi rasa tresna lan asih sing jero ana atine. Wong loro lelangenan bareng ana madyaning asmara sing endah lan nengsemake. Ora isa kagambarake ngango tetembungan. Kaya mabur nang langit bebarengan. Hari ngarasi Laila sapuase, semono uga Laila. Lagi iki ngrasakake olah asmara kanthi rasa asih lan tresna sing jero. Sarwa lembut, sarwa ngemong lan njaga pasangane supaya isa tekan pucuking kanikmatan. Akhire Laila njerit lirih ora isa ngampet rasa kanikmatan sing durung nate dirasake. Laila karo Hari ngglethak bareng unjal napas dawa karo ngantuk.

“Matur nuwun ya Kangmas. Aku durung nate ngrasake kaya ngene. Pengin sateruse nek bisa.”

“Padha-padha Jeng. Kaya-kaya semangat lan kekuwatanku sing ilang isa bali maneh merga sliramu.”

“Apa aku isa takon luwih akeh Jeng?”

“Iya ana apa Mas Hari, tak wangsuli saisaku.”

“Nganti sepira sesambungan karo sing jenenge Budi Prayoga iki? Apa ana sing istimewa?”

“Iya nuwun sewu aku durung matur blak-blakan. Aku lagi ketemu sawetara sasi iki. Wis ketemu bocah-bocah. Mbokmenawa nek diarani sesambungan sing istimewa ya bisa. Dheweke mbantu banget marang kahanane Erina.”

Rembungan karo Hari prekara sesambungane karo Prayoga, Laila ora bisa selak, ora bisa nutupi. Dheweke ngaku lan mbukak marang Hari. Ewasemana ora kabeh bisa dicritakake marang Hari. Wose nang jroning atine dheweke isa mbedak-mbedakke antarane sesambungan karo Pang, Prayoga karo Hari. Sesambungan karo Pang, mung saderma nglakoni

Lamising Katresnan

kuwajiban bebojoan, ora ana rasa asih lan tresna, tanpa kepuasan lahir batin malah sok kena pilara. Sesambungan karo Prayoga mung amarga ana rasa cocok lan rasa cedhak. Ana kepuasan lahir lan batin ning blas tanpa rasa asih lan tresna babar pisan. Apa kabeh mau diarani salah? Hari lan Laila kebacut keturon ana kamare Laila. Turu bareng kanthi impen sing endah.

+++

Laila Saraswati karo Hari Setiawan kerinan anggone tangi. Wis padhang, punjul jam pitu. Sorot srengenge wis padhang nyoroti kamar. Pemandhangan endah saka jendela kamar hotel. Kali Tonle Sap kasorot srengenge esuk, warna emas cemplorot saka kali sing banyune kimplah-kimplah. Erina lan Kartika kaget meruhi pakdhene sare ana kamare ibune. Ning ya mung meneng wae. Banjur rame-rame medhun bareng sarapan ana restoran. Sarapan esuk sing renes, ana masakan Kamboja, mi kuah lan bubur ayam, masakan Jepang lan masakan Eropa, kari milih. Mona uga melu sarapan ana restoran. Dheweke nerangake acarane.

Dina Kemis iki mubeng-mubeng kutha Phnom Penh, ana keraton Raja, menyang Central Market, Russian market, Russian boulevard lan sapanunggalane. Mungkin isa kemptu sedina. Nek arep blanja sing khas Kamboja ya sutera karo batu mulia. Isa milih panggonan sing isa dipercaya.



Dina sesuke numpak pesawat menyang Siem Riem, ndeleng candhi-candhi Angkor sing kondhang. Nginep sewengi ana Siem Riep, wis pesen hotel. Jane isa numpak prahu saka Phnom Penh, menyang Siem Riep, nanging suwe lan sok-sok panas hawane. Mula milih numpak pesawat ora nganti sajam. Bengine nonton ndeleng tari Apsara karo makan malam. Sewengi nginep ana Siem Reap, esuke banjur mulih maneh ana Phnom Penh. Langsung dolan menyang candhi Watnom lan Russian market. Setu sore rame-rame menyang panti pijet tradisional. Pijet Kamboja kepetung unik, rugi menawa ora nyoba nek wis ana Kamboja. Setu bengi menyang Greja melu kebaktian nyambut Paskah.

Minggu esuk bubar sarapan, rombongan diterke dening Mona numpak mobil sewan, mulih menyang Jakarta. Hari, Erina, Kartika karo Indra mulih dina iku. Pas nguntapake ana lobi, Laila ngrangkul Hari kanthi kenceng.

“Mas Hari, tulung ya mbarengi anak-anakku. Erina mbokmenawa isih butuh diawat-awati ana Jakarta. Aku mulih langsung menyang Bengkulu saka Jakarta.”

“Iya Jeng, nek butuh apa-apa aja ragu-ragu kontak Mona ya. Mona wis tak instruksi ngladeni njenengan rong dina iki.”

“Injih matur nuwun Kangmas Hari. Nek kabeh lancar mesthine kedhutaan sing ngurusi aku. Ning nek ana apa-apa aku tak kontak bu Mona. Ngono ya jeng Mona.”

“Injih ibu kula tansah siyap. Dinten Minggu menika kendharaan ugi siyap, amargi pun sewa harian.”

Laila ora melu ngeterke menyang bandhara. Dheweke isih pengin istirahat ana kamar wae. Mona sing ngeterke rombongan menyang bandhara. Erina katon rada cilik atine pisah karo ibune. Ning dheweke ya rumangsa mantep merga ana Pakdhe Hari nganti tekan Jakarta. Malah ditawani Pakdhe Hari dikon ana mansion dhisik wae, timbang dhewekan ana apartemen Kemayoran. Mengko nek arep kontrol nang psikolog apa psikiater arep diterke Pakdhe Hari.

+++++



BAB 25
Sulhing Ibu

Sabubare acara liburan Paskah ana Kamboja, Laila Saraswati bali nggethu anggone nglakokake kegiatan usahane. Pengalaman ketemu karo para aktivis pengusaha wanita Kamboja nuwuhake semangat nggedhekake lan njembarake usahane. Ketemu sawijining pengusaha wanita saka Laos sing duwe kantor cabang ana Kamboja, usahane minuman kopi wis bisa nembus ekspor menyang negara-negara Eropa. Jane perusahaanane uga wis miwiti ekspor briket areng kayu menyang Timur Tengah. Wis lumintu kanthi lancar senjata omzete isih durung gedhe banget. Wektu sedina ana Phom Penh digunakake kanggo nemoni pengusaha-pengusaha wanita. Senajan dikancani dening Prayoga, ananing pengalamane Prayoga mung ana babagan mbangun jejaring lan kerjasama. Ora nggedhekake lan njembarake bisnis.

Mulih liburan saka Kamboja langsung njujug Bengkulu. Terus menyang Lamongan mriksa lokasi pabrik briket areng kayu. Kabeh lancar wis bola bali kirim menyang Timur Tengah. Mitra usahane wong Mesir ananging briket areng kayu disebar ana negara-negara Timur Tengah. Wis ana sing ngurusi ana lokasi mau. Dheweke kepengin banget sinau saka Hari piye carane mbangun sistem manajemen sing tangguh lan luwes kanggo ngembangke bisnise. Ana Bengkulu dheweke wis duwe asisten sing jenenge Nora sing bisa diandelke. Pengine uga duwe tim sing setya lan jujur kanggo ngurus usahane. Mengko kapan-kapan pengin nemoni Hari maneh.

Wis meh rong sasi durung ketemu Erina karo Kartika ana Jakarta. Wektune entek kanggo mloya-mlayu ngurusi usaha. Sisihane Pang, nganti sok takon, jane urusan bisnismu ki apa wae ta kok kaya ora jenak nang ngomah. Nanging Laila yakin Pang ya seneng wis diladeni dening Rani. Wis ben wae sing penting kahanane sehat. Wis stroke nek arep main-main karo pramurukti Rani, apa ya isih isa jalan. Mbenekake kancing clana nek nang mburi wae ndadak ditulungi pramurukti.

Karo Erina lan Kartika ya mung kontak liwat WA wae. Erina wis normal maneh, wis ora ngombe obat anti depresi. Mung sok-sok isih kudu kontrol psikolog, Dr. Hera. Sing ngancani malah Pakdhe Hari Setiawan dhewe. Laila seneng nampa pawarta saka Erina, menawa dheweke kerep minggon ana mansion Mega Kuningan apa ana omahe Hari ana Pondhok Indhah. Sok karo mbakyune lan Mase ipe, Kartika karo Indra ning uga kerep dhewekan.

Sok-sok malah ngancani pakdhene istirahat ana villa sing ana Cipanas. Lagi wae leren ana kamar ana tilpun saka Erina.

"Ibu, Erina seneng banget cedhak karo pakdhe. Nek akhir minggu mesthi nang nggone pakdhe. Gemati banget karo aku. Jare nggo sulih ibu."

"Melu seneng aku wuk, nek awakmu tansah direngkuh pakdhemu. Sing ati-ati pakdhemu wis yuswa. Aja nganti kekeselan anggone dolan-dolan."

"Pakdhe isih asring kendel wae nek kelingan ibu, nganti sok tak elingake. Kanggoku, lagi wektu iki aku ngrasakake perhatiyané wong tuwa. Bapak ora tau nggalih masalahku. Nganti nang psikolog lan psikiater barang apa bapak ya ngerti?"

"Bapakmu ya lagi gerah ta wuk. Ora isa mikir putra-putrane. Begja awakmu ana Pakdhe Hari sing isa ngganteni bapakmu. Sing ati-ati ya wuk le ngancani pakdhe."

"Ibu, pakdhe ki angger kelingan ibu mesthi unjal ambegan. Ketoke kok isih jero banget atine nang ibu."

"Ya ora apa-apa, wis ngendika nek sesambunganku wis kliwata ora perlu digelani lan ora susah dibaleni. Aku ya wis blaksuta nek ora isa pisah karo bapakmu, kudu ngajokake idin tekan Roma. Ya ditrima wae dilakoni apa anane. Mung rasaku, katresnan ora bisa ilang, mesthi isih kasimpen ana njero ati. Aku ya realistis wae ora bakal bisa urip bareng karo Mas Hari, senajan tresnaku lan tresnane Mas Hari ora bakal ilang salawase."

"Asring ngendika nek pas tak kancani kae, nek aku dianggep sulihe Ibu. Nek ditakoni nyulih priipun pakdhe, ora njawab mung unjal ambegan landhung, terus ngalamun. Aku njur ering banget lan sayang banget karo pakdhe, bu."

"Ya ora apa-apa ta wuk, angger awakmu seneng, pakdhemu ya seneng penggalihé."

"Aku kok dimanja banget ya bu karo pakdhe, ora tau ngrasakake kaya ngene karo bapak pas isih sehat ndhisik. Malah kerep diterke sopire nek budhal lan mulih kantor."

"Iya tansah ngati-ati ya wuk, pakdhemu butuh dikancani, awakmu uga butuh ana sing tansah nyengkuyung."

Laila Saraswati wanita wis kebak pengalaman urip. Dheweke rumangsa seneng dicritani anake ragil. Masalaha Erina wis rampung, mung kari pemulihan. Ana cedhake pakdhene kondhisine mesthi enggal pulih, kaya wingi-wingi solah bawane sing lincah lan kepara blater. Nalurine wong wadon, sajake wiwit ana rasa lan sesambungan istimewa antarane Erina karo Pakdhe Hari. Bisane ya mung ngandhani ati-ati lan ndongakake muga-muga ora ana apa-apa. Dheweke sadhar ora bisa urip bareng karo Hari. Tangeh lamun. Hari senajan wis ngundur umur, ya butuh kanca urip. Ora ateges dheweke masrahake Erina marang Pakdhe Hari. Wong loro wis

padha diwasane, ben mlaku melu ilining banyu wae. Muga-muga Erina gelem blaka kahanan sing sabenere. Nek wis ana tembung dheweke bisa matur karo Eyang Hartati, Solo. Dheweke tetep isa nresnani Hari saka kadohan. Katresnan ora mesthi kudu dadi bebrayan.

+++

Sawijining sore, dina Kemis, Hari Setiawan lagi wae bubar mimpin rapat dhireksi. Dheweke kelingan sesuk wis dina Jemuah. Jemuah sore Erina Sawitri mesthi teka ngancani akhir pekan. Dheweke nyoba ngontak Erina nakokake apa rencanane dina Setu Minggu iki.

"Mbak Erina piye kabarmu, apik-apik wae ta?"

"Injih pakdhe, dalem tansah kraos remen samenika. Mboten nate stress lan depresi malih."

"Iya sokur ya mbak. Aja abot-abot le mikir gaweyan. Dina Setu Minggu iku kono ana acara ora. Nek bisa ngancani aku kaya biyasane ya."

"Injih kasinggihan pakdhe. Kula ndherek nyipeng wonten dalemipun pakdhe menawi pakdhe mboten wonten acara kaliyan tamu."

"Ngene ya wuk, pakdhemu arep nginep ana Cipanas. Ana villa nang kana, awakmu kan nate rana, mung ora nginep. Nek kono setuju nginep wae nang Cipanas ya. Mbak Kartika karo Indra wenehana weruh."

"Mbak Kartika kaliyan Mas Indra wonten acara jagong pakdhe, mbokmenawi mboten saged ndherek."

"Ya wis ora apa-apa. Mbesuk maneh rame-rame karo ibumu barang ya."

"Dalem ndherek pakdhe. Ibu sampun langkung kalih wulan kok mboten tindak Jakarta. Ngendikanipun namung sibuk damelan ngaten."

"Mengko nek teka nang Jakarta, tak temokake karo senior manajemen kantor ben diprenahake mbangun sistem manajemen sing tangguh, ora gampang diapusi, malah isa dipercayakake marang manajer sing dibayar. Perusahane ibumu kan ya ora kurang modhal."

Nek ngono sesuk sore tak ampiri nang kantormu, awake dhewe nginep Cipanas.

"Dalem matur ibu kaliyan Mbak Kartika mboten pakdhe?"

"Pasrah awakmu arep matur ibu lan Mbak Kartika apa ora. Samarku mengko nek ibu karo mbakyumu curiga, malah njur mung dadi pikiran. Ning ya manut awakmu lah."

Hari Setiawan rumangsa mongkog dene ponakane Erina gelem diajak nginep ana Cipanas. Atine seneng dikancani Erina sing manja lan akeh guneme. Biyasane nek nang Jakarta angger wis bubar makan malam, Erina ora ana enteke anggone crita prekara gaweyane. Malah sok-sok nggawa

gaweyan mulih lan njaluk panemu saka dheweke nek kudu gawe program kerjasama sing ditugaske dening atasane. Rasane atine sangsaya cedhak karo Erina. Solah bawane kaya ibune jaman isih enom dhisik. Rasa kapang marang jaman enome Laila Saraswati, isa disulih dening Erina Sawitri. Erina dhewe rasane kok ering lan ngeman banget karo dheweke. Embuh lah ora pengin mikir berandhai-andhai. Erina kan ya ponakane dhewe, anake Laila Saraswati.

Erina rumangsa seneng banget diajak ngancani pakdhene nginep ana Cipanas. Dheweke pengin matur ibune dhisik mundhak dadi pitakonan mengko. Sadhar menawa ibune isih tresna banget marang Pakdhe Hari. Dheweke kudu blaka marang ibune nek arep nginep bareng ana Cipanas karo Pakdhe Hari.

"Ibu sehat-sehat ya bu. Pengin matur sithik aku."

"Oya ora apa-apa wuk. Aku tansah siyap apa sing kok butuhake."

"Ibu aku matur ibu ya, Pakdhe Hari ngajak aku nginep akhir pekan menyang Cipanas, pareng mboten ibu?"

"Iya wuk sing tansah ati-ati ya. Pakdhe Hari wis yuswa, ning mesthi isih pengin dikancani. Ora apa-apa. Ning kudu ati-ati aja tumindak sing ora cocok karo atimu, mundhak gela tembe mburine ya wuk. Ibu ngerti banget kahananmu."

Laila rada nggregel nalika omong ngono marang Erina. Ning dheweke uga sadhar menawa Erina iku cilik aten. Mula nalika dikasari pacare ndhisik, ndadekake nandhang stress lan depresi. Nek Erina pancen seneng lan mantep lunga karo pakdhene ya wis ben. Pakdhene isa nyulih tresnane wong tuwa sing ora tau dirasake Erina saka bapake. Mung dheweke banjur pengin omong karo Hari ana tilpun.

"Pakdhe Hari, piye kabare. Tansah sehat ya mas. Mesthi sibuk terus iki."

"Matur nuwun kersa nilpun. Biyasane njenengan sibuk banget Jeng. Nek aku urusan kantor wis diurus dhireksi. Aku mung kari nyetujoni wae. Ora melu njegur urusan thethek bengek. Staf dhireksiku mengko ben ketemu njenengan, ben nganalisa kegiatan usaha njenengan lan ngrancangke sistem sing gampang lan efisien."

"Matur nuwun banget Mas Hari. Aku mentas ditilpun Erina, jare arep ndherek pakdhe nginep ana Cipanas?" Hari rada kaget lan mangsuli kanthi ati-ati.

"Iya jeng, ben isa bebas saka kahanan Jakarta sing sibuk. Erina gaweyane ya ora sithik, kerep nggawa mulih lan rembugan karo aku. Dheweke mau pancen tak tawani nek arep melu nang Cipanas. Sajake dhewe ya pengin melu."

“Ora apa-apa, anggere dheweke seneng wae. Aku wedi nek dheweke bali mlebu kahanan stress lan depresi. Sajake seneng dikancani pakdhene. Aja digawe susah ya pakdhe, anakku Erina, sokur nek isa malah digawe seneng. Dheweke anakku sing banget tak tresnani, dadi sulihku ngancani njenengan wektu iki. Aja nganti kegelan ya pakdhe.”

Hari Setiawan rada kaget ditilpun Laila. Tambah bingung nalika Laila ora kabotan menawa Erina karo pakdhene nginep ana Cipanas. Akhire dipupus, wong pancen ora ana skenario apa-apa. Sing penting ponakane seneng. Dheweke ya seneng. Ora ana rencana wadi saka dheweke. Dilakoni wae. Sing penting sesuk sore ngampiri ponakane Erina budhal menyang Cipanas.

+++

Dina Jemuah sore jam papat Hari Sertiawan wis tekan Kejaksaan Agung, kantore Erina. Ngampiri ponakane budhal menyang Cipanas. Mbokmenawa luwih rong jam lagi bisa tekan. Mungkin jam pitu apa setengah wolu lagi tekan Cipanas. Rencana mengko makan malam ana ndalan wae, akeh rumah makan Sundha apa Padhang sing isa diampiri sadawaning dalan. Erina katon seneng nalika dipethuk Pakdhe Hari nganggo mobil El Grand. Kursine isa disetel kanggo turu. Sore iku Erina ora akeh omonge. Mung turu sadawaning laku. Bengine kurang turu, mikirake pakdhene sing gemati banget marang dheweke.

“Kula bubuk njih pakdhe, ngantuk sanget raosipun.”

“Ya ora apa-apa, digawe sing kepenak. Ora kesusu awake dhewe.”

Erina pancen turu enak banget. Raine katon seneng, turu ning karo mesem. Tangane nggegem tangane pakdhene. Embuh sadhar apa ora. Sok-sok unjal ambegan dawa lan ngrintih lirih. Pakdhe Hari nyipati kahanane ponakane mau ana rasa mesake. Bocah iki nandhang stress rada suwe. Sokur dene saiki wis wiwit pulih. Dheweke njaga banget perasaane ponakane iku. Kenya diwasa sing luwes merak ati. Persisemper ibune rikala isih enom ndhisik. Atine rada dheg-dhegan wektu iki. Nginep wong loro karo Erina, ponakane wanita karier, sing wis mapan, wis diwasa mung isih legan.

Mobil mlakune anteng, angles rasane numpak mobil karo ponakane. Nyetel musik ringan senengane. Wayah sore sing endah. Wit-witan sadawaning dalan temata asri, kesampar angin padha obah temata. Hawane kepenak wiwit krasa adhem. Ngancik wayah maghrip Hari mrentah sopire supaya mandheg keren ana restoran Sundha sing kerep diampiri. Erina tangi saka anggone turu.

“Maem ndhisik wae ya Wuk. Wis krasa luwe aku. Karo Pak Amad, sopire ben

isa leren."

Erina kaget krungu ngendikane pakdhene. Cepet-cepet anggone nata awak lan nuntun pakdhene alon-alon mlebu restoran. Ora wigah-wigih lan pekewuh karo wong akeh sing ndelengke. Ora isa suwe-suwe amarga saya wengi saya rame. Cepet-cepetan makan sore terus gageyan nerusake laku. Erina katon banget anggone ngladeni pakdhene. Katon anggone ering karo Pakdhe Hari. Rampung anggone makan sore, pakdhene dituntun bali ana mobil. Sopir sing wis biyasane ngladeni Hari, Pak Amad ya mung meneng wae. Batine ponakane bose kok gemati nemen karo pakdhene.

Tekan vila wis kliwat jam pitu. Hawane adhem tenan. Senajan ana banyu anget rasane aras-arasen arep adus. Nanging Erina meksa adus ben bali seger maneh. Kringet krasa pliket ana kulit. Bubar adus dheweke nganggo pakeyan malam lan lungguhan ana ruang tengah. Pakdhe Hari mung resik-resik awak nganggo banyu anget, ora wani adus. Banjur salin piyama lan melu lungguhan ana ruang tengah nonton TV. Hari rada kaget weruh ponakane nganggo pakeyan wengi. Katon ayu lan wewek isi. Bobote sajake wis medhun sawise mandheg anggone ngombe obat anti depresi.

"Bobotmu wis mudhun sajake Wuk, sawise mandheg obat depresine."

"Saestu pakdhe, mboten sekeca sanget kedah ngangge obat-obat punika. Maemipun tambah kathah bobot ngantos mindhak gangsal kilo. Ning sampun medhak malih kalih minggu menika."

"Ibumu apa Kartika kontak awakmu?"

"Mboten pakdhe, kalawau sampun tilpun ibu. Nyuwun pamit ndherek pakdhe ngyipeng mriki."

Jam sanga wis krasa ngantuk banget. Hari Setiawan pamit mlebu kamar. Erina durung krasa ngantuk. Lungguhan dheweken ana ruang tengah sepi banget. Arep mlebu kamar, kok wedi, kamare gedhe, hawane angker medeni. Pancen omah iku omah modhel Landa, mung direnovasi ben dadi anyar maneh. Jendhelane amba-amba. Ana tungku kanggo ngobong kayu nggo pemanas. Nyoba turon ana kamar, ora isa ngeremke mripat. Mung kethap kethip rasane wedi. Swara lonceng jam sewelas. Isih durung bisa turu. Krungu Pakdhe Hari watuk-watuk ana kamar sebelah. Diwanek-wanekake nothok kamare. Pakdhene alon-alon mbukakake lawang.

"Ana apa Wuk Erina, kok durung turu?"

"Kula ingkang badhe tanglet pakdhe, kok watuk-watuk kenging menapa. Kula wonten inhaler utawi obat gosok."

"Ora apa-apa mung rada kadhemmen sajake, asma ku rada kumat."

"Sampun ngunjuk obat pakdhe?"

"Sajake lali ora nggawa. Inhalermu wae tak nggone dhisik kene."

"Mangga pakdhe. Menawi kepareng kula ndherek bubuk kamar mriki kemawon. Wonten bed kalih. Kula ajrih sanget piyambakan."

"Iya ora apa-apa. Njupuka kemul nang kamarmu digawa mrene."

Tanpa ana rasa rikuh pekewuh Erina banjur mapan turu ana bed cilik sebelaha bed e Hari Setiawan. Kemulan brukut ning kok ya ora isa terus turu. Watuke Hari saya ngikil. Erina tangi lan matur pakdhene.

"Dalem gosok kemawon pakdhe menawi kersa, mangke rak entheng napasipun."

"Biyasane ora kaya ngene kok iki rada ngikil lan sesek. Matur nuwun nek arep nggosoki."

Alon-alon Erina nggosoki Pakdhe Hari nganggo minyak gosok. Sedhela wis mendha watuke. Embuh piye wiwite, Hari ngrangkul Erina kanthi asih lan lembut.

"Trima kasih ya Wuk, wis krasa entheng aku"

"Pakdhe Hari..."

Erina mung wangsulan lirih, ora kewetu tembung. Dheweke pasrah ana rangkulane pakdhene. Nalika pakdhene wiwit ngelus-elus awake, dheweke uga ora mung pasip ning mbales ngrangkul kenceng Hari. Diarasi kanthi lembut dening pakdhene kaya mabur nang awang-awang. Erina ya mbales ngarasi pakdhene. Kanggone Hari, ana rasa aneh. Kekuwatan lanang sing wis ilang kok bali maneh kaya nalika isih enom dhisik. Ambune Laila Saraswati wis njilma ana awake Erina. Erina senajan ora pengalaman langen asmara karo priya, dheweke wis pasrah arep tekan ngendi dheweke wis siyap. Pakeyane wis kabukak kabeh. Ning malah Hari sing ngelingake.

"Sabar ya sayang, aja ndhisik. Aku ora tegel. Kono kaya anakku dhewe rasane. Turu sing kepenak tak keloni."

"Pakdhe.... Dalem ndherek kemawon. Sampun iklas...."

"Iya sayang ora perlu kesusu. Isih akeh wektu. Awake dhewe kudu matur bapak ibumu. Aku sing matur."

"Ndherek pakdhe....."

Erina turu angler ana rangkulane Hari Setiawan. Rasane seneng banget. Tentrem lan nikmat nganti kegawa ngimpi. Hawa adhem ana Cipanas, marahi angler anggone turu. Ana swara jago ing wayah esuk. Tangi sedhela mbenakake pakeyan sing modhal-madhul. Wong loro banjur turu maneh. Rangkulan kanthi rasa eman, asih lan sayang.

"Suk Setu ngarep awake dhewe wong loro nang Bengkulu ya. Matur karo bapak ibumu. Muga-muga diparengke bareng sateruse."

Lamising Katresnan

“Ndherek pakdhe. Ning pakdhe isih tresna banget karo ibu ta?”

“Tresnaku ora bisa ilang ngono wae. Aku karo ibumu ora mungkin urip bebarengan. Awakmu nyulahi ibumu wuk. Tresna lan sayangku tanpa wates marang awakmu.”

Erina mung trenyuh krungi omonge Hari. Mung isa ngrangkul terus padha turu maneh nganti esuk. Esuk sing endah kanggone wong loro sing lagi ketaman katresnan. Hari sing tulus wis dirasake anggone ngrengkuh. Kelingan nalika pacaran karo mantan, durung nikah wae wis marahi stress lan depresi. Karo Hari, dheweke ngrasakake seneng lan tentrem ana njero ati. Ya wis pasrah wae, arep golek apa maneh. Wis cocok wis mantep ngladeni Pakdhe Hari.

+++++



BAB 26

Pangestune wong tuwa

Laila Saraswati dina-dina iki tansah goreh atine. Pikirane mung tumuju marang Erina, anake ragil sing lagi ndherek pakdhene liburan akhir pekan ana vila Cipanas. Dheweke wis nggraita wiwit mula menawa antarane Erina karo Hari Setiawan, wis ana bibit katresnan ngrembaka. Ora mung sesambungan sedulur antarane prunan karo pakdhe, ning antarane wanita diwasa sing nembe wae kegelan pisah karo pacare, lan priya legan sing nandhang kapedhotan tresna puluhan taun. Laila wis ikhlas lan lila menawa Erina arep ngladeni lan urip bareng karo pakdhene, Hari Setiawan, siji-sijine priya sing ditresnani. Priya sing nate dadi tunangane jaman enom dhisik, ning banjur batal ana tengah dalan amarga saka salahe dheweke. Nyoba kirim pesen WA marang Erina, nakokake anggone liburan karo Hari ana Cipanas. Jawabane mung cekak aos.

“Ora susah digalih ibu, dalem karo Pakdhe Hari tansah apik-apik wae ora kurang sawiji apa.”

“Apa awakmu ora dikapak-kapakke karo pakdhemu, wong loro dhewekan nginep ana vila?”

“Kabeh mlaku apik-apik wae kok bu. Liburan akhir pekan iki istimewa kanggoku lan kanggone pakdhe. Ora ana sing nabrak wewaler kok bu.”

“Lha kowe nglakoni apa wae karo pakdhemu wuk. Ibumu pengin ngerti.”

“Ora ana sing perlu dicritakake ibu. Aku karo pakdhe nglakoni liburan kanthi seneng, malah seneng banget kanggoku. Durung tau ngrasakake kahanan kaya ngene ing keluwargane dhewe, karo bapak lan ibu. Dina Setu ngarep aku karo Pakdhe Hari arep menyang Bengkulu, matur bapak karo ibu. Nek didangu urusan apa, dalem mung isa matur menawa ana kabar bungah kanggo bapak karo ibu.”

Senajan Laila adreng anggone pengin ngerti apa sing dilakoni dening Erina karo pakdhene ana Cipanas, Erina katon kabotan nyritakake kabeh kanthi tuntas. Kudu sabar nunggu nganti Hari Setiawan karo Erina teka nang Bengkulu. Malah tambah bingung kira-kira arep ngapa wong loro iku nemoni dheweke lan sisihane Pang? Nyoba tilpun mung diwangsuli ana kabar bungah ngono wae.

Dheweke nyoba ngomong karo sisihane Pang, ngandhani nek Hari

Lamising Katresnan

Setiawan karo Erina arep teka ana Bengkulu lan nemoni dheweke saloron. Kaya sing dikuwatirake, Pang emoh nemoni nek ora cetha urusane. Ngapa kok Hari Setiawan nemoni dheweke, urusane apa. Akhire mung dipupus, dienteni wae nganti wong loro iku teka lan omong blakasuta. Mbokmenawa Laila dhewe ora sadhar menawa atine sajane durung lila ngeculake Hari. Ah embuh lah, pokoke Erina kahanane ben tansah seneng lan tentrem. Dheweke banjur ngabari Kartika, nek bisa dina Setu Minggu ngarep iki supaya teka menyang Bengkulu. Rame-rame Erina karo Pakdhe Setiawan uga arep teka menyang Bengkulu.

+++

Dina Jemuah sore, kaya adate Erina wis dipapag pakdhene, nginep ana mansion Mega Kuningan. Sesuk esuk arep budhal menyang Bengkulu nganggo penerbangan esuk. Antarane wong loro solah bawane wis ora kikuk maneh kaya antarane prunan karo pakdhe. Wis ajer kaya priya lan wanita diwasa sing lagi nandhang katresnan. Wong loro wengi iku makan malam bareng ana mall cedhak kono karo omong-omong.

“Erina wis matur ibu nek arep teka nang Bengkulu ta?”

“Uwis pakdhe, rikala mulih saka Cipanas, aku langsung matur ibu, nggawa kabar bungah.”

“Ibu apa ora kaget wuk, tumrap sesambungane awake dhewe wong loro?”

“Sajake ibu ya wis nguningani, karepe ndhedhes aku, ngapa wae karo pakdhe nang Cipanas. Ning aku ora blaka, sing penting ora nerak wewaler ngono.”

“Apike aku tak kontak ibu ya, mundhak ngantu-antu ana apa awake dhewe.”

Bubar makan malam Hari alon-alon tilpun Laila Saraswati. Mung ngabarake nek arep teka menyang Bengkulu.

“Jeng kabarmu kepriye? Tansah sibuk ya. Muga-muga tansah lancar samubarange. Aku sesuk karo Erina arep sowan, panjenengan isa nampa ta?”

“Matur nuwun Mas, nek pareng nyuwun pirsaa, acara apa ya?”

“Waleh-waleh apa ya prekara sesambunganku karo putrimu Erina. Aku saloron pengin matur bapak ibune, Erina.” Laila rada nggregel anggone mangsuli, ning kabeh wis dipupus.

“Seneng Mas Hari krungu warta mau. Aku mesthi nyengkuyung anggere anakku Erina lan panjenengan padha mantep. Ning Mas Pang durung bisa tak glembuk amarga durung ngerti larah-larahe.”
“Aku bisa ngerti Jeng, mesthi Mas Pang takon, ana urusan apa karo aku. Ngene wae, nek durung sarujuk tak temoni, aku karo Erina sing penting

sowan njenengan dhisik. Nek perlu aku mengko tak nemoni Mas Pang adu arep dhewekan ben padha penake.”

Hari Setiawan jane ora kewawa anggone arep ngomong karo Laila. Krasa menawa Laila rada semedhot nalika nampa warta iku. Ning piye maneh kabeh kudu dilakoni lan diadhepi kanthi sareh. Laila dhewe ya wis bola-bali omong nek ora bakal ninggalake sisihane Pang. Putusan wis gilig, kari piye anggone nglakoni.

Erina Sawitri wis mantep lan ikhlas arep urip bareng ngladeni Pakdhe Hari. Wengi iki bubar rembugan klesikan ana tempat tidhur kamar utama, langsung angler anggone turu ana rangkulane Hari. Babarpisan wis ora ngrasakake anane pepalang antarane dheweke karo priya setengah umur iku. Rasane aman lan tentrem entuk pangayoman saka wong tuwa. Semono uga Hari, tansah gemati lan njaga banget atine Erina, aja nganti ana rasa wedi lan was-was maneh. Wong loro turu bareng, tanpa ana rasa was-was, tanpa ana beban, angen-angene mabur nyedhaki swarga. Tangi-tangi wis parak esuk. Enggal-enggal siyap-siyap budhal bandhara. Hari wis pesen sarapan liwat internet, urak-arik endhog, kroisan karo jus jeruk. Bubar sarapan alon-alon diterke Pak Amad nganggo mobil El Grand senengane. Isih durung terang, srengenge durung mlethek, isih repet-repet. Wong loro atine wis padhang kebak sunar, seneng lan tentrem mbayangke urip bareng ing tembe ngarep, senajan kacek akeh umur-umurane.

+++

Tekan Bengkulu wis rada awan, Erina karo Hari langsung nuju menyang hotel Kanthil. Hari wis pesen kamar VIP ana kono. Banjur terus nuju omahe Laila sing mung ana sabrang dalan. Erina seneng banget ketemu ibune lan mbakyune. Ngrangkul kenceng Laila karo Kartika. Hari semono uga, nyalami Lalila kanthi raket, terus ngrangkul kaya nalika ketemu ana Solo. Banjur padha mlebu ana ruang keluwarga, ana minuman seger sing wis kasiyapake. Minuman senengane Erina menawa mulih menyang Bengkulu.

“Sugeng rawuh Pakdhe Hari karo Erina anakku sing tak tresnani. Seneng banget aku karo Kartika lan Indra bisa ketemu bareng ana kene. Sing tak suwun awake dhewe mung arep rembugan sing kepenak.”

Erina nyela atur dadakan.

“Lha bapak kok ora ketok ta bu, apa ibu durung matur bapak nek aku karo pakdhe arep teka.”

“Ngene lo wuk, aku wis matur bapakmu langsung. Ning tansah takon, lha urusane apa kok Erina karo Hari arep nemoni? Lha aku kan ya isane mung neruske welingmu nek menawa ana kabar bungah ngono wae. Bapakmu durung bisa nampa nek alasane mung kabar bungah. Malah ajak-ajak Mbak

Rani, pramuruktine, karo Rifki sopire, nginep ana omah ana Selebar kae. Wis ana rong dina iki.”

Hari Setiawan banjur nrambul anggone rembugan.

“Wis ora apa-apa. Mengko aku sing bakal nemoni menyang Selebar. Ora apa-apa. Aku nyuwun idin tak njlentrehake tujuwanku teka mrene. Jeng Laila, Mbak Kartika karo Mas Indra, aku pengin blakasuta ing dina sing apik iki. Nuwun sewu, waleh-waleh apa, wis sawetara wektu iki aku sesambungan ati karo putri lan adhikmu, wis padha mantep arep urip bareng salawase. Mbak Erina ben matur dhewe.”
“Injih ibu, Mbak Kartika lan Mas Indra wis kepara rong sasinan iki aku direngkuh dening Pakdhe Hari, ngadhepi bebendhu abot ana uripku. Aku nganti isa pulih duwe semangat urip maneh ya amarga tansah dikancani lan diemong dening Pakdhe Hari. Aku ora nate ngrasakake panyengkuyung saka bapakku dhewe, mung saka pakdhe. Mula bareng aku meruhi dhewe kahanane pakdhe sing tansah piyambakan puluhan taun, aku madhep mantep arep ngancani pakdhe. Aku mung nyuwun pangestu, nyuwun donga muga-muga bapak ibu lan Mbak Kartika dalah Mas Indra isa nyarujuki panyuwunku.”

Laila Saraswati senajan wis nggraita wiwit mula, nanging bareng krungu dhewe tembunge Hari karo Erina, atine semedhot, raine mbrabak lan ora bisa ngampet tangise. Karo mingsek-mingsek, dhewe ngomong alon-alon.

“Anakku Erina karo Mas Hari, uga anakku Kartika karo Mas Indra, rungokna wangsulanku kanthi premana ya. Marang Erina aku mung pengin ngomong cekak, menawa kabeh wis dadi karepmu lan wis mantep, ibumu mesthi nyengkuyung. Kabeh kanggo katentreman uripmu ana ing tembe ngarep ya Wuk, awakmu dhewe sing isa nyandra. Kagem Mas Hari, aku mung pengin matur, Erina iku anakku sing banget tak tresnani, ya prunanmu dhewe, aja nganti dheweke digawe gela salawase. Sedhihe Erina ya sedhihku, senenge Erina ya senengku. Dongaku muga-muga Erina lan Pakdhe Hari isa rukun lan bebarengan salawase. Dheweke nyulihni aku Mas Hari, aku lila legawa njenengan gesokke tresnamu marang Erina.”

Kartika karo sisihane, Indra mung meneng wae. Ora cemuwit mung ngrangkul Erina karo ngembeng eluh. Muga-muga adhine sing banget ditresnani enggal entuk pepadhang. Bubar rembugan sarwo ringkes, wong lima banjur dhahar siang bareng. Ora akeh sing dirembug, kabeh isih kegawa nang pikirane dhewe-dhewe. Ananging Laila Saraswati isih nggregel, ngelingi menawa ora ana kadurakan sing kedadeyan puluhan taun kepungkur, uripe bakal regeng lan seneng kaya awan iku, mangan bebarengan. Kabeh wis kliwat, sing penting anake Erina isa urip tentrem

karo pakdhene sing nate nandhang prastawa abot, kelangan tunangan sing banget ditresnani. Bubar makan siang, sarujuk menawa Hari, Erina karo Laila Saraswati arep nemoni Pang ana omah Selebar. Kartika karo Indra milih ora melu, nunggu wae ana ngomah.

+++

Bubar makan siang, Hari Setiawan leren sedhela ana kamar hotel Kanthil sing wis dipesen. Mung dhewekan amarga Erina keru ana omahe ibune. Padha rembugan alon-alon piye anggone ngadhepi Pang sing wis cetha nek ora bakal nyetujoni ngono wae. Jam loro awan wong telu budhal menyang omahe Laila ana Selebar, nganggo mobil saka Hotel sing biyasane kanggo antar jemput tamu.

Wayah awan, ora ana mendhung, langite resik. Angine semilir, angin laut saka pantai. Pang lagi wae istirahat. Isih diupakara dening Mbak Rani, pramuruktime amarga jare rumangsa lagi krasa ora kepenak. Bareng dikabari menawa Laila Saraswati lan Erina karo ana tamu priya siji arep nemoni dheweke, Hari wegah anggone arep nemoni. Dienteni sawetara wektu ora metu-metu. Banjur Laila mlebu menyang kamare, lan ndulu menawa Pang lagi pijetan.

“Mas Pang, ana tamu wigati arep ketemu kok malah pijetan. Mbok rada dikendhoni dhisik ta Mas anggonmu manja.”

“Sapa tamune lan ana urusan apa?”

“Pakdhe Hari Setiawan sing wis tak aturake. Arep matur prekara sesambungane karo anake dhewe Erina. Wong loro pengin nyuwun pangestu arep urip bebarengan.”

“Oo Hari Setiawan bekas tunanganmu kae ya Jeng. Ora idhep isin, prunane kok dipangan dhewe. Aku suthik arep ketemu.”

“Aja atos-atosan Mas, Erina wis mantep banget ana sing ngrengkuh lan ngancani uripe.”

“Pokoke iki kanggoku prinsip. Aku emoh cawe-cawe. Urusana dhewe karo Erina.”

“Lha rak malah ngetokke atosmu Mas. Salawase Mas Pang durung nate cawe-cawe melu ngentasake Erina saka anggone nandhang susah. Dina iki Mas Hari pengin ketemu njenengan. Aku nyuwun tulung njenengan sembada ngadhepi lan wani tanggung jawab prekara kadurakan puluhan taun kepungkur. Mas Hari pengin momong Erina, wis padha mantep. Ben wae Erina nyulih aku, ngancani lan nyengkuyung pakdhene sing wis yuswa.”

Laila Saraswati banjur metu lan ngandhani Hari karo Erina menawa Pang ora gelem nemoni. Erina krungu omongane ibune banjur njaluk idin mlebu kamar, saperlu blak-blakan marang bapake. Pang wis lungguh ana kursi

Lamising Katresnan

rodha nalika anake, Erina mlebu. Ngaturi salam kanthi sareh . Banjur alon-alon anggone matur.

“Bapak sing tak tresnani. Dalem nyuwun idi pangestu, pengin urip bareng karo Pakdhe Hari Setiawan. Dalem wis mantep lan rumangsa seneng urip bareng karo pakdhe.”

“Ndhuk aja mung mburu napsu senengmu dhewe. Rabi karo sedulur, bekas tunangane ibumu iku tindakan sing nistha, nerak pager ayu kautamaning wanita. Ora isa, suthik aku nek kudu nyarujuki.”

“Nuwun sewu bapak, Pakdhe Hari sing wis ngupakara aku, nalika aku nandhang lara. Upama ora ana pakdhe, aku ora isa pulih maneh bapak. Dalem nyuwun idi lan pangestune bapak. Aku wis sowan lan matur kanthi apik.”



*Ramfan
2023*

Erina gageyan metu saka kamar karo embeng eluh. Bapake ora isa dieluk panganggepe. Ananing kabeh wis kedadeyan. Kudu dilakoni nganti sareh. Ora perlu mendha amarga sikape Pang. Sawise nunggu sawetara, Hari karo Laila lan Erina mlebu menyang kamare Pang. Pang kaget banget nalika meruhi Hari. Pancen durung nate ketemu adu arep. Mung satleraman nalika wisudane Laila. Pang sing lagi lungguh ana kursi rodha rumangsa ora wani adu arep karo Hari Setiawan. Hari mandeng Pangarsa kanthi rasa gething ana atine. Priya iki sing wis ngrusak uripe, sing ngrebut Laila saka sisihe. Wektu sing pas kanggo meleheke.

“Mas Pang, muga-muga penjenengan ora lali. Aku Hari Setiawan pengin atur apik-apikan ana ngarepmu. Tak aturi metu ana njaba. Kamar iki sumpegi, ora cukup kanggo rembugan.”

Pang menahi tandha marang Mbak Rani supaya disurung metu saka kamar. Lungguh ana ruwangan tengah. Swasana sepi tanpa swara nalika wong papat wis lungguhan ana ruwang tengah. Hari enggal-enggal miwiti rembug kanthi sareh.

“Mas Pang, kaya sing wis diaturke Laila lan Erina putrimu, aku Hari Setiawan nyuwun idi pangestumu menawa arep urip bebarengan karo putrimu, Erina Sawitri. Kita wong loro wis gilig saeka praya arep urip bareng.” Pang nyoba mangsuli kanthi ngampet perasaan nang jroning atine. “Ngapa kok kudu Erina anakku. Dheweke kan ya prunanmu. Apa ora wis kebacut iku.”

“Apike ora susah muter-muter, aku blak-blakan wae. Sampeyan wis ngancurke rencana uripku karo Jeng Laila Saraswati amarga kadurakan sing sampeyan tindakake. Nganti titi wanci iki, ora tau krungu ana tetembungan saka sampeyan minangka wong lanang sing tanggung jawab. Sampeyan pengecut Mas Pang. Aku njaluk Erina kanthi apik-apik. Kita wis padha mantep urip bareng. Erina nyulih ibune sing kok rebut kanthi licik.”

Lagi iki Pangarso Wibawa dikilani dhadhane dijuluk tanggung jawabe prekara kedadeyan sing wis liwat meh telung puluh taun. Atine njola ora lila ning ora ana ukara sing isa dironce kanggo njlentrehake tanggung jawabe. Mung menahi tandha marang sisihane Laila, supaya makili lan menahi wangsulan.

“Pakdhe Hari Setiawan, aku saloron karo mas Pang, minangka wong tuwane Erina, mung bisa ngaturke donga lan penyengkuyung muga-muga panjenengan karo Erina isa diparingi urip tentrem lan seneng. Erina tansah butuh pengrengkuhmu Pakdhe Hari, aja nganti di siya-siya.”

Sanalika Erina enggal ngrangkul bapake lan atur salam. *“Matur nuwun*

Lamising Katresnan

bapak nyuwun idi pangestu.” Pang ora kewetu tembung apa-apa. Mung pasrah lan ngrangkul anake, banjur aweh salam kanggo Hari.

“Muga-muga tansah tentrem lan seneng urip bareng karo anakku Erina Sawitri.”

Awan iku banjur padha mulih. Hari Setiawan bali menyang hotel. Erina melu ibuke bali menyang ngomah. Dina Setu ngarep rencana arep matur Eyang Hartati ana Solo. Kartika karo Indra melu menyang Solo. Nanging Pangarso Wibawa milih keru ana Bangkulu wae. Durung pulih kesehatane. Ananging dheweke wis nyarujuki, senjata atine maune ora lila. Ning piye maneh, arep ora lila ora menehi idi wong dheweke ya ora kuwawa ngrumat anake dhewe Erina. Ya ben nek arep direngkuh pakdhene.

+++++



BAB 27

Pungkasaning Cita – Lakuning Urip Lumintu

Panyengkuyunge Pangarso Wibawa, senjata kepeksa, tumrap sesambungan antarane Hari Setiawan karo Erina Sawitri, gawe legane Laila Saraswati. Rumangsane prekara sing wis liwat puluhan taun, lan dadi ganjelan abot ana uripe, pungkasane bisa diudhari dina iku. Hari Setiawan pungkasane madhep mantep arep urip bebarengan karo Erina. Jane ana rasa ngendhelong ing jroning atine, ning bareng dipikir dawa, iku dalan sing paling apik kanggone Erina lan Hari, padha butuhe lan padha mantep kanggo lakuning urip ing tembe ngarep. Alamiah tumraping urip nuruti dalan sing wis digarisake dening Ingkang Murbeng Dumadi. Kudu dilakoni kanthi sareh.

Mung kari siji kuwajiban sing kudu dirampungke dening Laila, yaiku matur ibune Eyang Hartati ana Solo. Janji arep urip bareng karo Hari Setiawan rikala semana, wis disaur lunas senjata disulih dening anake ragil Erina Sawitri. Sesambungan antarane Brayat Baskara lan Brayat Tanojo isa pulih maneh. Minggu ngarep cepet-cepat arep matur marang Eyang Hartati ana Solo. Bubar iku dheweke pengin bali maneh mikir klangenane wiwit ndhisik, nggedhekake usaha bisnise ya PT Pelita Hati ana Bengkulu. Agendhane kok kaya-kaya malah bakal padhet maneh. Bubar acara ana Solo mengko, dheweke pengin nemoni dhireksi PT. Abadhi Saraswati, sing ditugasi dening Hari Setiawan kanggo mbangun sistem manajemen modern sing murakabi kanggo nggedhekake usaha.

Usaha manekawarna sing wis mlaku, ana hotel, sarang burung, pabrik plastik, pabrik mebel, pabrik briket areng kayu ana Lamongan lan areng kayu saka Kalimantan lan sapanunggalane klebu dagang panili lan kayu gaharu saka Kalimantan. Wis ora bisa enak-enak kaya biyasane nek pengin bisnise dadi gedhe. Asisten sing diandelke wektu iki ya Mbak Nora ana Bengkulu. Kudu nambah staf tenaga-tenaga nom sing isa mrantasi. Pengarep-arepe mung marang Tim sing ditugasi dening Hari Setiawan saka perusahane. Dheweke wis ngelingake Hari prekara iki.

Sawise rampungan anggone padha rembugan, Hari Setiawan karo Erina, Kartika karo Indra, mulih menyang Jakarta dina Minggu. Kumpul bareng sewengi ana Bengkulu rasane seneng banget, akeh sing isa dirembug. Bayangane kaya dene dadi sakeluwarga karo Hari Setiawan nek ndhisik dadi anggone tunangan. Dina Minggu sore nalika lagi istirahat ana kamar,

ana tilpun saka Budi Prayoga, kancane raket diplomat ana Phnom Penh. Rada kaget amarga wis sawetara minggu ora sempat gathuk.

“Jeng Laila, piye kabarmu? Kok sasat ora tau kontak sawise liburan ana Kamboja kae.”

“Iya Mas nuwun sewu aku lagi keblegan urusan keluarga sing numpuk lan kudu dirampung, ora bisa ditundha maneh.”

“Kok sajak urusan abot Jeng. Dilakoni wae kanthi sareh. Ana gegayutane karo mantan tunangan Hari ya?”

“Wis rampung kabeh urusanku. Mung kari sowan ibu ana Solo, nggenahake apa sing wis kedadeyan. Ana apa mas kok dengaren kelingan nilpun aku.”

“Aku kan wis pensiun saka tugasku ana Kamboja. Wis bebas saiki isa dolan-dolan. Apa sliramu ana wektu lunga Phnom Penh? Aku isih ana acara werna-werna ana kene.”

“Kan ana Keng Rayi ta mas, ngapa kok ora karo mbakyu wae. Kan luwih mantep.”

“Nyonya wis mulih menyang Yogya, ngurus barang-barang kiriman. Aku dhewekan ana Phnom Penh sawetara dina nggo pamitan kanca-kanca. Isa teka nang Phnom Penh ya?”

“Acara ku wis kebak Mas. Dina Setu ngarep ketemu ibu karo sedulur-sedulur. Anak-anakku karo Mas Hari padha melu kabeh. Dina Senen aku wis ana acara ana Jakarta. Mungkin Minggu sore isa ketemu, arep ana Solo apa ana Yogya?”

“Wadhuh kepancal aku, apa ora ana wektu sabubare Jakarta?”

“Ketoke kok angel Mas, aku kudu lunga menyang Kairo urusan gaweyan. Akeh sing kudu di rembug prekara bisnis. Awake dhewe isa ketemu ana Solo apa Yogya, dina Minggu sore, esuke aku terus budhal Jakarta.”

Kabeh sarwa oyak-oyakan. Wis ora bisa diowahi maneh. Nek ora sibuk urusan gaweyan kaya ngene, dheweke malah bisa linglung kelangan Hari. Wis nglilakake Hari marang anake ragil Erina. Wis ben terus wae aja nganti ana reribed. Kari dheweke ngurus urusane dhewe, ya urusan pribadhi ya urusan usaha. Ora ana eleke ketemu karo Prayoga senajan mung sedhela ing antarane wektu sing padhet mau. Dheweke rumangsa cocok, cedhak, lan bisa curhat karo Prayoga.

Ora bakal ditinggal ngono wae, sasuwene wong loro isih padha butuhe. Ya kebutuhan lahir lan batin. Dheweke rumangsa uga duwe hak nikmati urip pribadhine. Sing penting padha senenge, padha butuhe lan padha cocoke. Mung sing krasa sok-sok rada abot tumrape sesambungan karo Prayoga, priyayine banget anggone posesip, pengin ndarbeni dheweke sakabehane, lan cemburune ora karuwan. Ning piye maneh, dheweke uga butuh, sesambungan lahir batin.

Dina Jemuwah Laila Saraswati wis budhal menyang Solo saperlu ngumpulake sedulur-sedulur saka Brayat Baskara lan Brayat Tanojo ana dalem Sambeng. Erina bakal teka karo Hari lan Kartika karo Indra. Erina bakal diajak nginep ana Sambeng wae ben isa rembugan karo Eyang Hartati. Hari mbokmenawa nginep ana dalem Purwasari, omah sing dheweke wis kerep saba nalika isih tunangan karo Hari. Wengi iki rencanane dheweke karo Erina, Kartika lan Indra arep ngaturi pirsu Eyang Hartati, tumrap sesambungan antarane Erina karo Hari Setiawan. Dina Setu esuke lagi digelar kumpul sedulur-sedulur cedhak saka Brayat Baskara lan Tanojo, ngiras tukar cincin antarane Hari karo Erina. Kabeh wis disiyapake dening adhi-adhine Laila sing ana Solo, Pak Herman karo Bu Emi.

Dina Jemuwah bengi bubar magrib, Laila lan anak mantune lan Hari Setiawan, wis padha kumpul ana Sambeng, saperlu kembul dhahar wengi karo Eyang Hartati. Eyang Hartati yuswane wis punjul wolung puluh taun nanging isih landhep penggalihe. Isih kemutan sapa wae. Bengi iku rada sujana kok Laila nggawa anak mantune kumpul ana daleme. Bareng wis rampungan anggone padha dhahar banjur miwiti rembug.

“Seneng banget aku isa nampa anak putuku kumpul wektu iki ana ndalem tinggalane Eyangmu swargi. Atiku rasane adhem lan tentrem. Nuwun marang Gusti dene isih diparingi wektu kumpul-kumpul karo anak putuku. Malah ana Nakmas Hari Setiawan, ponakanku dhewe.”

Eyang Hartati ora isa neruske pangandikane mung kembang waspane kaya ana sanggan abot ana njero atine. Gageyan Laila Saraswati ngaturi apa genahe acara ana Solo iku.

“Eyang sing tak tresnani, iki aku karo anakku Kartika lan Erina sowan mrene sajane arep ngaturi warta bungah kagem Eyang. Nuwun sewu, Kangmas Hari karo anakku Erina bakal urip bareng bebrayan. Aku ngaturake panuwun dene Pakdhe Hari wis kersa ngrengkuh anakku Erina. Erina nyulih aku bakal urip bareng karo Mas Hari Setiawan.”

Eyang Hartati pisanane kaget, durung mudheng babarpisan sing diaturke dening Laila Saraswati. Banjur disambung dening Hari Setiawan kanthi sareh.

“Bulik Hartati ingkang tansah kula tresnani, kula nyuwun idi pangestunipun bulik, amargi badhe gesang sesarengan kaliyan keng wayah Erina Sawitri. Kula kekalih sampun madhep mantep badhe bebrayan.”

Hari Setiawan karo Erina banjur ngaturi sungkem ing ngrasane Eyang Hartati sing isih mlenggong ora percaya. Ganti-ganti Hari Setiawan lan Erina Sawitri dirangkul kenceng lan diarasi.

“Seneng banget aku krungu warta mau Nakmas Hari karo putuku Erina. Aku mung isa ndongakake muga-muga uripmu tansah tentrem ing tembe ngarep ya. Aja nganti ana sing digawe gela ndak keduwung tembe ngarepe.”

Wengi iku wengi kang endah kanggone Eyang Hartati sabrayat. Sing diimpi-impi wis sida kelakon. Muga-muga sesambungan antarane Brayat Baskara lan Tanojo enggal pulih maneh. Ben isa crita marang almarhum sing wis ndhisiki seda, Mbakyu Sukma, Kangmas Raharjo Tanojo lan sisihane Kangmas Sutrisna Baskara. Bali padha kumpul maneh nyekseni manunggaling janma priya Hari Setiawan lan prunane Erina Sawitri. Laila mung isa nyawang kanthi semedhot atine. Sanggan puluhan taun wis pulih maneh.

+++

Dina Setu esuke kurang luwih jam sewelasan sedulur-sedulur cedhak saka Brayat Baskara lan Tanojo wis padha rawuh saperlu nyekseni tukar cincin antarane Hari Setiawan karo Erina Sawitri. Kabeh isih padha durung mangerteni dhodhok selehe. Keluwarga Baskara diwakili dening oom Haryo sing ndhisik tansah ngancani Mbakyune, Eyang Hartati nalika ana kedadeyan abot sing nganti dadi batale tunangan antara Laila karo Hari. Mung ngendika cekak aos.

“Para sedherek ingkang minulya, kangmas lan mbakyu, adhi lan para ponakan sing amakili Brayat Tanojo lan Brayat Baskara. Katur ageng panuwun kula dene sampun sami rawuh ing dinten ingkang endah menika kangge brayat kekalih. Amakili Brayat Baskara kula namung nyuwun donga pangestu supados penakan kula Hari Setiawan dalah putu ponakan Erina Sawitri, putri ragilipun penakan Laila Saraswati, dipun paringi berkah lan amanah anggenipun bebrayan salaminipun. Tinebihna saking alangan lan reribed ingkang mutawatosi salaminipun.”

Wangsulan saka Brayat Tanojo semono uga, cekak aos.

“Kula amakili Brayat Tanojo namung saged ndherek donga supados pasangan kekalih tansah rukun kados mimi lan mintuna ngantos kaken ninen salaminipun.”

Bareng teka acara tukar cincin, Laila ora isa ngampet anggone semedhot atine rikala nyipati ali-ali sing dipasangke ana drijine Erina iku, ya ali-ali berlian sing nate dipasangke ana drijine puluhan taun kepungkur. Sing kepeksa dibalekake amarga dheweke kebanjur ngandheg saka polahe Pangarso Wibawa. Cepet-cepet Laila ngelap mripate sing kembang eluh. Kudu ikhlas lan mantep. Kabeh mau mung kanggo anake Erina ben urip mulya lan seneng.

Bubar acara banjur pesta andrawina dhahar awan. Anane mung seneng apadene Eyang Hartati. Semono uga Laila Saraswati ora ketok gela nyekseni anake tunangan karo Hari Setiawan. Kabeh kudu ditampa kanthi iklas. Rodhaning urip ora bakal mandheg. Bakal terus mubeng salawase. Menungsa kudu tansah nampa ukum alam, aja rumangsa kedhuwuren pas lagi ana ndhuwur lan aja rumangsa ambleg nalika ana ngisor.

+++


Dina Minggu sore, Laila Saraswati nguntapke anak lan mantune padha budhal menyang Jakarta. Erina karo Hari Setiawan, Kartika karo sisihane Indra, bareng-bareng budhal ana bandhara Adi Sumarmo Solo. Laila dina Senen esuke lagi budhal Jakarta, wis ana acara karo Tim saka PT Saraswati Abadi sing ditugasi Hari Setiawan bakal nganalisa bisnise PT Pelita Hati lan nyoba gawe sistem manajemen modern sing efisien lan ora gampang dicidrani wong. Mbak Nora uga bakal teka saka Bengkulu ndhampingi Laila.

Sore iku Laila uga ana gawe methuk Budi Prayoga sing teka nganggo pesawat Air Asia saka Phnom Penh. Mung ana wektu wengi iku karo Prayoga. Ora bakal diliwatke ngono wae. Durung ngerti kapan maneh ana kesempatan ketemu priya sing cocok nang atine. Cocok ana atine minangka kanca raket, tanpa ana rasa tresna, kaya sing dirasake antarane dheweke karo Hari. Bareng ketemu banjur bebarengan wong loro nuju Hotel Sahid ana jalan Gadjah Mada. Dheweke mung omong cekak aos karo Prayoga, *wektune mung sethithik Mas, aja nganti ana pangandikan sing marahi ora kepenak..... durung ngerti kapan maneh bisa ketemu kaya ngene.....*Laila Saraswati uga wis pamitan karo Eyang Hartati menawa wengi iku ora turu ana ngomah, sesuke budhal langsung menyang Jakarta.

Dina-dina ngarep mung bakal kebak kegiatan usaha kanggone Laila Saraswati. Ning dheweke uga rumangsa duwe hak kanggo nyeneng-nyenengke atine. Kuwajiban ngladeni sisihane, Pang, ora nate dilirwakake. Sabisane dilakoni senajan kudu njaluk pitulungane pramurukti Mbak Rani. Ora ana sing salah. Kabeh mung saderma nglakoni dalan sing ginaris dening Gusti.

Ki BS Setradjaja





Penerbit - YASATRI

Yayasan Saworo Tino Triatmo (YASATRI) jejure minangka organisasi nir laba sing dianakke kanggo pangeling-eling tumrap almarhum Saworo Tino Triatmo, sing tiwas amarga kacilakan lalu lintas rikala tanggal 13 Desember 1997. YASATRI mangadeg ana ing tanggal 26 Januari 1998, kanthi tujuan ngupayani kaslametan lalu lintas, nyegah ananing dredah lan tawuran, sarta ngrembakake upaya kesehatan kawula mudha, kalebu nyegah penyalahgunaan narkotika. YASATRI diadegake dening keluarga lan para mitrane Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, Ph.D., SpFK.



Kegiatan YASATRI kalebu penyuluhan lan mbiwarakake katrangan/informasi ing tengahing masyarakat kanggo ngurangi kacilakan lalu lintas, ngrembakake rasa toleransi lan nyegah anane kaonaran lan tawuran, lan upaya ningkatake drajat kesehatan kawula mudha. Asring nganakake sarasehan ing antarane masyarakat utamane para kawula mudha kanggo nyengkuyung tujuan organisasi. YASATRI uga anyengkuyung ananing studi lintas disiplin. Ngunggahake Pesan Untuk Remaja lan nerbitake bulletin SAWORO ing jagad maya.

YASATRI melu ngupayakake kegiatan pelestarian budhaya kalebu panyinaon basa Jawa ing kalangane kawula mudha, nerbitake crita novel Basa Jawa, kaya Lakuning Katresnan (2020), Lubering Katresnan (2021), Endahe Lintang Kemukus (2022), Mendhung Angendhanu (2022), lan Lamising Katresnan (2023).

Alamat : Jalan Mawar 92, dhukuh Ngenthak, Kadipura RT 003 RW 024, Sinduharjo, Ngaglik, Sleman 55581. Email : sekretariatyasatri@gmailcom; saworotri@gmail.com; Telepon: +62 274 887512.



Pangisi Gambar

Illustrator

Dr. R. Bambang Sardjono, MPH utawa Bamsar lahir ing Yogyakarta tahun 1955, putrane bapak DR.R. Santoso Poedjoroto, S.H. lan Ibune R. Ng. Soeyatini Santoso. Ngampungake pendidikan nang SD BOPKRI Yogyakarta, SMP Xaverius, Bukittinggi; SMAN 4 Jakarta lan lulus seka FK UGM Yogyakarta tahun 1981. Tahun 1992 nerusake pendidikan nang Koninklijk Instituut voor De Tropen, Amsterdam, Negara Landa, rampung tahun 1993.



Bamsar uga PNS ing Departemen Kesehatan RI lan pensiun minangka Staf Ahli Menteri Kesehatan tahun 2015. Sisihane, dr. Meita Dewayani, Sp KK, diparingi putra telu (siji putri dan loro kakung) sing wis menikah kabeh. Bamsar uga mengabdikan minangka Abdi Dalem Keprajan Karaton Ngayogyakarta Hadiningrat diparingi Ngarsa Dalem Sri Sultan Hamengku Buwono X kalenggahan Bupati kanthi paringan asma KRT Brotohusodo tahun 2013.

Pecinta Seni lan Budaya bangsa, lan nggambar kuwi hobby otodidag seka SD sinau seka Mas Mamam kangmase. Nate dadi ilustrator majalah “Ilmu Budaya Siswa” SMAN 4 Jakarta (1971-1973). Nalika study S-2 nang Amsterdam, ngangsu kawruh melukis cat air marang Prof. DR. Harry Folmer.

Hobi liyane musik yoiku main gitar, flute, lan saxophone uga ngripta lagu. Salah siji anggitane oleh Penghargaan penciptaan lan penghibahan “Mars Pramuka Peduli” kanggo Pramuka Indonesia Agustus, 2021.

Bamsar ngaturake panuwun ngraoske kinurmatan minangka ilustrator kanggo buku novel kangmas dr. Budiono Santoso, Ph.D, yaiku kanggo novel Lakuning Katresnan (2020), Lubering Katresnan (2021), lan Endahe Lintang Kemukus (2022), Mendhung Angendanu (2022), lan Lamising Katresnan (2023).



Panganggit

Penulis

Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, Ph.D., SpFK, ahli farmakologi klinik, lulus dhokter seka Fakultas Kedokteran Universitas Gadjah Mada tahun 1975 lan lulus dhokter (PhD) seka University NewCastle Upon Tyne, Inggris tahun 1983. Lahir ing Ambarawa, 27 Mei 1950, putrane Ki Triworo Djososastro, guru Taman Siswa, lan ibune Nyi Purliyah. Pendhidhikan dhasar dilakoni ana Sekolah Rakyat Masehi Ngampin, Ambarawa. Sekolah Menengah Pertama ana Taman Siswa Ambarawa.



Sekolah Menengah Atas ana ing SMA Santo Josef, Surakarta. Sawise lulus dhokter, terus dadi dosen ana Universitas Gadjah Mada saka tahun 1975 nganti tahun 2000. Tahun 2000 – 2012, ngayahi tugas ana World Health Organization, kantor Pasifik Barat in Manila, minangka Team Leader in Pharmaceuticals and Health Technology. Aktif ning babagan kebudayaan, Ketua Masyarakat Pecinta Warisan Medang (Medang Heritage Society) ing Ngayogyakarta, wiwit 2013. Tulisan-tulisane semebar ana ing media sosial. Novel basa Jawa sing wis terbit yaiku Lakuning Katresnan (2021), Lubering Katresnan (2021), Endahe Lintang Kemukus (2022), Mendhung Angendanu (2022), lan Lamising Katresnan (2023). Melu ngedegake organisasi spiritual Jawa, Persatuan Kepercayaan dan Budhaya Nusantara (PKBN), lan organisasi ilmuwan ing tahun 1995, Akademi Ilmu Pengetahuan Yogyakarta (AIPYo). Sisihane ibu Murlina Santoso, putrane telu (Ario Birowo, Wisnu Utomo lan Saworo Tino Triatmo). Saworo Tino Triatmo tinggal donya tahun 1997, isih umur 17 tahun merga kacilakan lalu lintas. Keluarga banjur ngedegake Yayasan Saworo Tino Triatmo (YASATRI) kanggo pangeling eling marang almarhum, kanthi kegiatan kampanye keselamatan lalulintas, kesehatan remaja lan nyegah dredhah (kekerasan) ing antarane para siswa. Ki BS Setradjaja wis pensiun lan saiki manggon ana pinggir Kali Boyong, dhukuh Ngenthak, Kadipura, Ngaglik, Sleman. Alamat kontak : santosob1950@gmail.com



Lamising Katresnan, ngandharake lelakoning urip lan alaming katresnaan Laila Saraswati. Nalika ngrampungke kuliyah, Laila wis tunangan. Laila Saraswati karo tunangane wis ngrancang arep enggal-enggal nikah sakwise Laila lulus anggone kuliyah.

Nanging nalika Laila Saraswati nglakoni pendhadharan, kenal karo kanca beda Jurusan. Sakbanjure bebarengan dadi panitya perpisahan lan asring runtang-runtung nyiapake acara. Ana prastawa sing ora kanyana, antarane Laila karo koncone. Laila diruda peksa nganti ngandheg.

Lelakone Laila sakbanjure mbalik gremyang, kebak alangan gedhe lan pacobaning urip. Kanthi semangat tanpa kendhat, Laila nyoba mrantasi kabeh rubeda mau. Laila Saraswati anggambarake perjuwangan wanita kanggo keluwarga lan karier. Piye pungkasaning crita Laila Saraswati? Mangga diwaos dan disimak...

"Novel basa Jawa Lamising Katresnan mratelakake menawa sastra Jawa isih moncer lan lestari ing madyaning para sutresna." - **Ki Adi Samidi**

"Saya menikmati semua novel karya pak Budi. Tentu novel ini juga akan banyak peminatnya yang akan membaca dengan antusias." - **Prof. Dr. Johana E. Prawitasari**

""Novel Jawa iki saderma ndherek ngramekake upaya nglestarekake lan memetri basa lan kabudayan Jawa Klasik." - **Prof. Dr. Sri Suparyati Soenarto, PhD, SpA(K)**

"Wusana, panyuwun kula, novel Basa Jawi Lamising Katresnan punika saget atur manfaat ugi sageda dados panglipur kagem panjenengan sami." - **Dr. R. Bambang Sardjono, MPH/KRT Brotohusodo**

Yayasan Saworo Tino Triatmo
Jl. Mawar 92, Ngentak, Kadipura
RT 003 RW 024, Sinduharjo,
Ngaglik, Sleman, DIY 55581
Email: penerbityasatri@gmail.com


Yayasan Saworo Tino Triatmo

ISBN 978-602-17715-6-3

